




PWOJÈ KORE FANMI

KREYÒL
AYISYEN-AYITI

**Fason pou Pale, pou Chanje Konpòtman,
ak Fason pou Ede Granmoun Aprann**

MANYÈL FÒMATÈ

Yon modil nan pwogram fòmasyon
pou Ajan Kore Fanmi





COPYRIGHT POLICY

Published by Partners in Health. Subject to the rights of Partners in Health, this publication may be freely reviewed, abstracted, reproduced, or translated provided that all copyright, trademark, and other proprietary notices are included in such use. No portion of this publication may be sold or otherwise used or distributed in conjunction with any commercial purpose. ♦

Liv patisipan sa a se yon gid ki genyen plizyè modil debaz pou sèvi nan pwojè pilòt *Initiative Agent Communautaire Polyvalent (IACP)* an Ayiti. IACP se yon efò pou tabli yon bon jan kolaborasyon ant Gouvènman Ayiti a, Bank Mondyal, UNICEF, Pwogram Alimantè Mondyal, Partners In Health/Zanmi Lasante, ak World Vision, ki deziyen pou pote gwo amelyorasyon nan jan pou moun jwenn sèvis lasante yo ak sèvis sosyal debaz pou fanmi ayisyen yo, sitou sa ki pi frajil yo.

Fòmasyon sa a ap pèmèt Ajan Kore Fanmi yo òganize entèvansyon yo yon pi bon fason ak pran responsabilite yo yon fason ki pi efikas pou: 1) fè edikasyon sou manje ak sante pou fanmi yo; 2) bay fanmi yo kèk atik ak sèvis debaz dirèkteman; epitou 3) ogmante sistèm referans ak kont referans yo, pou moun yo rive jwenn sèvis sante ak sèvis sosyal yo pi fasil.

Dokiman fòmasyon sa a te devlope nan tèt ansanm avèk patnè pwojè yo. Se World Bank, UNICEF, ak Pwogram Alimantè Mondyal ki finanse entèvansyon IACP yo.

Liv pou fòmasyon sa a se yon adaptasyon li ye. Li genyen ladann anpil enfòmasyon ki sòti nan: *Teknik Mobilizasyon Kominote Pou Ajan Sante, Pwojè Ayiti Sante 2004; Proposition d'agenda de la session de formation des agents de santé*, Module 4, MSH-USAID, 2008; and *Savoir pour Sauver*, 4th ed., UNICEF, WHO, UNESCO, UNFPA, UNDP, UNAIDS, WFP and the World Bank, (New York, NY: United Nations Children's Fund), 2010.

© Tèks: Partners In Health/Zanmi Lasante, 2012.

Foto: Partners In Health/Zanmi Lasante

Konsiltan deyò pou tèks: Bonnie Kittle

Konsepsyon: Mechanica, Annie Smidt ak Partners In Health/Zanmi Lasante

Kote ki Enprime Liv la: ID Plus

Edisyon egzamen pilòt nan lang kreyol pibliye nan mwa dawout 2012.

Avèk manyèl sa a nou voye yon gwo kout chapo bay anpil moun kap travay san pran souf nan lasante kap fè anpil efo pou misyon nou an kapab vin yon reyalite, epitou paske yo se poto mitan nan pwogram nou yo ki la pou sove lavi, ak pou pote chanjman nan sitiyasyon moun kap viv nan kominote yo ki pa gen anpil mwayen pou yo viv byen. Chak jou, travayè sante sa yo vizite moun kap viv nan kominote yo pou ba yo sèvis, edikasyon, ak sipò, epitou montre yo kijan tèt ansanm se youn nan pi gwo zam ki genyen pou lite kont pandemi, lanmizè ak dezespwa.



Sa ki nan Liv la

Entwodiksyon xi

MODIL 1: Kòman pou Bay Enfòmasyon

Kontèks 1

Objektif yo 3

Tan Nesesè 4

Rezime Modil la 4

Pati Enpòtan yo 7

Sesyon 1: Entwodiksyon ak Objektif Modil la 8

Sesyon 2: Prensip pou Fòmasyon an ak Bwat

Kesyon Sekrè yo 10

Sesyon 3: Pre-Tès 13

Sesyon 4: Bon jan mwayen pou pale 18

Sesyon 5: Tout sa ki Aji sou Sante ak

Konpòtman Fanmi yo 25

Sesyon 6: Fason pou Montre Respè 30

Sesyon 7: Teknik pou Koute 34

Sesyon 8: Lè Se yon Sèl Moun ki Pale ak lè se 2 Moun ki Pale	46
Sesyon 9: Fason pou Poze Kesyon	54
Sesyon 10: Teknik ak Prensip pou Bay Konsèy lè w ap Vizite Fanmi yo	63
Sesyon 11: Vizit nan Kay	75
Sesyon 12: Pòs-Tès	80
Sesyon 13: Evalyasyon ak Bwat Kesyon Sekrè yo.	85
Lis Tout Sa Ajan Kore Fanmi Dwe Fè Lè Y ap Pale	88
Fòm Evalyasyon.	89
Pre-Tès	91
Pòs-Tès	94
 MODIL 2: Chanjman Konpòtman	
Kontèks	97
Objektif yo	98
Tan Nesèsè	99
Rezime Modil la	99
Pati Enpòtan yo	102
Sesyon 1: Pre-Tès	103
Sesyon 2: Pou Kòmanse nan Etap Chanjman yo.	111

Sesyon 3: Etap Chanjman	117
Sesyon 4: Entwodiksyon nan Ankourajman nan Chanjman Konpòtman.	130
Sesyon 5: Etap pou Ankourajman nan Chanjman Konpòtman.	138
Sesyon 6: Pratik Ankourajman nan Chanjman Konpòtman.	148
Sesyon 7: Pòs-Tès	159
Sesyon 8: Evalyasyon ak Bwat Kesyon Sekrè yo.	167
Lis Tout Sa ki pou Fèt pou Ankouraje Chanjman nan Konpòtman	170
Fòm Evalyasyon	171
Pre-Tès	173
Pòs-Tès	178
 MODIL 3: Fason pou Ede Granmoun Aprann	
Kontèks.	183
Objektif yo	184
Tan Nesèsè	185
Rezime Modil la	185
Pati Enpòtan yo	187
Sesyon 1: Pre-Tès	188

Sesyon 2: Prensip pou Ede Granmoun Aprann.	193
Sesyon 3: Metòd ak Materyèl pou Edikasyon	201
Sesyon 4: Metòd Edikasyon ak Pratik Materyèl yo.	211
Sesyon 5: Pòs-Tès	226
Sesyon 6: Evalyasyon ak Bwat Kesyon Sekrè yo.	231
Lis Tout sa ki Dwe Fèt pou Ede Granmoun Aprann.	234
Fòm Evalyasyon.	235
Pre-Tès	237
Pòs-Tès	240
Yon Modèl sou Kijan pou Revize Travay ki Fèt nan Sesyon an	243
Kesyon pou Poze pou Revize Travay ki Fèt nan Modil 1 jiska Modil 3	246
Nòt	257
Annex	258
 MODIL 4: MOBILIZASYON KOMINOTÈ	
Kontèks.	261
Objektif yo	262
Tan Nesèsè	263

Rezime Modil la	263
Pati Enpòtan yo	266
Sesyon 1: Pre-Tès	267
Sesyon 2: Entwodiksyon nan Mobilizasyon Kominotè	272
Sesyon 3: Wòl Ajan Kore Fanmi yo nan Mobilizasyon Kominotè	280
Sesyon 4: Entwodiksyon nan Aktivite Kominotè	286
Sesyon 5: Objektif ak Etap pou Òganize Aktivite Kominotè	292
Sesyon 6: Fè Pratik nan Òganize Aktivite Kominotè	303
Sesyon 7: Vizit nan Lekòl	309
Sesyon 8: Reyinyon Kominotè Yo	313
Sesyon 9: Analiz Sitiyasyon An	316
Sesyon 10: Kouman pou Kontwole Aktivite Kominotè	323
Sesyon 11: Pòs-Tès	325
Sesyon 12: Evalyasyon ak Bwat Kesyon Sekrè yo	330
Fòm Evalyasyon	334
Pre-Tès	336

Pòs-Tès	339
Yon Modèl sou Kijan pou Revize Travay ki Fèt nan Sesyon an	342
Kesyon pou Revizyon Yo	345
Nòt	348
Metòd Patisipatif	349

ENTWODIKSYON

Dwa moun se yon dwa tout moun genyen, kèlkeswa ras yo, gwoup etnik yo, laj yo, relijyon yo, sèks yo, opinyon politik yo, peyi yo fèt, oswa sitiyasyon sosyal yo. Dwa moun etabli prensip moun yo bezwen pou yo viv avèk diyite. Dwa moun se dwa ki egal ak inivèsèl pou tout moun.

Pami dwa moun, tout moun bezwen pou viv libelibè nan diyite, gen dwa pou jwenn bon swen sante, dwa pou manje, dwa pou ale lekòl, dwa pou jwenn dlo pwòp, dwa pou rete nan yon kay ki nòmal, ak dwa pou yo jwenn mwayen pou yo fè kòb. Si moun yo jwenn bagay sa yo, y ap pare pou amelyore epi kenbe sante yo ak byennèt yo.

Ajan Kore Fanmi yo vizite fanmi yo regilyèman. Yo chèche fanmi yo toutbon, epi yo evalye fanmi yo pou jwenn fanmi ki pi frajil yo. Y ap refere ka ijan yo bay travayè sosyal, epitou y ap ede tout manm fanmi an jwenn sèvis yo. Y ap vaksinen timoun yo, y ap distribye moustikè, epi y ap bay premye swen nan kèk ka. Ajan Kore Fanmi yo bay fanmi yo ak kominote yo edikasyon tou sou prevansyon maladi, vaksinasyon, planing, sante repwodiktif, edikasyon, aptitud pou edike timoun, konpòtman pozitif, ijyèn pèsònèl ak ijyèn kominote ak enstalasyon ijyenik, vyolans ki baze sou sèks, ak sante mantal. Y ap konekte fanmi yo avèk sèvis sosyal ki pi ijan ki kapab ede yo jwenn manje ak opòtinite ekonomik. Finalman, y ap ofri sipò sikolojik ak sosyal enpòtan pou fanmi k ap souffri avèk maladi ak lòt pwoblèm.

Lè Ajan Kore Fanmi yo pran responsabilite sa yo, yo ede pwoteje, retabli, ak satisfè dwa moun fanmi yo. Anplis Ajan Kore Fanmi yo, fanmi endividyèl yo, kominote yo, gouvènman an, ak kominote entènasyonal la gen responsabilite tou pou pwoteje, retabli, ak satisfè dwa moun. Lè Ajan Kore Fanmi yo kolabore avèk fanmi yo, kominote yo, gouvènman an, ak òganizasyon ki pa fè pati gouvènman yo, yo ede amelyore dwa moun nan kominote yo. Se kominote Ajan Kore Fanmi yo ki chwazi yo, epitou ajan sa yo responsab pou pwoteje, retabli, ak satisfè dwa moun fanmi y ap sèvi yo. Kominote yo chwazi Ajan Kore Fanmi yo paske ajan yo se moun ki gen respè ak konsiderasyon pou lòt moun, epitou yo kenbe enfòmasyon prive fanmi yo an sekre. Yo gen dwa tou pou fè konnen pwendvi yo, epitou pou moun koute yo. Yo konprann kisa sa vle di pou gen solidarite avèk moun k ap souffri. Yo jwe yon wòl enpòtan nan amelyore byennèt kominote a ak nan patisipe nan devlopman peyi yo.

Non inisyativ sa a an kreyòl « Kore Fanmi » chita sou objektif sipò pou fanmi yo ki se nannan pwojè a. « Patnè pou lavi », ki se eslogan pwojè a, kore lide ke nan inisyativ sa a, fanmi yo plis patnè pase senp moun k ap jwenn kichòy pou anpil tan nan pwogram èd ke ajan devlopman fanmi bay pou ede fanmi yo amelyore kalite lavi yo.

MATERYÈL POU FÒMASYON AN

Chak modil nan fòmasyon an gen yon Manyèl Fomatè ak yon Liv Patisipan Kèk nan modil yo gen prezantasyon sou òdinatè, ak bwat d'imag tou. Nan lide pou bay fòmasyon an, fasilite yo dwe itilize materyèl sa yo ansanm.

- **Manyèl Fomatè** – li gen tout enfòmasyon ki nesèsè yo pou akonpli fòmasyon an, ki gen ladan preparasyon ak lis materyèl yo, etap sesyon yo, pre ak pos-tès yo, ak tout sa sijè yo gen nan yo. Fasilite yo dwe li

Manyèl Fomatè a anvan jou fòmasyon an rive, epi sèvi ak Manyèl Fomatè a pandan tout sesyon fòmasyon an.

- **Liv Patisipan** – li gen tout enfòmasyon ke patisipan yo bezwen konnen sou sijè a, epi tou nenpòt istwa, senaryo, oswa pyès teyat ki nesèsè pou fòmasyon an. Fomatè yo dwe bay patisipan yo Liv Patisipan an depi nan kòmansman fòmasyon an. Aprè fòmasyon an, patisipan yo dwe pran manyèl la pou ale lakay yo epi sèvi ak li nan revizyon ak ranfòse sa yo te aprann yo.
- **Prezantasyon sou òdinatè** – nan sit kote ki gen elektrisite ak retropwojektè ki disponib, fasilite yo ka itilize prezantasyon sou òdinatè. Li gen tout imaj ki sèvi pou fòmasyon an. Nan sesyon ki itilize Tablo sou LCD / bwat imaj, etap sa yo genyen ladan yo imaj sesyon yo, ak tèks ke yap bezwen pou eksplike imaj ki anba li a.
- **Bwat Imaj** – nan sit san elektrisite oswa retropwojektè, fasilite yo ka itilize Bwat Imaj la. Li gen imaj yo menm jan ak prezantasyon sou òdinatè a, ak tèks la sou do paj bwat imaj la ke yap bezwen pou eksplike chak imaj ki devan an.

MANYÈL FOMATÈ

Manyèl fomatè a genyen tout enfòmasyon ki nesèsè pou byen mennen fòmasyon yo, tankou:



Rezime – Yon ti detay sou rezon modil la ak sa ki ladanl.



Objektif – Yon lis ki gen ladrès ak konesans ke patisipan yo pral genyen pandan modil la.



Kou dèy sou modil la – Yon tablo ki gen yon rezime tout sa ki ladanl, fason pou montre moun yo, tan ki nesèsè, ak materyèl nesèsè pou chak sesyon.



Pati enpòtan yo – Lide pilye ki genyen nan modil la; fasilite yo ka ka rezime pwen pi enpòtan yo nan fen fòmasyon an.

Sesyon fòmasyon an – Yon seri aktivite ansanm ak etap-pa-etap enstriksyon ki eksplike kouman pou dirije aktivite yo.

Pre-tès ak Pòs-tès – Se Pre-tès ak Pòs-tès la ansanm avèk repons nan Manyèl Fomatè a kòm referans fomatè a. Pre-tès ak pòs-tes ki pa gen repons yo nan fen Manyèl Fòmasyon a. Fòmasyon yo ta dwe fè fotokopi tès yo pou patisipan yo.



Lis tout sa Ajan Kore Fanmi an dwe fè – Yon lis ki esplike wòl Ajan Kore Fanmi yo ak responsabilite ki an rapò ak sijè fòmasyon an. Fasilitatè yo dwe revize lis verifikasyon an ak patisipan yo nan fen fòmasyon an.



Nòt – Paj vid kote fomatè a ka ekri nòt jan sa nesèsè.

SESYON FÒMASYON YO

*Nan lide pou bay yon fòmasyon ki efikas, fasilitatè yo dwe li tout sesyon yo, ranpli tout preparasyon, ranmase tout materyèl nesèsè, epi abitye ak etap sesyon yo, **anvan jou fòmasyon an**. Si fasilitatè yo pa fè sa davans, yo pap byen prepare.*

Chak aktivite gen ladan l':



Metòd – Metòd ansèyman yo te itilize pandan sesyon an, pa egzanp, brase lide, aktivite an ti gwoup, oubyen prezantasyon.



Tan Nesèsè – Se tan yo sikontrole pou ka fè sesyon an. Andan etap sesyon yo, yo bay tan ki nesèsè a pou divès pati nan sesyon yo, pa egzanp, 15 minit pou travay ti gwoup, 10 minit pou yon diskisyon, elatriye. Tan yo pa fin ekzak se apeprè yo ye, men fasilitatè yo ta dwe eseye plis ou mwens respekte lè ke yo pwopoze kontrole a. Si sa pa posib, fasilitatè yo dwe ranje fòmasyon an kòmsadwa.



Preparasyon – Yon lis sa fomatè a dwe fè *davans* nan lide pou prepare l' pou sesyon an.



Materyèl yo – Yon lis tout materyèl yap bezwen pou ranpli aktivite a. Fasilitatè yo dwe revize lis materyèl la ak ranmase tout materyèl *anvan* jou fòmasyon an rive.



Etap yo – Se etap ki detaye gid pou fomatè a nan chak sesyon. Etap yo gen ladan yo tout dokiman pou distribye, modèl kesyon ak repons pou diskisyon, Tablo sou LCD / bwat imaj yo itilize, istwa, pyès teyat, istwa foto, ak nenpòt lòt enfòmasyon ki nesèsè pou konplete sesyon yo.



Konsèy – Pwopozisyon pou fomatè a sou jan yo ka adapte oswa chanje aktivite yo si sa nesèsè, fè konsiderasyon kiltirèl, oswa ankouraje patisipasyon.



Tcheke enfòmasyon – Sembòl sa make enfòmasyon ki ka chanje (pwotokòl tretman, fòm, elatriye). Fasilitatè yo dwe tcheke nenpòt enfòmasyon ki make ak sembòl sa epi asire yo ke yo tou nèf.

Tout modil nan fòmasyon an kòmanse ak sesyon sa yo:

Entrodiksyon ak Objektif Modil la – Patisipan yo prezante tèt yo epi revize objektif modil la.

Prensip pou fòmasyon an ak Bwat kesyon san non an – Patisipan yo reflechi epi etabli prensip pou fòmasyon an, epi aprann sou Bwat kesyon san non an – yon bwat kote yo ka mete nenpòt kesyon oswa enkyetid yo genyen sou yon bagay nan fòmasyon an si yo pa ta santi yo alèz pou poze kesyon sa yo devan gwoup la.

Pre-tès – Patisipan yo ap fè yon tès senp a lekri pou montre sa yo konnen deja sou fòmasyon an.

Tout modil nan fòmasyon an fini ak sesyon sa yo:

Pòs tès – Menm jan ak Pre-tès la, patisipan yo ap fè pos-tès la pou yo ka wè sa yo te aprann pandan fòmasyon an. Animatè a ap korije pos-tès la ak patisipan yo epi konpare Pre-tès la avèk Pòs-tès la.

Evalyasyon ak Bwat kesyon san non an – Patisipan yo evalye fòmasyon an, epi fomatè a pote repons nenpòt kesyon li ranmase nan bwat kesyon san non an

PRE AK PÒS TÈS EPI EVALYASYON

Fòmasyon sa gen yon Pre-tès ak yon Pòs-tès ki fèt pou mezire sa patisipan yo aprann pandan fòmasyon an. Manyèl Fomatè a gen Pre ak Pòs-tès yo ak repons yo, apre chak sesyon pre/pòs-tès, epi pre ak pòs-tès san repons yo nan fen manyèl la. Fomatè yo ta dwe fè fotokopi pou patisipan yo. Pou ran sa pi fasil pou patisipan ki pa fin fo nan lekti yo, fomatè yo dwe li kesyon tès yo byen fò youn apre lòt, epi pran poz aprè lekti chak kesyon pou bay patisipan yo tan pou sèke repons la. Fomatè yo dwe konpare rezilta Pre ak Pòs-tès yo pou wè kisa patisipan yo te aprann epi idantifye ki pati ki plis bezwen pou yo revize pandan yon lòt fòmasyon.

Si pi fò patisipan yo ta fè yon ti kras pwèn nan Pòs-tès la, sa vle di ke fasilite yo ta dwe amelyore teknik fòmasyon yo epi yo fè efò pou fè yon pi bon travay pou fasilite moun yo aprann pi byen.

Fòmasyon an gen ladan l' tou yon sesyon evalyasyon ki fèt pou mete deyo sa patisipan yo panse de fòmasyon an, tankou sa ki te byen pase ak sa ki pat byen pase, ak pwopozisyon pou amelyore lòt fòmasyon kap gen pou fèt. Fomatè yo ka poze kesyon evalyasyon yo nan pale epi ekri repons patisipan an, oswa mande patisipan yo chire nan Liv Patisipan yo epi ranpli fòm evalyasyon an ki nan do nan Manyèl yo a. Fomatè yo ka fè fotokopi fòm evalyasyon an ki nan Manyèl Fomatè a. Fomatè yo dwe rasanble epi fè revizyon evalyasyon patisipan yo ak fason yo te konprann, epi itilize li pou amelyore fòmasyon ki gen pou fèt.

PREPARASYON FOMATÈ

Fomatè yo dwe antyèman abitye avèk modil fòmasyon an anvan jou fòmasyon an rive. Yo dwe li tout sesyon yo, ranpli tout preparasyon, ranmase tout materyèl nesèsè, e vin abitye ak etap sesyon ak kontni modil yo. Si fòmasyon an dire plis pase 1 jou, fasilite yo dwe revize materyèl yo ankò nan aswè anvan 2zyèm jou a.

Si gen 2 oubyen plis fasilite k'ap fè fòmasyon an ansanm, yo dwe reyini anvan jou fòmasyon an pou detèmine ajanda a epi deside kiyès ki pral fasilite tèl ou tèl sesyon. Yo dwe reyini tou nan fen chak jou fòmasyon an pou diskite sou ki travay ki te fèt byen, ak sa ki pat fèt byen, epi antann yo sou kijan pou kontinye nan lòt jou a.

Fòmasyon sa pa bezwen elabore preparasyon oswa materyèl. Pou anpil sesyon, fasilite yo ap bezwen sèlman Manyèl Fomatè a, Liv Patisipan, retropwojektè oswa tablo prezantasyon, papye jeyan, makè, ak tep. Sepandan, **kèk sesyon mande materyèl espesyal ke fasilite yo dwe ranmase davans**, pa egzanp, balans MUAC, balans pou peze tibebe, kabann, founiti pou melanje solisyon reyidratasyon Oral (sewòm oral), oswa echantiyon nan metòd pou kontwòl fè pitit (planinn).

LADRÈS ALFABETIK PATISIPAN

Ajan Kore Fanmi yo gen obligasyon pou konn li ak ekri nan lide pou byen akonpli responsabite yo. Men, nivo alfabetizasyon pami Ajan Kore Fanmi yo varye. Se fòmasyon an ki dwe akomode a nivo alfabetizasyon varye sa yo, pou moun ak ladrès alfabetizasyon limite yo ka aprann nòmalman san pwoblèm. Pa egzanp, Liv Patisipan an enprime avèk gwo karaktè, e sèvi avèk langaj ki senp, li gen anpil foto, epi li itilize yon lis kontwòl ki senp pou transmèt enfòmasyon kle yo. Sesyon fòmasyon yo sèvi ak foto, diskisyon, ak istwa tou kout ke yo li byen fò, olye pou yo ta fè yon pakèt travay ekri.

Etap sesyon yo anpil fwa gen ladan yo kèk eksplikasyon klè pou fomatè yo kapab konprann byen kèlkeswa jan li te aprann pale oubyen ekri kreyòl la. Pa egzanp, fasilite yo antrene pou li enfòmasyon yo byen fò pou tout moun nan sal la tandè, mande patisipan yo pou yo travay de pa de oswa an ti gwoup pou travay ekri yo pou youn ka ede lòt, ou dwe sèten ke patisipan ki de pa de yo oswa chak ti gwoup gen omwen yon patisipan ki plis ou mwen konn li, epi eksplike tablo sou LCD oswa bwat imaj yo dousman epi byen klè.

Non sèlman swiv enstriksyon sa yo, fasilite yo dwe toujou pran nòt sou nivo alfabetizasyon ke patisipan yo ap bezwen pandan fòmasyon an epi planifye kòmsadwa. Pa egzanp, si fasilite yo remake ke gen kèk patisipan ki pa ka li, oswa ekri, yo dwe ofri èd yo ak epi sèten ke lòt patisipan yo ede yo tou.

ADAPTE FÒMASYON AN

Aktivite Fòmasyon yo fèt pou gwoup 20 a 30 patisipan konsa, men li reyisi byen tou ak pi piti gwoup tankou 12 a 20 patisipan konsa. Si fasilite yo dwe travay ak pi gwo gwoup patisipan, yo ta dwe adapte sesyon yo kòmsadwa. Pa egzanp, pou aktivite kèk ti gwoup, fasilite yo ka bezwen kreye ti gwoup 10 patisipan yo chak pito pase 5 patisipan yo chak. Pou pyès teyat, fasilite yo ka bezwen limite tan pèfòmans yo.

Pafwa sesyon yo konn gen ladan yo konsèy sou fason pou adapte aktivite yo, pa egzanp, konsèy sou jan yo ka diminye sesyon an si tan an limite oubyen si patisipan yo fatige anpil. Anplis de lekti konsèy sa yo, fasilite yo dwe itilize pwòp jijman pa yo epi adapte sesyon yo kòm sadwa. Pa egzanp, nan kèk sans, fasilite yo ka bezwen adapte kesyon diskisyon, pyès teyat, oubyen istwa yo selon kilti nou oubyen temwayaj sou kwayans yo.

Fasilite yo dwe swiv pi pre enèji patisipan yo ak nivo enterè yo de tanzantan, epi adapte oswa chanje plan si enèji patisipan yo oswa konsantrasyon yo diminye. Si, nan apremidi, patisipan yo gen pwoblèm pou konsantre, fasilite yo ta dwe ajoute plis chalè, bay yon poz an plis, oswa fè yon ti pyès revizyon pou reveye enèji patisipan yo.

DISKISYON

Manyèl la bay kesyon klè ak modèl repons pou tout diskisyon. Echantiyon repons yo parèt an lèt fen ki panche. Fomatè yo dwe eseye pwovoke repons sa yo pandan diskisyon an, olye yo senpleman reponn pou kont yo. Fomatè yo ka repoze yon kesyon plizyè fwa, oswa bay yon egzanp, nan lide pou jwenn repons nan men patisipan yo. Men, fomatè yo ta dwe sèlman bay repons apre patisipan yo te gen ase opòtinite pou reponn, li ta dwe sèlman bay repons ke patisipan yo pat reponn pou kont yo.

PRENSIP POU GRANMOUN APRANN

Fòmasyon sa a baze sou prensip enpòtan pou granmoun aprann, tankou:

- **Respè** – Elèv granmoun yo dwe santi yo respekte epi santi ke yo trete yo egal ego.
- **Afimasyon** – Elèv granmoun yo bezwen resevwa lwanj, menm pou yon efò tou piti.
- **Eksperyans** – Elèv granmoun yo aprann pi byen lè yo sèvi ak konesans epi pwòp eksperyans pa yo.
- **Pètinans** – Aprantisaj la dwe satisfè bezwen nan lavi chak jou moun nan – pou travay yo, fanmi yo, elatriye.
- **Dyalòg** – Ansèyman ak Aprantisaj la dwe fèt de fason, pou elèv yo ka antre nan yon dyalog ak pwofesè a.
- **Angajman** – Elèv granmoun yo dwe alèz nan sijè yo, nan dyalog ak diskisyon ant kamarad.
- **Imedyat** – Elèv granmoun yo dwe an mezi pou aplike sa yo fèk aprann yo imedyatman.
- **Règ 20–40–80** – Elèv granmoun yo sonje jan yo te aprann nan 20% nan sa yo tandè, 40% nan sa yo tandè epi wè, epi 80% nan sa yo tandè, wè, ak fè.

- **Panse, santi, ak aji** – Aprantisaj fèt pi byen lè li enplike panse, santi (emosyon), ak aji (fè).
- **Sekirite ak konfò** – Elèv granmoun yo bezwen santi yo an sekirite, alèz nan lide pou yo patisipe ak aprann. Yo bezwen konnen ke yo pap pase lide yo ak kontribisyon pa yo a nan pyès b oswa desann valè yo.

METODOLOJI

Pou mete prensip aprantisaj granmoun sa yo an pratik, fòmasyon an itilize plizyè **metòd patisipasyon** tankou gwo ak ti gwoup diskisyon, pyès teyat, ak istwa. Aktivite sa yo fèt pou moun kap prann sou eksperyans epi konesans patisipan yo, ankouraje diskisyon ak refleksyon sou pwoblèm kle, bay kout men nan pratik sou kontni aprantisaj, epi ede patisipan yo aprann youn nan men lòt.

Gen kèk sesyon ki gen ladan yo ti prezantasyon fasilite tou kout. Men kontrèman ak anpil manyèl fòmasyon, manyèl sa pa itilize prezantasyon fasilite a kòm pwemye metòd ansèyman. Men pito, li itilize aktivite yo kòm metòd patisipasyon ki ankouraje plis konsèyasyon nan sa yo aprann, angaje, ak pou sipòte anviwònman aprantisaj. *Sonje byen, elèv granmoun sonje ekzakteman 20% nan sa yo tandè, 40% nan sa yo tandè epi wè, epi 80% nan sa yo tandè, wè, ak fè. Kondisyon pou Fòmasyon efikas seke patisipan an nan tandè, wè, ak fè. Si patisipan yo sèlman tandè konferans fasilite yo tout lajounen, yo pa pral aprann oswa konsève enfòmasyon yo tout bon vre.*

Metòd patisipatif yo gen ladan yo:

- Aktivite an ti gwoup
- Aktivite an gwo gwoup
- Diskisyon an ti gwoup
- Diskisyon an gwo gwoup
- Reflechi
- Pyès teyat
- Istwa
- Brase lide
- Demonstrasyon
- Prezantasyon fasilite
- Foto istwa
- Fòmasyon ant kamarad

Metòd yo dekri nan fen Manyèl Fòmasyon a.



FASILITASYON AK LIS KOMINIKASYON POU TCHEKE YO

- ☐ Defann prensip pou aprann granmoun yo.
- ☐ Fè respè.
- ☐ Trete tout moun egal.
- ☐ Koute epi obsève.
- ☐ Kenbe bon kontak zye.
- ☐ Itilize yon langaj kò ki amikal.
- ☐ Rete fleksib epi ranje sesyon fòmasyon an ak apwòch jan w bezwenl an.
- ☐ Pran pasyans, rete ouvè, epi disponib.
- ☐ Ankouraje patisipasyon tout patisipan yo.
- ☐ Bay patisipan yo tan pou yo reponn kesyon yo.
- ☐ Lè patisipan yo poze kesyon, pran yo oserye epi reponn byen vit.
- ☐ Bay patisipan yo fidbak konstriktif e pozitif.
- ☐ Fè atansyon nan enterè patisipan yo, enèji, ak nivo konpreyansyon yo.
- ☐ Fòk ou onèt. Si ou pa konnen repons yon kesyon, di sa. Lè sa a, di patisipan an kote li ka jwenn enfòmasyon sa, oswa jwenn enfòmasyon an apre sesyon fòmasyon an epi bay patisipan an li apre.
- ☐ Fè atansyon ak nivo alfabetizasyon patisipan yo epi ajiste sesyon yo kòmsadwa.
- ☐ Remèsye patisipan yo pou patisipasyon ak efò yo.



PREPARASYON POU FÒMASYON AK LIS LOJISTIK

Anvan fòmasyon an

- ☐ Idantifye lè fòmasyon an pral fèt.
- ☐ Idantifye ki kote fòmasyon an pral fèt, rezève epi prepare espas la.
- ☐ Idantifye patisipan yo, enfòmasyon yo, epi fè aranjman pou transpò, manje ak lojman jan sa nesesè.
- ☐ Li tout materyèl fòmasyon yo byen, konsa wap abitye ak kontni fòmasyon an ak sesyon yo.
- ☐ Si ou gen kesyon sou kontni fòmasyon an, wap jwenn repons yo.
- ☐ Ranpli tout preparasyon pou sesyon fòmasyon an (fè fotokopi, kontakte envite espesyal, ranmase founiti pou demonstrasyon yo, elatriye).
- ☐ Rasanble tout materyèl nesesè pou fòmasyon an (Gwo fèy papye, tep, makè, founiti nesesè pou demonstrasyon yo, Retropwojektè, elatriye).
- ☐ Si w'ap travay avèk yon lòt fasilite, deside davans kiyès ki pral okipe ki pati nan fòmasyon an, epi divize travay la kòmsadwa.

Nan kòmansman fòmasyon an

- ☐ Asire w ke tout materyèl fòmasyon yo pare e ke chèn ak tablo yo ranje.
- ☐ Swete patisipan yo Byenvini lè yo rive nan fòmasyon an.
- ☐ Swete tout gwoup la an antye Byenvini lè tout moun rive.
- ☐ Sipèviz espas twalèt la, dlo, bwat kesyon, lojistik ak lòt.
- ☐ Mande patisipan yo pou prezante tèt yo.
- ☐ Sèvi ak yon Briz glas pou mete patisipan yo alèz.
- ☐ Reflechi e etabli règ jwèt pou fòmasyon an.
- ☐ Revize objektif fòmasyon an ak ajanda.
- ☐ Mande patisipan yo pou di kisa yo swete ak espere pandan fòmasyon an.
- ☐ Deziye kèk patisipan pou ede w avèk kontwòl lè, Ti souke kò yo, tablo prezantasyon, elatriye.
- ☐ Bay patisipan yo Pre-tès la, ranmase tès yo, ak korije yo pandan yon ti poz.



PREPARASYON POU FÒMASYON AK LIS LOJISTIK

Pandan dewoulman fòmasyon an

- ☐ Defann prensip pou aprantisaj granmoun yo.
- ☐ Kenbe espas tan ak rit sesyon yo kòmsadwa.
- ☐ Bay bwason ak manje.
- ☐ Si sal la vin cho oubyen enkonfòtab, fè aranjman pou vantilatè, ouvri fenèt yo, elatriye.
- ☐ Ekri klè epi gwo ase pou tout moun ka wè.
- ☐ Plase imaj yo kote pou tout moun kapab wè yo.
- ☐ Eksplike enstriksyon yo klè ak repete yo si sa nesèsè.
- ☐ Itilize Ti souke kò ak poz pou ogmante nivo enèji patisipan yo.
- ☐ Rezime pwen enpòtan yo nan fen chak sesyon.
- ☐ Rekonèt ak remèsye patisipan yo pou lide ak kontribisyon yo.

Nan fen fòmasyon an

- ☐ Remèsye patisipan yo pou patisipasyon ak efò yo.
- ☐ Fini ak yon Ti souke kò final ak aplodisman.
- ☐ Bay patisipan yo Pòs-tès la. Apre sa a, bay patisipan yo Pre-tès yo epi mande yo pou konpare rezilta yo. Kolekte epi anrejistre tout Pre ak Pòs-tès yo.
- ☐ Kite omwen 15–20 minit nan fen an pou patisipan yo evalye fòmasyon an.
- ☐ Asire w ke patisipan yo gen tout materyèl fòmasyon pou yo ale lakay yo.

Apre fòmasyon an

- ☐ Pran nòt de sa ki te byen fèt pandan fòmasyon an, sa ki pa t'fèt byen, epi sa yo ta dwe revize pou yon lòt fòmasyon kap gen pou fèt.
- ☐ Pran nòt de defi oswa pwoblèm ki te parèt pandan fòmasyon an e ki bezwen pou yo panche sou yo. Pa egzanp, si pandan yon fòmasyon sou malarya, patisipan yo sòlve pwoblèm nan founiti pou kay ki baze sou tretman yo pa te disponib, di moun ki konsène nan sant sante yo sa yo fè pou yo kapab jwenn founiti yo.
- ☐ Revize ak anrejistre rezilta Pre-ak Pòs-tès yo epi sèvi ak yo pou enfòme nan fòmasyon kap vini yo lè sa nesèsè.



Modil 1: Kòman pou Bay Enfòmasyon



KONTÈKS

Youn nan pi gwo travay yon Ajan Kore Fanmi se ede fanmi yo amelyore sante yo epi amelyore sitiyasyon lavi yo tou. Pou fè sa, Ajan Kore Fanmi yo dwe ede fanmi yo pwoteje, chache jwenn, epi ranpli dwa tout moun genyen yotankou, dwa pou jwenn dlo pwòp, manje, rad, kay pou rete, laswenyay, travay ak sèvis sosyal yo. Ajan Kore Fanmi yo pa kapab bay fanmi yo tout bagay sa yo, pou kont yo men yo kapab bay kout men nan edikasyon fanmi yo, ede yo pwoteje sante yo, ba yo mwayen pou yo kapab pran bon jan desizyon pou lavi yo. Ajan Kore Fanmi yo dwe akonpaye fanmi yo, montre yo kouman pou yo fè, ede fanmi yo pran konpòtman ki pi bon pou lasante yo, gide yo sou kijan pou yo jwenn sèvis ki nesèsè yo, voye yo kote pou yo jwenn swen sante oswa sèvis sosyal yo bezwen yo.

Pou fè travay sa a, Ajan Kore Fanmi yo fèt pou vizite fanmi yo souvan, yo dwe chache byen konprann tout siy ki montre sitiyasyon fanmi yo pa bon, kontwole siy sa yo san pran souf, yo dwe voye ka ijan yo bay travayè sosyal yo, epitou ede tout manm fanmi an jwenn sèvis. Fòk yo fè vaksinen timoun yo, yo dwe distribye moustikè, epi, nan kèk ka, ofri premye swen pou kèk maladi. Ajan Kore Fanmi yo dwe bay fanmi yo ak kominote yo bon jan enfòmasyon sou kijan yo ka evite maladi, pale ak fanmi yo sou vaksinasyon, sou kouman pou kontwole pouvwa fè pitit yo, sou sante fanm ansent, edikasyon sou kouman pou edike timoun pou yo ka genyen bon konpòtman, konnen fason pou yo fè lapwòpte chak moun apa ak lapwòpte nan kominote a, batay kont tou fòm vyolans kit se sou fanm, kit se sou gason, kit se sou timoun epi veye sou santé mantal fanmi ak kominote a. Anplis edikasyon an. Ajan Kore Fanmi yo fèt pou ede fanmi yo genyen epi kenbe yon konpòtman ki chita sou lasante. Pou fini, yo dwe bay yon sipò sikolojik ak yon asistans sosyal ki enpòtan pou fanmi ki malad epi ki gen lòt pwoblèm yo.

Pou Ajan Kore Fanmi an kapab fè travay sa a pi byen, li fèt pou gen bon jan konesans ak bon jan fason nan sa lap di avèk fanmi yo, pa egzant, li dwe montre respè pou fanmi yo, li dwe konprann reyalitye fanmi yo ak nan ki sitiyasyon yap viv. Li dwe ankouraje fanmi yo

pale youn ak lòt, epitou li dwe bay fanmi yo bon jan enfòmasyon. Ajan Kore Fanmi an fèt pou konprann epi pratike prensip ki ka fè l wè kouman konpòtman fanmi an ap chanje. Sa vle di, Ajan Kore Fanmi an, dwe konnen nan ki pwen chanjman moun yo ye, li dwe ede fanmi an jwenn pi bon chwa ki mache ak sitiyasyon yap viv la, epitou li dwe pale ak fanmi yo pou yo gen konpòtman ki chita sou lasante. Pou fini Ajan Kore Fanmi an fèt pou konprann epi mete an pratik prensip ak teknik pou Granmoun aprann: tankou pran egzanp sou eksperyans lòt moun, rèspekte sa moun nan te konnen deja, elatriye. Lèfini, li dwe fè moun yo pale youn ak lòt, diskite ak moun yo, epi fè youn aprann nan men lòt.

Ajan Kore Fanmi an dwe konnen genyen pwoblèm li pap kapab ede kominote a rezoud fasilman: tankou si pa gen ase nan sèvis ki nesèsè yo, lè sitiyasyon an konplike nan fanmi an, ak lè yon pwoblèm ajì sou tout kominote a. Sa a ap ede Ajan Kore Fanmi an rann li kont kouman poul ede manm kominote a chwazi ki konpòtman kap pi bon pou lasante yo, oswa ki sèvis pou yo chache jwenn.

Nan modil sa a, patisipan yo ap aprann teknik kap bay bon jan fason pou pale ak manm kominote a, epitou pou ede yo amelyore sante yo. Nan teknik sa yo yap jwenn: respè pou manm kominote a, kòman pou poze bon jan kesyon ki mande pou bay anpil detay pou ankouraje moun yo pale youn ak lòt (kesyon ouvè), koute moun yo byen, aprann kichòy sou sitiyasyon fanmi an, bay enfòmasyon ki kòrèk san yo pa fè pèsonn moun obsèvasyon oswa, san yo pa fè okenn pale anpil, epitou di laverite sou sa yon Ajan Kore Fanmi kapab fè ak sa li pa kapab fè. Nan modil 2 ak 3, patisipan yo ap aprann teknik sou kijan pou chanje konpòtman, kijan pou ede granmoun aprann ak fason pou mete prensip sa yo an pratik pandan yap travay avèk fanmi yo.



OBJEKTIF YO

Aprè modil sa a, patisipan yo dwe kapab:

- a.** Dekri bon jan fason pou pale.
- b.** Rekonèt sitiyasyon ak faktè ki aji sou bon jan fason fanmi yo pou rann sante yo ak fason yap viv la pi bon.
- c.** Esplike kijan pou montre respè lè yap pale avèk fanmi yo, epitou esplike poukisa li enpòtan pou montre respè lè yap bay fanmi yo enfòmasyon, ede yo jwenn sèvis yo, epitou vin gen konpòtman ki pi bon pou lasante yo.
- d.** Bay 3 bon jan teknik pou koute, epitou bay egzanp sou kilè pou itilize chak teknik sa yo lè yap pale avèk fanmi yo.
- e.** Esplike poukisa pale a de se enpòtan lè yon Ajan Kore Fanmi ap pale avèk fanmi yo.
- f.** Dekri kesyon ouvè yo ak kesyon fèmèn yo, bay egzanp nan chak, epitou lè Ajan Kore Fanmi yo esplike kijan pou sèvi ak kalite kesyon sa yo sa kapab ede yo pale avèk fanmi yo yon fason ki bay bon jan rezilta.
- g.** Dekri objektif prensipal yon vizit nan kay.
- h.** Dekri prensip ak etap Ajan Kore Fanmi yo ta dwe sèvi pou bay konsèy pandan vizit nan kay yo.
- i.** Site twa tip vizit nan kay ki genyen.
- j.** Bay tout etap ki genyen lè yap fè vizit nan yon kay.



TAN NESESÈ: 2 jou (10 èdtan ak 30 minit aktivite, plis repo ak repa)



REZIME MODIL LA

Premye Jou

5 èdtan nan sesyon fòmasyon yo

Sesyon	Tèks	Metòd yo	Kantite Tan
1	Entwodiksyon ak objektif modil la	Prezantasyon fòmatè Blag/aktivite pou chofe anbyans lan	15 minit
2	Prensip pou fomasyon an ak bwat kesyon sekrè yo	Brase lide Prezantasyon fòmatè	15 minit
3	Pre-tès	Evalyasyon	30 minit
4	Bon jan mwayen pou pale	Diskisyon an ti gwoup Diskisyon an gwo gwoup	1 èdtan
5	Tout sa ki ajì sou sante ak konpòtman fanmi yo	Istwa Diskisyon an gwo gwoup	45 minit
6	Fason pou montre respè	Aktivite an ti gwoup Diskisyon an gwo gwoup	45 minit
7	Teknik pou koute	Pyès teyat Egzèsis desen Aktivite an ti gwoup	1 èdtan ak 30 minit

Dezyèm Jou

5 èdtan ak 20 minit nan sesyon fòmasyon ak 30 minit revizyon

Sesyon	Tèks	 Metòd Yo	 Kantite Tan
Revizyon	Revize Tèks Premye Jou a	Jwèt kesyon ak repons	30 minit
8	Lè se yon sèl moun ki pale ak lè se 2 moun ki pale	Demonstrasyon Diskisyon an gwo gwoup	1 èdtan
9	Fason pou poze kesyon	Pyès teyat Aktivite de pa de (2)	1 èdtan
10	Teknik ak prensip pou bay konsèy lè w ap vizite fanmi yo	Diskisyon an gwo gwoup Ti gwoup diskisyon Pyès teyat	1 èdtan
11	Vizit nan kay	Pyès teyat	1 èdtan ak 20 minit
12	Pòs-tès	Evalyasyon	30 minit
13	Evalyasyon ak bwat kesyon sekrè yo	Evalyasyon	30 minit

Materyèl yo

Sesyon	 Materyèl yo
Tout sesyon yo	• Liv Fasilitatè • Liv Patisipan • Gwo fèy papye • Makè • Tèp

Sesyon	 Materyèl yo swit
1	• Liv Fasilitatè, Liv Patisipan, Gwo fèy papye, Makè, Tèp
2	• Bwat Kesyon Sekrè yo
3	• Kreyon oswa plim • Kopi Pre-tès yo
4	• Deskripsyon travay Ajan Kore Fanmi an
5	• Istwa nan Liv Patisipan
6	• Wou respè sou gwo fèy papye • Lis Tout Sa ki Dwe Fèt nan Liv Patisipan an
7	• Desen ki trase sou gwo fèy papye • Enfòmasyon sou teknik pou koute ak pyès teyat nan Liv Patisipan • Fèy papye blan • Kreyon ak gòm pou efase
8	• Prezantasyon leson an oswa sijè a ak kesyon pou diskisyon nan Manyèl Fòmasyon a • Gwo fèy pou lè yon sèl moun ap pale ak pou lè de moun ap pale • Enfòmasyon sou lè yon sèl moun ap pale ak sou lè de moun ap pale, ak sitasyon nan Liv Patisipan an
9	• Pyès teyat ki nan Liv Patisipan an • Ti fich oswa mòso papye blan • Bwat, sachè, oswa gwo bwat
10	• Pyès teyat ak enfòmasyon sou vizit nan kay nan Liv Patisipan • Egzanp fason moun yo mizerab nan Liv Patisipan
11	• Sijè pyès teyat ki nan Liv Patisipan an
12	• Kreyon oswa plim • Kopi egzamen apre seyans lan
13	• Gwo fèy papye oswa papye kaye nòt • Kopi evalyasyon ekri • Bwat Kesyon Sekrè yo



PATI ENPÒTAN YO

- Ajan Kore Fanmi yo fèt pou sèvi ak bon jan fason pou bay mesaj la lè yap pale ak fanmi yo, pou fanmi yo ka fè yo konfyans, pou fanmi yo ka santi yo respekte yo, pou fanmi yo ka konprann enfòmasyon Ajan Kore Fanmi yo ap pataje avèk yo a, epitou pou fanmi yo ka santi yo vle tout bon, chanje konpòtman ke yo genyen yo, pou chwazi konpòtman ki pi bon pou lasante yo a, pou jwenn sèvis, epitou pou aprann enfòmasyon tounèf yo.
- Men kèk bon teknik pou pale: respè, koute ak anpil atansyon, poze kesyon ki mande pou bay anpil detay pou ka ankouraje moun yo pale tou, ankouraje moun yo pale sou eksperyans yo ak pwòp lide pa yo epi sèvi ak menm eksperyans sa yo pou fè yo aprann pi plis bagay toujou, bay yo bon jan enfòmasyon, aprann plis enfòmasyon sou sitiyasyon moun yo, epitou di laverite.
- Gen anpil rezon sosyal ak ekonomik ki ajè sou posiblite fanmi yo genyen pou amelyore sante ak sitiyasyon yo. Ajan Kominotè Polivalan yo fèt pou konprann kisa ki pi gwo pwoblèm fanmi yap travay avèk yo a genyen, pou yo kapab ede fanmi yo jwenn solisyon ki pi bon an pou retire yo nan difikilte sa yo.
- Ajan Kore Fanmi yo fèt pou toujou montre respè pou eksperyans, lide, konpòtman ak dwa fanmi yo.
- Ajan Kore Fanmi yo fèt pou sèvi ak bon jan teknik pou koute, pou yo ka aprann tou nan men fanmi yo, epitou pou ankouraje fanmi yo pale youn ak lòt. Men kèk teknik pou koute: koute san bay repons, poze kesyon pou jwenn eksplikasyon epi reprann lide yon lòt jan.
- Ajan Kore Fanmi yo fèt pou sèvi ak teknik youn pale ak lòt lè yap vizite fanmi yo. Moun toujou ap aprann, men yo sonje, epi yo sèvi ak pifò nan bagay ke yo aprann lè yap pale ak kanmarad yo pase sa yo sonje nan bagay yo tande nan konferans yo fè pou yo. Lè ou pale ak fanmi yo, sa ankouraje yo aprann, li ede yo konprann, epi rezoud pwoblèm yo.
- Ajan Kore Fanmi yo dwe poze kesyon ki mande pou bay anpil detay pou ankouraje fanmi yo pale avèk yo tou.
- Vizit kay fanmi yo se youn nan pati ki pi enpòtan nan travay Ajan Kore Fanmi yo. Ajan Kore Fanmi yo ap vizite tout fanmi ki sou kont yo souvan. Yap vizite fanmi ki pi bezwen sèvis yo pi souvan, epi yap vizite fanmi ki bezwen mwens sèvis yo mwens souvan.
- Ajan Kore Fanmi yo dwe mete prensip sa yo an pratik pou fè vizit lakay: prezante tèt yo, rasanble enfòmasyon, bay enfòmasyon tounèf, pale sou posiblite ki genyen yo, kreye yon plan sou kisa yo dwe fè, epi ranfòse enfòmasyon ak konpòtman fanmi yo.
- Ajan Kore Fanmi yo dwe mete prensip sa yo an pratik pou fè vizit nan lekòl: Kontakte direktè/direktris lekòl la, chwazi ak prepare yon sijè, prepare materyèl yo, bay sijè a, tcheke pou wè kijan yo konpran sijè a, epi rezime pati enpòtan yo.

SESYON 1

ENTWODIKSYON AK OBJEKTIF MODIL LA



Metòd: Prezantasyon Fasilitatè ak Briz glas



Kantite Tan: 15 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- Fè prezantasyon yo, epi idantifye objektif modil la.



Preparasyon

- Revize objektif modil la.
- Ekri objektif modil la sou yon gwo fèy papye, epi afiche li sou miray la.



Materyèl yo

- Manyèl Fòmasyon
- Liv Patisipan
- Gwo fèy papye
- Makè
- Tep



ETAP YO



15 minit

1. Salye patisipan yo epi prezante tèt ou.
2. Esplike ke nan fòmasyon sa a, patisipan yo pral aprann bon jan mwayen pou pale ki bay bon jan rezilta ap prensip konpòtman pou chanjman ak edikasyon pou granmoun. Yo pral aprann kijan pou pratike bon jan fason sa yo lè yap fè travay yo.

3. Mande patisipan yo pou prezante tèt yo nan yon ti tan tou kout, youn alafwa, pou di:

- Non yo ak depi konbyen tan yap travay kòm yon Ajan Kore Fanmi, oswa ki travay yo tap fè anvan yo te vin yon Ajan Kore Fanmi (si yo nouvo nan travay sa a).
- Yon lespwa ak egzijans yo genyen pou fòmasyon sa a.
- Pa egzanp: *Non mwen se Clementine, epi mwen sòti nan vil Hench. Mwen swete aprann kijan pou ede fanmi ki nan kominote mwen yo rann fason yap viv la vin pi bon.*

4. Fini prezantasyon yo pou di patisipan yo anpil nan egzijans yo ap satisfè pandan fòmasyon sa a. Egzijans ki pa satisfè jodi a ap abòde nan yon lòt fason, swa avèk fòmasyon siplemantè yonn pa yonn oswa nan fòmasyon alavni.

5. Mande yon volontè pou li objektif yo ki sou gwo fèy papye yo byen fò. Fè patisipan yo konnen fòmasyon jodi a ap konsène objektif sa yo.

6. Mande patisipan yo ki kesyon yo genyen jiska prezan, epi reponn kesyon yo kòmsadwa.

SESYON 2

PRENSIP POU FÒMASYON AN AK BWAT KESYON SEKRÈ YO



Metòd: Brase-lide ak prezantasyon Fasilitatè



Kantite Tan: 15 minit



Objektif yo

Patisipan yo ap kapab:

- Kreye prensip pou fòmasyon an ki se kreye yon anviwònman kote tout moun jwenn respè ak konfyans.
- Dekri enpòtans sa genyen pou kenbe an sekre enfòmasyon fanmi yo ak enfòmasyon yo bay pandan fòmasyon an.



Preparasyon

- Prepare Bwat Kesyon Sekre yo, epi mete li yon kote ki toupre nan sal la.



Materyèl yo

- Gwo fèy papye
- Makè
- Tep



ETAP YO



15 minit

1. Di patisipan yo pou fòmasyon an ka bay bon jan rezilta, gwoup la ap dakò sou kèk prensip pou fòmasyon an. Prensip pou fòmasyon an se règ kap ede fòmasyon an fonksyone san pwoblèm, mete anpil aksan sou fason pou moun aprann lan, ankouraje patisipasyon tout moun, epi fè patisipan yo santi yo alèz epi yo jwenn respè.
2. Mande patisipan yo pou yo brase lide sou yon ti lis prensip pou fòmasyon an. Pandan moun yo ap site règ yo, note yo an gwo lèt sou yon gwo fèy papye.
3. Asire chak patisipan bay yon sèl lide, epitou tout moun ki vle pale ap jwenn yon chans.

4. Apre brase lide a, ajoute règ sa yo si yo poko sou lis la:

- Vini Alè
- Kenbe Sekrè
- Patisipasyon nan diskisyon ak aktivite yo
- Respè pou opinyon diferan

5. Mete fèy prensip pou fòmasyon an sou miray la pou tout rès fòmasyon an.

6. Esplike poukisa ak ki enpòtans sa genyen pou kenbe enfòmasyon yo an sekre. Di patisipan yo:

Tankou ou konnen, kenbe enfòmasyon an sekre se yon teknik ki enpòtan pou travay Ajan Kore Fanmi yo. Ou dwe kenbe **an sekre** tout sa manm fanmi an di ou, ak tout sa ou konnen sou fason yap viv. Ou ta dwe sèlman di enfòmasyon sa yo bay travayè sosyal ak bay klinisyen yo, lè li nesèsè. **Ou pa dwe di enfòmasyon sa yo menm avèk madanm/mari, frè/sè, oswa pitit moun nan, oswa avèk pwòp madanm/mari, frè/sè, oswa pitit ou.**

Kèk nan nou ka bezwen bay enfòmasyon ki gen rapò ak kay kote yo mete ou pandan fòmasyon an, oswa poze kesyon sou ka espesyal yo. Ou dwe bay enfòmasyon yo nan yon fason ki garanti pou kenbe enfòmasyon yo an sekre. Pa egzanp, pa sèvi ak non moun, pa di kote lap viv, oswa pa bay okenn lòt enfòmasyon ki ta devwale idantite moun nan. Tout moun ki nan sal sa a dwe fè sa. Epitou, ou pa dwe pale osijè enfòmasyon sekre yo andeyò fòmasyon sa a.

7. Mande patisipan yo:

- Kisa ki ta rive si ou te di yon lòt moun enfòmasyon sekre sou moun kap viv lakay ou?
(*Moun nan ta ka pèdi tout vale l oswa li ta ka viktim diskriminasyon.*)
(*Moun nan pa ta fè okenn lòt moun konfyans.*)
(*Moun nan pa ta vle ba ou enfòmasyon prive l oswa enpòtan l ankò, elatriye.*)
- Kijan ou ta santi ou si yon moun te di enfòmasyon konfidansyèl sou ou ba lòt moun?
(*Ou ta santi ou trayi.*)
(*Ou pa ta fè moun sa a konfyans ankò.*)
(*Ou pa ta santi ou alèz pou di moun nan nenpòt lòt bagay, elatriye.*)

8. Di patisipan yo:

Kenbe enfòmasyon an sekre se youn nan kalite ki pi enpòtan lè ou se yon Ajan Kore Fanmi.

9. Di patisipan yo:

Gen 3 sityasyon kote yo ka revoke yon Ajan Kore Fanmi touswit.

- Pa kenbe sekre
- Mande lajan oubyen lot bagay pou bay sèvis
- Move kondwit seksyèl

10. Mande patisipan yo reponn kesyon sa yo epi asepte plizyè repons:

- Nou fin eksplike enpòtans pou kenbe sekre. Poukisa li enpòtan pou Ajan Kore Fanmi pa janm mande lajan oubyen lòt bagay pou bay sèvis ?
- Poukisa li enpòtan pou Ajan Kore Fanmi pa janm gen move kondwit seksyèl?

11. Fè patisipan yo konnen pou ede kenbe enfòmasyon an sekre pandan sesyon fòmasyon sa a, yo kapab sèvi ak Bwat Kesyon Sekre yo. Leve bwat la anlè. Fè patisipan yo konnen nan nenpòt moman pandan jounen an, si yo gen nenpòt kesyon yo pa vle poze pou tout moun tandè, yo ka mete kesyon yo nan bwat Kesyon Sekre yo. Kesyon yo kapab konsène ka patikilye oswa nenpòt lòt pwoblèm. Nan fen jounen an, wap revize ak reponn kesyon ki nan bwat la, swa avèk gwoup la, oswa avèk chak moun apa, jan li nesesè.



KONSÈY: *Al gade Bwat Kesyon Sekre yo pandan repo ak repa a, epitou revize nenpòt kesyon ou jwenn pou w ka pare pou reponn kesyon yo nan fen fòmasyon an.*

SESYON 3 PRE-TÈS



Metòd: Evalyasyon



Kantite tan: 30 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- Evalye konesans patisipan yo te genyen anvan sou sijè fòmasyon an.



Preparasyon

- Revize kesyon pre-tès la.



Materyèl yo

- Kreyon oswa plim pou tout patisipan yo
- Fotokopi Pre-tès ki nan paj 94 Manyèl Fòmètè



KONSÈY: *Esplike pre-tès la avèk anpil prekosyon sizoka kèk patisipan pa ta abitye pran tès.*



ETAP YO



30 minit

1. Fè patisipan yo konnen yap pran yon “pre-tès” kounye a. Objektif pre-tès sa a se pa pou jije patisipan yo, men pito pou pi byen konprann sa patisipan yo konnen deja, epitou pou asire fòmasyon sa a ap satisfè bezwen yo. Pre-tès la ap ede evalye tou si fòmasyon sa a bay bon jan rezilta, epitou lap rann fòmasyon an vin pi bon pi devan.
2. Bay chak patisipan yon fotokopi pre-tès la.
3. Anvan pre-tès la, mande patisipan yo pou yo mete enfòmasyon anlè chak paj egzamen an, epi pou yo remèt li ba ou. Si yon patisipan pa konnen dat egzat li te vin yon Ajan Kore Fanmi, mande li pou ekri ane li te vin yon Ajan Kore Fanmi, epi note jou a kòm “30” ak mwa a kòm “6” (jen).

4. Fè patisipan yo konnen ou pral li kèk kesyon byen fò ki gen rapò ak sijè fòmasyon an. Patisipan yo ap reponn kesyon yo. Pou fè sa, yap antoure youn nan pi bon repons yo pou chak kesyon ki nan pre-tès yo. Kèk kesyon ap fè patisipan yo deside si yon deklarasyon vrè oswa si li fò, epitou kèk kesyon ap fè patisipan yo chwazi pi bon repons ki posib la nan yon group de repons.
5. Di patisipan yo si yo pa konnen repons pou yon kesyon, yo ta dwe kite kesyon an san repons.
6. Fè patisipan yo konnen wap fè premye kesyon an ansanm.
7. Li premye kesyon an ak repons posib yo byen fò. Mande yon volontè pou reponn, oswa reponn kesyon an poukont ou. Pou reponn kesyon sa a, patisipan yo ta dwe antoure repons ki sou papye yo.
8. Mache vit nan sal la epi al gade pou asire patisipan yo te make repons pou premye kesyon an kòrèkteman.
9. Li rès kesyon pre-tès la ak repons posib yo byen fò epi dousman, youn alafwa. Repete kesyon yo ak repons posib yo, jan li nesesè. Apre ou fin li chak kesyon, bay patisipan yo tan pou yo antoure repons lan.
10. Esplike nan fen fòmasyon sa a, patisipan yo ap pran egzamen sa a ankò pou wè kisa yo te aprann. Wap revize repons ki kòrèk yo answit.



KONSÈY: Koriye pre-tès yo pandan yon pòz, paske wap bezwen remèt yo bay patisipan yo apre yo fin pran pòs-tès la. Pou nenpòt repons ki pa kòrèk, souliyen repons ki kòrèk la pou patisipan yo ka wè diferans ant move repons yo ak repons ki kòrèk yo.

KOREKTUM PRE-TÈS

Non ou: _____

Dat: _____

Seksyon Kominal: _____

ID AKF: _____

 Depi konbyen tan ou se yon Ajan Kore Fanmi? _____ /
 mwa / lane
Antoure pi bon repons lan pou chak kesyon.

1. Kisa “Bon Jan Mwayen pou Pale” vle di?
 - a. Moun k ap koute a tandè mesaj la.
 - b. Moun k ap pale a satisfè poutèt yo aprann mesaj la.
 - c. **Moun k ap pale a ak moun k ap koute a santi youn konprann lòt.**
 - d. Konpòtman an te chanje.

2. Kisa yon Ajan Kore Fanmi bezwen fè pou li ka yon bon kominikatè?
 - a. **Montre respè.**
 - b. Montre imaj.
 - c. Pale byen fò.
 - d. Aprann mesaj la pakè.

3. Kisa sa vle di “Kominikasyon fas a fas”?
 - a. Fason pou montre respè.
 - b. Koute yon fason ki pozitif.
 - c. Pale aklè, epi poze kesyon.
 - d. **Yon konvèsasyon ant 2 oswa plis moun.**

4. Ki diferans ki genyen ant tande ak koute?
 - a. **Tande se yon bagay ki fèt nòmalman; koute mande efò.**
 - b. Tande mande efò; koute se yon bagay ki fèt nòmalman.
 - c. Yo se menm bagay.
 - d. Tande se yon bagay ki pa fasil; koute se yon bagay ki fasil.
5. Ki 3 teknik ki genyen pou koute?
 - a. **Koute san bay repons, re-espesifye lide yo, poze kesyon pou bay eksplikasyon.**
 - b. Pale aklè; koute yon fason kalm, asire ou konprann.
 - c. Konnen repons lan, di rezon yo, jwenn yon kòmantè.
 - d. Okenn nan repons anvan yo.
6. Poukisa li enpòtan pou Ajan Kore Fanmi yo aprann bon jan mwayen pou pale ak pou yo bon kominikatè?
 - a. Pou moun yo ka swiv enstriksyon Ajan Kore Fanmi yo.
 - b. Pou moun yo ka jwenn mesaj kòrèk la.
 - c. **Pou moun yo ka fè Ajan Kore Fanmi yo konfyans, ak adopte konpòtman ki bon pou sante yo.**
 - d. Pou moun yo ka vini nan klinik lan lè li nesesè.
7. Poukisa li enpòtan pou Ajan Kore Fanmi yo chèche konnen fanmiki nan kominote yap sèvi yo?
 - a. Pou Ajan Kore Fanmi yo konprann difikilte fanmi an genyen.
 - b. Pou Ajan Kore Fanmi yo konnen nan ki etap chanjman fanmi an ye.
 - c. Pou Ajan Kore Fanmi yo kapab bay enfòmasyon ki apwopriye.
 - d. **Tout repons anvan yo.**

8. Kisa yon kesyon ouvè ye?
 - a. **Yon kesyon yon moun ka reponn nan plizyè fason diferan.**
 - b. Yon kesyon pou ki reponn avèk “wi” oswa “non”.
 - c. Yon kesyon ki pa kapab reponn kòrèkteman.
 - d. Yon kesyon ki gen yon sèl repons kòrèk.

9. Kilès nan sa ki anba la yo ki se youn nan 5 Prensip pou Bay Konsèy Ajan Kore Fanmi yo bezwen swiv pou fè yon vizit nan kay ki bay bon jan rezilta?
 - a. Dèle.
 - b. Politès.
 - c. Ijyèn.
 - d. **Kenbe Sekrè.**

10. Kisa ki **PA** youn nan etap pou fè yon vizit nan kay?
 - a. Lave men.
 - b. **Enspekte kay la pou ijyèn.**
 - c. Pale sou pwoblèm sante.
 - d. Fikse yon dat pou retounen ankò.

SESYON 4

BON JAN MWAYEN POU PALE



Metòd: Diskisyon an ti gwoup ak Diskisyon an gwo gwoup



Kantite Tan: 1 èdtan



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

a. Dekri bon jan fason pou pale.



Preparasyon

- Ekri de kesyon sa yo sou 2 gwo fèy papye:
 - Kisa yon Ajan Kore Fanmi bezwen fè pou li ka yon bon kominikatè?
 - Poukisa li enpòtan pou Ajan Kore Fanmi yo aprann bon jan mwayen pou pale ak pou yo bon kominikatè?



Materyèl yo

- Gwo fèy papye
- Makè
- Tep



ETAP YO



5 minit

1. Di patisipan yo:

Sonje wòl ou kòm Ajan Kore Fanmi pou ede fanmi yo rann sante yo ak fason yap viv la vin pi bon. Pou fè sa, wap aprann enfòmasyon enpòtan sou sante, jan pou jwenn sèvis yo, ak fason pou vin gen konpòtman ki pi bon pou lasante. Egzamine deskripsyon travay ou pou yon ti moman. Answit, reflechi sou eksperyans pase w kòm yon travayè sante si w te youn, epitou reflechi sou sa w te aprann ki gen rapò ak travay la jiska prezan.

2. Poze patisipan yo kesyon ki anba la yo, epi ankouraje yo bay plizyè repons:

- Ki egzanp **enfòmasyon sante** enpòtan fanmi yo fèt pou aprann?
(*Enfòmasyon sou manje, sante manman, planin, kolera, malarya, maladi moun pran nan fè bagay, elatriye.*)
- Ki egzanp **sèvis** enpòtan fanmi yo fèt pou jwenn?
(*Sèvis anvan akouchman, pwogram nitrisyon, Sant Tretman Kolera, elatriye.*)
- Ki egzanp konpòtman ki bon pou lasante moun yo ta dwe pratike pou yo ka rann sante yo ak fason yap viv la vin pi bon (bagay yo ta dwe FÈ)?
(*Patisipe nan vizit anvan akouchman, akouchman sant sante a olye lakay yo, ba tibebe yo tete olye ou ba yo lèt an poud bebe, vaksinen timoun yo, sèvi ak metòd planin pou pa ansent, moustikè, ak kapòt, pa fimèn, pa bwè twòp kleren, elatriye.*)

3. Di patisipan yo:

Moun yo pap aprann enfòmasyon tounèf, yo pap jwenn sèvis yo, oswa yo pap gen konpòtman ki pi bon pou lasante yo paske ou di yo pou yo fè sa. Pou ka ede moun yo fè bagay sa yo, ou fèt pou sèvi ak bon jan jan fason pou pale, pou konprann eksperyans moun yo, epitou pou ede yo jwenn fason pou fini ak tout sa ki anpeche yo vin gen konpòtman ki bon pou lasante yo, aprann enfòmasyon tounèf yo, oswa jwenn sèvis yo.

Wap pratike bon jan fason sa yo pandan vizit nan kay yo, ak nan aktivite kominote a tankou pòs rasanbleman, klèb manman, klèb jèn, vizit nan lekòl, ak reyinyon kominotè yo.

Nap kòmanse diskite sou bon mwayen pou pale.

Kominikasyon an: se yon pataj lide, konesans, santiman, ant yon moun avek yon lot moun oswa yon moun avek yon gwoup moun.

Tip Kominikasyon

- Kominikasyon de mas: se le nou pale nan radio, television, oswa jounal
- Kominikasyon fas a fas: se yon konvesasyon ant 2 ou plis moun le nou we moun kap pale

Eleman andan Kominkasyon:

- Emetè: Moun kap pale a
- Reseptè: Moun kap koute a
- Mesaj: enfòmasyon w'ap bay la
- Kanal: mwayen pou w fe pase mesaj la (vwa, megafon, mikro, elatriye.)

- Fidbak: repons apati de mesaj ki bay la
- Kòd: Yon jagon ke yon gwoup moun itilize pou kominike antre yo.

Fòm Kominikasyon

- Vèbal: pawòl
- nonVèbal: jès

4. Separe patisipan yo an ti gwoup 4 oswa 5. Afiche premye kesyon ou te prepare a, epi li kesyon an byen fò pou gwoup la:
 - Kisa yon Ajan Kore Fanmi bezwen fè pou li ka yon bon kominikatè?
5. Mande chak ti gwoup pou chwazi yon manm gwoup la pou ekri repons gwoup la, ak yon lòt manm gwoup la pou fasilite diskisyon nan gwoup la. Fòmated gwoup yo ta dwe ankouraje tout manm gwoup la pou yo patisipe nan diskisyon an, epitou pou fè diskisyon an valse pou gwoup yo fin diskite sou kesyon an nan 10 minit.
6. Fè patisipan yo sonje ap gen anpil repons ak opinyon pou kesyon an. Lide a se pa pou rive jwenn yon repons kòrèk, men pou rive tande lide ak eksperyans.



10 minit

7. Ba gwoup yo 10 minit pou travay. Pandan gwoup yo ap travay, mache nan sal la, epi bay èd oswa reponn kesyon yo, si li nesese. Ba gwoup yo avètisman 5 minit ak avètisman 1 minit.



30 minit

8. Mande gwoup yo pou sispann travay. Mande yon ti gwoup pou bay repons pou kesyon “Kisa bon jan mwayen pou pale ye? Kisa yon Ajan Kore Fanmi bezwen fè pou li ka yon bon kominikatè?” Ekri li kout sou gwo fèy papye ou te prepare a. Mande yon dezyèm gwoup pou bay yon lòt repons, epi ekri repons lan sou papye a.
9. Kontinye nan fason sa a jouk lè lide tout gwoup yo bay pou kesyon an endike sou papye a.

10. Al gade fèy papye a. Si nenpòt nan repons yo pa nan fèy papye a, ajoute yo:

- Kisa yon Ajan Kore Fanmi bezwen fè pou li ka yon bon kominikatè?

(Montre respè pou moun.)

(Esplike bagay yo aklè epi dousman.)

(Poze kesyon pou asire moun yo konprann.)

(Poze kesyon ouvè kesyon ouvè (pou fè moun pale), epi ankouraje de moun pale.)

(Aprann epi rekonèt lide ak reyalite moun yo.)

(Ankouraje moun yo pou fè konnen eksperyans ak opinyon yo, epi reyaji sou yo.)

(Koute avèk anpil atansyon epi yon fason ki pozitif nan sa moun yo ap di a, epitou montre ou konprann.)

(Obsève jes figi ak langaj kòporèl moun yo pou wè kijan w ap pale avèk yo.)

(Montre ou gen konesans egzat sou manje, vaksinasyon, sante manman, elatriye.)

(Ranje (deziyen) sa w ap di a nan sitiyasyon ak reyalite moun nan.)

(Pa bougonnen, pa pale anpil, oswa pa enpoze ou sou moun yo.)

(Aji kòm yon resous, pa kòm yon otorite.)

(Montre ou respekte kilti moun yo.)

(Montre ou onèt sou sa ou kapab fè ak sa ou pa kapab fè.)

(Patisipan yo ka site lòt lide.)

11. Mande patisipan yo pou reponn kesyon swivan yo epi ekri repons sou yon fey flipchart.

- Kijan baryè yon Ajan Kore Fanmi ka jwenn nan kominikasyon?

(Fizik: anviwonman tankou bri, chalè, freddi, move odè, elatriye.)

(Sikolojik: li an rapò a sa kap pase nan lespri.)

(Lang: de moun kap pale pa pale menm lang.)

(Semantik: mo yo pa gen menm sans oubyen pa vle di menm bagay pou de moun kap pale.)

(Sosyo-kiltirèl: abitud, kwayans, koutim, elatriye.)

(Fizyolojik: li gen rapò ak fason kò moun nan ye: bèbè, soud, vant fè mal, elatriye.)

- Ki faktè ka ajì sou kominikasyon?
(*Diferans ki genyen nan kilti ak soyete yo.*)
(*Mwayen ekonomik.*)
(*Fason yon moun panse.*)
(*Nivo konesans.*)
(*Mesaj la pa prepare.*)
(*Move eksperyans ki pase deja.*)
(*Diferans nan klas sosyal.*)
(*Atirans ou repiyans fas a lòt la.*)



15 minit

12. Afiche epi poze dezyèm kesyon ou te prepare a, epi ekri repons patisipan yo sou fèy papye a. Ankouraje patisipan ki gen eksperyans yo pou reponn selon travay yo tap fè, ak patisipan ki pa gen eksperyans yo pou montre sa yo konnen sou travay la jiska prezan. Lè tout moun te jwenn yon chans pou reponn, al gade lis la, epi asire lis la genyen pwen sa yo:

- Poukisa li enpòtan pou Ajan Kore Fanmi yo aprann mwayen pou pale ak pou yo bon kominikatè?
(*Bon jan mwayen pou pale kreye konfyans.*)
(*Bon jan mwayen pou pale fè moun yo santi yo respekte ak tandè yo, epitou li pi posib pou koute ak tandè ou.*)
(*Bon jan mwayen pou pale ede asire moun yo ap konprann enfòmasyon ak mesaj sou la sante yo.*)
(*Bon jan mwayen pou pale, ankourajman, ak ankadreman devlope konfyans moun yo pou eseye konpòtman ak bon jan fason tounèf (pi plis pase senpleman lè ou di yon moun sa pou li fè.)*)
(*Yon Ajan Kore Fanmi ki koute ak konprann bezwen ak pwoblèm moun yo kapab ede brase lide sou lòt posiblite ak solisyon pozitif.*)
(*Patisipan yo ka site lòt lide.*)

13. Fè rezime lè ou di patisipan yo sa ki ekri anba la a:

Anpil pwogram sante sèvi ak sig **IEC** pou montre yon pwogram genyen ladan aspè **Edikasyon** ak **Fason pou Pale** anplis **Enfòmasyon** (mesaj sante). Lè ou pale byen, kote ou montre respè, ou koute, ankouraje de moun pale, aprann reyalite moun, sipòte, ak ranje sa w ap di a nan sitiyasyon moun yo, wap gen yon pi bon chans pou

ede moun yo aprann enfòmasyon enpòtan sou lasante yo, jwenn sèvis yo, epitou eseye konpòtman tounèf ki bon pou lasante yo tankou ba tibebe tete oswa sèvi ak kapòt.

Lè ou chèche konnen fanmi yo, ou kapab pi byen konprann difikilte yo genyen pou jwenn sèvis yo ak pou eseye konpòtman tounèf ki bon pou lasante yo a. Answit, ou kapab ede brase lide sou fason pou retire oswa pou gen kontwòl sou difikilte sa yo, olye ou ensiste sou konpòtman ki ka pa reyalye. Si ou pale byen avèk moun yo, yap pi ka kontinye pratike konpòtman tounèf ki pi bon pou lasante yo a pandan pi lontan.

- 14.** Mande patisipan yo pou jwenn Lis Tout Sa Pou Fè pou genyen Bon Jan Mwayen pou Pale nan paj 7 liv yo a. Mande yon volontè pou li lis la byen fò. Answit, mande patisipan yo pou jwenn nenpòt diferans ant lis tout sa pou fè ak lis ki nan gwo fèy papye a. Si genyen nenpòt nan bon jan fason yo, ki sou gwo fèy papye a epi ki pa sou lis tout sa pou fè a, mande yo pou ekri bon jan fason sa yo nan liv yo, anba lis tout sa pou fè a. Esplike patisipanyo, yo pral jwenn chans pou diskite sou bon jan fason sa yo ak pratike yo pandan fòmasyon sa a.
- 15.** Mande ki kesyon patisipan yo genyen sou bon jan mwayen pou pale, epi poukisa li enpòtan. Reponn kesyon yo fason ki korèk, oswa mande patisipan ki gen eksperyans pou reponn yo.



LIS TOUT SA POU FÈ POU YON BON JAN MWAYEN POU PALE

nan paj 7 Liv Patisipan

- ☐ Chache konnen reyalite moun yo, epitou montre ou onèt.
- ☐ Montre respè pou moun yo.
- ☐ Esplike bagay yo aklè epi dousman.
- ☐ Sèvi ak mo senp sa vle di mo fanmi yo kabab konprann.
- ☐ Poze kesyon pou asire moun yo konprann.
- ☐ Poze kesyon ouvè (pou fè moun pale), epi ankouraje de moun pale ansanm.
- ☐ Aprann epi rekonèt reyalite ak pwoblèm moun yo.
- ☐ Ankouraje moun yo fè konnen eksperyans ak opinyon yo, epi reyaji sou yo.
- ☐ Koute avèk anpil atansyon sa moun yo ap di a, epitou montre ou konprann.
- ☐ Obsève ekspresyon ak langaj kòporèl moun yo pou wè kijan wap pale avèk yo.
- ☐ Montre ou gen konesans teknik (sou manje, vaksinasyon, sante manman, elatriye).
- ☐ Ranje sa wap di a nan sitiyasyon ak reyalite moun nan.
- ☐ Pa bougonnen, pa pale anpil, oswa pa enpozew sou moun yo.
- ☐ Aji kòm yon resous, men pa kòm yon otorite.
- ☐ Montre ou respekte kilti moun yo.
- ☐ Montre ou onèt sou sa ou kapab fè ak sa ou pa kapab fè.
- ☐ Gade moun nan nan je.
- ☐ Sekwe tèt ou pou montre wap koute.
- ☐ Bay moun nan tan li bezwen poul pale.
- ☐ Bay moun nan tan pou poze kesyon.
- ☐ Repete pwèn ki enpòtan nan sa moun nan di yo oswa fè moun nan repete yo.
- ☐ Fè moun nan konpliman lè li di yon bagay ki korèk.
- ☐ Mete moun nan alèz avek bonjan akèy.
- ☐ Reitre baryè kominikasyon (pa montre twop emosyon, elatriye).
- ☐ Sèvi ak imaj, desen, echantiyon pou bay eksplikasyon.
- ☐ Fè demonstrasyon.
- ☐ Koriye moun nan si li ba yon enfòmasyon ki pa korèk oswa ki pa konple.
- ☐ Mande moun nan eksplike sa li konprann.

SESYON 5

TOUT SA KI AJI SOU SANTE AK KONPÒTMAN FANMI YO



Metòd: Istwa ak Diskisyon an gwo gwoup



Kantite Tan: 45 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- b. Rekonèt sitistasyon ak faktè ki aji sou bon jan fason fanmi yo pou rann sante yo ak fason yap viv la pi bon.



Preparasyon

- Revize istwa Jezila, kesyon sou istwa a, ak modèl repons yo.



Materyèl yo

- Istwa Jezila nan paj 10–11 Liv Patisipan an.
- Gwo fèy papye
- Makè
- Tep



ETAP YO



5 minit

1. Mande patisipan yo pou egzamine Lis Tout Sa Pou Fè pou yon Bon Jan Mwayen pou Pale ankò nan paj 7 liv yo. Di patisipan yo:

Si ou aprann enfòmasyon enpòtan sou sante, sèvis yo, ak konpòtman ki bon pou lasante ou sa kapab ede fanmi yo rann sante yo ak fason yap viv la vin pi bon. Men anpil fwa, menmsi fanmi yo aprann enfòmasyon yo, konnen sèvis yo, ak jwenn ankourajman pou gen konpòtman ki pi bon pou lasante yo, li ka toujou difisil pou yo gen konpòtman ki pi bon pou la sante yo, ak pou rann sante ak fason yap viv la vin pi bon.

Gen anpil faktè ak sitistasyon ki frape bon jan fason fanmi yo pou chanje konpòtman ki bon pou sante yo, ak pou rann fason yap viv la vin pi bon. Li enpòtan pou aprann epi konnen faktè sa yo pou kapab ede fanmi yo chanje konpòtman. Sa se yon pati nan bon jan mwayen pou pale.

2. Mande patisipan yo:

- Ki pwen nan lis tout sa pou fè pou yon Bon Jan Mwayen pou Pale ki asosye avèk sa?

(Aprann epi rekonèt lide ak reyalite moun yo.)

3. Di patisipan yo ou pral li yon istwa ki asosye avèk pwen sa a. Yo kapab swiv ansanm nan paj 10–11 liv patisipan yo, oswa senpleman yo kapab fèmen zye yo pou yo koute. Li istwa a byen fò, dousman epi aklè (nan paj 28 nan fen sesyon sa a).

4. Esplike kijan patisipan yo pral travay kounye, a an ti gwoup, pou diskite sou istwa a. Separe patisipan yo an ti gwoup 4 a 5 patisipan (diferan gwoup nan sesyon anvan an). Esplike kijan gwoup yo ap gen 15 minit pou diskite sou kesyon istwa a, ak pou reponn kesyon yo. Yo pa bezwen ekri repons yo (sof si yo vle fè sa), men yo ta dwe sonje repons yo.



15 minit

5. Bay ti gwoup yo 15 minit pou travay. Pandan gwoup yo ap travay, mache nan sal la, epi bay èd, si li nesèsè. Bay gwoup yo avètisman 5 minit ak avètisman 1 minit.



15 minit

6. Mande tout moun pou yo fè atansyon. Mande yon gwoup pou bay repons yo pou premye kesyon an. Answit, mande si lòt gwoup yo gen yon bagay pou mete anplis sou repons lan. Fè menm bagay la ankò pou rèz kesyon yo, pou mande yon lòt gwoup chak fwa pou bay repons yo. Aksepte tout repons enpòtan yo, epi mete enfòmasyon ki manke yo, kote li nesèsè. Ou pa bezwen ekri repons yo, senpleman fè yon diskisyon oral:

- Kisa pè a te fè pou ede fanmi Jezila?
(Pè a te di Jezila li dwe bouyi dlo pou anpeche fanmi li pran kolera.)
- Kisa Ajan Kore Fanmi la te fè pou ede fanmi Jezila?
(Li te bay Jezila enfòmasyon sou fason pou trete kolera ak sou fason pou anpeche kolera simaye.)

(Li te bay materyèl tretman dlo ak Sewòm Oral, epitou li te montre Jezila kijan pou sèvi ak yo.)

(Li te voye Jezila ale nan Sant Tretman Kolera ki toupre a.)

- Kimoun Ajan Kore Fanmi la repwoche pou timoun yo ki malad la?
(Jezila)
- Kisa ou panse ki te lakòz maladi timoun yo? Ki sitiyasyon (faktè) nan lavi Jezila ak nan kominote a ki te lakòz timoun yo vin malad?
(Pa gen travay toupre a, kidonk Jezila te kite kay la, sa ki fè Jezila te vin pi pòv ak pa kapab achte bwa pou kwit manje, pa kapab bati latrin, pa kapab achte yon radyo, elatriye.)
(Pa gen sistèm dlo piblik, kidonk rivyè se sèl sous dlo a.)
(Jezila pa gen yon radyo, epi li pètèt twò pòv pou achte youn.)
(Pa gen latrin nan kominote a, epi Jezila pètèt pa gen lajan pou li fè youn.)
(Patisipan yo ka site lòt faktè.)
- Kisa Ajan Kore Fanmi la te fè ki pa bon?
(Li pa t montre respè, li pa aprann sitiyasyon ak reyalite Jezila, li te sèlman bougonnen sou Jezila, epi li te di Jezila sa pou fè, li pa t ede Jezila reflechi sou fason pou Jezila ta ka fè chanjman pozitif pou rann sante pitit li yo vin pi bon, elatriye.)



10 minit

7. Mande patisipan yo pou baze sou istwa sa a, epi pou reponn kesyon ki ekri anba la a. Aksepte tout repons enpòtan yo, epi ankouraje yon diskisyon:

- Kisa Ajan Kore Fanmi la te dwe di oswa fè yon fason diferan pou ede Jezila rann sante fanmi li vin pi bon? Kijan Ajan Kore Fanmi la te kapab pale yon fason ki bay pi bon jan rezilta?
(Fè yon ti pale avèk Jezila olye li enpoze sa Jezila ta dwe fè.)
(Ankouraje Jezila fè konnen eksperyans ak difikilte li yo.)
(Koute sa Jezila ap di a.)
(Aprann sitiyasyon ak reyalite Jezila.)
(Idantifye ak rekonèt reyalite Jezila ak difikilte li genyen yo.)
(Mande Jezila ki difikilte li genyen pou jwenn dlo pwòp, epitou ede Jezila reflechi sou fason ki pozitif pou li jwenn dlo pwòp.)
(Pale avèk respè olye li bougonnen.)

(Òganize yon reyinyon kominotè pou wè kijan chak manm kominote a kapab ede yon lòt.)

(Patisipan yo ka site lòt lide.)

8. Fè rezime lè ou di patisipan yo sa ki ekri anba la a:

Lè yap pale avèk moun sou fason pou chanje konpòtman ki pi bon pou la sante, travayè sante yo yo ka konsantre sou sa moun yo fè ki pa bon. Yo ka repwoche moun pòv yo poutèt yo vin malad paske yo te parese oswa paske yo pa t aprann byen ou byen paske yo inyoran. Travayè sante ta dwe mete plis aksan sou bon kompòtman moun yo. Yo pa dwe pale mal ak moun yo sou move kompòtman yo. Yo pa dwe reproche yo ni joure yo. Itilize bon teknik pou sansibilize yo pou yo adopte kompòtman tounef kap pi bon pou yo.

Sonje pati bon jan mwayen pou pale sa a, se aprann epi rekonèt reyalite ak sitiyasyon moun yo. Lè wap pale avèk fanmi yo, li enpòtan pou aprann epi rekonèt difikilte fanmi yo genyen (povrete grav, sitiyasyon konplike fanmi mank (bagay moun bezwen) resous nan kominote a, elatriye). Sa ap pèmèt ou ede fanmi yo fè chanjman ki pozitif.



Jezila ap viv nan yon ti vil andeyò nan Plato Santral avèk 4 pitit li yo. Mari Jezila te kite kay la pou jwenn travay Ozetazini, paske li pa t ka jwenn yon travay an Ayiti. Fanmi an pa t gen nouvèl li depi 3 ane pase yo.

Pa gen sistèm dlo oswa latrin nan kominote a. Tout moun itilize dlo rivyè a pou benyen, pou bwè, ak pou lave.

Yon jou apre epidemi kolera a te kòmanse, yon zanmi ki fè pati klèb manman zòn nan vini lakay Jezila pou yon ti pale ki gen rapò ak kolera. Zanmi an di tout moun fèt pou bwè dlo pwòp pou yo pa gen kolera, epitou pou trete dlo a, ou dwe bouyi li. Pandan zanmi an ap pale, Jezila fè siy avèk tèt li, men li rete an silans. Jezila konnen kijan li danjere pou bwè dlo rivyè a, men li pa gen ase lajan pou achte bwa pou bouyi dlo a chak jou.

Kèk semèn apre, de (2) pi piti timoun Jezila yo leve avèk dyare ak vomisman. Li voye pi gran timoun nan kote Ajan Kore Fanmi zòn nan. Ajan Kore Fanmi la vini nan kay la imedyatman avèk Sewòm Oral ak grenn pou pirifye dlo a. Depi li melanje Sewòm Oral la, epi li asire timoun yo bwè li, li vire gad Jezila. Ajan Kore Fanmi la di Jezila avèk yon ton sevè, “Èske ou koute radyo? Gen anpil anons yo bay ki gen rapò ak kolera chak jou! Kijan ou kapab kontinye kite pitit ou yo bwè dlo rivyè a lè ou konnen kijan dlo a danjere? Ou ta dwe bwè dlo pwòp epi sevi ak yon latrin.”

Ajan Kore Fanmi la bay Jezila eksplikasyon sou fason pou konsève dlo pwòp, pou bay timoun yo Sewòm Oral, epitou li di Jezila pou mennen timoun yo nan Sant Tretman Kolera a. Men Jezila fache paske li fèk tande eksplikasyon. Li santi li fache paske Ajan Kore Fanmi an panse se limenm ki lakòz timoun li yo malad. Li renmen pitit li yo, epi li pa panse li jis pou Ajan Kore Fanmi la di ke li pa byen pran swen timoun yo.

Kesyon

1. Kisa zanmi an te fè pou ede fanmi Jezila?
2. Kisa Ajan Kore Fanmi la te fè pou ede fanmi Jezila?
3. Kimoun Ajan Kore Fanmi la repwoche pou timoun yo ki malad la?
4. Kisa ou panse ki te lakòz maladi timoun yo? Ki sitiyasyon (faktè) nan lavi Jezila ak nan kominote a ki te lakòz timoun yo vin malad?
5. Kisa Ajan Kore Fanmi la te fè ki pa bon?

SESYON 6

FASON POU MONTRE RESPÈ



Metòd: Aktivite an ti gwoup ak Diskisyon an gwo gwoup



Kantite Tan: 45 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- c. Esplike kijan pou montre respè lè yap pale avèk fanmi yo, epitou esplike poukisa li enpòtan pou montre respè lè yap bay fanmi yo enfòmasyon, ede yo jwenn sèvis yo, epitou vin gen konpòtman ki pi bon pou lasante yo




Preparasyon

- Fè desen plizyè “Wou Respè”, youn nan chak gwo fèy papye. Pou desine wou a, trase yon sèk ki mezire 8 pous nan mitan papye a avèk plizyè reyon ki sòti ladan tankou reyon ki nan yon wou, tankou egzanp ki anba la a. Ekri ekspresyon “Mwen konnen yo respekte mwen lè...” nan mitan sèk la. Fè yon kantite wou ki ase pou chak ti gwoup ki genyen 4–5 patisipan kap genyen youn.



Materyèl yo

- Wou Respè pou ti gwoup (gade Preparasyon)
- Lis Tout Sa pou Fè pou Montre Respè nan paj 13 Liv Patisipan an
- Gwo fèy papye
- Makè
- Tep





ETAP YO



5 minit

1. Di patisipan yo:

Pou ka pale yon fason ki bay bon jan rezilta avèk fanmi yo, ou fèt pou kapab fè moun yo santi yo alèz ak santi yo jwenn respè. Nan sesyon sa a, nap diskite sou sa ki fè moun yo santi yo jwenn respè, ak fason ou kapab montre respè pou fanmi wap travay avèk yo a.

2. Separe patisipan yo an ti gwoup 4–5 (diferan gwoup nan aktivite anvan yo).

3. Bay chak gwoup yon Wou Respè ak yon makè.

4. Esplike kijan ti gwoup yo pral ekri ti ekspresyon oswa mo sou chak reyon wou a pou konplete ekspresyon, “Mwen konnen yo respekte mwen lè yon moun...” Chak gwoup ta dwe chwazi yon manm gwoup la pou ekri. Si li nesesè, gwoup yo kapab ajoute reyon ak ekspresyon. Bay kèk egzanp (egzanp ki anba la oswa egzanp pa ou):

- “Mwen konnen yo respekte mwen lè yon moun...”

(Pa egzanp: ...kout mwen, elatriye.)



10 minit

5. Bay ti gwoup yo 10 minit pou travay. Pandan gwoup yo ap travay, mache nan sal la, epi bay èd, si li nesesè.



10 minit

6. Mande tout moun pou yo fè atansyon. Mande yon gwoup pou afiche ak fè konnen Wou Respè yo. Apre premye gwoup la fin fè konnen sa, mande chak lòt gwoup pou bay sèlman lide ki potko di avan yo.
7. Di patisipan yo mèsè pou travay yo.



20 minit

8. Di patisipan yo:

Fason ou fèk di ou konnen yo respekte w yo se fason ou kapab montre pou fanmi wap travay avèk yo a tou. Kounye a, nou pral diskite sou fason sa yo pou montre respè avèk plis detay.

9. Mande patisipan yo pou jwenn Lis Tout Sa pou Fè pou Montre Respè nan paj 13 Liv Patisipan an.
10. Mande yon volontè pou li premye pwèn ki nan lis la byen fò pou gwoup la.
11. Apre volontè a fin li, mande pou yon volontè li yon bagay nan Wou Respè pa li a ki asosye avèk pwèn ki nan lis la, epitou pou li bay egzanp fason li te montre respè nan fason sa a pou yon moun, oswa kijan li ta ka fè sa pi devan.
12. Fè menm bagay la ankò pou chak pwèn ki nan lis la. Fè patisipan yo konnen ke yap jwenn chans pou fè pratik, poze kesyon pou bay repons (youn nan pwèn ki nan lis la) an apre nan fòmasyon an.
13. Fè rezime lè ou di patisipan sa yo sa ki ekri anba la a:

Bon mwayen ki bay bon jan rezilta pou kominike fè yon moun santi li an sekirite ak jwenn respè. Ajan Kore Fanmi la dwe fè chak fanmi santi li an sekirite ak jwenn respè, pou manm fanmia ka santi li gen libète pou fè konnen lide li yo, san yo pa pè pou y opa rejte yo oswa dakò avèk yo. Respè pou lide, koutim, ak dwa manm fanmi an ta dwe fòme baz pou tout kominikasyon avèk fanmi wap travay avèk yo a.

**LIS TOUT SA POU FÈ POU MONTRE RESPÈ***nan paj 13 Liv Patisipan an*

- ☐ Chache bon jan okazyon pou ou vin konnen chak manm fanmi an apa, epitou pou yo vin konnen w tou. Aprann non tout manm fanmi an, epi toujou site non yo lè wap pale ak yo.
- ☐ Gade moun yo nan zye lè wap pale avèk yo.
- ☐ Pale avèk chak moun apa (pa sèlman nan gwo gwoup).
- ☐ Ankouraje moun yo pale.
- ☐ Koute lide moun yo, epi fè yo dekouvri pwòp reyalite yo.
- ☐ Poze kesyon ouvè (pou fè moun pale) pou ou kapab aprann epi konnen sitiasyon ak reyalite chak fanmi pi byen.
- ☐ Kite moun yo poze kesyon, epi reponn kesyon yo dapre tout sa ou konnen. Si ou pa konnen repons pou yon kesyon, di ou pa konnen, men wap chèche konnen repons lan.
- ☐ Poze kesyon ouvè (pou fè moun pale) sou sa moun yo konnen deja ki gen rapò ak sijè wap pale a.
- ☐ Ankouraje moun yo aprann enfòmasyon tounèf sou sijè wap pale a. Pou fè sa, mete ti enfòmasyon tounèf nan sa moun nan konnen deja.
- ☐ Felisite moun nan sou sa li konnen sou sijè a epi pou fason li pratike.
- ☐ Aprann reyalite chak fanmi, epi rekonèt difikilte ak pwoblèm reyalite a.

SESYON 7

TEKNIK POU KOUTE



Metòd: Pyès teyat ak Egzèsis Desen, ak aktivite an ti Gwoup



Kantite Tan: 1 èdtan ak 30 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- d. Bay 3 bon jan teknik pou koute, epitou bay egzanp sou kilè pou itilize chak teknik sa yo lè yap pale avèk fanmi yo.



Preparasyon

- Revize definisyon 3 kalite fason pou koute ki anba la a.
- Afiche 3 gwo fèy papye vid sou miray la kote tout moun kapab wè yo.
- Chwazi 6 patisipan pou fè 3 pyès teyat nan Pati 1 sesyon sa a. Chwazi patisipan kap alèz pou li byen fò nan yon tèks. Fè yon ti rankont davans avèk yo, epi mande chak volontè pou chwazi yon wòl. Esplike wòl yo ak enstriksyon yo, epi mande volontè yo pou fè pratik pandan yon repo oswa yon repa.
- Revize enstriksyon yo pou fè imaj ak desen an nan Pati 2 sesyon sa a.
- Fè desen imaj la nan Pati 2 sesyon sa a nan yon gwo fèy papye. Fè li gwo pou tout moun kapab wè li. Kite imaj la kache jouk nan fen Pati 2.
- Revize sijè posib yo pou aktivite an ti gwoup nan Pati 3.



Materyèl yo

- Enfòmasyon sou teknik pou koute nan paj 14–15 Liv Patisipan an
- Enstriksyon pou pyès teyat ki na paj 29–32 Liv Patisipan an
- Fèy papye fòma komèsyal ki vid
- Kreyon ki gen efaswa
- Gwo vèsyon imaj ki nan Pati 2 sesyon sa a, fè desen an sou yon gwo fèy papye
- Gwo fèy papye
- Makè
- Tep



ETAP YO

PATI 1 – 3 TEKNIK POU KOUTE (40 minit)



10 minit

1. Di patisipan yo:

Pandan nou tap diskite a, Ajan Kore Fanmi yo fèt pou sèvi ak bon mwayen pou pale, pou ede rann sante fanmi ki nan kominote yo vin pi bon. Youn nan pwèn pou vin yon bon kominikatè se koute byen. Nan sesyon sa a, nap konsantre sou fason pou ogmante bon jan fason nou pou koute.

2. Poze gwoup kesyon ki anba la yo, epi ankouraje yon ti diskisyon:

- Ki diferans ki genyen ant tande ak koute?

(Tande se yon bagay ki pa volontè – nou toujou tande bagay yap di bòkote nou; men nou pa toujou fè atansyon ak sa nou tande a; tande pa mande okenn efò, elatriye.)

(Koute se yon bagay ki volontè – nou chwazi pou fè sa, epi pou fè sa byen, nou dwe fè efò.)

- Kisa ou panse ou dwe fè pou ka koute byen?

(Ou dwe fè atansyon ak sa moun nan ap di a; ou pa dwe vin distrè, oswa ou pa dwe ap panse ak lòt bagay pandan moun nan ap pale a; ou dwe montre w ap koute lè ou gade moun nan, lè ou reponn nan sa moun nan ap di a, epitou lè ou poze kesyon, si li nesèsè; ou pa dwe panse sèlman sou sa wap di kòm repons, men ou dwe panse vrèman a sa moun nan ap di a, epitou ou dwe koute li; elatriye.)

- Kijan bon mwayen pou pale ta ka pa bay bon jan rezilta si ou pa fè atansyon, oswa si wap panse davans nan fason wap reponn pandan lòt moun nan ap pale a?

(Ou ta ka pa tande ak pa kapab reponn nan bezwen espesyal moun nan; ou ta ka pa konprann byen sa moun nan ap di a; ou ta ka entèwonp oswa fwistre moun nan; moun nan ta ka sispann ba ou enfòmasyon li panse ou p ap koute yo; elatriye.)

- Kilè yon Ajan Kore Fanmi dwe koute avèk anpil atansyon?

(Lè manm fanmi yo bay eksplikasyon sou difikilte oswa maladi yo genyen, lè y ap poze kesyon pou yo ka konnen enfòmasyon tounèf, lè y ap pale sou fason yo ta ka gen konpòtman tounèf, lè y ap bay eksplikasyon sou difikilte yo genyen, elatriye.)

- Poukisa li enpòtan pou Ajan Kore Fanmi yo koute avèk anpil atansyon lè yap pale avèk fanmi yo ak lòt manm kominote a?

(Ajan Kore Fanmi yo fèt pou ankouraje de moun pale pou ede fanmi yo gen kontwòl tout sa ki anpeche yo aprann enfòmasyon tounèf, tout sa ki anpeche yo jwenn sèvis yo, ak tout sa ki anpeche yo gen konpòtman ki bon pou la sante yo; Ajan Kore Fanmi yo fèt pou koute avèk anpil atansyon pou yo kapab konprann pwoblèm moun yo, nan lide pa yo, epitou pou aprann reyalyte moun yo; elatriye.)



20 minit

3. Fè patisipan yo konnen kounye a yo pral gade 3 pyès teyat ki montre bon teknik pou koute.
4. Envite aktè Pyès Teyat 1 an vini devan sal la pou yo jwe pyès teyat la. Pyès teyat la dwe dire yon ti kantite minit.
5. Mande gwo gwoup la pou bat bravo lè pyès teyat la fini, epitou mande aktè yo pou yo chita.
6. Poze patisipan yo kesyon ki anba la yo, epi ekri repons yo sou premye gwo fèy papye vid ou te afiche a, kite yon espas vid anlè fèy la:
 - Kisa moun kap koute a te fè pandan pyès teyat la?
(Moun kap koute a te sèvi ak sèlman kominikasyon san pale (kontak nan zye, souke tèt li), ak repons kout (wi, mwen konprann, u huh) pou montre enterè li, epitou pou ankouraje moun nan kontinye pale; elatriye.)
7. Fè menm bagay la ankò pou Pyès Teyat 2 ak Pyès Teyat 3.



10 minit

8. Revize chak nan gwo fèy papye yo, youn alafwa. Apre ou fin revize chak fèy papye, ekri non teknik pou koute anlè fèy papye a:
 1. Koute San Bay Repons
 2. Poze Kesyon pou Esplikasyon
 3. Re-espesifye oswa reprann Lide yo
9. Poze kesyon ki ekri anba la yo epi ankouraje yon ti diskisyon:
 - Kilè ou panse li ta pi bon pou sèvi ak teknik pou Koute San Bay Repons?

(Lè yon moun fache anpil oswa lè moun nan emosyonèl pou yon bagay; lè moun nan rete sou sijè a epi li ba bezwen repons oswa èd pou kontinye pale; lè ou konprann tout bagay moun nan di, elatriye.)

- Kilè ou panse li ta pi bon pou sèvi ak metòd Poze Kesyon pou Esplikasyon?

(Lè wap eseye aprann yon bagay; lè ou pa sèten ou konprann tout bagay, yon moun di; lè ou bezwen plis enfòmasyon; lè wap eseye ede yon moun chèche solisyon pou yon pwoblèm; elatriye.)

- Kilè ou panse li ta pi bon pou sèvi ak teknik Re-espesifye Lide yo?

(Lè w ap eseye konprann lide yon moun sou yon pwoblèm; lè ou vle moun nan konnen ou konprann sa li te di a; lè ou vle sipòte yon mesaj enpòtan; elatriye.)

10. Di patisipan yo:

Alòske chak nan teknik pou koute sa yo ka bay yon rezilta pi byen pou sèten sikonstans, moun kap koute byen yo chanje souvan ant 3 teknik pou koute sa yo nan yon konvèsasyon. Tout 3 teknik pou koute yo enpòtan, epitou pou vin yon Ajan Kore Fanmi ki bay bon jan rezilta, ou fèt pou byen konnen tou le twa teknik 3sa yo. Kounye a, nou pral pratike teknik sa yo.

- 11.** Mande patisipan yo pou jwenn enfòmasyon sou 3 teknik pou koute yo nan paj 14–15 liv yo.

PATI 2 – PRATIK POU TEKNIK 1 AK 2 POU KOUTE (20 minit)



10 minit


- 12.** Bay yon fèy papye fòma komèsyal vid, ak yon kreyon ki gen efas pou chak patisipan.

- 13.** Esplike sa yo gen pou fè a:

- Travay ou se koute enstriksyon mwen yo, epi mete sa mwen di ou yo sou fèy papye vid la.
- Wap sèlman koute, epi wap fè desen an. Ou pa ka poze kesyon, oswa ou pa ka fè kòmantè.
- Ou ka pa gade desen yon lòt moun fè.

14. Bay patisipan yo enstriksyon pou desine imaj ki anba la a, liy-pa-liy:

- Bay enstriksyon yo avèk detay pou patisipan yo kapab repwodui desen an nan pi bon fason ke yo kapab.
- Ou ka repete chak enstriksyon yon sèl fwa.
- Pa kite patisipan yo poze kesyon, epi pa kite yo fè kòmantè. Yo ta dwe fè desen an an silans.
- Pa montre patisipan yo imaj la.
- Pa fè okenn jès pou montre patisipan yo kijan pou yo fè desen an.
- Pa kite yon patisipan gade nan desen yon lòt la.





10 minit

- 15.** Apre ou fin bay enstriksyon yo pou fè desen an, poko montre patisipan yo desen an. Poze kesyon ki anba la a nan yon ti diskisyon:
- Kijan ou panse desen ou yo pi sanble avèk desen orijinal la?
 - Kijan ou santi ou poutèt yo pa kite ou wè desen orijinal la, oswa poutèt yo pa kite ou poze kesyon?
- 16.** Di patisipan yo:
- Kounye a, nou pral wè sa k ap pase lè ou kapab poze kesyon. Ki kalite koute sa ye? Nap wè kijan fason sa a pou koute a gen efè sou konpreyansyon ak bon jan fason ou pou fè travay la.
- 17.** Mande patisipan yo pou pran kreyon yo, epi ankouraje patisipan yo pou poze ou kèk kesyon pou bay eksplikasyon sou enstriksyon yo pa te konprann yo, epitou sèvi ak enfòmasyon yo pou fè desen yo pi byen. Pase apeprè 5 minit ap fè sa.
- 18.** Lè patisipan yo fin fè desen yo pi byen, montre gwo desen ou te prepare a. Mande patisipan yo pou leve desen yo anlè pou tout moun kapab wè yo.
- 19.** Poze patisipan yo kesyon ki anba la yo epi ankouraje yon ti diskisyon:
- Kilès nan desen sa yo ki pi sanble avèk desen orijinal la?
 - Pou moun ki gen desen ki pi sanble ak desen orijinal la, kijan ou te reyalize sa?
 - Pou tout moun, kisa ki te ede ou pi plis lè ou t ap fè desen an?
 - Kisa ki pa te fè w byen ou oswa ou pa t sèvi avèk lè w tap fè desen an?
 - Kijan sa ede lè w kapab poze kesyon pou jwenn bay eksplikasyon?
 - Kisa ou te aprann nan egzèsis sa a?
- 20.** Di patisipan yo:
- Ou fèk pratike 2 teknik pou koute – 1) Koute san Bay Repons, epi 2) Poze Kesyon pou Esplikasyon. Toulède teknik sa yo itil. Alòske koute san bay repons la kapab bay pi bon jan rezilta, poze kesyon pou esplikasyon souvan ede ou pi byen konprann sa yon moun ap di ou. Lè ou konnen kijan pou poze kesyon ak lè ou konnen ki kesyon pou poze, sa a genyen anpil enpòtans.

PATI 3 – PRATIK POU TEKNIK 3 POU KOUTE (30 minit)



5 minit

21. Di patisipan yo:

Kounye a, nou pral fè pratik Refomile Lide yo. Se teknik pou koute ki pi difisil.

22. Separe gwoup la an 2, epi mande 2 gwoup yo pou chita nan 2 sèk. Chak gwoup ta dwe fòme yon sèk ki pèmèt tout manm gwoup la wè ak tandè sa lòt yo ap di san pwoblèm.

23. Mande patisipan yo pou koute avèk anpil atansyon. Esplike egzèsis la:

- Toulède gwoup yo ap diskite sou yon sijè. Tout moun ta dwe patisipe nan diskisyon an. Toulède diskisyon gwoup yo ap fèt an menm tan.
- Yon manm gwoup la ap kòmanse diskisyon an. Pou fè sa, lap bay yon lide oswa yon opinyon sou sijè a.
- Anvan dezyèm moun kapab bay pwòp lide li, li dwe **refomile** (fè **rezime**) sa premye moun nan te di a ankò.
- Premye moun nan dwe satisfè pou jan moun nan refomile lide li avèk presizyon anvan dezyèm moun nan kapab bay pwòp lide pa li.
- Twazyèm moun nan ap refomile lide dezyèm moun nan, epi answit lap bay pwòp lide pa li.
- Kontinye diskisyon an nan fason sa a. Tout moun ta dwe patisipe nan diskisyon an. Okenn moun pa ta dwe pale pi plis pase de (2) fwa.
- Wap kontinye diskisyon an pou apeprè 10 minit.

24. Mande si gen nenpòt kesyon sou egzèsis la, epi bay repons, jan li nesèsè.

25. Li sijè diskisyon ki anba la yo byen fò. Mande patisipan yo pou deside sou ki sijè yo ta renmen diskite, oswa, pou ekonomize tan, chwazi sijè a poukont ou. Tou lède gwoup yo ta dwe diskite sou menm sijè a:

- Poukisa kèk fanm akouche lakay yo olye yo ale akouche nan sant sante a?
- Kisa ki kapab fèt pou ankouraje gason yo fasilite planin famiyal?
- Kisa ki kapab fèt pou ankouraje jenn yo fè sèks avèk pwoteksyon?
- Si yon founisè swen sante pa trete yon malad avèk respè, kisa malad la ta dwe fè?



15 minit

- 26.** Bay gwoup yo 15 minit pou diskite. Mache nan mitan 2 gwoup yo, epi asire tout moun konprann aktivite a, epitou asire yo patisipe. Sispann diskisyon an, epi esplike règ yo ankò, si li nesesè.



10 minit

- 27.** Sispann diskisyon an. Mande tout moun pou reflechi sou eksperyans yo pandan diskisyon an:

- Ki sansasyon ou te genyen lè ou te gen pou refomile lide a anvan ou te kapab pale?
- Kisa ki te pi difisil lè w tap refomile lide a?
- Kisa ki te pi fasil lè w tap refomile lide a?
- Ki sansasyon ou te genyen lè w te tande yon moun refomile lide ou yo?

- 28.** Fè rezime lè ou di patisipan yo sa ki ekri anba la a:

Ou fèk pratike 3yèm teknik pou koute – Refomile Lide yo. Lè wap sèvi ak metòd sa a lap ede ou konprann ak aprann kichòy nan men fanmi wap travay avèk yo a. Lè wap pale avèk fanmi yo, ou kapab re-espesifye sa yo di ou pou asire ke ou konprann.

Sonje menmsi nou tande bagay tout lajounen, tande se yon bagay ki diferan avèk koute. Pou vin yon Ajan Kore Fanmi ki bay bon jan rezilta, ou fèt pou byen konnen tout 3 teknik pou koute yo, epitou ou fèt pou sèvi ak teknik sa yo lè wap pale avèk moun ki nan kominote w yo. Finalman, koute se yon zouti ki pi pisan pase pale. Mwen ankouraje ou pou pratike teknik sa yo pandan rès fòmasyon sa a. Wap gen chans pou pratike yo nan teyat yo ak lòt aktivite yo tou.



TEKNIK POU KOUTE

nan paj 14–15 Liv Patisipan an

1. Koute San Bay Repons

- Moun kap koute sèvi sèlman ak kominikasyon san pale (kontak nan zye, souke tèt li), ak repons kout (u huh, wi, ummm) pou montre enterè li, epitou pou ankouraje moun k ap pale a kontinye pale.
- Teknik sa a ankouraje moun kap pale a pale san pwoblèm ak ekspriye lide li yo.

2. Poze Kesyon pou Esplikasyon

- Moun kap koute a poze moun kap pale a kesyon espesyal pou li kapab esplike sa moun kap pale a ap di.
- Teknik sa a ede moun kap koute a jwenn plis enfòmasyon sou sitiyasyon an pou l kapab konprann moun kap pale a pi byen. Sa ede moun kap pale a konsidere tout aspè sitiyasyon an oswa sijè a lè li reponn kesyon ki asosye avèk lide li yo. Teknik sa a kapab ede moun kap pale a ak moun kap koute a evalye lòt sitiyasyon ak solisyon posib yo.

3. Refomile Lide yo

- Moun kap koute a repete avèk pwòp mo pa li, sa li te konprann moun ki tap pale a te di.
- Teknik sa a ede moun ki tap koute a asire li te konprann sa moun ki tap pale a te di. Sa pèmèt moun ki tap pale a tou esplike nenpòt bagay moun kap koute a pa t konprann, paske li kapab tandè lide yo repete sou fòm rezime.



PYÈS TEYAT 1 – KOUTE SAN BAY REPONS

nan paj 29 Liv Patisipan an

Gid: De (2) aktè to ta dwe chita youn anfas lòt. Pyès teyat la ta dwe dire 1–2 minit.

Moun kap pale a: Di moun kap koute a kichòy sou yon moun ou konnen ki te malad, ak kisa kite pase moun nan.

Moun k ap koute a: Pandan moun nan ap pale, w ap koute. Ou pap bay repons long, oswa ou p ap poze kesyon, men wap toujou fè kontak nan zye avèk moun kap pale a tankou de zanmi, souke tèt ou, epi di bagay tankou “uh-huh”, “hmm”, “wi”, ak lòt son ankourajman tanzantan, lè li apwopriye.



PYÈS TEYAT 2 – POZE KESYON POU ESPLIKASYON

nan paj 30–31 Liv Patisipan an

Gid: De (2) aktè yo ta dwe chita youn akote lòt, pa nesesèman fas-a-fas, men toupre. Moun kap pale a ap bay moun kap koute a enstriksyon sou fason pou fè ak bay Sewòm Oral. Aktè yo pa bezwen yon sachè Sewòm Oral, yo pa bezwen dlo, oswa yo pa bezwen yon boutèy. Yo kapab senpleman fè tankou yap sèvi ak bagay sa yo. Aktè yo ta dwe swiv tèks sa a, oswa yo ta dwe kreye yon bagay ki sanble ak tèks la. Pyès teyat la ta dwe dire 1–2 minit.

Moun kap pale a: (*demonstrasyon pandan ap pale*) Pou fè Sewòm Oral nan yon sachè, wap bezwen yon veso ki mezire yon lit; yon kiyè pwòp; yon lit dlo potab; ak yon sachè Sewòm Oral. Ou fèt pou louvri sachè a, mete sa ki ladan li a nan dlo ki nan veso a epi byen brase li avèk kiyè a.

Moun kap koute a: Èske wap pale de Sewòm Oral yo konn bay nan sant sante a?

Moun kap pale a: Wi, ki gen rapò ak menm sachè sa yo. Yo sanble avèk sa a (*montre yon sachè Sewòm Oral*).

Moun kap koute a: Èske mwen kapab jwenn yo nan pòs rasanbleman an?

Moun kap pale a: Wi, men li pi bon pou planifye pou jwenn yo nan sant sante a, si ou kapab. Pafwa, pa genyen ankò nan pòs rasanbleman an.

Moun kap koute a: Kijan map konnen si yo gen ase nan pòs rasanbleman an?

Moun kap pale a: Mande Aján Kore Fanmi ki alatèt pòs rasanbleman an depi yon semèn anvan. Pètèt li kapab sonje rezève kèk pou ou.

Moun kap koute a: OKE. Èske pa gen pwoblèm pou sèvi ak dlo rivyè a?

Moun kap pale a: Li pi bon pou sèvi ak dlo tiyo a, men si ou jwenn dlo rivyè a, ou fèt pou bouyi li pandan 20 minit anvan epi ansuit kite li vin frèt.

Moun kap koute a: OKE. Ki kantite yon lit mezire?

Moun kap pale a: Yon lit se kantite likid ki plen 2 boutèy kola gran-manjè (*montre boutèy la*). Èske ou gen yon boutèy ki gen bouchon kap kenbe tout likid sa a isit la nan kay la?

Moun kap koute a: Kite mwen gade (*li ale pran yon veso pou montre veso an*). Èske sa a bay bon jan rezilta?

Moun kap pale a: Wi, sa a ta dwe travay byen.



PYÈS TEYAT 3 – REFOMILE LIDE YO

nan paj 32 Liv Patisipan an

Gid: De (2) aktè yo ta dwe chita youn akote lòt, pa nesesèman fas-a-fas, men toupre. Moun kap pale a ta dwe esplike opinyon li ki gen rapò ak sèvis li te resevwa yo nan sant sante a. Moun kap koute a ta dwe reponn. Pou fè sa, li dwe refomile lide moun kap pale a. Aktè yo ta dwe swiv tèks sa a, oswa yo ta dwe kreye yon bagay ki sanble ak tèks la:

Moun kap pale a: Èske mwen pa kapab kwè sa ki te pase nan sant sante a jodi a! Lè mwen te rive a 8:30, te deja genyen 10 fanm kap tann konsiltasyon prenatal (anvan-akouchman) yo. Mwen konnen nou dwe tann anjeneral, men jodi a sa te dwòl!

Moun kap koute a: Hmm – ta sanble ou te pase yon jounen ki di.

Moun kap koute a: Wi, epi apre mwen te rive, anpil lòt fanm te rive, epi nou te apeprè 20 antou, epitou pa gen moun ki tap tann nou. Nou te tann jouk apeprè 11:00, epi pa t gen moun ki te rive, pa gen anplwaye ditou! Finalman, pandan mwen tap pare pou ale lakay mwen, yon anplwaye netwayaj te vini, epi li te di mwen anplwaye yo te mennen yon fanm akouche nan lopital la pou yon ijans. Mwen swete yo te konnen mwen la bonè nan jounen an. Ala yon gaspiyaj tan!

Moun kap pale a: Ta sanble w te tann lontan anpil, ta sanble ou te fache toutbon vre, epi ou pa te renmen yo fè ou tann konsa. Ta sanble ou tap pi renmen konnen si tap gen vizit prenatal nan jou sa a pou w pa vin pedi tan nan sant sante a.

Moun kap pale a: Se vre!

SESYON 8 LÈ SE YON SÈL MOUN KI PALE AK LÈ SE 2 MOUN KI PALE



Metòd: Demonstrasyon ak Diskisyon an gwo gwoup



Kantite Tan: 1 èdtan



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- e. Esplike poukisa pale a de se enpòtan lè yon Ajan Kore Fanmi ap pale avèk fanmi yo.



Preparasyon

- Fè 2 kolòn sou yon gwo fèy papyè. Ekri “lè se yon sèl moun ki pale” anlè premye kolòn nan ak “lè se de moun ki pale” anlè dezyèm kolòn nan.
- Revize ekspoze sou kapòt gason (paj 51–52 anba la a) pou ou kapab fè ekspoze a pi fasil.
- Revize kesyon diskisyon yo sou kapòt gason (nan etap sesyon ki anba la a).



Materyèl yo

- Ekspoze sou kapòt gason (paj 51–52 anba la a)
- Kesyon diskisyon sou kapòt gason (nan etap sesyon ki anba la a)
- Gwo fèy ki gen lè se yon sèl moun ki pale/lè se de moun ki pale (gade Preparasyon an)
- Enfòmasyon ak sitasyon sou lè se yon sèl moun ki pale ak lè se de moun ki pale nan paj 16–17 Liv Patisipan
- Gwo fèy papyè
- Makè
- Tep



ETAP YO



5 minit

1. Di patisipan yo:

Jiska prezan pandan fòmasyon sa a, nou deja idantifye kèk bon jan fason enpòtan ki fè yon moun vin yon bon kominikatè. Lè ou kapab idantifye faktè ki frape bon jan fason fanmi yo pou rann sante yo vin pi bon, lè ou montre respè, ak lè ou koute avèk anpil atansyon. Kounye a, nou pral egzamine yon aspè enpòtan nan kominikasyon. Pou fè sa, map ba ou yon ti demonstrasyon.

2. Fè ekspoze sou kapòt gason lè ou li ekspoze a byen fò. Ekspoze saa la pou montre **lè se yon sèl moun ki pale**. Li dousman epi aklè, men pa poze okenn kesyon a patisipan yo, epitou pa pran okenn repons oswa kòmantè de patisipan yo. Ekspoze a pa ta dwe pran pi plis pase 5 minit oswa pi piti.



10 minit

3. Apre ekspoze a, poze kesyon ki anba la yo, epi ankouraje yon ti diskisyon:

- Kisa ou te konprann nan ekspoze sa a? Kisa ou te aprann?
(Repons yo pap menm.)
- Kijan ou te santi ou pandan ekspoze a?
(Repons yo pap menm.)
- Kisa ki te bay bon jan rezilta sou ekspoze sa a nan ede ou aprann sijè a?
(Fòmasyon a te bay enfòmasyon ki enpòtan, li te bay enfòmasyon yo nan yon fason ki òganize, li te pale aklè, elatriye.)
- Kisa ki pa te bay bon jan rezilta sou ekspoze sa a pou ede ou aprann sijè a?
(Fòmasyon a pa te bay patisipan yo posiblite pou poze kesyon, li pa t ankouraje patisipan yo fè de moun pale, li pa t eseye chèche konnen kisa patisipan yo konnen deja sou sijè a, li pa t eseye angaje patisipan yo avèk kontni ekspoze a lè li poze kesyon sou eksperyans yo sou sa, elatriye.)
- Kisa ki te ede ou aprann kontni ekspoze a pi byen?
(Opòtinite pou poze kesyon, di sa ou deja konnen sou sijè a, tandè patisipan kamarad ou yo, elatriye.)



10 minit

4. Kounye a òganize yon ti diskisyon sou kapòt gason (10 minit oswa pi piti). Pou fè sa, poze kesyon ki anba la yo. Diskisyon sa a vle montre **lè se de ki moun pale**, kidonk bay repons pou kòmantè ak kesyon, patisipan yo nan yon fason ki ankouraje de moun pale, epitou ankouraje diskisyon pami patisipan sa yo:
- Anvan ou tande ekspoze a, kisa ou te konnen deja sou kapòt gason?
 - Kijan yon gason sèvi ak yon kapòt gason kòrèkteman? Kimoun ki kapab esplike?
 - Kijan ou panse itilizasyon kapòt komen pami fanmi wap travay avèk yo, ak nan kominote ou yo? Èske ou panse anpil gason sèvi ak kapòt? Pa anpil?
 - Poukisa ou panse kèk gason pa vle sèvi ak kapòt?
 - Ki kèk bwi-kouri ak fo lide gason ak fanm yo genyen sou kapòt gason an?
 - Kòm Ajan Kore Fanmi, kijan ou kapab pale avèk gason ak fanm yo pou ka ankouraje yo sèvi ak kapòt? Kisa w ta ka di epi kisa w ta ka fè?
 - Ki lòt kesyon ou genyen sou kapòt gason?



10 minit

5. Apre de moun fin pale la, poze kesyon ki anba ekri la yo, epi ankouraje yon ti diskisyon:
- Kisa ou te konprann nan diskisyon sa a? Kisa ou te aprann?
(*Repons yo pap menm.*)
 - Kijan ou te santi ou pandan diskisyon an?
(*Repons yo pap menm.*)
 - Kisa ki te bay bon jan rezilta sou diskisyon sa a nan ede ou aprann sijè a?
(*Fòmasyon a te poze kesyon, li te ankouraje de moun pale, li te ankouraje patisipan yo fè konnen sa yo te konnen deja sou sijè a, li te ankouraje patisipan yo aprann youn nan men lòt, li te bay tout moun posiblite pou patisipe, elatriye.*)
 - Kisa ki pa te bay bon jan rezilta sou diskisyon nan ede ou aprann sijè a?
(*Enfòmasyon yo pa prezante yon pati apre lòt la, menm jan nan yon ekspoze, enfòmasyon tankou estatistik sou fason kapòt bay bon jan rezilta, oswa sou pousantaj prekosyon kapot la bay, ap genyen pi piti fòs ke si se te nan yon diskisyon, elatriye.*)

- Kisa ki te ede ou aprann kontni ekspoze a pi byen?
(Repons yo pap menm.)



15 minit

6. Di patisipan yo:

Ou fèk jwenn egzanp 2 kalite mwayen pou pale:

- **Lè se yon sèl moun ki pale** (ekspoze a) – yon sèl moun ki pale.
- **Lè se de moun ki pale** (diskisyon an) – yon konvèsasyon ant 2 oswa plis moun kap pale youn ak lòt.

7. Afiche gwo fèy papye lè se yon sèl moun ki pale / lè se de moun ki pale ou te prepare a. Mande patisipan yo pou idantifye sa ki espesyal lè se yon sèl moun ki pale. Aksepte tout repons enpòtan yo, epi ekri yo sou gwo fèy papye a.

8. Fè menm bagay la ankò pou sa ki espesyal lè se de moun ki ap pale. Asire ke lide ou ajoute pwen ki ekri anba la yo:

Lè se yon sèl moun ki pale	Pale a de
<i>Se yon modèl tradisyonèl pwofesè-elèv, kote pwofesè a bay enfòmasyon yo, epi elèv la pran yo</i>	<i>Kominikasyon an se ant de (2) oswa plis moun</i>
<i>Kominikasyon se yon fason (pwofesè ak elèv sèlman)</i>	<i>Tout moun patisipe</i>
<i>Kapab bay bon jan rezilta pou simaye kèk kalite enfòmasyon (done enpòtan, elatriye), men fason pou aprann nan limite</i>	<i>Bay chans pou fè konnen eksperyans ak konesans</i>
<i>Pa gen posiblite pou kesyon oswa konvèsasyon</i>	<i>Bay okazyon pou refleksyon</i>
<i>Pa gen posiblite pou patisipan yo montre kisa yo konnen oswa panse sou sijè a</i>	<i>Kapab adapte a chak sityasyon</i>
<i>Pa dispate opinyon pwofesè a</i>	<i>Ankouraje fason pou aprann ki bay bon jan rezilta paske patisipan yo angaje avèk sijè a, epi youn aprann nan men lòt</i>
<i>Pa gen posiblite pou refleksyon</i>	<i>(Lè li nesesè, fòmatè a kapab ajoute nan enfòmasyon patisipan yo bay pandan de moun yo ap pale)</i>



10 minit

9. Di patisipan yo:

Lè se yon sèl moun ki pale ak lè se de moun ki pale kapab sèvi pou bay enfòmasyon. Lè se yon sèl moun ki pale ka bay bon jan rezilta pafwa, pa egzanp pandan fòmasyon lè fòmatè a vle bay enfòmasyon tounèf yo vit. Men, pou ekspoze yo bay bon jan rezilta, yo dwe toujou gen lè pou fè diskisyon ak kesyon.

Men pi souvan, lè de moun ki pale se fason ki bay pi bon jan rezilta pou kominike ak pou ankouraje fason pou aprann.

10. Poze patisipan yo kesyon ki anba la yo epi ankouraje yon ti diskisyon:

- Lè se de moun ki pale se yon eleman enpòtan bon jan mwayen pou pale. Poukisa li enpòtan pou Ajan Kore Fanmi yo ankouraje de moun pale lè yap pale avèk fanmi yo?

(Lè se de moun ki pale sa pèmèt Ajan Kore Fanmi yo chèche konnen fanmi yo, aprann reyalyte fanmi yo, enkyetid ak difikilte fanmi yo; tandè opinyon ak lide fanmi yo; aprann sa fanmi yo konnen deja sou sijè a; aprann kijan li pi bon pou ede fanmi yo yon fason pozitif; elatriye.)

(Lè se de moun ki pale sa pèmèt fanmi yo fè konnen opinyon yo, lide yo, ak konsepsyon yo sou sijè a; poze kesyon; elatriye.)

(Lè se de moun ki pale sa ede fanmi yo aprann enfòmasyon tounèf yo yon fason ki bay pi bon jan rezilta; diskite sou fason pou chanje konpòtman ki pi bon pou la sante nan fason ki pozitif; elatriye.)

(Lè se de moun ki pale sa ankouraje egalite ant Ajan Kore Fanmi la ak fanmi yo – youn pa “siperyè” ak lòt; youn pa bay enfòmasyon epi lòt la se sèl moun ki resevwa enfòmasyon yo; elatriye.)

(Patisipan yo ka site lòt lide.)

- Lè ou se Ajan Kore Fanmi, kijan ou kapab ankouraje de moun ki pale pandan vizit nan kay ak pandan reyinyon kominotè yo?

(Poze kesyon, koute avèk anpil atansyon, bay repons pou sa moun yo ap di, pa pale anpil oswa pa bougonnen, pa senpleman di moun yo sa pou yo fè, montre respè, ankouraje moun yo fè konnen opinyon ak eksperyans yo, elatriye.)

(Patisipan yo ka site lòt lide.)

11. Mande patisipan yo pou jwenn enfòmasyon ki gen rapò ak Lè se yon sèl moun ki pale ak lè se de moun ki pale nan paj 16–17 liv yo. Mande yon volontè pou li enfòmasyon yo byen fò. Di patisipan yo se yon rezime sou sa yo te fèk diskite a. Yo ta dwe sèvi ak enfòmasyon sa yo pou fè tèt yo sonje enpòtans lè se de moun ki pale nan travay avèk fanmi yo.

12. Mande yon volontè pou li byen fò sitasyon ki nan paj 17 Liv Patisipan an:

Rechèch montre kijan moun yo aprann, sonje, ak aplike pi plis bagay yo aprann nan lè se de moun ki pale avèk kamarad yo pase yo sonje bagay yo tandè nan ekspoze espè yo. Sètènman, gen yon wòl pou enfòmasyon moun ki gen konesans oswa eksperyans espesyal. Men, moun yo pi ka pran sa ak jwenn avantaj ladan si gen de moun ki pale, ki fè yo sonje tout kesyon yo.

Pale a de mande pasyans, imilite, ak yon vrè konviksyon ki endike gen yon bagay yon moun kapab aprann nan men yon lòt moun. Pale a de mande yon ouvèti pou aprann enfòmasyon tounèf, yon volontè pou jwenn difikilte, ak yon bon lespwa ki endike yon chanjman posib.¹

13. Mande patisipan yo ki refleksyon final yo genyen sou sitasyon sa a, oswa sou lè se de moun ki pale ak lè se yon sèl moun ki pale. Envite volontè yo fè konnen refleksyon yo pandan yon ti tan kout.

14. Fè patisipan yo konnen nan pwochen sesyon an, yo pral diskite sou yon metòd espesyal pou ankouraje de moun pale – pou poze kesyon ouvè. Answit, patisipan yo pral gen chans pou fè pratik ankouraje de moun pale ant yo menm' lè yo jwe pyès teyat yo.

1. Anne Hope ak Sally Timmel, *Fòmasyon pou Transfòmasyon: Yon Liv Enfòmasyon pou Travayè Kominotè*, Liv 1 rev. ed. (Bourton on Dunsmore, Rugby, UK: Practical Action Publishing, 1995), Sitasyon paj 19 la asosye avèk edisyon nimerize 2009.

EKSPOZE SOU KAPÒT GASON²

Kisa yon kapòt gason ye?

- Yon kapòt gason se yon prezèvatif oswa kouvèti ki antre nan pijon rèd gason an.
- Kapòt gason yo rele tou prezèvatif, “enpèmeyab”, “parapli”, po, ak pwofilaktik; yo konnen yo sou anpil lòt non ki diferan.
- Pifò kapòt gason yo fèt avèk prezèvatif latèks.
- Kapòt gason yo travay lè yo fòme yon baryè ki anpeche dechay antre nan bouboun nan, pou pa vin ansent. Kapòt gason yo anpeche lòt patnè a enfekte avèk enfeksyon ki nan espèm nan, sou pijon an, oswa nan bouboun nan.

Fason kapòt gason bay bon jan rezilta

Bay bon jan rezilta a depann de itilizatè a. Gen plis danje pou gwosès oswa pou maladi moun pran nan fè bagay (EPB) lè yo pa sèvi ak kapòt chak fwa yap fè bagay. Gen yon kantite gwosès oswa enfeksyon toupiti lè yo sèvi ak kapòt la mal, lè kapòt la glise, oswa tèt kapòt la pete.

Pwoteksyon kont gwosès

- Dapre tout moun kap sèvi ak kapòt gason, kapòt sa a anpeche apeprè 15 gwosès pou chak 100 fanm ki gen patnè ki sèvi avèk li sou premye ane a. Sa vle di 85 sou chak 100 fanm ki gen patnè ki sèvi ak kapòt gason pap vin ansent.
- Lè yo sèvi ak kapòt la kòrèkteman chak fwa yap fè bagay, kapòt gason anpeche apeprè 2 gwosès pou chak 100 fanm ki gen patnè ki sèvi ak kapòt gason sou premye ane a. Sa vle di 98 sou chak 100 fanm ki gen patnè ki sèvi ak kapòt gason pap vin ansent.
- Pa gen dèl pou retounen vin fètil apre ou pa sèvi ak kapòt la ankò.

Pwoteksyon kont VIH ak lòt EPB:

- Kapòt gason pèmèt gen yon gwo bès nan danje pou vin enfekte avèk VIH lè yo sèvi ak kapòt la kòrèkteman chak fwa yap fè bagay.
- Lè yo sèvi ak kapòt souvan epi kòrèkteman, sa anpeche 80% a 95% transmisyon VIH ki te ka genyen san kapòt yo.
- Kapòt yo diminye danje pou vin enfekte avèk anpil EPB lè yo sèvi ak yo souvan epi kòrèkteman:
 - Kapòt gason pwoteje pi byen kont EPB ki simaye nan dlo glise, tankou VIH, blenoraji, ak klamidya.
 - Kapòt gason yo pwoteje tou kont EPB ki simaye nan kontak po-ak-po, tankou èpès ak papilomavirus imen.

2. Depatman Òganizasyon Mondyal Sante pou Sante Repwodiktif ak Rechèch ak Johns Hopkins Bloomberg School of Public Health Center for Communication Programs INFO Project, *Family Planning: Yon Liv Enfòmasyon Jeneral pou Founisè* (Baltimò ak Jenèv: CCP ak WHO, 2007), 199-202.

Reyaksyon segondè, Avantaj pou Sante, ak Danje pou Sante**Reyaksyon segondè**

Kapòt gason pa gen reyaksyon segondè.

Avantaj yo konnen pou sante

Kapòt gason ede pwoteje kont:

- Danje pou gwosès
- EPB, ansanm avèk VIH

Kapòt gason yo ka ede pwoteje kont maladi ki anba la yo EPB yo lakòz: 1) rechit maladi anflamasyon basen, ak doulè anba ti vant ki la lontan ; 2) kansè matris; 3) enfètilite (pa ka fè pitit) (gason ak fanm).

Danje yo konnen pou sante

Yon ti kantite moun ki sèvi ak kapòt gason gen reyaksyon alèjik ki grav. Sa pami moun ki gen alèji avèk latèks.

Kèk gason ak fanm di yo renmen kapòt gason paske:

- Yo pa gen reyaksyon segondè òmonal.
- Kapòt yo kapab sèvi kòm yon metòd ti bout tan oswa kòm yon metòd sipò.
- Kapòt yo kapab sèvi san yo pa wè yon pèsònèl la sante pou sa.
- Yo vann kapòt yo nan anpil kote, epi anjeneral, li fasil pou jwenn kapòt yo.
- Yo ede pwoteje kont gwosès a EPB, tankou VIH.

Fason pou pale sou itilizasyon kapòt

Kèk fanm panse li pa fasil pou diskite sou volonte yo pou sèvi ak kapòt avèk patnè yo. Lòt fanm yo gen difikilte pou konvenk patnè yo sèvi ak kapòt chak fwa yap fè bagay. Gason yo bay diferan rezon pou yo pa sèvi ak kapòt. Kèk gason pa renmen fason kapòt yo kapab diminye nan sansasyon sèks la. Pafwa, rezon gason yo baze sou rimè oswa move konpreyansyon. Lè yon fanm gen enfòmasyon yo kapab ede li bay repons pou refi patnè li.

Si ou pale anvan sa kapab ede ou. Fanm ki pale avèk patnè yo sou itilizasyon kapòt anvan yo kòmanse fè bagay kapab ogmante chans pou patnè yo sèvi ak kapòt. Fanm yo kapab eseye apwòch yo panse ki pi bon an, selon sikonstans yo.

SESYON 9

FASON POU POZE KESYON



Metòd: Pyès teyat ak Aktivite a De (2)



Kantite Tan: 1 èdtan



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- f. Dekri kesyon ouvè yo ak kesyon fèmèn yo, bay egzanp nan chak, epitou lè Ajan Kore Fanmi yo esplike kijan pou sèvi ak kalite kesyon sa yo sa kapab ede yo pale avèk fanmi yo yon fason ki bay bon jan rezilta.



Preparasyon

- Chwazi 4 patisipan pou jwe pyès teyat yo, 2 patisipan pou Pyès Teyat 1 epi 2 patisipan pou Pyès Teyat 2. (Chwazi diferan patisipan pami aktè pyès teyat anvan an. Chwazi patisipan kap alèz pou li byen fò nan yon tèks.) Montre yo tèks pyès teyat la nan paj 33–34 Liv Patisipan an, epi mande yo pou yo pratike yo davans.
- Revize egzanp kesyon ouvè ak kesyon fèmèn yo nan paj 19 Liv Patisipan an.
- Jwenn ti fich vid oswa ti bout papye, ki ase pou 2 pou chak de (2) patisipan, ak yon bwat, sachè, oswa gwo bwat pou mete fich yo oswa bout papye yo.



Materyèl yo

- Pyès teyat ki nan paj 33–34 Liv Patisipan an
- Revize egzanp kesyon ouvè ak kesyon fèmèn yo nan paj 19 Liv Patisipan an
- Ti fich vid oswa ti bout paye vid (ki ase pou 2 pou chak de patisipan)
- Bwat, sachè, oswa gwo bwat pou mete fich yo oswa bout papye yo



ETAP YO



10 minit

1. Di patisipan yo:

Yon bon fason pou ankouraje de moun pale se poze kesyon nan yon fason ki bay bon jan rezilta. Poze kesyon nan yon fason ki bay bon jan rezilta kapab:

- Ankouraje diskisyon.
- Ankouraje moun fè konnen lide ak eksperyans li yo.
- Ankouraje moun egzamine yon sijè oswa yon pwoblèm nan tout libète.
- Ede moun pran desizyon, jwenn akò, ak pran mezi.

2. Fè patisipan yo konnen kounye a yo pral obsève yon pyès teyat kote yon manman mennen tibebe li nan yon sesyon siveyans kwasans, epi Ajan Kore Fanmi la ap poze manman an kesyon. Mande patisipan yo pou obsève kalite kesyon ke yo sèvi ak yo pandan pyès teyat la, ak ki kalite rezilta diskisyon an.

3. Mande 2 aktè Pyès Teyat 1 pou vini devan sal la, pou jwe Pyès Teyat 1 an. Pyès teyat la pa ta dwe dire pi plis pase yon minit oswa pi piti.

4. Apre pyès teyat la, mande patisipan yo pou yo bat bravo, epi mande aktè yo pou yo chita.

5. Poze gwoup la kesyon ki anba la yo:

- Kisa ki te pase nan pyès teyat la?
(Manman an te vini nan sesyon siveyans kwasans, Ajan Kore Fanmi la te poze li kesyon, li te reponn wi oswa non, elatriye.)
- Ki kalite enfòmasyon Ajan Kore Fanmi la te jwenn nan men manman an – ki kantite enfòmasyon, epi ki kalite enfòmasyon?
(Manman an te reponn wi oswa non sèlman, Ajan Kore Fanmi la te jwenn enfòmasyon ki pa ase nan men manman an, elatriye.)
- Poukisa sa a te pase?
(Ajan Kore Fanmi la te poze kesyon ki te mande sèlman yon repons wi oswa non, Ajan Kore Fanmi la pa poze kesyon ki te ankouraje manman an bay plis enfòmasyon, elatriye.)

- Kijan konvèsasyon sa a te itil pou Ajan Kore Fanmi la ak pou manman an?
(Pètèt pa itil; Ajan Kore Fanmi la te jwenn enfòmasyon ki pa ase, manman an pa aprann anyen, elatriye.)



10 minit

6. Fè menm bagay sa a ankò pou Pyès Teyat 2, avèk kesyon diskisyon yo apre pyès teyat la:

- Kisa ki te pase nan pyès teyat la?
(Manman te vini nan sesyon siveyans kwasans, Ajan Kore Fanmi la te poze kesyon, li te bay repons ki te gen enfòmasyon, Ajan Kore Fanmi la ak manman an te pale ant yomenm, elatriye.)
- Ki kalite enfòmasyon Ajan Kore Fanmi la te jwenn nan men manman an – ki kantite enfòmasyon, epi ki kalite enfòmasyon?
(Ajan Kore Fanmi la te aprann manman an t ap ba tibebe a medikaman, men tibebe a pa anfòm nèt, doktè a pa t bay konsèy sou fason pou ba tibebe a manje, manman an t ap ba tibebe a tete, men li pa t ba tibebe a lòt manje, manman an te sonje enfòmasyon sou vitamin ak pwoteyin, elatriye.)
- Kisa manman an te aprann?
(Manman an te aprann kijan pou ba tibebe malad li a manje, elatriye.)
- Poukisa sa a te pase?
(Ajan Kore Fanmi la te poze kesyon ki te mande enfòmasyon, epi li te ankouraje de moun pale, pa senpleman repons wi oswa non, elatriye.)
- Kijan konvèsasyon sa a te itil pou Ajan Kore Fanmi la ak pou manman an?
(Li te itil paske Ajan Kore Fanmi la te aprann sitiyasyon manman an, epi manman an te aprann kijan pou ba tibebe malad li a manje, elatriye.)
- Kijan Pyès Teyat 1 konpare ak Pyès Teyat 2? Ki konvèsasyon ki te bay pi bon rezilta, epi poukisa?
(Konvèsasyon Pyès Teyat 2 a te bay pi bon rezilta, paske Ajan Kore Fanmi la ak manman an te aprann plis enfòmasyon, epi yo te bay plis enfòmasyon, elatriye.)

7. Mande patisipan yo:

- Ajan Kore Fanmi ki nan Pyès Teyat 1 an te itilize kesyon fèmen. Kisa yon **kesyon fèmen** ye?
(*Kesyon fèmen yo mande yon repons wi oswa non sèlman; kesyon fèmen yo pa mande plis enfòmasyon.*)
- Ki egzanp kesyon fèmen ki nan Pyès Teyat 1 an?
(*Èske ou te mennen tibebe ou nan sant sante a? Èske ou te jwenn medikaman?*)
- Ajan Kore Fanmi ki nan Pyès Teyat 2 an te itilize kesyon ouvè. Kisa yon **kesyon ouvè** ye?
(*Kesyon ouvè mande plis enfòmasyon pase senpleman yon repons wi oswa non. Kesyon ouvè yo mande yon repons pi long ki bay plis enfòmasyon.*)
- Ki egzanp kesyon ouvè ki nan Pyès Teyat 2 a?
(*Ki pwoblèm sante tibebe ou a te genyen? Kisa ki te pase lè ou te ale nan sant sante a?*)

8. Di patisipan yo:

Kesyon fèmen yo ak kesyon fleksib yo itil alafwa. Men, pou kapab ankouraje de moun pale epi aprann, ou fèt pou poze kesyon ouvè. Si ou poze twòp kesyon fèmen, ou p ap aprann anpil enfòmasyon, epi ou ka montre ou pa enterese tandè plis enfòmasyon, oswa ou ka montre ou se yon moun ki prese.



10 minit

9. Separe gwoup la an ti gwoup de (2). Mande ti gwoup de (2) yo pou jwenn egzanp kesyon fèmen ak kesyon ouvè nan paj 19 liv yo. Mande ti gwoup de (2) yo pou pase kèk minit ak li kesyon yo, pou deside si chak kesyon se kesyon ouvè oswa kesyon fèmen, oswa make chak “O” (ouvè), oswa “F” (fèmen).
10. Bay ti gwoup de (2) yo kèk minit pou travay.
11. Mande yon volontè nan ti gwoup de (2) pou li premye kesyon an byen fò, epi pou di si se kesyon ouvè oswa kesyon fèmen. Mande gwoup la pou konfime repons lan. Fè menm bagay la ankò pou tout kesyon yo. Pou sa, chwazi yon lòt volontè nan gwoup de (2) a pou chak kesyon.



20 minit

12. Mande patisipan yo:

- Reflechi sou 2 pyès teyat ou te wè yo, epi egzamine egzanp kesyon ouvè ak kesyon fèmèn ou te fèk etidye yo. Kijan pou poze yon kesyon ouvè?
(Sèvi ak **kisa, kijan, kilè, kimoun, ki kote, poukisa, kilès** – mo sa yo mande plis enfòmasyon pase yon senp repons wi oswa non.)

13. Fè patisipan yo konnen kounye a yo pral fè pratik ekri kesyon ouvè oswa kesyon fèmèn an gwoup de (2) (menm gwoup anvan yo).

14. Bay 2 fich oswa bout papye pou chak gwoup de (2). Poze gwoup de (2) yo yon kesyon ouvè sou yon fich oswa sou yon bout papye, ak yon kesyon fèmèn sou lòt fich la oswa sou lòt bout papye a. Kesyon yo kapab konsène nenpòt sijè.

15. Bay ti gwoup de (2) yo kèk minit pou travay. Pandan gwoup yo ap travay, mache nan sal la, epi bay èd, si li nesèsè.

16. Lè gwoup de (2) yo fin ekri kesyon yo, mande yon volontè pou mache nan sal la, pou ranmase kesyon yo nan bwat, nan sache, oswa gwo bwat, epi melanje yo.

17. Esplike sa yo gen pou fè answit:

- Pran 2 fich nan bwat la.
- Ansanm avèk patnè ou, deside si kesyon yo se kesyon ouvè oswa kesyon fèmèn.
- Chanje chak kesyon fèmèn pou li ka vin yon kesyon ouvè.
- Chanje chak kesyon ouvè pou li ka vin yon kesyon fèmèn.

18. Mande patisipan yo pou yo pratike kèk egzanp avèk ou (sèvi ak egzanp ki anba la yo, oswa egzanp pa ou):

- Èske ou ba tibebe ou tete? (F)
- Chanje an: Konbyen fwa ou ba tibebe ou tete? Oswa poukisa ou bay (ou pa bay) tibebe ou tete? (O)
- Poukisa ou te ale nan sant sante a? (O)
- Chanje an: Èske ou te ale nan sant sante a? (F)
- Èske ou sèvi ak kapòt? (F)
- Chanje an: Kilè ou sèvi ak kapòt? (O)

- 19.** Mande volontè pou mache nan sal la avèk bwat la pou chak gwoup de (2) kapab chwazi 2 kesyon. Bay gwoup de (2) yo 5 minit pou travay.
- 20.** Lè gwoup de (2) yo fin travay, mande chak gwoup de (2) pou li kesyon orijinal la byen fò anvan, epi answit pou yo li kesyon ki chanje a, pou toulède kesyon yo. Mande patisipan yo pou ede oswa pou korije, si li nesèsè.



10 minit

- 21.** Di patisipan yo:

Lè wap sèvi ak yon kesyon ouvè, ou souvan ap chèche kèk enfòmasyon espesyal tankou konesans, aksyon, oswa santiman. Pa egzanp:

- Konesans – Kisa ki lakòz kolera?
- Konviksyon – Poukisa ou panse moun yo malad avèk kolera?
- Aksyon – Kisa nou kapab fè pou anpeche kolera?

- 22.** Mande gwoup de (2) yo pou yo egzamine 2 kesyon yo ankò. Mande yon volontè pou li yon kesyon byen fò, epi di si lap mande konesans, konviksyon, oswa aksyon (oswa yon lòt bagay). Answit, mande volontè a pou chanje kesyon an pou fè li tounen yon kesyon ki mande konesans, oswa yon kesyon ki mande aksyon, oswa yon kesyon ki mande konviksyon.

- 23.** Fè menm bagay sa a ankò avèk pi plis gwoup de (2) volontè, jouk lè patisipan yo vin alèz pou idantifye kalite kesyon sa yo.

- 24.** Mande patisipan yo ki rès kesyon yo genyen sou kesyon fèmèn ak sou kesyon ouvè, epi ankouraje patisipan yo reponn kesyon yo chak genyen.

- 25.** Ankouraje patisipan yo pou pran tan pou sèvi ak kesyon ouvè nan travay yo kòm Ajan Kore Fanmi, sitou pandan vizit nan kay. Fè patisipan yo konnen yap gen chans pou kontinye sèvi ak kesyon ouvè pandan rès fòmasyon an.



PYÈS TEYAT 1 – KESYON FÈMEN

nan paj 33 Liv Patisipan an

Sèn: Yon manman mennen tibebe 1 ane li nan yon sesyon siveyans kwasans. Ajan Kore Fanmi (AKF) la ap poze li kèk kesyon.

AKF: Èske tibebe ou te malad pandan mwa pase a?

Manman: Wi.

AKF: Èske ou te mennen tibebe ou nan sant sante a?

Manman: Wi.

AKF: Èske ou te jwenn medikaman?

Manman: Wi.

AKF: Èske tibebe ou manje byen?

Manman: Wi.

AKF: Èske pwa tibebe ou ogmante?

Manman: Wi.

AKF: Èske te gen pwoblèm lè ou te vini mezire timoun nan?

Manman: Non.



PYÈS TEYAT 1 – KESYON OUVÈ

nan paj 34 Liv Patisipan an

Sèn: Yon manman mennen tibebe 1 ane li nan yon sesyon siveyans eta nitrisyonel. Ajan Kore Fanmi (AKF) la ap poze li kèk kesyon.

AKF: Ki pwoblèm sante tibebe ou te genyen pandan mwa pase a?

Manman: Tibebe mwen te pran yon grip semèn pase a.

AKF: Kifè tibebe ou te gen yon grip semèn pase. Kisa ou te fè?

Manman: Mwen te mennen li nan sant sante a.

AKF: Kisa ki te pase lè ou te ale nan sant sante a?

Manman: Doktè a te ban mwen kèk medikaman, kidonk mwen te ba tibebe a medikaman yo chak jou.

AKF: Trè byen, mwen kontan tandè sa. Kijan tibebe ou santi li kounye a?

Manman: L ap refè, men li poko fin bon nèt.

AKF: Ki konsèy doktè a te ba ou sou fason pou ba tibebe malad ou manje?

Manman: Li pa t ban mwen okenn konsèy sou fason pou ba tibebe a manje. Mwen te fèk ba tibebe a tete.

AKF: OKE, lè tibebe ou a malad, ou dwe kontinye bay li tete, men ou dwe ba tibebe ou manje tou ki gen vitamin ak pwoteyin pou li kapab refè pi vit. Nou te pale sou vitamin ak pwoteyin nan sesyon sante a semèn pase. Ki kalite manje ki gen vitamin ak pwoteyin?

Manman: Mwen sonje fwi ak legim gen vitamin, epi ze gen pwoteyin.

AKF: Trè byen. Kisa ou ka ba tibebe ou manje pou asire li jwenn pwoteyin ak vitamin?

Manman: Mwen kapab bay li ze, fig, ak mango.



EGZANP KESYON OUVÈ AK KESYON FÈMEN YO

nan paj 19 Liv Patisipan an

1. Èske ou dòmi anba yon moustikè lannwit? (*F*)
2. Kijan ou itilize yon moustikè kòrèkteman? (*O*)
3. Poukisa ou pa dòmi anba yon moustikè? (*O*)
4. Èske tibebe ou gen lafyèv? (*F*)
5. Èske tibebe ou malad? (*F*)
6. Kijan tibebe ou ye epi kijan li aji? (*O*)
7. Èske fanmi ou bwè dlo pwòp? (*F*)
8. Ki kote ou pran dlo pou fanmi ou? (*O*)
9. Èske yon moun nan vilaj ou te gen kolera? (*F*)
10. Ki siy ak sentòm kolera? (*O*)
11. Kisa ou kapab fè pou pa pran kolera? (*O*)
12. Èske ou itilize metòd pou pa ansent? (*F*)
13. Kisa ou konnen sou metòd pou pa ansent? (*O*)
14. Poukisa ou panse pwa kò tibebe ou ogmante? (*O*)
15. Èske tibebe ou vaksinen? (*F*)
16. Èske ou te ale nan pòs sanità a? (*F*)
17. Ki vaksen tibebe ou te resevwa? (*O*)
18. Kisa ou ba tibebe ou manje? (*O*)

SESYON 10

TEKNIK AK PRENSIP POU BAY KONSÈY LÈ W AP VIZITE FANMI YO



Metòd: Diskisyon an ti gwoup, Diskisyon an gwo gwoup, ak Pyès Teyat



Kantite Tan: 1 èdtan



Objektif yo

Patisipan yo ap kapab:

- g. Dekri objektif prensipal yon vizit nan kay.
- h. Dekri prensip ak etap Ajan Kore Fanmi yo ta dwe sèvi avèk yo pou bay konsèy pandan vizit nan kay yo.
- i. Nonmen 3 tip vizit nan kay ki genyen



Preparasyon

- Revize Prensip pou bay Konsèy, ak Etap pou Vizit nan Kay ak Kalite Vizit nan Kay yo ki anba la a.
- Chwazi 2 patisipan pou jwe pyès teyat la (diferan de patisipan nan pyès teyat anvan yo). Chwazi patisipan k ap alèz pou li byen fò nan yon tèks. Montre patisipan yo tèks pyès teyat la nan paj 35–37 Liv Patisipan an. Rankontre avèk yo pandan yon ti tan pou esplike wòl yo, epitou mande yo pou yo pratike pyès teyat la pou pi piti kèk fwa, pou yo kapab jwe li byen.



Materyèl yo

- Egzanp fason moun yo mizerab nan paj 20–21 Liv Patisipan an
- Egzanp Prensip pou Bay Konsèy nan paj 23 Liv Patisipan an
- Etap pou Vizit nan Kay nan paj 24–25 Liv Patisipan an
- Tèks pyès teyat nan paj 35–37 Liv Patisipan an



ETAP YO



10 minit

1. Di patisipan yo:

Se youn nan moman pi enpòtan wap sèvi ak mwayen ki bay bon jan rezilta pou pale se pandan vizit nan kay ak lè w ap bay konsèy. Kounye a nou pral pale sou kilè ak kijan pou fè yon vizit nan kay.

Wap vizite tout fanmi ki sou responsabilite w yo souvan, men w ap vizite kèk fanmi pi souvan pase lòt yo. Wap vizite fanmi ki pi mizerab yo pi souvan, epi wap vizite fanmi ki mwen mizerab yo mwen souvan. Nou te pale sou **fason moun yo frajil** pandan fòmasyon ou sou dwa moun ak sou responsabilite Ajan Kore Fanmi yo. An nou revize poukisa gen moun ki mizerab.

2. Mande patisipan yo:

- Kisa sa vle di lè moun yo mizerab? Kisa sa vle di si yon fanmi frajil?
(*Moun yo mizerab si yo ka frape mal nan evènman negatif ki depase kontwòl yo. Menm evènman negatif la ap gen konsekans diferan pou moun ki gen diferan fason moun yo mizerab. Tank yon moun mizerab tank lap frape mal nan evènman negatif yo.*)³
- Ki kèk egzanp fason fanmi yo ap viv ki vle di yo sitou mizerab?
(*Patisipan yo pa bezwen non tout egzanp yo, sèlman kèk non.*)
(*Chèf fanmi an te mouri pandan ane pase.*)
(*Fanmi an gen timoun ki poko gen laj 5 ane, epi ki gen manman yo ki te mouri ane pase.*)
(*Fanmi an gen timoun ki poko gen laj 5 ane.*)
(*Fanmi an gen timoun ki poko gen laj 5 ane, epi ki te mouri ane pase.*)
(*Gen yon fanm ansent nan kay la.*)
(*Fanmi an gen timoun kap viv lwen kay la pou yo al travay (“restavèk”), oswa kap viv nan yon enstitisyon.*)
(*Fanmi an gen yon gwo kantite timoun ki depann de yon ti kantite granmoun.*)
(*Gen maladi grav, maladi kwonik, oswa andikap nan fanmi an.*)

3. Adapte nan Piers Blaikie, Terry Cannon, Ian Davis, ak Ben Wisner, At Risk: Natural hazards, People's Vulnerability, and Disasters (London, UK: Routledge, 1994). Adapte tou nan Participatory Vulnerability Analysis: A Step-by-Step Guide for Field Staff (London, UK: ActionAid International, 2000).

(Fanmi an pa jwenn swen sante souvan.)

(Timoun ki nan fanmi gen malnitrisyon.)

(Fanmi an pa gen yon sous dlo pwòp.)

(Kay fanmi an nan trè move eta.)

(Fanmi an pa gen yon latrin.)

(Fanmi an pa gen ase manje (ensekirite alimantè).)

(Timoun fanmi an pa kapab ale lekòl.)

3. Mande patisipan yo pou jwenn egzanp fason moun yo mizerab nan paj 20–21 liv yo. Mande yon volontè pou li enfòmasyon yo byen fò Mande patisipan yo ki kesyon yo genyen, epi bay repons kòmsadwa.



10 minit

4. Poze patisipan yo kesyon ki anba la yo, epi pran kèk repons volontè:

- Konbyen nan ou ki te swa jwenn vizit yon founisè swen sante lakay nou, oswa ki te vizite yon moun lakay li nan travay nou tap fè anvan kòm yon Ajan Kore Fanmi? Leve men nou.
- Selon eksperyans nou ak sa nou aprann jiska prezan nan fòmasyon Ajan Kore Fanmi yo, kisa ou panse ki se objektif yon vizit nan kay?
(Pou bay bon jan atansyon pou chak fanmi apa; pou swiv fanmi ki pi mizerab yo souvan; pou aprann sitiyasyon ak reyalyte fanmi yo; pou ankouraje fanmi yo aprann epi pratike konpòtman ki pi bon pou sante yo; pou ede manm fanmi yo pratike bon jan fason tounèf; pou ede manm fanmi yo idantifye fason pou abòde pwoblèm yo genyen pou pratike konpòtman ki bon pou sante; pou pale ak bay plis mesaj sou sante; pou bay pwodui pou sove lavi tankou sache Sewòm Oral ak moustikè; pou evalye manm fanmi pou maladi grav ak pwoblèm; pou voye fanmi yo al jwenn sèvis sante ak sèvis sosyal; pou bay repons pou ijans lè li nesesè; elatriye.)
- Kisa yon Ajan Kore Fanmita dwe fè pou fè yon vizit nan kay bay pi bon rezilta epi pozitif?
(Sèvi ak bon jan mwayen pou pale, tankou montre respè, koute avèk anpil atansyon, poze kesyon ouvè pou ankouraje de moun pale, montre respè pou kilti moun, bay enfòmasyon ki itil ak kòrèk, elatriye.)
- Pandan vizit nan kay yo wap pi ka pale avèk manm fanmi yo **youn-a-youn**. Si ou pale youn-a-youn, sa ap reprezante pati ki pi enpòtan nan travay ou. Kisa pale youn-a-youn nan ye?
(Pale youn-a-youn se pale ant kèk moun kote chak moun gen posiblite pou fè konnen lide yo epi pou yo resevwa remak.)

- Lè ou se Ajan Kore Fanmi, wap sèvi ak bon jan fason pou pale youn-a-youn ak bon jan fason pou pale angwoup. Nan ki sitiyasyon ou panse wap sèvi ak bon jan fason pou pale youn-a-youn pi plis?

(Pandan vizit nan kay, nan diskisyon avèk chak manm fanmi apa, ak moun ki renmen, elatriye.)

- Nan kisa pale youn-a-youn enpòtan?

(Se kalite pale avèk moun ki sèvi ak nan vizit nan kay, ki se youn nan aktivite Ajan Kore Fanmi la ki pi enpòtan.)

(Anpil moun pi alèz pou diskite sou enfòmasyon pèsònèl oswa sou pwoblèm pèsònèl yo avèk yon moun oswa de (2) moun ke yo fè konfyans.)

(Anpil moun pi alèz pou aprann enfòmasyon tounèf oswa pou pratike bon jan fason avèk youn oswa de (2) moun, olye yo fè sa pou tout moun ka wè).

(Anpil moun pa ka aprann nouvo enfòmasyon oswa bon jan fason yo byen san yo pa jwenn yon posiblite pou diskite sou sa avèk youn oswa de (2) moun yo fè konfyans.)

(Pale youn-a-youn pèmèt moun yo poze plis kesyon, ak fè konnen plis enkyetid pase yo ta nan yon pi gwo gwoup, epitou sa pèmèt Ajan Kore Fanmi la bay remak ki espesyal. Sa kapab ede moun yo pran bon desizyon pou fanmi yo, ak motive yo pou yo gen konpòtman ki pi bon pou sante yo.)

(Patisipan yo ka site lòt lide.)

5. Fè rezime lè ou di patisipan sa yo sa ki anba la a:

Pandan kominikasyon ak edikasyon an gwoup la, ankouraje moun yo travay ansanm pou rezoud pwoblèm kominote tout moun genyen, pale youn-a-youn pèmèt Ajan Kore Fanmi yo bay plis atansyon pou chak fanmi apa, ak konsantre sou fason pou ede fanmi yo rezoud pwoblèm chak moun genyen yo.

Si wap pale avèk yon sèl moun oswa avèk yon gwoup, ou dwe toujou sèvi ak bon jan mwayen pou pale: montre respè, aprann reyalite fanmi yo, koute avèk anpil atansyon, poze kesyon ouvè, epi ankouraje de moun pale.



10 minit

6. Di patisipan yo:

Anplis sèvi ak bon jan mwayen pou pale, Ajan Kore Fanmi yo fèt pou swiv yon seri prensip lè yap fè vizit ak lè yap bay fanmi yo konsèy.

Prensip sa yo se:

- Kenbe Sekrè
- San Patipri
- Konsiderasyon
- Onètete
- Respè pou chwa malad la
- Bon kominikasyon

7. Mande patisipan yo pou jwenn Prensip ak Kondisyon pou bay Konsèy nan paj 23 Liv Patisipan an. Mande yon volontè pou li enfòmasyon yo byen fò:

Prensip pou bay Konsèy

Kenbe sekre: Toulède moun yo dakò yo pap pale enfòmasyon yo diskite sou yo a ak okenn lòt moun ki nan kominote a.

San Patipri: Ajan Kore Fanmi la pa ta dwe kite valè pèsone l li oswa konviksyon pèsone l li parèt, epitou li pa ta dwe jije yon konpòtman oswa opinyon ki diferan.

Konsiderasyon: Ajan Kore Fanmi la ta dwe eseye konprann opinyon moun nan avèk objektivite san li pa montre pitye oswa san li pa kriye pou sitiasyon moun nan.

Onètete: Ajan Kore Fanmi la ta dwe toujou di laverite ak bay enfòmasyon konplè.

Respè pou Chwa Malad la: Ajan Kore Fanmi la pa ta dwe senpleman bay konsèy oswa fè chwa pou moun nan; olye sa, li ta dwe devlope bon jan fason pou moun nan pou fè chwa ki kòrèk yo pou tèt li.

Bon Kominikasyon: Ajan Kore Fanmi la dwe montre respèk, aprann sou reyalite fanmi yo, koute byen, poze keksyon ouvè (ki ankouraje plis paròl), e ankouraje dyalòg.

Kondisyon pou yon bon konselin

- Ken be sekre moun nan
- Pa jije moun nan
- Mete w nan plas moun nan pou ka konprann li
- Di moun nan tout verite
- Respekte libète moun nan pour l pran dsizyon l vle a

8. Mande patisipan yo gade “Etap Konselin” sou paj 24 nan liv patisipan.

Etap Konselin

1. **Byen vini:** Salye, fè konesans, mete moun nan alèz
 2. **Entretyen:** Poze kesyon epi koute avèk atansyon
 3. **Ransèyman:** Pale klè epi bay enfòmasyon ak egzanp
 4. **Chwa:** moun nan pran desizyon epi ajan refòmile li
 5. **Eksplikasyon:** Bay bon jan enfòmasyon sou desizyon ki te pran
 6. **Randevou:** Bay pwochen randevou ak remesye moun nan
9. Mande si gen nenpòt kesyon sou definisyon sa yo, epi kite patisipan ki gen eksperyans reponn kòmsadwa.
10. Separe patisipan yo an 5 gwoup (gwoup ki diferan nan aktivite anvan yo), epi afekte youn nan prensip yo pou chak gwoup. Fè patisipan yo konnen ti gwoup yo ap gen 5 minit pou diskite sou rezon ki fè prensip sa a enpòtan pou vizit nan kay yo, epitou pou travay Ajan Kore Fanmi la anjeneral. Apre 5 minit, yon reprezantan chak gwoup ap prezante lide gwoup la.
11. Bay chak gwoup 5 minit pou travay. Pandan gwoup yo ap travay, mache nan sal la, epi bay èd oswa reponn kesyon yo, si li nesèsè.



10 minit

12. Mande gwoup yo pou reprezante youn alafwa. Aksepte tout repons enpòtan yo, epi mete enfòmasyon ki manke yo, jan li nesèsè.
- **Kenbe Sekrè**
(Bay moun wap konseye a plis libète pou li onèt, paske moun nan pap twòp pè jijman oswa lòt reyaksyon negatif kominote a, si moun yo vin konnen sa moun nan te di ou; ede moun nan santi li alèz pou diskite sou sijè ki pa komen yo.)
 - **San Patipri**
(Si konseye a bay opinyon ki diferan avèk opinyon moun nan, moun nan ka pa santi li alèz pou poze kesyon, pou fè konnen enkyetid li yo, elatriye.)
 - **Konsiderasyon**
(Jantiyès ak konsiderasyon ap fè moun nan santi li pi alèz pou fè ou konfyans ak pou fè ou konnen enkyetid li yo, elatriye.)

- Onètete

(Ede devlope yon relasyon ki gen konfyans, ede Ajan Kore Fanmi la ak fanmi an travay pou jwenn solisyon pozitif pou pwoblèm yo, elatriye.)

- Respè pou Chwa Malad la

(Ede moun nan pi ka eseye yon bagay tounèf, sitou yon bagay ki ka diskite, si moun yo pa santi yo fòse yo sou yo; ede moun yo fè chwa yo kwè ladan, epitou yo kapab rete ladan pandan lontan, paske yo te rive nan fè chwa sa yo poukont yo, epitou yo pa te senpleman di yo pou fè chwa yo.)



10 minit

13. Mande patisipan yo pou jwenn Etap pou Vizit nan paj 24–25 Liv Patisipan an. Revize etap yo nan yon ti tan avèk patisipan yo. Repete sa pou Kalite Vizit Nan Kay Yo nan paj 25.
14. Fè patisipan yo konnen, kounye a yo pral obsève yon vizit woutin nan kay ki ta dwe fèt. Fòmatè a ap jwe pyès teyat yon vizit nan kay pou manman yon tibebe 10 mwa ki manje mal. Patisipan yo ap obsève, epi apre yap idantifye divès aspè yo.
15. Envite aktè pyès teyat la devan sal la, epi mande yo pou jwe pyès teyat la. Apre pyès teyat la, mande patisipan yo pou yo bat bravo, epi mande aktè yo pou yo chita.



10 minit

16. Apre pyès teyat la, mande patisipan yo pou egzamine etap yo ankò nan liv la. Pou chak etap, mande yon volontè pou idantifye Ajan Kore Fanmi la nan pyès teyat ki gen etap la:
 - Kijan Ajan Kore Fanmi la te montre jantiyès ak enterè nan fanmi an?
(Lite mande kijan manm fanmi ye, li te mande pèmisyon pou antre nan kay la pou yon vizit.)
 - Èske Ajan Kore Fanmi la te mande si lòt manm granmoun fanmi an te prezan? Pou kimoun li te mande a?
(Li te mande si patnè Dominik ak bèlmè a te nan kay la, epi si yo te ka vini nan konvèsasyon an tou?)
 - Èske Ajan Kore Fanmi la te lave men li?
(Wi)

- Poukisa li enpòtan pou lave men?
(Sa anpeche transmisyon mikwòb ki kapab bay maladi.)
- Kijan Ajan Kore Fanmi la te rasanble enfòmasyon yo nan men Dominik ak Celestine ki gen rapò ak sante ak abitud manje tibebe a? Kisa li te mande?
(Li te poze kesyon sou vizit Dominik nan pwogram nitrisyon, li te mande kisa Dominik te bay Filip manje, li te mande si pouwa kò Filip te ogmante, li te mande pou wè kat Road to Health Filip, elatriye.)
- Ki enfòmasyon Ajan Kore Fanmi la te bay?
(Fason pou sèvi ak moustikè pou pa pran malarya, manman ak pi jèn timoun nan ta dwe dòmi anba moustikè a toutan, elatriye.)
- Sou ki posiblite Ajan Kore Fanmi la ak Dominik te diskite?
(Kontinye bay Filip manje ki apwopriye nan 3 gwoup aliman yo, epitou ba tibebe a tete kèlkeswa lè li vle, itilize moustikè a)
- Sou ki plan-daksyon Ajan Kore Fanmi la te diskite avèk Dominik?
(Pa gen plan espesyal, men li te revize avèk Dominik fason Dominik ta dwe kontinye bay Filip manje.)
- Ki ankourajman Ajan Kore Fanmi la te bay?
(Li te di li ta retounen nan apeprè 4 semèn, li te ofri lwanj ak sipò.)

17. Fè patisipan yo konnen nan pwochen sesyon an, yo pral pratike fason pou fè yon vizit ki bay bon jan rezilta avèk bon mwayen pou pale yo te aprann nan modil sa a.



ETAP POU VIZITE FANMI YO

nan paj 24–25 Liv Patisipan an

Avan Vizit la

1. **Idantifye fanmi yo:** Kreye yon lis fanmi ou pral vizite dapre plan fanmi yo ak plan travay ou. Konnen ki kote kay yo ye epi kile vizit yo ap komanse.
2. **Materyèl yo:** Prepare kenpòt materyèl w ap bezwen pou vizit la, tankou rejis, plim, materyèl edikatif you, oswa materyèl pou demonstrasyon.
3. **Sijè yo:** Revize ak prepare sijè w ap diskite ak fanmi yo pandan vizit yo. Etidye kenpòt materyèl edikatif nan davans; ou pa dwe li ladann yo fò pou moun tande, men olye pou fè sa pito ou deja abitye avèk yo pou kapab pale sou y o ak fanmi yo fasil.

Vizit la

4. **Entwodiksyon:** Salye fanmi an epi fè manm fanmi an santi yo alèz. Esplike pwen vizit nan kay la, asire wap kenbe enfòmasyon yo an sekre, epitou mande si gen nenpòt kesyon. Mande si lòt manm fanmi an la, epi si yo ta ka bezwen patisipe nan diskisyon an.
5. **Lavaj men:** Mande pou lave men ou avèk savon (pote savon ou si li posib).
6. **Rasanble enfòmasyon yo:** Ankouraje manm fanmi an pou esplike opinyon yo, pou di ou sa yo konnen, epitou pou dekri sitiyasyon an avèk mo pa yo. Poze kesyon sou sante chak manm fanmi an. Pa egzanp, mande kijan pwa kò yon timoun nan ogmante, sa timoun nan tap manje, elatriye.
7. **Bay enfòmasyon yo:** Bay enfòmasyon san patipri sou sijè ki nesèsè, epi reponn nenpòt kesyon moun nan ta ka genyen. Pa egzanp, revize pwen enpòtan yo nan dènye sesyon edikasyon sante nan pòs rasanbleman an.
8. **Diskite sou posiblite yo:** Ankouraje moun nan pou konsidere tout posiblite yo pou yo ka deside sou pi bon desizyon ki pou pran.
9. **Objekfif ak Plan:** Ede moun lan devlope yon plan etap pa etap sou sa l ap fè pou pran mezi pou amelyore sitiyasyon fanmi an. Fikse yon objektif, epi ede moun nan kreye yon plan etap-pa-etap pou sa yo kapab fè pou ede reyalize objektif yo.

Fin vizit la

10. **Ranfòsman:** Diskite sou fason ou kapab ede, lè wap retounen vizite, ak fason lòt moun yo ta ka ede sipòte plan-daksyon an. Di fanmi an mèsì poutèt tan yo pase avèk ou a. Bay manm fanmi yo nenpòt materyèl ou pote pou yo.



TIP VIZIT NAN KAY YO

nan paj 25 Liv Patisipan an

Vizit Woutin: Ajan Kore Fanmi fè vizit woutin yo dapre plan fanmi yo ak plan travay li genyen pou chak fanmi li responsab. Nan vizit yo ajan a ap swiv tout etap pou vizit nan kay (verifikasyon, diskite sou yon sijè espesyal nan plan fanmi an, verifye eta sante fanmi an, bay sèvis oswa referans, elatriye).

Vizit Ponktyel: Ajan Kore Fanmi an al vizite kay chak fanmi pou bay yon mesaj espesifik oswa envitasyon, tankou, pou fè fanmi fanmi yo sonje pou vin nan pòs rasanbleman nan jou espesyal.

Vizit Selektiv: Ajan Kore Fanmi vizite kay yo petèt yon bezwen espesyal oswa gwoup moun. Tankou, yon jou li gen dwa vizite tout timoun ki souffri malnitrisyon, tout fanm ansent, tout moun k ap souffri maladi kwonik yo, oswa tout moun k ap swiv trètman pou tibèkiloz.



PYÈS TEYAT VIZIT NAN KAY

nan paj 35–37 Liv Patisipan an

AKF: Bonjou, Dominik Kijan ou ye?

Dominik: (kap pote tibebe Filip) Pa mal. E oumenm?

AKF: Mwen byen. Sa bon pou ou. Èske mwen ka antre nan kay la pou yon vizit?

Dominik: Wi, antre. Ou mèt chita.

AKF: Mwen sonje ou te di mwen patnè ou a te gen yon move grip mwa pase a. Kijan li ye?

Dominik: Li anfòm, gras ak Bondye.

AKF: Èske li nan kay la kounye a? Èske bèlmè ou la? Pètèt yo ta ka vin chita ansanm avèk nou?

Dominik: Mari mwen nan travay, men bèlmè mwen isit la. (Rele li pou li vin jwenn yo)

AKF: Bonjou, Celestine. Kijan ou ye? Èske ou toujou gen doulè nan do?

Dominik: Wi, enpe. Men kisa ou kapab espere nan laj mwen?

AKF: Èske li ta posib pou mwen lave men mwen, souple?

Dominik: Sètènman, kivèt lesiv la ak savon an nan kwen an.

AKF: Mèsi. (ap lave men) Kijan Filip ye? Dènye fwa mwen te vizite ou, ou te di ou te prale nan pwogram manje a nan sant sante a. Kisa ki te pase nan vizit la?

Dominik: Nan pwogram manje a, yon mis te mezire pwa kò Filip, epi li te ban mwen Nourimanba pou mwen bay Filip. Li te vin gwosi konsa depi lè a.

AKF: Se byen, mwen kapab wè kijan li sanble pi byen. Èske ou te gen pwoblèm pou jwenn Nourimanba?

Dominik: Non. Mis lan te di mwen ta dwe retounen nan sant sante a chak mwa pou mezire pwa kò Filip, epitou lap ban mwen plis Nourimanba.

AKF: Anplis Nourimanba, kilòt manje Filip manje? Kisa li te manje ayè?

Dominik: Ebyen, li kontinye ap pran tete. Anplis Nourimanba, ayè, mwen te fè sereyal pou li avèk lwil ak fig kraze. Li te manje yon ze ak enpe mango.

AKF: Sa sonnen byen. Konbyen fwa li te manje ayè?

Dominik: Li te manje 4 fwa, epi mwen te lave men mwen chak fwa mwen te bay li manje.

Celestine: Wi, li te fè sa. Mwen te fè li sonje.

AKF: Dominik gen chans pou genyen ou isit la pou ede li. Mwa pase, èske ou te di pwa kò Filip te ogmante nan sant sante a? Ki pwa kò li te genyen?



PYÈS TEYAT VIZIT NAN KAY

Swit

Dominik: Pwa kò Filip te ogmante. Nou te ale nan pòs rasanbleman an semèn pase paske li te fèt sou wout la.

AKF: Mwen kontan anpil. Èske mwen kapab wè Kat Road to Health li? (*li sanble sou sa*) Ah wi, mwen remake pwa kò Filip ogmante pi plis pase yon kilo depi lè li kòmanse Nourimanba. Ou fè yon bon travay. Ki sijè sante yo te bay sou kozri a nan pòs rasanbleman an?

Dominik: Se te sa ki gen rapò ak moustikè.

AKF: Kisa ou te aprann sou moustikè?

Dominik: Si ou dòmi anba yon moustikè, moustik pap mòde ou, epi ou pap gen malarya. Tout moun ta dwe dòmi anba yon moustikè.

AKF: Pou ki manm fanmi li pi enpòtan pou dòmi anba moustikè a?

Celestine: Mesye ki nan kay la, sètènman.

AKF: Menmsi li enpòtan pou tout moun dòmi anba yon moustikè, si genyen yon sèl, pi piti timoun nan ak manman an ta dwe dòmi anba moustikè a paske yo se moun ki pi frajil nan fanmi an. Konbyen moustikè nou genyen?

Dominik: Nou genyen 2.

AKF: Trè byen. Kimoun ki te dòmi anba moustikè yo lannwit pase a?

Dominik: Filip ak mwen ak mari mwen.

AKF: Trè byen, jan ou konnen, li enpòtan pou ou pran tout prekosyon pou oumenm ak Filip pa gen malarya. Paske pwa kò li toujou pa ase, si li malad, sa kapab mal anpil. Èske gen moun nan fanmi an ki te malad depi lè mwen te vizit kay la mwa pase a?

Dominik: Non – tout moun pòte yo byen.

AKF: Trè byen. Fè mwen sonje kijan ou planifye pou bay Filip manje?

Dominik: Map bay li Nourimanba, epitou map bay li lòt manje nan 3 gwoup manje nou te diskite sou yo dènye fwa a. Map kontinye bay li tete kèlkeswa lè li mande sa.

AKF: Trè byen, Dominik. Mwen kontan paske ou sonje 3 gwoup manje yo. Nan yon ti tan Filip ap retounen gen pwa kò nòmal li. Mèsi pou vizit la. Li te bon pou wè ou, epi salye patnè ou pou mwen. Celestine, mwen swete wap pran swen kò ou. Map retounen ankò nan apeprè 4 semèn.

Dominik: Mèsi anpil pou vizit la. Li te bon pou wè ou.

SESYON 11

VIZIT NAN KAY



Metòd: Pyès teyat



Kantite Tan: 1 èdtan ak 20 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

j. Bay tout etap ki genyen pou fè yon vizit nan kay.



Preparasyon

- Revize sijè pyès teyat la, epitou ajoute oswa chanje sijè yo si li nesèsè pou satisfè bezwen gwoup ou. Si gwoup ou gen anpil patisipan ki gen eksperyans, ou ka chwazi pou fè tout moun pratike Pyès Teyat 1.



Materyèl

- Sijè pyès teyat nan paj 38–40 Liv Patisipan an



ETAP YO



10 minit

1. Mande patisipan yo:

- Kounye a ou pral fè pratik fè vizit nan kay epi sèvi ak bon jan mwayen pou pale nou te diskite pandan fòmasyon an. Sou ki mwayen pou pale nou te diskite a?

(Montre respè, aprann reyalite fanmi yo ak faktè ki frape konpòtman yo ak santé yo koute avèk anpil atansyon, ankouraje de moun pale, poze kesyon ouvè, elatriye.)

2. Separe patisipan yo an gwoup de (2). Mete youn nan sijè pyès teyat yo pou chak gwoup. Esplike sa yo gen pou fè a:

- Wap sèvi ak etap pou vizit nan kay nan paj 24–25 Liv Patisipan an, ak mwayen pou pale ou te revize pandan fòmasyon sa a, pou jwe pyès teyat vizit nan kay la.
- Yon patnè ap jwe wòl Ajan Kore Fanmi a, epi lòt patnè a ap jwe wòl manm fanmi an.
- Ou ta dwe fè pyès teyat vizit nan kay la pandan apeprè 10 minit. Answit, moun ki te jwe wòl manm fanmi an ta dwe bay moun ki te jwe wòl Ajan Kore Fanmi la remak pozitif pandan kèk minit.
- Answit, wap chanje wòl yo, pou moun ki te jwe wòl Ajan Kore Fanmi avan an ap jwe wòl fanmi an kounye a (10 minit pou pyès teyat la ak kèk minit pou remak).



30 minit

3. Mande gwoup de (2) yo pou kòmanse travay. Pandan gwoup de (2) yo ap travay, mache nan sal la pou obsève, epi bay konsèy. Chwazi 2 gwoup de (2) ki travay byen pou jwe apre gwoup de (2) yo fin fè pratik (oswa tout gwoup de yo, si wap gen tan pou plis pèfòmans).



10 minit

4. Rasanble gwoup la, epi mande patisipan yo pou reflechi sou eksperyans yo avèk pyès teyat pou vizit nan kay la avèk kesyon ki ekri anba la yo:

- Manman yo ak lòt manm fanmi yo:
 - Kijan vizit nan kay la te ale avèk opinyon an?
 - Kijan Ajan Kore Fanmi la te fè ou santi w?
 - Kisa Ajan Kore Fanmi la te ka fè pi byen?
- Ajan Kore Fanmi yo:
 - Kijan vizit nan kay la te ale avèk opinyon an?
 - Kijan ou te santi ou kòm Ajan Kore Fanmi?
 - Kisa ki te difisil?
 - Kisa ki te ka vin pi bon?

*30 minit*

- 5.** Mande premye gwoup de (2) ou te chwazi a pou jwe pyès teyat la pou tout gwoup la.
- 6.** Apre pèfòmans lan, mande patisipan yo pou revize etap pou bay konsèy, epi pou bay remak sou pèfòmans gwoup de (2) a. Ankouraje patisipan yo pou yo bay remak sou sa ki te fèt byen, ak sou sa ki te kapab vin pi bon tou. Fè menm bagay la ankò pou dezyèm gwoup de (2) a (ak pou plis gwoup de si ou gen tan.)
- 7.** Mande patisipan yo ki rèss kesyon yo genyen sou vizit nan kay, epi kite patisipan ki gen eksperyans yo reponn.



SIJÈ PYÈS TEYAT POU VIZIT NAN KAY

nan paj 38–40 Liv Patisipan an

PYÈS TEYAT 1

Imajine w se Ajan Kore Fanmi kap vizite Jezila, fanm nan istwa nou te li anvan an. Epidemi kolera te kòmanse, epi pè ki nan zòn nan te vizite Jezila, epi li te fè Jezila konnen pou Jezila bouyi dlo pou anpeche limenm ak pitit li yo pran kolera. Jezila konnen kijan li danjere pou bwè dlo rivyè a, men li pa gen ase lajan pou achte bwa pou bouyi dlo a chak jou. Kèk semèn apre, de (2) pi piti timoun Jezila yo leve avèk dyare ak vomisman. Li voye pi gran timoun nan vin kote ou.

PYÈS TEYAT 2

Kè manman tibebe 3 semèn nan sote paske li panse li pa pwodui ase lèt pou tibebe li. Li vle kòmanse ba tibebe lèt anpoud anplis lèt lete lap ba li a. Lè ou se Ajan Kore Fanmi, ou konnen lèt anpoud la se pa pi bon chwa a. Ajan Kore Fanmi la ta dwe mande manman an kisa ki fè li panse tibebe a pa pran tete ase, ede manman an jwenn solisyon si li gen pwoblèm pou ba tibebe a tete, epi bay manman an konsèy sou avantaj alètman sèlman, ak sou danje ki genyen nan itilizasyon lèt anpoud bebe.

PYÈS TEYAT 3

Kè manman tibebe 8 mwa a sote paske tibebe li vin chèch, epi tibebe a sanble malad, pa fè jès, ak tris. Ajan Kore Fanmi la ta dwe poze kesyon sou pwa kò tibebe a li te mezire nan dènye pès rasanbleman na, li ta dwe mande kisa tibebe a manje, epitou li ta dwe bay manman an konsèy sou bon jan pèsyon manje, gwoup manje, ak alètman.

PYÈS TEYAT 4

Yon fanmi ki gen yon manman ansent ak 2 timoun piti ap viv toupre yon marekaj, epi te gen ka malarya nan zòn nan. Ajan Kore Fanmi la ta dwe bay manman an konsèy sou itilizasyon moustikè sou kabann, li ta dwe ede fanmi an enstale moustikè a, epitou li ta dwe mande fanm ansent lan pou li dòmi anba moustikè a avèk timoun li yo chak lannwit.

PYÈS TEYAT 5

Tibebe 9 mwa yon manman ap refè nan kolera. Manman an te mennen tibebe a nan sant tretman kolera, men kounye a tibebe a retounen nan kay la, epi manman an pè pou tibebe a ak lòt timoun yo pa gen kolera. Ajan Kore Fanmi la ta dwe bay manman an konsèy pou lave men li ak pou pirifye dlo a, epitou li ta dwe ede manman an jwenn solisyon pou pwoblèm li ta ka genyen pou fè pratik sa yo.



SIJÈ PYÈS TEYAT POU VIZIT NAN KAY

Swit

PYÈS TEYAT 6

Yon manman ki ansent depi 5 mwa santi li fatige anpil ak fèb. Li vle ale nan sant sante a, men li abite trè lwen. Li pa te ale nan vizit anvan akouchman yo. Ajan Kore Fanmi la ta dwe bay manman an konsèy sou avantaj vizit anvan akouchman, li ta dwe endike manman an te ka anemik, epi manman an kapab jwenn èd pou sa, epitou li ta dwe ede manman an jwenn yon fason pou ale nan vizit anvan akouchman yo.

PYÈS TEYAT 7

Yon fanm ansent dwe akouche nan kè semèn. Li gen plan pou akouche lakay li, menm jan li te fè pou lòt tibebe yo. Ajan Kore Fanmi la ta dwe bay manman an konsèy sou enpòtans akouchman nan sant sante a, epitou li ta dwe ede manman an fè plan pou sa. Ajan Kore Fanmi la ta dwe montre manman an tou kijan li enpòtan pou ba tibebe a tete nan 1 èdtan ki vini apre akouchman an.

PYÈS TEYAT 8

Yon manman ki fèk akouche lakay li pa gen plan pou ale nan sant sante a pou yon vizit apre akouchman pou tèt li ak pou tibebe a. Ajan Kore Fanmi la ta dwe bay manman an konsèy sou enpòtans vizit apre akouchman yo, sou vaksinasyon, elatriye, epitou li ta dwe ede fanm nan chèche konnen kijan pou ale nan yon vizit apre akouchman.

PYÈS TEYAT 9

Yon manman pè paske yo te di li pitit 2 zan li a gen malnitrisyon modere, epi timoun nan dwe manje plis pwoteyin (ze, lèt, ak vyann). Li pa panse lap kapab fè sa. Ajan Kore Fanmi la ta dwe bay manman an konsèy sou enpòtans 3 gwoup manje yo, epitou li ta dwe ede manman an jwenn fason pou asire pitit li jwenn ase pwoteyin.

SESYON 12 PÒS-TÈS



Metòd: Evalyasyon



Kantite Tan: 30 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- Evalye sa yo te aprann yo pandan fòmasyon an.



Preparasyon

- Koriye pre-tès yo nan kòmansman fòmasyon sa a.



Materyèl yo

- Kreyon oswa plim pou tout patisipan yo
- Fotokopi Pòs-tès la



ETAP YO



30 minit

1. Fè patisipan yo konnen yap pran yon “pòs-tès” kounye a. Objektif pòs-tès la se pa pou jije patisipan yo, men pito pou asire fòmasyon sa a te satisfè bezwen yo. Pòs-tès la ap ede evalye tou si fòmasyon sa a bay bon jan rezilta, epitou lap fè li vin pi bon pou fòmasyon pi devan yo.
2. Bay chak patisipan yon fotokopi pòs-tès la.
3. Anvan pòs-tès la, mande patisipan yo pou yo mete enfòmasyon anlè chak paj egzamen an, epi pou yo remèt li ba ou. Si yon patisipan pa konnen dat egzat li te vin yon Ajan Kore Fanmi, mande li pou ekri ane li te vin yon Ajan Kore Fanmi, epi note jou a kòm “30” ak mwa a kòm “6” (jen). Enfòmasyon sa yo ta dwe annamoni avèk sa yo te ekri nan pre-tès la.
4. Fè patisipan yo konnen ou pral li kèk kesyon byen fò ki gen rapò ak sijè fòmasyon an. Patisipan yo ap reponn kesyon yo. Pou fè sa, yap antoure nan pi bon repons lan pou chak kesyon ki nan pòs-tès yo.

5. Di patisipan yo si yo pa konnen repons pou yon kesyon, yo ta dwe kite kesyon an san repons.
6. Esplike wap fè premye kesyon an ansanm. Fè patisipan yo konnen kesyon sa a pa nan egzamen an; se sèlman pou pratik.
7. Li premye kesyon an ak repons posib yo byen fò. Mande yon volontè pou reponn, oswa reponn kesyon an poukont ou. Pou reponn kesyon sa a, patisipan yo ta dwe antoure repons ki sou papye yo.
8. Li rès kesyon pòs-tès la ak repons posib yo byen fò epi dousman, youn alafwa. Repete kesyon yo ak repons posib yo, jan li nesèsè. Apre ou fin li chak kesyon, bay patisipan yo tan pou yo antoure repons lan.
9. Fè patisipan yo konnen ou pral konpare pòs-tès ak pre-tès yo te pran nan kòmansman fòmasyon sa a. Separe chak pre-tès ki korije ba chak patisipan.
10. Mande patisipan yo pou yo gade pre-tès korije yo ak dènye pòs-tès yo pou wè kote yo fè ki vin pi bon ak sa yo aprann nan. Fè patisipan yo konnen yo pa ta dwe fè okenn chanjman nan pòs-tès yo. Sa trè enpòtan.
11. Mande patisipan yo si yo gen nenpòt kesyon ki gen rapò ak egzamen yo, epi bay eksplikasyon yo, si li nesèsè.
12. Ranmase pre-tès yo ak pòs-tès yo.



KONSÈY: Apre fòmasyon an, egzamine rezilta pre-tès la ak pòs-tès la pou wè domèn kote patisipan yo te fè pi move nòt yo. Enfòmasyon sa yo ap ede w fè fòmasyon pi devan yo bay pi bon rezilta. Pa egzanp, si anpil patisipan te jwenn yon kesyon patikilye pa bon nan pòs-tès la, ou ka bezwen esplike yo sijè a nan plis detay pwochèn fwa ou gen pou fè fòmasyon an.

KOREKTUM PÒS-TÈS

Non ou: _____ Dat: _____

Seksyon Kominal: _____ # ID AKF: _____

Depi konbyen tan ou se yon Ajan Kore Fanmi? _____ /
mwa / lane

Antoure pi bon repons lan pou chak kesyon.

1. Kisa “Bon Jan Mwayen pou Pale” vle di?
 - a. Moun k ap koute a tandè mesaj la.
 - b. Moun k ap pale a satisfè poutèt yo aprann mesaj la.
 - c. **Moun k ap pale a ak moun k ap koute a santi youn konprann lòt.**
 - d. Konpòtman an te chanje.
2. Kisa yon Ajan Kore Fanmi bezwen fè pou li ka yon bon kominikatè?
 - a. **Montre respè.**
 - b. Montre imaj.
 - c. Pale byen fò.
 - d. Aprann mesaj la pakè.
3. Kisa sa vle di “Kominikasyon fas a fas”?
 - a. Fason pou montre respè.
 - b. Koute yon fason ki pozitif.
 - c. Pale aklè, epi poze kesyon.
 - d. **Yon konvèsasyon ant 2 oswa plis moun.**

4. Ki diferans ki genyen ant tande ak koute?
 - a. **Tande se yon bagay ki fèt nòmalman; koute mande efò.**
 - b. Tande mande efò; koute se yon bagay ki fèt nòmalman.
 - c. Yo se menm bagay.
 - d. Tande se yon bagay ki pa fasil; koute se yon bagay ki fasil.

5. Ki 3 teknik ki genyen pou koute?
 - a. **Koute san bay repons, re-espesifye lide yo, poze kesyon pou bay eksplikasyon.**
 - b. Pale aklè; koute yon fason kalm, asire ou konprann.
 - c. Konnen repons lan, di rezon yo, jwenn yon kòmantè.
 - d. Okenn nan repons anvan yo.

6. Poukisa li enpòtan pou Ajan Kore Fanmi yo aprann bon jan mwayen pou pale ak pou yo bon kominikatè?
 - a. Pou moun yo ka swiv enstriksyon Ajan Kore Fanmi yo.
 - b. Pou moun yo ka jwenn mesaj kòrèk la.
 - c. **Pou moun yo ka fè Ajan Kore Fanmi yo konfyans, ak adopte konpòtman ki bon pou sante yo.**
 - d. Pou moun yo ka vini nan klinik lan lè li nesesè.

7. Poukisa li enpòtan pou Ajan Kore Fanmi yo chèche konnen fanmiki nan kominote yap sèvi yo?
 - a. Pou Ajan Kore Fanmi yo konprann difikilte fanmi an genyen.
 - b. Pou Ajan Kore Fanmi yo konnen nan ki etap chanjman fanmi an ye.
 - c. Pou Ajan Kore Fanmi yo kapab bay enfòmasyon ki apwopriye.
 - d. **Tout repons anvan yo.**

8. Kisa yon kesyon ouvè ye?
 - a. **Yon kesyon yon moun ka reponn nan plizyè fason diferan.**
 - b. Yon kesyon pou ki reponn avèk “wi” oswa “non”.
 - c. Yon kesyon ki pa kapab reponn kòrèkteman.
 - d. Yon kesyon ki gen yon sèl repons kòrèk.

9. Kilès nan sa ki anba la yo ki se youn nan 5 Prensip pou Bay Konsèy Ajan Kore Fanmi yo bezwen swiv pou fè yon vizit nan kay ki bay bon jan rezilta?
 - a. Dèle.
 - b. Politès.
 - c. Ijyèn.
 - d. **Kenbe Sekrè.**

10. Kisa ki **PA** youn nan etap pou fè yon vizit nan kay?
 - a. Lave men.
 - b. **Enspekte kay la pou ijyèn.**
 - c. Pale sou pwoblèm sante.
 - d. Fikse yon dat pou retounen ankò.

SESYON 13

EVALYASYON AK BWAT KESYON SEKRÈ YO



Metòd: Diskisyon an gwo gwoup ak evalyasyon alekri



Kantite Tan: 30 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- Bay remake sou fòmasyon an.



Preparasyon

- Si ou planifye pou fè evalyasyon ki fet nan pale l, ekri kesyon evalyasyon ki nan etap 3 sou gwo fèy papye a oswa sou papye kaye nèt. Kite espas apre chak kesyon pou ou kapab note repons patisipan yo.
- Prepare Bwa Kesyon Sekrè yo.



Materyèl yo

- Kesyon evalyasyon ki ekri sou gwo fèy papye a oswa sou papye kaye nèt (si w ap planifye pou fè evalyasyon an aloral)
- Fòm evalyasyon nan paj 98–99 Liv Patisipan an (si w ap planifye pou fè patisipan yo fè evalyasyon an alekri)
- Lis Tout Sa Pou Ajan Kore Fanmi la Fè pou Bon Jan Mwayen pou Pale nan paj 28 Liv Patisipan
- Gwo fèy papye oswa papye kaye nèt
- Makè



KONSÈY: Ou kapab fè evalyasyon an a loral (etap 1–3), oswa mande patisipan yo pou yo detache ak ranpli fòm evalyasyon ekri a ki nan liv yo a.

Men avantaj ki genyen lè ou fè yon evalyasyon aloral: menm patisipan ki pa gen bon bon jan fason pou li ak ekri kapab patisipe san pwoblèm; lè ou poze kesyon yo aloral sa ka kreye diskisyon ki itil; evalyasyon aloral la ka pran mwens tan pase evalyasyon alekri a.

Men avantaj ki genyen lè ou mande patisipan yo pou fè yon evalyasyon alekri: patisipan ki timid yo pi ka bay remake yo alekri pase aloral; patisipan yo ka bay remake ki pi onèt si yo reponn alekri poukont yo olye yo fè sa pou tout moun ka wè.



ETAP YO



20 minit

1. Di patisipan yo mèsì poutèt yo angaje epi yo aktif nan fòmasyon jodi a.
2. Di patisipan yo ou ta renmen konnen sa yo panse sou fòmasyon sa a. Wap itilize kòmantè ak remak pou evalye ak rann fòmasyon pi devan yo vin pi bon, si li nesèsè.
3. Si ou chwazi fè evalyasyon an aloral, poze patisipan yo kesyon ki endike anba la yo, epi note repons yo sou gwo fèy papye a (oswa sou papye kaye nòt la):
 - Ki aktivite fòmasyon ou te renmen pi plis? Poukisa?
 - Ki aktivite fòmasyon ou te renmen mwens? Poukisa?
 - Kisa ou te aprann ki te enpòtan pou itilize nan travay ou?
 - Èske te gen yon bagay ou pa t konprann? Bay egzanp espesyal.
 - Ki rekòmandasyon ou pou rann fòmasyon sa a vin pi bon? Kisa ou ta chanje? (Pa egzanp, ki aktivite, imaj ak foto, elatriye, ou ta renmen chanje?)
 - Ki lòt kòmantè ou genyen?
4. Si ou chwazi pou fè patisipan yo fè evalyasyon an alekri, mande patisipan yo pou jwenn fòm evalyasyon an nan paj 98–99 liv yo, epi pou yo detache li. Li kesyon evalyasyon an byen fò. Mande patisipan yo pou yo fè evalyasyon an. Pandan patisipan yo ap travay, mache nan sal la, epi bay èd, si li nesèsè.
5. Note epi konsève repons yo nan evalyasyon aloral la, oswa ranmase ak konsève fòm evalyasyon alekri yo.



5 minit

6. Felisite patisipan yo poutèt yo fini sesyon fòmasyon sa a.
7. Mande patisipan yo pou jwenn Lis Tout Sa Pou Ajan Kore Fanmi la Fè pou Bon Jan Mwayen pou Pale nan paj 28 liv yo. Mande patisipan yo ki rès kesyon yo genyen ki gen rapò ak responsabilite yo, epi reponn kesyon yo kòm sadwa, oswa mande patisipan ki gen eksperyans yo pou reponn.



5 minit

- 8.** Retire kesyon yo nan Bwa Kesyon Sekrè yo, epi reponn yo kòmsadwa (swa avèk tout gwoup la oswa avèk moun yo apa apre fòmasyon an).
- 9.** Di patisipan yo mèsì pou patisipasyon yo nan fòmasyon an. Di yo mèsì pou travay enpòtan yap fè chak jou a.



LIS TOUT SA AJAN KORE FANMI DWE FÈ LÈ Y AP PALE

nan paj 28 Liv Patisipan

- ☐ Kominike yon fason ki bay bon jan rezilta avèk fanmi yo lè yo montre respè, aprann reyalite fanmi yo ak faktè ki frape konpòtman sante, koute avèk anpil atansyon, ankouraje de moun pale, poze kesyon ouvè.
- ☐ Montre respè pou fanmi yo lè ou chèche konnen yo, lè ou aprann non yo, lè ou ankouraje yo bay lide yo, lè ou koute yo, lè ou kite yo poze kesyon, lè ou konfime konnesans yo, ak lè ou aprann reyalite yo.
- ☐ Sevi ak teknik pou koute lè wap pale avèk fanmi yo, tankou 1) Koute san Bay Repons; 2) Koute epi Poze Kesyon pou Esplikasyon; epi 3) Koute epi Re-espesifye lide yo.
- ☐ Pale a de lè wap pale avèk fanmi yo pou ankouraje yo fè konnen lide ak eksperyans yo, aprantisaj yo, ak opòtinite pou poze kesyon ak refleksyon.
- ☐ Poze kesyon ouvè pou ankouraje de moun pale lè wap pale avèk fanmi yo.
- ☐ Swiv 5 prensip pou bay konsèy lè wap pale avèk manm fanmi yo: 1) kenbe sekre; 2) san patipri; 3) konsiderasyon; 4) onètete; epi 5) respè pou chwa malad la.
- ☐ Swiv etap sa yo pou fè vizit nan kay: 1) entwodiksyon; 2) lave men; 3) rasanble enfòmasyon; 4) bay enfòmasyon; 5) diskite sou posiblite yo; 6) plan-daksyon; epi 7) ranfòsman.
- ☐ Swiv etap sa yo pou fè vizit nan lekòl: 1) Fè yon lis lekòl yo; 2) Travay ansanm avèk direktè/direktris lekòl la pou chwazi sijè a; 3) Prepare sijè a; 4) Prepare materyèl ki nesèsè pou vizit la; 5) Prezante sijè a; 6) Gade si elèv yo konprann.



FÒM EVALYASYON

Ki aktivite fòmasyon ou te renmen pi plis? Pou kisa?

Ki aktivite fòmasyon ou te renmen mwens? Pou kisa?

Kisa ou te aprann ki te enpòtan pou sèvi ak yo nan travay ou?

Èske te gen yon bagay ou pa t konprann? Bay egzanp espesyal.

**Ki rekòmandasyon ou pou rann fòmasyon sa a vin pi bon? Kisa ou ta chanje?
(Pa egzanp, ki aktivite, imaj ak foto, elatriye, ou ta renmen chanje?)**

Ki lòt kòmantè ou genyen?

Mèsi poutèt ou fè evalyasyon sa a.

PRE-TÈS

Non ou: _____

Dat: _____

Seksyon Kominal: _____

ID AKF: _____

Depi konbyen tan ou se yon Ajan Kore Fanmi? _____ /
mwa / lane**Antoure pi bon repons lan pou chak kesyon.**

1. Kisa “Bon Jan Mwayen pou Pale” vle di?
 - a. Moun k ap koute a tandè mesaj la.
 - b. Moun k ap pale a satisfè poutèt yo aprann mesaj la.
 - c. Moun k ap pale a ak moun k ap koute a santi youn konprann lòt.
 - d. Konpòtman an te chanje.
2. Kisa yon Ajan Kore Fanmi bezwen fè pou li ka yon bon kominikatè?
 - a. Montre respè.
 - b. Montre imaj.
 - c. Pale byen fò.
 - d. Aprann mesaj la pakè.
3. Kisa sa vle di “Kominikasyon fas a fas”?
 - a. Fason pou montre respè.
 - b. Koute yon fason ki pozitif.
 - c. Pale aklè, epi poze kesyon.
 - d. Yon konvèsasyon ant 2 oswa plis moun.

- 4. Ki diferans ki genyen ant tande ak koute?**
 - a.** Tande se yon bagay ki fèt nòmalman; koute mande efò.
 - b.** Tande mande efò; koute se yon bagay ki fèt nòmalman.
 - c.** Yo se menm bagay.
 - d.** Tande se yon bagay ki pa fasil; koute se yon bagay ki fasil.

- 5. Ki 3 teknik ki genyen pou koute?**
 - a.** Koute san bay repons, re-espesifye lide yo, poze kesyon pou bay eksplikasyon.
 - b.** Pale aklè; koute yon fason kalm, asire ou konprann.
 - c.** Konnen repons lan, di rezon yo, jwenn yon kòmantè.
 - d.** Okenn nan repons anvan yo.

- 6. Poukisa li enpòtan pou Ajan Kore Fanmi yo aprann bon jan mwayen pou pale ak pou yo bon kominikatè?**
 - a.** Pou moun yo ka swiv enstriksyon Ajan Kore Fanmi yo.
 - b.** Pou moun yo ka jwenn mesaj kòrèk la.
 - c.** Pou moun yo ka fè Ajan Kore Fanmi yo konfyans, ak adopte konpòtman ki bon pou sante yo.
 - d.** Pou moun yo ka vini nan klinik lan lè li nesèsè.

- 7. Poukisa li enpòtan pou Ajan Kore Fanmi yo chèche konnen fanmiki nan kominote yap sèvi yo?**
 - a.** Pou Ajan Kore Fanmi yo konprann difikilte fanmi an genyen.
 - b.** Pou Ajan Kore Fanmi yo konnen nan ki etap chanjman fanmi an ye.
 - c.** Pou Ajan Kore Fanmi yo kapab bay enfòmasyon ki apwopriye.
 - d.** Tout repons anvan yo.

8. Kisa yon kesyon ouvè ye?
 - a. Yon kesyon yon moun ka reponn nan plizyè fason diferan.
 - b. Yon kesyon pou ki reponn avèk “wi” oswa “non”.
 - c. Yon kesyon ki pa kapab reponn kòrèkteman.
 - d. Yon kesyon ki gen yon sèl repons kòrèk.

9. Kilès nan sa ki anba la yo ki se youn nan 5 Prensip pou Bay Konsèy Ajan Kore Fanmi yo bezwen swiv pou fè yon vizit nan kay ki bay bon jan rezilta?
 - a. Dèle.
 - b. Politès.
 - c. Ijyèn.
 - d. Kenbe Sekrè.

10. Kisa ki **PA** youn nan etap pou fè yon vizit nan kay?
 - a. Lave men.
 - b. Enspekte kay la pou ijyèn.
 - c. Pale sou pwoblèm sante.
 - d. Fikse yon dat pou retounen ankò.

PÒS-TÈS

Non ou: _____ Dat: _____

Seksyon Kominal: _____ # ID AKF: _____

Depi konbyen tan ou se yon Ajan Kore Fanmi? _____ /
mwa / lane

Antoure pi bon repons lan pou chak kesyon.

1. Kisa “Bon Jan Mwayen pou Pale” vle di?
 - a. Moun k ap koute a tandè mesaj la.
 - b. Moun k ap pale a satisfè poutèt yo aprann mesaj la.
 - c. Moun k ap pale a ak moun k ap koute a santi youn konprann lòt.
 - d. Konpòtman an te chanje.
2. Kisa yon Ajan Kore Fanmi bezwen fè pou li ka yon bon kominikatè?
 - a. Montre respè.
 - b. Montre imaj.
 - c. Pale byen fò.
 - d. Aprann mesaj la pakè.
3. Kisa sa vle di “Kominikasyon fas a fas”?
 - a. Fason pou montre respè.
 - b. Koute yon fason ki pozitif.
 - c. Pale aklè, epi poze kesyon.
 - d. Yon konvèsasyon ant 2 oswa plis moun.

4. Ki diferans ki genyen ant tande ak koute?
 - a. Tande se yon bagay ki fèt nòmalman; koute mande efò.
 - b. Tande mande efò; koute se yon bagay ki fèt nòmalman.
 - c. Yo se menm bagay.
 - d. Tande se yon bagay ki pa fasil; koute se yon bagay ki fasil.

5. Ki 3 teknik ki genyen pou koute?
 - a. Koute san bay repons, re-espesifye lide yo, poze kesyon pou bay eksplikasyon.
 - b. Pale aklè; koute yon fason kalm, asire ou konprann.
 - c. Konnen repons lan, di rezon yo, jwenn yon kòmantè.
 - d. Okenn nan repons anvan yo.

6. Poukisa li enpòtan pou Ajan Kore Fanmi yo aprann bon jan mwayen pou pale ak pou yo bon kominikatè?
 - a. Pou moun yo ka swiv enstriksyon Ajan Kore Fanmi yo.
 - b. Pou moun yo ka jwenn mesaj kòrèk la.
 - c. Pou moun yo ka fè Ajan Kore Fanmi yo konfyans, ak adopte konpòtman ki bon pou sante yo.
 - d. Pou moun yo ka vini nan klinik lan lè li nesesè.

7. Poukisa li enpòtan pou Ajan Kore Fanmi yo chèche konnen fanmiki nan kominote yap sèvi yo?
 - a. Pou Ajan Kore Fanmi yo konprann difikilte fanmi an genyen.
 - b. Pou Ajan Kore Fanmi yo konnen nan ki etap chanjman fanmi an ye.
 - c. Pou Ajan Kore Fanmi yo kapab bay enfòmasyon ki apwopriye.
 - d. Tout repons anvan yo.

8. Kisa yon kesyon ouvè ye?
 - a. Yon kesyon yon moun ka reponn nan plizyè fason diferan.
 - b. Yon kesyon pou ki reponn avèk “wi” oswa “non”.
 - c. Yon kesyon ki pa kapab reponn kòrèkteman.
 - d. Yon kesyon ki gen yon sèl repons kòrèk.

9. Kilès nan sa ki anba la yo ki se youn nan 5 Prensip pou Bay Konsèy Ajan Kore Fanmi yo bezwen swiv pou fè yon vizit nan kay ki bay bon jan rezilta?
 - a. Dèle.
 - b. Politès.
 - c. Ijyèn.
 - d. Kenbe Sekrè.

10. Kisa ki **PA** youn nan etap pou fè yon vizit nan kay?
 - a. Lave men.
 - b. Enspekte kay la pou ijyèn.
 - c. Pale sou pwoblèm sante.
 - d. Fikse yon dat pou retounen ankò.



Modil 2: Chanjman nan Konpòtman



KONTÈKS

Youn nan wòl ki pi enpòtan yon Ajan Kore Fanmigenyen se ede moun yo aprann konpòtman ki pi bon pou la sante yo, adopte konpòtman sa yo, epitou kontinye pratike konpòtman yo pandan lontan. Pou kapab fè sa, Ajan Kore Fanmi yo fèt pou konprann epi sèvi ak prensip ak pratik chanjman konpòtman. Sa vle di Ajan Kore Fanmi yo fèt pou aprann idantifye etap chanjman ki nan moun yo, idantifye tout sa ki ka anpeche yo pratike konpòtman ki bon pou la sante yo, epitou ede yo pran kontwòl oswa fini ak difikilte sa yo pou yo kapab mennen lavi ki pi bon pou la sante yo a.

Pafwa moun yo kapab chanje konpòtman yo vit. Men souvan, chanjman yon konpòtman pran tan. Menm lè moun yo konprann poukisa ak kijan yo ta dwe chanje konpòtman yo, epi yo gen resous ak ankadreman pou fè chanjman yo, yo ka pa chanje konpòtman yo touswit. Moun yo bezwen souvan plizyè eksperyans ak opòtinite pou eseye yon bon jan fason oswa yon konpòtman tounèf anvan yo adopte chanjman an, epi adopte li nèt.

Nan modil sa a, patisipan yo ap aprann idantifye 5 etap chanjman yo: 1) Pa konnen, 2) Konnen, 3) Vle/Dakò, 4) Fè, epi 5) Temwaye. Yap aprann ki aktivite ki bay pi bon jan rezilta pou ede moun yo ki te yon etap pou ale nan lòt etap la. Yap aprann epi pratike etap pou ankouraje chanjman nan konpòtman, tankou evalyasyon sitiyasyon yon moun, idantifikasyon konpòtman ideyal ki nesèsè, idantifikasyon difikilte, bay èd pou jwenn solisyon, negosyasyon pwochen etap ak konpòtman entèmedyè, epi bay ankadreman pou konpòtman tounèf.



OBJEKTIF YO

Nan fen modil la, patisipan yo ap kapab:

- a.** Dekri 5 etap chanjman konpòtman: Pa konnen, Konnen, Vle/Dakò, Fè, ak Temwaye, epi bay egzanp pou chak.
- b.** Idantifye ki etap chanjman ki nan yon moun, epi kisa Ajan Kore Fanmi yo kapab fè pou ede moun nan sòti nan yon etap pou ale nan pwochen etap la.
- c.** Defini ankourajman chanjman nan konpòtman, epi esplike poukisa li se yon pati enpòtan nan travay Ajan Kore Fanmi a.
- d.** Esplike kisa konpòtman ideyal ak konpòtman entèmedyè ye, epi bay egzanp pou chak.
- e.** Idantifye etap ki nan pwosesis pou ankouraje chanjman nan konpòtman.
- f.** Pratike etap pou bay ankourajman nan chanjman konpòtman.
- g.** Negosye yon objektif lavi ki soti nan plan fanmi.



TAN NESESÈ: 2 jou (8 èdtan ak 35 minit aktivite, plis repo ak repa)



REZIME MODIL LA

Premye Jou

4 èdtan ak 35 minit sesyon fòmasyon yo

Sesyon	Tèks	 Metòd yo	 Kantite Tan
1	Pre-tès	Evalyasyon	<i>30 minit</i>
2	Pou kòmanse nan etap chanjman yo	Seyans refleksyon Diskisyon an gwo gwoup	<i>35 minit</i>
3	Etap chanjman yo	Istwa Jwèt	<i>1 èdtan ak 30 minit</i>
4	Entwodiksyon nan chanjman konpòtman ki negosye	Diskisyon an gwo gwoup Aktivite a de (2)	<i>1 èdtan</i>
5	Etap pou ankourajman nan chanjman konpòtman	Diskisyon an gwo gwoup Pyès teyat	<i>1 èdtan</i>

Dezyèm Jou

3 èdtan ak 30 minit nan sesyon fòmasyon ak 30 minit revizyon

Sesyon	Tèks	Metòd Yo	Kantite Tan
Revizyon	Revize Tèks Premye Jou a	Jwèt kesyon ak repons	30 minit
6	Pratik chanjman konpòtman ki negosye	Pyès teyat Aktivite ant gwo gwoup Aktivite an ti gwoup	2 èdtan ak 30 minit
7	Pos-tès	Evalyasyon	30 minit
8	Evalyasyon ak bwat kesyon sekrè yo	Diskisyon an gwo gwoup Bwat Kesyon Sekrè yo	30 minit

Materyèl yo

Sesyon	 Materyèl yo
Tout sesyon yo	• Liv Fasilitatè • Liv Patisipan • Gwo fèy papye • Makè • Tèp
1	• Kreyon oswa plim • Kopi pre-tès yo
2	• Etap chanjman nan
3	• Istwa, aktivite, ak pratik nan Liv Patisipan
4	• Definisyon ak pratik nan Liv Patisipan
5	• Etap ki ekri sou gwo fèy papye a • Pyès teyat ak Etap ki nan Liv Patisipan an
6	• Pyès teyat ki nan Liv Patisipan an • Kopi lis tout sa pou fè nan obsèvasyon • Afiche li oswa note fich yo • Kreyon oswa plim
7	• Kreyon oswa plim • Kopi pòs-tès yo
8	• Gwo fèy papye oswa papye kaye nèt • Kopi evalyasyon ekri • Bwat Kesyon Sekrè yo



PATI ENPÒTAN YO

- Youn nan pi enpòtan wòl Ajan Kore Fanmi se ede moun yo aprann konpòtman ki pi bon pou la sante yo, adopte konpòtman sa yo, epitou kontinye pratike konpòtman yo pandan lontan.
- Pafwa moun yo kapab chanje konpòtman yo vit. Men souvan, chanjman yon konpòtman pran tan. Menm lè moun yo konprann poukisa ak kijan yo ta dwe chanje konpòtman yo, epi yo gen resous ak ankadreman pou fè chanjman yo, yo ka pa chanje konpòtman yo touswit.
- Genyen 5 etap debaz moun fè pou yo kapab chanje yon konpòtman nèt:
 1. Pa Konnen
 2. Konnen
 3. Vle/Dakò
 4. Fè
 5. Temwaye
- Ajan Kore Fanmi yo fèt pou kapab idantifye nan ki etap chanjman yon moun ye, epitou yo fèt pou kapab idantifye aktivite espesyal k ap ede moun nan kite yon etap pou ale nan pwochen etap la. Aktivite ki bay enfòmasyon egzat ap ede moun yo kite etap 1 pou ale nan etap 2. Aktivite ki ankouraje de moun pale, solisyon pwoblèm, ak negosyasyon, epitou ofri ankadreman san pran souf, ede moun yo sòti nan 3 ak 4 pou ale nan etap 5.
- Ajan Kore Fanmi yo fèt pou bay moun yo ankourajman pou chanje konpòtman yo pou ede moun yo vin gen konpòtman ki pi bon pou la sante yo, epi pratike konpòtman yo pandan lontan. Ankourajman pou chanje konpòtman gen ladan pwopozisyon ti etap oswa konpòtman entèmedyè, idantifikasyon difikilte, bay èd pou jwenn solisyon, epi ofri sipò, pou yon moun pratike pètèt konpòtman ideyal ki bon pou sante, oswa pou pi piti yon konpòtman ki pi bon pou sante pase sa li tap pratike anvan.

SESYON 1 PRE-TÈS



Metòd: Evalyasyon



Kantite Tan: 15 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- Evalye konesans patisipan yo te genyen anvan sou sijè fòmasyon an.



Preparasyon

- Revize kesyon pre-tès la.



Materyèl yo

- Kreyon oswa plim pou tout patisipan yo
- Fotokopi Pre-tès la pou tout patisipan yo



TIP: *Esplike pre-tès la avèk anpil prekosyon sizoka kèk patisipan pa abitye pran tès.*



ETAP YO



15 minit

1. Fè patisipan yo konnen yap pran yon “pre-tès” kounye a. Objektif pre-tès sa a se pa pou jije patisipan yo, men pito pou pi byen konprann sa patisipan yo konnen deja, epitou pou asire fòmasyon sa a ap satisfè bezwen yo. Pre-tès la ap ede evalye tou si fòmasyon sa a bay bon jan rezilta, epitou lap fè li vin pi bon pou fòmasyon pi devan yo.
2. Bay chak patisipan yon fotokopi pre-tès la.
3. Anvan pre-tès la, mande patisipan yo pou yo mete enfòmasyon anlè chak paj egzamen an, epi pou yo remèt li ba ou. Si yon patisipan pa konnen dat egzat li te vin yon CHW, mande li pou ekri ane li te vin yon CHW, epi note jou a kòm “30” ak mwa a kòm “6” (jen).

4. Fè patisipan yo konnen ou pral li kèk kesyon byen fò ki gen rapò ak sijè fòmasyon an. Patisipan yo ap reponn kesyon yo. Pou fè sa, yap antoure nan pi bon repons lan pou chak kesyon ki nan pre-tès yo. Kèk kesyon ap fè patisipan yo deside si yon deklarasyon vrè oswa fò, epitou kèk kesyon ap fè patisipan yo chwazi pi bon repons ki posib la nan yon seri kesyon.
5. Di patisipan yo si yo pa konnen repons pou yon kesyon, yo ta dwe kite kesyon an san repons.
6. Fè patisipan yo konnen wap fè premye kesyon an ansanm.
7. Li premye kesyon an ak repons posib yo byen fò. Mande yon volontè pou reponn, oswa reponn kesyon an poukont ou. Pou reponn kesyon sa a, patisipan yo ta dwe antoure repons ki sou papye yo.
8. Mache vit nan sal la epi al gade pou asire patisipan yo te make repons pou premye kesyon an kòrèkteman.
9. Li rèss kesyon pre-tès la ak repons posib yo byen fò ak dousman, youn alafwa. Repete kesyon yo ak repons posib yo, jan li nesèsè. Apre ou fin li chak kesyon, bay patisipan yo tan pou yo antoure repons lan.
10. Esplike ke nan fen fòmasyon sa a, patisipan yo ap pran egzamen sa a ankò pou wè kisa yo te aprann. Wap revize repons ki kòrèk yo answit.



KONSÈY: *Korije pre-tès yo pandan yon pòz, paske wap bezwen remèt yo ba patisipan yo apre yo fin pran pòs-tès la. Pou nenpòt repons ki pa kòrèk, souliyen repons ki kòrèk la pou patisipan yo ka wè diferans ant move repons yo ak repons ki kòrèk yo.*

KOREKTUM PRE-TÈS

Non ou: _____

Dat: _____

Seksyon Kominal: _____

ID AKF: _____

Depi konbyen tan ou se yon Ajan Kore Fanmi? _____ /
mwa / lane

Antoure pi bon repons lan pou chak kesyon.

1. Le yon moun ap chanje yon abitud pou li adopte yon konpòtman tounèf
 - a. Kòmanse fè chanjman an byen fasil.
 - b. Li dwe pase anpil etap anvan li rive fè chanjman an.**
 - c. Deside pou pa adopte konpòtman tounèf la.
 - d. Adopte konpòtman tounèf la sèlman si li fasil pou fè.
2. Mete 5 etap pou chanje konpòtman yo an od:
 - a. Inyorans, Konesans, Ap vin gen bon jan fason, Pratik, Aksyon.
 - b. Pa konnen, Konnen, Vle/Dakò, Fè, Temwaye.**
 - c. Konnen pwoblèm nan, Idantifye solisyon yo, Aksepte solisyon an, Aksyon, Kontinyasyon.
 - d. Okenn nan repons anvan yo.
3. Kiles nan etap chanjman konpòtman sa yo kise se 2yem etap “konnen”:
 - a. Moun nan eseye konpòtman tounèf la pou premye fwa.
 - b. Moun nan di li pa kapab adopte konpòtman tounèf la.
 - c. Moun nan aprann konpòtman ak avantaj pou pratike konpòtman an.**
 - d. Moun nan prepare ak pare li pou pratike konpòtman tounèf la.

4. Pami fraz sa yo, jwenn 4yem etap “Fe” chanjman konpotman an:
 - a. Moun nan poze plis kesyon sou konpòtman an.
 - b. Moun nan prepare ak pare pou pratike konpòtman an.
 - c. Moun nan deside li pa vle pratike konpòtman tounèf la.
 - d. **Moun nan eseye konpòtman tounèf la pou premye fwa epi li envite lot moun adopte konpotman nan paske li we enpotans li.**
5. Nan 5eme etap “Temwaye” moun lan adopte yon konpotman tounèf si:
 - a. Moun nan rejte konpòtman an, epi li pa pratike li.
 - b. Moun nan poze kesyon sou konpòtman an.
 - c. Moun nan eseye konpòtman tounèf la pou premye fwa.
 - d. **Moun nan pratike konpòtman tounèf la pandan lontan.**
6. Pami fraz sa yo jwenn 2yem etap chanjman konpotman an “Dako”:
 - a. Yon jèn gason sèvi ak yon kapòt pou premye fwa pandan l ap fè bagay pou pwoteje tèt li kont maladi moun pran nan fè bagay.
 - b. **Yon jèn gason aprann si li sèvi ak kapòt chak fwa l ap fè bagay sa ap pwoteje li kont maladi moun pran nan fè bagay.**
 - c. Yon jèn gason pa konnen kapòt bay pwoteksyon kont maladi moun pran nan fè bagay.
 - d. Yon jèn gason sèvi ak kapòt chak fwa l ap fè bagay.
7. Kilès ki se yon egzanp 4yèm etap chanjman: fè?
 - a. Yon manman pa konnen ou kapab gen kolera lè ou bwè dlo kontamine.
 - b. Yon manman pirifye tout dlo fanmi an ap bwè, chak jou.
 - c. **Yon manman eseye pirifye dlo nan kay la pou premye fwa.**
 - d. Yon manman aprann ou kapab pa pran kolera si ou pirifye tout dlo potab.

8. Kisa Ajan Kore Fanmi la kapab fè pou ede yon moun kite etap 2 “Konnen” pou ale nan etap 3 “Vle/Dakò”?
 - a. **Pale avèk moun nan pou ede li idantifye difikilte, epi jwenn solisyon pou difikilte yo.**
 - b. Vizite moun nan pwochen mwa a, epi mande si moun nan te eseye konpòtman an.
 - c. Bay moun nan yon bwochi oswa yon tiliv ki gen enfòmasyon sou konpòtman an.
 - d. Esplike sa moun nan dwe fè pou pratike konpòtman an kòrèkteman.
9. Kisa Ajan Kore Fanmi la kapab fè pou ede yon moun toujou kontinye pratike konpòtman kap bon pou yo pandan lontan?
 - a. Idantifye difikilte moun nan genyen yo, epi ede moun nan jwenn solisyon ak fini ak difikilte yo.
 - b. Fè vizit regilye lakay ou pou fè swivi ak pou ogmante avantaj konpòtman tounèf la.
 - c. Idantifye lòt manm fanmiki kapab sipòte konpòtman tounèf la.
 - d. **Fè tout bagay sa yo.**
10. Kisa ankourajman pou chanje konpòtman ye?
 - a. Ajan Kore Fanmi la pwomèt pou pa deranje moun nan si moun nan ap adopte konpòtman tounèf la.
 - b. Ajan Kore Fanmi la bay moun nan yon rekonpans si moun nan adopte konpòtman tounèf la.
 - c. **Ajan Kore Fanmi la ede moun nan idantifye ak abòde tout sa ki anpeche li pratike konpòtman tounèf la, epitou pou idantifye etap pou pratike konpòtman tounèf la.**
 - d. Ajan Kore Fanmi la pale avèk moun nan de sa ki gen rapò ak avantaj konpòtman tounèf la.

11. Ki diferans ki genyen ant yon konpòtman ideyal ak yon konpòtman entèmedyè?
- a. **Yon konpòtman ideyal pwodui rezilta ki pi bon pou sante.**
 - b. Yon konpòtman ideyal pi fasil pou pratike pase yon konpòtman entèmedyè.
 - c. Yon konpòtman ideyal bay yon rezilta pi vit pase yon konpòtman entèmedyè.
 - d. Yon konpòtman entèmedyè senpleman bon menm jan ak yon konpòtman ideyal.
12. Kilès ki se yon egzanp yon konpòtman ideyal?
- a. **Yon fanm ansent ale nan tout vizit anvan akouchman ki obligatwa yo.**
 - b. Yon fanm ansent ale pou pi piti nan 1 vizit anvan akouchman.
 - c. Yon fanm ansent pa ale nan vizit anvan akouchman yo, sof si li malad.
 - d. Yon fanm ansent pa ale nan okenn vizit anvan akouchman.
13. Kilès ki se yon egzanp yon konpòtman entèmedyè?
- a. Yon fanm ansent planifye pou akouche nan sant sante a.
 - b. Yon fanm ansent akouche lakay li.
 - c. **Yon fanm ansent akouche lakay li avèk èd yon travayè sante ki antrene.**
 - d. Yon fanm ansent akouche lakay li avèk èd manman li.

14. Pandan premye vizit nan kay la, premye etap nan pwosesis ankourajman pou chanjman nan konpòtman an se:
 - a. Di moun nan kisa pou li fè.
 - b. Bay moun nan enfòmasyon tounèf.
 - c. Bay moun nan materyèl l ap bezwen pou pratike konpòtman tounèf la.
 - d. **Evalye sitiyasyon moun nan.**

15. Si yon moun gen pwoblèm pou adopte yon konpòtman tounèf, Ajan Kore Fanmi la ta dwe:
 - a. Ede moun nan lè li montre konpòtman tounèf la.
 - b. **Ede moun nan idantifye difikilte ak solisyon posib pou difikilte yo.**
 - c. Di moun nan lap retounen nan lòt semèn.
 - d. Di moun nan poukisa li dwe pratike konpòtman tounèf la.

16. Si, apre moun nan te eseye yon konpòtman tounèf, li toujou gen pwoblèm pou adopte yon konpòtman tounèf, Ajan Kore Fanmi la ta dwe:
 - a. Di moun nan danje ki genyen lè li pa pratike konpòtman tounèf la.
 - b. **Negosye pou idantifye yon konpòtman entèmedyè moun nan kapab pratike pou li kapab vin gen konpòtman ideyal la pètèt.**
 - c. Negosye avèk moun nan lè li pwomèt vizit ankò nan yon ti tan.
 - d. Di moun nan ou pral fè madanm/mari li konnen li pa adopte konpòtman tounèf la.

17. Kijan Ajan Kore Fanmi la konnen lè li te bay bon jan rezilta nan ankouraje chanjman konpòtman avèk yon moun?
- a. Moun nan mande zanmi ak vwazen li yo pou pratike konpòtman an.
 - b. Moun nan poze anpil kesyon sou konpòtman an.
 - c. Moun nan eseye konpòtman an.
 - d. **Moun nan pratike konpòtman tounèf la pandan lontan.**

SESYON 2

POU KÒMANSE NAN ETAP CHANJMAN YO



Metòd: Seyans Refleksyon ak Diskisyon an gwo gwoup



Kantite Tan: 35 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- a. Dekri 5 etap chanjman konpòtman: Pa konnen, Konnen, Vle/Dakò, Fè, ak Temwaye, epi bay egzanp pou chak.



Preparasyon

- Ekri tout sa ki endike anba la yo sou yon gwo fèy papye:
Etap Chanjman
 1. Pa konnen
 2. Konnen
 3. Vle/Dakò
 4. Fè
 5. Temwaye
- Revize etap definisyon chanjman ak egzanp ki anba la yo.



Materyèl yo

- Etap Chanjman nan paj 46 Liv Patisipan an
- Gwo fèy papye
- Makè
- Tep



ETAP YO



5 minit

1. Di patisipan yo:

Youn nan pi enpòtan wòl yon Ajan Kore Fanmi se ede moun yo aprann konpòtman ki pi bon pou sante yo, adopte konpòtman sa yo, epitou kontinye pratike konpòtman yo pandan lontan. Pou kapab fè sa, ou fèt pou konprann epi sèvi ak prensip ak pratik chanjman konpòtman. Sa vle di ou fèt pou aprann idantifye nan ki etap chanjman moun yo ye, ede moun yo idantifye pi bon posiblite pou sitiasyon yo, epitou bay ankourajman pou chanjman nan konpòtman ki pi bon pou sante.

Pafwa moun yo kapab chanje konpòtman yo vit. Men souvan, chanjman yon konpòtman pran tan. Menm lè moun yo konprann poukisa ak kijan yo ta dwe chanje konpòtman yo, epi yo gen resous ak ankadreman pou fè chanjman yo, yo ka pa chanje konpòtman yo imedyatman. Moun yo bezwen souvan plizyè eksperyans ak opòtinite pou eseye yon bon jan fason oswa konpòtman tounèf anvan yo adopte chanjman an, epi adopte li nèt.

2. Mande patisipan yo:

- Nan kòmansman fòmasyon sa a, ou te bay kèk egzanp konpòtman ki bon pou sante. An nou retounen sou yo kounye a. Ki egzanp **konpòtman ki bon pou sante** moun yo ta dwe pratike pou yo ka rann sante yo ak fason yap viv la vin pi bon (bagay yo ta dwe FÈ)?
(*Patisipe nan vizit anvan akouchman, akouchman nan sant sante a olye lakay yo, ba tibebe yo tete olye ou bay yo lèt anpoud bebe, vaksinen timoun yo, itilize metòd pou pa ansent, moustikè, ak kapòt, lave men souvan, pa fimèn, pa bwè twòp kleren, elatriye.*)

3. Di patisipan yo:

Pou kapab aprann manm kominote a kijan pou yo adopte konpòtman ki pi bon pou sante yo, li enpòtan pou konprann pwosesis entèn yon moun fè pou li kapab chanje yon konpòtman ak pou kontinye pratike konpòtman an pandan lontan.

Pou konprann pwosesis sa a, n ap fè yon seyans refleksyon ansanm.



5 minit

4. Mande patisipan yo pou yo fèmen zye yo epi pou yo rilaks. Li deklarasyon ak kesyon ki anba la yo byen fò epi aklè, epi pran pòz pandan plizyè segonn ant chak deklarasyon ak kesyon pou patisipan yo ka jwenn tan pou yo panse ak reflechi:

- Reflechi sou yon moman lè ou te vle chanje yon bagay ou tap fè, lè ou te vle chanje yon konpòtman ou tap pratike.
- Reflechi etap-pa-etap nan pwosesis ou te fè (oswa ou ka toujou ap fè) ant lè ou te gen lide chanjman konpòtman sa a, ak lè ou te chanje konpòtman an, ak lè ou te fè li nèt.
- Kisa ou vle chanje?
- Èske ou te jwenn èd pou fè chanjman an? Kisa ki te ede ou chanje?
- Ki difikilte ou te jwenn?
- Kijan ou te pran kontwòl yo?
- Èske ou te kapab kontinye konpòtman tounèf la?
- Si ou te kapab, kisa ki te ede ou fè sa?
- Si se pa sa, pou ki sa?



10 minit

5. Mande patisipan yo pou yo louvri zye yo. Mande pou kèk volontè fè konnen seyans refleksyon yo pandan yon ti tan.



15 minit

6. Afiche gwo fèy papye ou te prepare a. Di patisipan yo:

Lè moun yo adopte konpòtman tounèf, anjeneral yo fè yon seri etap. Chak etap depann de etap ki anvan li a. Ou te ka remake sa pandan seyans refleksyon ou, oswa lè ou te fèk tande brase-lide kamarad yo kounye a. Kounye a, n ap aprann etap sa yo avèk plis detay.

Men Etap Chanjman yo:

1. Pa Konnen
2. Konnen
3. Vle/Dakò
4. Fè
5. Temwaye

7. Mande patisipan yo pou jwenn Etap Chanjman yo nan paj 46 liv yo. Mande yon volontè pou li premye etap la ak definisyon li byen fò. Answit, mande volontè yo pou bay kèk egzanp etap la, swa nan seyans refleksyon yo, oswa nan lòt eksperyans yo. Fè pwosesis sa a ankò pou chak etap:

1. **Pa konnen** – Moun nan pa menm konnen konpòtman an.

(Yon fanm ansent pa konnen vizit anvan akouchman yo disponib nan sant sante a, epi li pa konnen si li ale nan vizit yo sa ap ede li rete an sante pandan gwosès la.)

(Yon manman ansent pa konnen lè li ba tibebe yo lèt anpoud bebe sa pa bon pou sante tibebe yo menm jan ak lè li ba tibebe yo tete; li panse lekòtrè a vrè, epi li planifye pou ba tibebe li lèt anpoud.)

(Yon jèn gason gen anpil patnè seksyèl, epi li pa sèvi ak kapòt, men li pa konnen konpòtman sa a pa bon pou sante li, epi sa mete limenm ak patnè li yo an danje.)

(Yon paran pa konnen li kapab itilize moustikè pou ede li pa gen malarya.)

(Patisipan yo ka bay lòt egzanp.)

2. **Konnen** – Moun nan konnen konpòtman an, men li poko pratike li; menmsi li ka anvizaje li.

(Yon fanm ansent konnen gen vizit anvan akouchman ki disponib nan sant sante a, epi li ta dwe ale nan vizit yo, men li pa ale.)

(Yon fanm ansent te aprann lè li ba tibebe yo lèt anpoud bebe sa pa bon pou sante tibebe a menm jan ak lè li ba tibebe a tete, men li toujou gen plan pou bay nouvo tibebe a lèt anpoud bebe.)

(Yon jèn gason konnen si li gen anpil patnè seksyèl epi si li pa sèvi ak kapòt sa ap mete limenm ak patnè li yo an danje, men li pa sèvi ak kapòt.)

(Yon paran vin konnen li kapab itilize moustikè pou ede anpeche malarya, men li pa itilize yon moustikè.)

(Patisipan yo ka bay lòt egzanp.)

3. **Vle/Dakò** – Moun nan vin konnen konpòtman an, epi li anvizaje pratike konpòtman an; moun ka pran yon desizyon, li ka planifye fason pou fè sa, epitou moun nan ka gen bagay li bezwen pare pou li ka kòmanse pratik la.

(Yon fanm ansent te jwenn yon vwazen ki kapab bay li yon woulib pou ale nan sant sante a, epi li te mande mari li pèmisyon pou ale nan vizit anvan akouchman yo, men li potko ale nan vizit yo.)

(Yon fanm ansent te ale nan sant sante a, epi li te vin konnen yon sesyon y ap ofri li sou fason pou ba tibebe li tete, epi li fè plan pou ale, men li potko kòmanse ba tibebe li tete a.)

(Yon jèn gason te ale nan sant sante a, epi li te pran kapòt, epitou li te aprann kijan pou sèvi ak kapòt yo, men li potko sèvi ak kapòt yo.)

(Yon paran te resevwa yon moustikè nan men Ajan Kore Fanmi zòn nan, epi li te aprann kijan pou itilize moustikè a, men li potko itilize li.)

(Patisipan yo ka bay lòt egzanp.)

4. **Fè** – Moun nan te kòmanse pratike konpòtman an.

(Yon fanm ansent te ale nan yon vizit anvan akouchman pou premye fwa.)

(Yon manman te kòmanse bay nouvo tibebe li tete olye li te ba tibebe a bwè lèt anpoud bebe jan li te planifye a.)

(Yon jèn gason te kòmanse sèvi ak kapòt chak fwa l ap fè bagay.)

(Yon paran te enstale yon moustikè pou timoun piti li yo, epi li te itilize moustikè a pandan yon semèn.)

(Patisipan yo ka bay lòt egzanp.)

5. **Temwaye** – Moun nan kontinye pratike konpòtman an pandan lontan.

(Yon fanm ansent te fè 3 vizit anvan akouchman, epi li te deside kontinye ale, epitou li gen plan pou akouche nan sant sante a.)

(Yon manman toujou ba tibebe li tete chak jou pandan 6 mwa, epi li pa ba tibebe a lèt anpoud bebe.)

(Yon jèn gason te kòmanse sèvi ak kapòt chak fwa l ap fè bagay.)

(Yon paran te enstale moustikè pou tout moun ki nan fanmi li, epi yo itilize moustikè yo chwa chak lannwit.)

(Patisipan yo ka bay lòt egzanp.)

8. Mande patisipan yo pou yo reflechi ankò sou seyans refleksyon yo. Mande kèk volontè pou yo esplike seyans refleksyon yo ankò, fwa sa a avèk etap chanjman pou dekri brase-lide yo. Ede volontè yo, jan li nesèsè.

9. Mande patisipan yo:

- Lè Ajan Kore Fanmi yo konnen etap chanjman an, kijan sa kapab ede yo lè yap travay avèk fanmi yo pou ankouraje konpòtman ki pi bon pou sante yo?

(Sa ede Ajan Kore Fanmi la konprann chanjman konpòtman an se yon chanjman ki fèt ofi-amezi, epi moun yo bezwen tan ak ankadreman san pran souf pou yo kapab fè chanjman yo nèt.)

(Sa ede Ajan Kore Fanmi la pran pasyans, epitou sa ede Ajan Kore Fanmi la pa pèdi lespwa avèk moun ki pran anpil tan pou chanje konpòtman yo.)

(Lè Ajan Kore Fanmi la konprann nan ki etap yon moun ye, sa kapab ede li deside ki mesaj oswa apwòch kominikasyon pou itilize nan yon vizit patikilye. Pa egzanp, si yon moun nan etap pa konnen, li apwopriye pou bay enfòmasyon yo. Si yon moun nan etap Vle/Dakò, li apwopriye pou bay ankadreman moral ak ankourajman, ak yon chans pou mete tout bon jan fason yo an pratik, elatriye.)

(Lè Ajan Kore Fanmi yo rekonèt gen anpil etap, sa ede yo vin konprann yo ka bezwen fè plizyè vizit pou gen siksè nan ede moun nan adopte yon konpòtman tounèf.)

(Patisipan yo ka site lòt lide.)

SESYON 3

ETAP CHANJMAN YO



Metòd: Istwa ak Jwèt



Kantite Tan: 1 èdtan ak 30 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- b. Idantifye ki etap chanjman ki nan yon moun, epi kisa Ajan Kore Fanmi yo kapab fè pou ede moun nan sòti nan yon etap pou ale nan lòt etap la.



Preparasyon

- Revize istwa a, kesyon sou istwa a, ak modèl repons ki ekri anba la a.
- Revize Aktivite Ajan Kore Fanmi la pou Etap Chanjman ki ekri anba la a.



Materyèl yo

- Istwa Jan nan paj 48–50 Liv Patisipan an.
- Aktivite Ajan Kore Fanmi pou Etap Chanjman nan paj 51–52 Liv Patisipan an
- Pratik Etap Chanjman nan paj 60–61 Liv Patisipan an
- Gwo fèy papye
- Makè
- Tep



ETAP YO



5 minit

1. Di patisipan yo:

Pou ka ede yon moun chanje yon konpòtman ki pi bon pou sante li, sa ede ou kapab we nan ki etap chanjman moun nan ye nan moman an. Sa ap ede ou deside kisa moun nan bezwen pou li ka sòti nan etap li ye a nan moman an, pou ale nan lòt etap la, ak fason ou kapab pi byen ede moun nan avanse.

2. Fè patisipan yo konnen ou pral li byen fò yon istwa ki montre yon fanmi kap fè etap chanjman. Patisipan yo kapab swiv ansanm sou paj 48–50 liv yo pandan wap li a, oswa senpleman yo kapab fèmen zye yo pou koute.
3. Li istwa Jan an byen fò dousman epi aklè, de (2) fwa, oswa mande yon volontè pou li istwa a.
4. Fè patisipan yo konnen kounye a yo pral pratike idantifikasyon etap chanjman lè yo egzamine istwa a. Mande patisipan yo pou yo separe an ti gwoup, epi chak gwoup dwe genyen 4 oswa 5 patisipan (diferan gwoup nan aktivite anvan yo). Mande tout moun pou jwenn istwa Jan an nan paj 48–50 liv yo.
5. Mande gwoup yo pou li istwa a ankò, epi diskite sou istwa a ak reponn kesyon yo. Gwoup yo ap gen 20 minit pou travay:
 - Nan ki pati istwa a Jan ye nan chak etap chanjman an (etap 1, 2, 3 4, ak 5)?
 - Pandan chak etap, kisa Ajan Kore Fanmi yo ki nan istwa a te fè pou ede Jan sòti nan yon etap pou ale nan lòt etap la?
 - Ki lòt bagay Ajan Kore Fanmi yo te ka fè pou ede Jan ak fanmi li kòmanse sèvi ak moustikè, epi kontinye sèvi ak yo pandan lontan?
 - Kijan konpòtman Jan frape konpòtman kouzen li ak vwazen yo? Poukisa sa enpòtan?



20 minit

6. Bay gwoup de 20 minit pou travay. Pandan gwoup yo ap travay, mache nan sal la pou asire gwoup yo konprann sa pou yo fè a, epitou pou asire yap fè pwogrè. Bay gwoup yo avètisman 10 minit, avètisman 5 minit, ak avètisman 1 minit.



20 minit

7. Mande ti gwoup yo pou sispann travay. Mande yon gwoup pou bay repons pou de (2) premye kesyon ki anba la yo. Kenbe tout repons enpòtan yo, epi answit mande si lòt gwoup yo gen yon lòt bagay pou ajoute. Fè menm jan an ankò pou rèz kesyon yo, pou mande yon lòt gwoup chak fwa, epitou ede oswa korije repons yo, jan li nesesè:
 - Nan ki pati istwa a Jan nan etap 1 (Pa konnen)?
(*Nan kòmansman, anvan li vin konnen moustikè*)

- Kisa Ajan Kore Fanmi yo ki nan istwa a te fè pou ede Jan sòti nan etap 1 (Pa konnen) pou ale nan etap 2 (Konnen)?
(Ajan Kore Fanmi yo te bay enfòmasyon nan pòs rasanbleman an.)
- Nan ki pati istwa a Jan nan etap 2 (Konnen)?
(Lè madanm Jan, Clenard, fè Jan konnen li te vin konnen moustikè nan pòs rasanbleman an, ak lè Ajan Kore Fanmi la vizite kay la nan semèn apre a, epitou lè Ajan Kore Fanmi la esplike kijan li enpòtan pou sèvi ak moustikè.)
- Kisa Ajan Kore Fanmi la te fè pou ede Jan sòti nan etap 2 (Konnen) pou ale nan etap 3 (Vle/Dakò)?
(Pandan vizit nan kay la, Ajan Kore Fanmi la te esplike fason pou sèvi moustikè yo ede moun yo pa pran malarya, ak fason pou sèvi ak moustikè yo ta ka ede fanmi yo rete an sante; Ajan Kore Fanmi la te bay ase moustikè pou Jan ak fanmi li, epitou li montre Jan kijan pousèvi ak moustikè yo.)
- Nan ki pati istwa a Jan nan etap 3 (Vle/Dakò)?
(Lè Jan te konnen Ajan Kore Fanmi la bay enfòmasyon ki enpòtan pou fanmi li, lè Jan resevwa moustikè yo nan men Ajan Kore Fanmi a, lè Jan kroke moustikè yo, ak lè Jan montre timoun yo kijan pou yo rantrè anba moustikè yo.)
- Nan ki pati istwa a Jan nan etap 4 (Fè)?
(Lè limenm ak fanmi li kòmanse sèvi ak moustikè yo, ak lè li remake avantaj ki genyen nan sèvi ak moustikè yo.)
- Kisa Ajan Kore Fanmi la te fè pou motive Jan pou sòti nan etap 3 (Vle/Dakò) pou ale nan etap 4 (Fè)?
(Li te bay Jan moustikè; li te bay enfòmasyon sou fason moustikè yo pwoteje moun kont malarya; li te pale sou malarya ak sou sante fanmi an nan yon fason ki te enpòtan pou Jan ak pou fanmi li; elatriye.)
- Nan ki pati istwa a Jan nan etap 5 (Temwaye)?
(Jan pa te rive nan etap 5 (Temwaye). Nan fen istwa a, fanmi Jan te sispann sèvi ak moustikè yo souvan, menmsi Jan anvizaje fè fanmi li kòmanse sèvi ak moustikè yo ankò.)
- Kisa Ajan Kore Fanmi la te fè pou ede Jan sòti nan etap 4 (Fè) pou ale nan etap 5 (Temwaye)?
(Anyen, li pa te retounen lakay Jan ankò apre li te fin bay Jan moustikè yo.)

- Ki lòt bagay Ajan Kore Fanmi te dwe fè pou ede Jan ak fanmi li pou kontinye sèvi ak moustikè yo, epi pou yo ale nan etap 5 (Temwaye)?

(Vizite fanmi an souvan pou wè si fanmi an tap sèvi ak moustikè yo, epi pandan chak vizit, mande yo kijan sa ap mache, epitou ankouraje yo pou kontinye sèvi ak moustikè yo.)

(Fè lwanj pou fanmi an si li toujou byen sèvi ak moustikè a.)

(Ede fanmi an reflechi sou solisyon posib pou pwoblèm avèk moustikè yo (tankou fason pou rete fre), elatriye.)

(Òganize yon reyinyon kominotè pou kòmanse pale ak manm kominote a sou enpòtans pou yo sèvi ak moustikè yo, pou vwazen yo kapab yon ankadreman youn pou lòt.)

(Mete afich nan espas piblik pou fè moun yo sonje enpòtans sa genyen pou yo sèvi ak moustikè yo.)

- Kijan konpòtman Jan frape konpòtman kouzen li ak vwazen yo? Poukisa sa enpòtan?

(Yo te kòmanse sèvi ak moustikè yo lè yo te remake kijan moustikè yo te anpeche fanmi an vin malad.)

(Li pi fasil pou moun yo pran ak sipòte konpòtman ki bon pou la sante si yo jwenn sipò nan men fanmi, vwazen yo, ak zanmi yo.)

(Kominotè a ap viv pi byen an sante le yo simaye mesaj la sou fason pou yo sèvi ak moustikè yo nan fanmi yo, nan vwazinaj la.)



15 minit

8. Di patisipan yo:

Li enpòtan pou ou kapab chache konnen nan ki etap chanjman yon moun ye, pou ou kapab bay moun nan sa li bezwen pou li kapab sòti nan yon etap pou ale nan lòt etap la. Lè ou se Ajan Kore Fanmi, wap fè anpil aktivite. Kèk nan aktivite sa yo travay pi byen pou ede moun yo fè etap chanjman yo pi bonè, epitou kèk lòt travay pi byen pou dènye etap chanjman yo. Pa egzanp, aktivite ki bay enfòmasyon yo kapab ede moun yo sòti nan etap 1 pou ale nan etap 2. Aktivite ki bay ankadreman san pran souf ak verifikasyon kapab ede moun yo sòti nan etap 4 pou ale nan etap 5. Kèk aktivite byen mache pou tout etap yo.

9. Poze patisipan yo kesyon sa yo epi pran kèk repons volontè:

- Selon eksperyans ou te fè anvan yo, epi selon sa ou aprann nan fòmasyon sa a, ki kalite aktivite ki ta kapab byen mache pou ede fanmi yo sòti nan etap 1 (Pa konnen) pou ale nan etap 2 (Konnen)?
(Aktivite ki bay enfòmasyon ak devlope sansibilizasyon, pa egzanp: ekspozisyon kominotè, prezantasyon, oswa jwèt; pale avèk gwoup moun ak chak moun apa nan pòs rasanbleman yo; sesyon edikasyon pandan reyinyon kominotè yo; mesaj nan radyo; afich; vizit nan kay ak konsèy pou chak fanmi apa; edikasyon pandan gwoup ankadreman pou manman oswa pou jèn yo; elatriye.)

(Aktivite ki bay ankourajman epi ki ede fanmi yo diskite sou avantaj konpòtman an, pa egzanp: diskisyon an gwoup; konsèy pou chak moun apa pandan vizit nan kay; demonstrasyon; aktivite an gwoup; negosyasyon avèk chak manm fanmi apa; elatriye.)

- Ki kalite aktivite ki ta ka byen mache pou ede fanmi yo fè etap 3 (Vle/Dakò) ak etap 4 (Fè)?
(Aktivite ki ankouraje negosyasyon ak pale a de, pa egzanp: pale youn-ak-youn pandan vizit nan kay pou ede idantifye difikilte, epi brase-lide pou jwenn solisyon posib yo; diskisyon avèk manm fanmi ki gen enfliyan, negosyasyon pou idantifye etap moun nan bezwen fè pou li ka kòmanse pratike konpòtman an, bay èd pou moun nan fè premye etap la, konsèy pou ede moun nan fikse objektif yo, elatriye.)

(Aktivite ki ankouraje lwanj, epi ogmante avantaj konpòtman tounèf la, pa egzanp: ofri felisitasyon ak lwanj, yon gwoup ankadreman pou tout moun kap eseye konpòtman tounèf la, reyinyon kominotè, elatriye.)

- Ki kalite aktivite ki ta ka byen mache pou ede fanmi yo ale nan etap 5 (Temwaye)?
(Aktivite ki bay ankadreman san pran souf, pa egzanp: vizit regilye nan kay pou swivi, verifikasyon, epi ogmante avantaj konpòtman tounèf la, idantifikasyon lòt manm fanmi oswa zanmi ki kapab kontinye sipòte konpòtman tounèf la, kèk fòm rekonesans pou konpòtman an, lwanj ak ankourajman san pran souf, elatriye.)

10. Mande tout moun pou jwenn enfòmasyon sou Aktivite Ajan Kore Fanmi la pou Etap Chanjman yo nan paj 51–52 liv yo. Mande yon volontè pou li enfòmasyon yo pou etap 1 byen fò, epi answit pran kesyon oswa kòmantè patisipan yo pandan yon ti tan. Fè menm bagay la ankò pou chak etap.



15 minit

11. Fè patisipan yo konnen yo pral pratike revizyon etap chanjman lè yo jwe yon jwèt rapid. Mande patisipan yo pou yo separe an ekip ki gen 4–5 patisipan (menm ti gwoup ou te itilize pou istwa a). Fè patisipan yo konnen gwoup yo pral fè konpetisyon pou wè ki gwoup ki kapab idantifye pi gwo kantite etap chanjman yo kòrèkteman.
12. Mande gwoup yo pou jwenn Pratik Etap Chanjman yo nan paj 60–61 Liv Patisipan yo. Li deklarasyon pratik yo byen fò. Answit, esplike jwèt la:
 - Pou chak deklarasyon, diskite avèk ekip la nan ki etap chanjman moun nan ye. Ekri nimewo a toupre deklarasyon an.
 - Wap gen 10 minit pou travay.
13. Di ekip yo pou yo kòmanse travay. Pandan ekip yo ap travay, mache nan sal la pou ka wè si ekip yo ap fè pwogrè. Bay ekip yo avètisman 5 minit ak avètisman 1 minit.



15 minit

14. Mande ekip yo pou sispann travay.
15. Mande yon ekip pou bay repons pou premye deklarasyon an. Si repons lan pa kòrèk, mande lòt ekip yo pou reponn. Mande ekip yo pou esplike repons yo lè yo idantifye tout etap chanjman anvan ak etap chanjman apre, pou yo ka wè si repons yo nan plas yo.
16. Lè ekip yo fin bay tout repons yo, mande ekip yo pou yo konte kantite repons kòrèk yo. Deklare ekip ki genyen jwèt la.
17. Di patisipan yo:

Manda nou tap diskite a, pou kapab ede yon moun adopte yon konpòtman ki pi bon pou sante li, ou dwe chèche konnen nan ki etap moun nan ye nan moman an, pou ou kapab kòmanse nan etap la, epitou pou ede moun nan ale nan etap 5.
18. Mande patisipan yo:
 - Kijan ou kapab konnen nan ki etap yon moun ye?
(Pale avèk moun nan youn-a-youn, mande l sa li konnen sou sijè a, mande si moun nan te janm eseye konpòtman tounèf la, epi si li te kòmanse konpòtman an, mande sa ki te pase, elatriye.)

19. Fè rezime lè ou di patisipan sa yo sa ki anba la a:

Pandan ou tap gade, pou kapab sipòte fanmi yo nan chanje konpòtman ki pi bon pou la sante yo, ou dwe fè vizit lakay yo souvan, ankouraje de moun pale avèk chak manm fanmi apa, epitou ofri ankourajman ak ankadreman san pran souf, menm apre manm fanmi an te kòmanse konpòtman tounèf la. Sa ap ede ou fè fanmi yo sonje enpòtans konpòtman an, epitou sa ap ede ou toujou motive yo pou yo kontinye konpòtman an.

Ou kapab mete afich yo tou nan espas piblik, ak òganize gwoup sipò pou ankouraje de moun pale pou manm kominote ki te adopte menm konpòtman an kapab bay ankadreman youn pou lòt. Nan fason sa a, wap ede rann sante jeneral kominote a vin pi bon.



ISTWA JAN

nan paj 48–50 Liv Patisipan an



Jan ap viv avèk fanmi li toupre yon ti lak nan Latibonit. Gen anpil moustik lakay Jan ki sòti nan dlo-dòmi ki nan lak la. Moun ki nan kominote li a soufri malarya souvan, epi tout 5 pitit Jan yo te soufri avèk malarya pou pi piti yon fwa nan lavi yo.

Yon jou, madanm Jan, Clenard, sòti nan yon pòs rasanbleman, epi li di Jan, Ajan Kore Fanmi ki te nan pòs rasanbleman an te fè konnen tout moun ta dwe dòmi anba yon moustikè pou yo pa gen malarya. Li di Jan Ajan Kore Fanmi yo te esplike kijan moustik yo bay malarya, si yon moustik ki pote malarya a mòde moun, moun sa a kapab gen malarya, epi moustikè yo fè moustik yo kanpe lwen pandan lannwit. Clenard te mande Ajan Kore Fanmi yo yon moustikè, men yo te di li yo pa te gen ankò, epitou li ta dwe ale nan sant sante ki pi pre a sou lòt bò montay la si li te vle jwenn youn.

Nan pwochen semèn nan, Ajan Kore Fanmi zòn nan vini lakay Jan ak fanmili pou pale avèk yo sou fason pou sèvi ak moustikè. Li chita avèk fanmi an, epi li esplike yo kijan lè wap sèvi ak moustikè kapab pwoteje yo kont malarya lè moustikè a anpeche moustik mòde pandan lannwit, moman moustik sòti deyò pi plis. Ajan Kore Fanmi la esplike kijan sa trè enpòtan pou timoun yo ak pou fanm ansent yo, paske malarya kapab sitou danjere pou yo. Jan te wè moun nan kominote li a ki mouri avèk malarya, kidonk li konnen Ajan Kore Fanmi la ap di laverite. Li deside pran konsèy Ajan Kore Fanmi la, paske sante fanmi li trè enpòtan pou li. Ajan Kore Fanmi la bay Jan 2 moustikè, youn pou chak kabann ki nan kay la. Li montre Jan kijan pou enstale ak sèvi ak moustikè yo.

Nan apremidi sa a, Jan enstale moustikè yo avèk madanm li – yon moustikè pou li, madanm li, ak tibebe yo a, epi lòt moustikè ap pou lòt timoun yo. Nan lannwit sa a, li montre timoun yo kijan pou yo antre anba moustikè yo pou moustik pa kapab antre anba moustikè a. Answit, tout fanmi an dòmi anba moustikè yo pandan lannwit lan.



ISTWA JAN

Swit

Aprè Jan fin sèvi ak moustikè yo pandan kèk semèn, li remake timoun yo pa gen mak sou kò yo kote moustik mòde yo, epi okenn ladan yo pa te vin malad. Li pale avèk zanmi ak vwazen li yo de sa ki gen rapò ak moustikè yo, epitou li ankouraje yo pou yo ale nan sant sante a pou yo jwenn moustikè pou pwoteje fanmi yo.

Lè sezon sèk la kòmanse, li vin prèske twò cho pou dòmi pandan lannwit. Pitit Jan yo ap plenyen pou fè konnen yo pa kapab dòmi anba moustikè yo, paske moustikè yo pa kite ti van fre pase. Kounye a, yo sèvi ak moustikè a sèlman si youn nan pi gran timoun yo pran tan pou antre anba moustikè a pandan lannwit. Souvan, Jan ak madanm li tèlman fatige nan lè pou yo dòmi, sa fè yo pa enterese asire si timoun yo ap sèvi ak moustikè yo, epitou Jan ak madanm li pa sèvi ak moustikè pa yo a tou, paske li fè twò cho.

Yon jou, kouzen Jan an, Daniel, sòti nan Plato Santral pou vin vizite yo. Li di li te vini pou di Jan mèsè pou ankourajman li te ba li pou sèvi ak moustikè yo. Daniel te pran konsèy Jan, epi li te resevwa moustikè nan sant sante a. Paske yo te kòmanse sèvi ak moustikè yo depi 6 mwa, pa okenn moun nan fanmi Daniel ki te vin malad avèk malarya. Li di Jan lòt moun ki nan kominote li a remake pitit li yo te rete an sante, alòske pitit pa yo tap pran malarya. Anpil nan vwazen yo te swiv egzanp sa a, epi kounye a yo sèvi ak moustikè pou pwoteje fanmi yo.

Jan sonje avèk ki pasyon li te ankouraje zanmi ak vwazen li yo pou yo sèvi ak moustikè lè fanmi li te fèk kòmanse sèvi ak yo. Li konnen li ta bon pou sante fanmi li pou kontinye sèvi ak moustikè yo. Li konnen tou moustikè yo se yon avantaj, sitou lè li fè cho, epitou si li pa kontinye ankouraje fanmi li, yo pap sèvi ak moustikè yo souvan.

Kesyon

- Nan ki pati istwa a Jan ye nan chak etap chanjman an (etap 1, 2, 3 4, ak 5)?
- Pandan chak etap, kisa Ajan Kore Fanmi yo ki nan istwa a te fè pou ede Jan sòti nan yon etap pou ale nan lòt etap la?
- Ki lòt bagay Ajan Kore Fanmi yo te ka fè pou ede Jan ak fanmi li kòmanse sèvi ak moustikè, epi kontinye sèvi ak yo pandan lontan?
- Kijan konpòtman Jan frappe konpòtman kouzen li ak vwazen yo? Poukisa sa enpòtan?

AKTIVITE AJAN KORE FANMI POU ETAP CHANJMAN

nan paj 51–52 Liv Patisipan an

Etap	Aktivite Apwopriye
Etap 1: Pa konnen Moun nan pa konnen konpòtman an.	Aktivite ki devlope sansibilizasyon epi ki bay enfòmasyon: • Ekspozisyon kominotè, prezantasyon, pyès teyat • Pòs rasanbleman • Sesyon edikasyon kominotè • Radyo • Afich • Vizit nan kay ak konsèy pou chak moun apa • Gwoup sipò pou manman yo, jèn yo, elatriye
Etap 2: Konnen Moun nan tande kichòy sou konpòtman an, epi li konnen sa li ye.	Aktivite ki bay ankourajman epi ki ede fanmi yo diskite sou avantaj konpòtman an: • Diskisyon an gwoup (kozri) • Kat konsèy avèk chak fanmi apa • Diskisyon pandan reyinyon gwoup sipò pou manman yo, jèn yo, elatriye • Vizit nan kay • Demonstrasyon avèk imaj • Aktivite an gwoup pou fanmi an ak pou kominote a • Negosyasyon avèk manm fanmi an ki gen enfliyans (mari, bèlmè, elatriye) pou manm fanmi sa yo ka sipòte chanjman konpòtman an
Etap 3: Vle/Dakò Moun nan vle eseye nouvo konpòtman an, epi li fè etap pou prepare pou kòmanse konpòtman an.	Aktivite ki ankouraje negosyasyon ak pale a: • Pale youn-a-youn pandan vizit nan kay pou ede idantifye difikilte, epi brase lide pou jwenn solisyon posib yo • Diskisyon avèk moun ki renmen ak manm fanmi ki gen enfliyans yo tankou mari yo, manman yo, oswa bèlmè yo pandan vizit nan kay • Negosyasyon pandan vizit nan kay pou idantifye etap moun nan bezwen pou li kapab kòmanse pratike konpòtman an • Idantifikasyon yon konpòtman entèmedyè moun nan kapab kòmanse fè kòm yon premye etap pou pratike konpòtman ideyal la • Ede moun nan fè premye etap la, pa egzanp, ede li enstale yon moustikè, chita avèk yon nouvo manman pandan lap eseye ba tibebe li tete, elatriye

Etap	Aktivite Apwopriye
Etap 4: Fè Moun nan eseye konpòtman an.	Aktivite ki ankouraje lwanj, epi ogmante avantaj konpòtman tounèf la: • Felisitasyon ak lwanj pou moun nan ak pou lòt manm fanmi yo • Gwoup sipò avèk lòt moun kap eseye menm konpòtman tounèf la • Reyinyon kominotè pou ankouraje manm kominote a pou bay sipò • Pwogram nan radyo
Etap 5: Temwaye Moun nan kontinye pratike konpòtman tounèf la pandan lontan	Aktivite ki bay ankadreman san pran souf: • Vizit regilye nan kay pou fè swivi, pou verifye, ak pou ogmante avantaj konpòtman tounèf la • Idantifikasyon lòt manm fanmi oswa zanmi ki kapab kontinye sipòte konpòtman tounèf la • Kèk fòm rekonesans pou konpòtman tounèf la • Lwanj ak ankourajman san pran souf



PRATIK ETAP CHANJMAN

nan paj 60–61 Liv Patisipan an

Kolera

Manman fanmi an sèvi ak Klowòks chak jou pou trete tout dlo pou kwit manje ak pou bwè, kidonk manm fanmi an pa gen kolera. *(Etap 5)*

Yon fanmi pa konnen yo kapab gen kolera lè yo bwè dlo ki pa pwòp, oswa lè yo manje avèk men yo san lave. Fanmi sa a kwè bòkò nan zòn nan responsab pou bay moun yo kolera. *(Etap 1)*

Manman fanmi an ale nan bouk la pou achte Klowòks, epi li lave chodyè yo avèk yon solisyon Klowòks ak dlo. *(Etap 3)*

Manman fanmi an ale nan yon reyinyon kominotè, epi li aprann kijan kolera simaye, epitou li aprann fason pou pa pran maladi a lè li lave men li, pirifyetrete dlo a avèk Klowòks, sèvi ak yon latrin, elatriye. *(Etap 2)*

Manman an pote nan kay la dlo rivyè pou kwit manje ak pou bwè pou jou a, epitou li sèvi dlo a avèk Klowòks, paske li te aprann fè sa nan reyinyon kominotè a. *(Etap 4)*

Vaksinasyon

Nan yon pòs rasanbleman, yon manman aprann kisa vaksinasyon ye, poukisa vaksen yo enpòtan, epitou kilè li ta dwe mennen tibebe li pran vaksen. *(Etap 2)*

Yon manman pa konnen anyen sou vaksinasyon, ak fason vaksen yo pwoteje tibebe yo kont maladi danjere. *(Etap 1)*

Yon manman mennen tibebe li nan pòs rasanbleman an chak mwa jouk lè tibebe a te pran tout vaksen ki nesèsè yo. *(Etap 5)*

Yon manman te vin konnen li ta dwe vaksinen tibebe li, epi tibebe li kapab resevwa vaksen yo nan pòs rasanbleman an chak mwa. Pòs rasanbleman an fèt lwen, kidonk manman an ak patnè a fè aranjman pou pran woulib nan kamyon pè a avèk lòt vwazen ki gen tibebe yo. *(Etap 3)*

Yon manman ale nan pòs rasanbleman an, epi tibebe li te pran vaksen pou premye fwa. *(Etap 4)*

Alètman (ba tibebe tete)

Nouvo manman an eseye ba tibebe li tete lannwit apre vizit Ajan Kore Fanmi a. *(Etap 4)*

Pandan yon vizit nan kay yon jou apre tibebe a fin fèt, Ajan Kore Fanmi zòn nan fè nouvo manman an konnen lèt tete se pi bon manje pou tibebe yo, epi tibebe a ap pi an sante si li bwè lèt tete alapas lèt anpoud tibebe. Ajan Kore Fanmi la chita avèk manman an, epi li esplike avantaj ki genyen nan ba tibebe tete. *(Etap 2)*



PRATIK ETAP CHANJMAN

Swit

Nouvo manman an pale avèk Ajan Kore Fanmi la sou difikilte li ta genyen si li te dwe ba tibebe a tete, paske li dwe travay nan jaden chak jou pandan anpil èdtan. Ajan Kore Fanmi la ede manman an reflechi sou solisyon ki posib pou difikilte yo. *(Etap 3)*

Nouvo manman an kontinye ba tibebe li tete, epi li pa bay ti bebe a lèt anpoud bebe a ankò. *(Etap 5)*

Yon fanm ansent ki pa lwen akouche kwè li pi bon pou ba tibebe li lèt anpoud bebe, paske tout vwazen yo te di li sa. Li pa konnen lèt tete pi bon pou tibebe li. *(Etap 1)*

SESYON 4

ENTWODIKSYON NAN CHANJMAN KONPÒTMAN KI NEGOSYE



Metòd: Diskisyon an gwo gwoup ak Aktivite a de (2)



Kantite Tan: 1 èdtan



Objektif yo

Patisipan yo ap kapab:

- c. Defini ankourajman pou chanjman nan konpòtman, epi esplike poukisa li se yon pati enpòtan nan travay Ajan Kore Fanmi a.
- d. Esplike kisa konpòtman ideyal ak konpòtman entèmedyè ye, epi bay egzanp pou chak.



Preparasyon

- Revize definisyon chanjman konpòtman negosye ak egzanp konpòtman ideyal ak konpòtman entèmedyè ki anba la a.



Materyèl yo

- Definisyon chanjman konpòtman negosye nan paj 54 Liv Patisipan an
- Pratik Konpòtman Ideyal ak Konpòtman Entèmedyè nan paj 55 Liv Patisipan an
- Gwo fèy papyè
- Makè
- Tep



ETAP YO



10 minit

1. Poze patisipan yo kesyon sa ki anba la yo epi ankouraje pou gen yon diskisyon:

- Anpil fwa, nou konnen nou ta dwe fè yon bagay paske li bon pou nou, men èske sa vle di nou dwe fè li?

(Non, anpil fwa nou konnen nou ta dwe fè yon bagay, men nou pa gen obligasyon pou fè li.)

- Ki kèk egzanp bagay nou **konnen** ou ta dwe fè (paske lè ou fè bagay sa yo li bon pou sante ou oswa pou lòt rezon), men ou ka pa fè li?
(*Ba tibebe tete sèlman, bay timoun piti manje ki balanse ase, sèvi ak dlo trete pou bwè ak pou kwit manje, sèvi ak latrin, pa fimèn, pa bwè twòp kleren, sèvi ak kapòt pou pa pran VIH ak lòt EPB, sèvi ak moustikè pou pa pran malarya, elatriye.*)
- Ki kèk rezon ki fè nou-menm ak lòt moun pa pratike konpòtman sa yo ki bon pou la sante, menmsi nou konnen nou ta dwe pratike yo?
(*Moun yo pa konnen kijan pou yo fè pou kòmanse pratike konpòtman tounèf la.*)
(*Moun yo gen akoutimans, pa egzanp, pou fimèn oswa pou bwè kleren.*)
(*Moun yo ka jwenn enfliyans lòt manm fanmi oswa moun ki nan kominote a ki pa apwouve konpòtman an, pa egzanp, patnè, bèlmè, elatriye.*)
(*Moun yo kwè nan bwi-kouri, oswa yo gen yon move lide ki anpeche yo pratike konpòtman tounèf la, pa egzanp, move lide ki fè konnen kapòt fè yon gason manke gason.*)
(*Moun yo te abitye fè bagay yo menm jan pandan lontan, epi chanjman an difisil pou yo.*)
(*Moun yo pòv, epi yo ka pa gen resous ki nesesè pou fè chanjman an touswit.*)
(*Patisipan yo ka site lòt lide.*)
- Reflechi pandan yon moman sou istwa Jezila ki te fèt bonè nan fòmasyon an. Jezila te konnen sèvi ak dlo rivyè a te danjere, epi sa te ka bay timoun li yo kolera, men limenm ak timoun li yo te bwè dlo rivyè a. Li te konnen tou fanmi li ta dwe sèvi nan yon latrin, men yo pa te fè sa. Ki kèk rezon ki fè Jezila pa te fè bagay sa yo? Ki kèk nan **difikilte** li te genyen?
(*Mari Jezila te kite kay la, epi li pa te sipòte fanmi an, sa ki te lakòz Jezila te vin pi pòv, epitou li pa te kapab achte bwa, li pa te kapab bati latrin, oswa li pa te kapab achte yon radyo.*)
(*Pa gen fontenn dlo piblik nan kominote a, kidonk rivyè se te sèl sous dlo ki te la.*)
(*Jezila pa te gen yon latrin poukont li, pa gen latrin nan kominote a, epitou Jezila pètèt pa gen lajan pou bati youn.*)
(*Patisipan yo ka site lòt difikilte.*)

- Nan ka Jezila la, ki kèk fason ou ta kapab ede li pran kontwòl difikilte li genyen yo?

(Si li pa gen mwayen pou achte bwa pou bouyi dlo a chak jou, ede li reflechi sou lòt fason pou trete dlo pou bwè, pa egzanp, lè li sèvi ak gout Klowòks, oswa lè li mete dlo a nan yon veso pwòp, epi mete li nan solèy la, elatriye.)

(Òganize yon reyinyon kominotè pou diskite sou fason pou separe depans pou Klowòks oswa pou bwa pami fanmi yo, oswa sou fason pou separe depans ak travay pou bay yon latrin kominotè, elatriye.)



10 minit

2. Di patisipan yo:

Pandan nou te fèk ap diskite a, lè nou konnen yon konpòtman ki bon pou la sante ak rezon ki fè nou ta dwe pratike konpòtman an (etap 1 ak 2), souvan, sa a pa ase pou fè ou kòmanse pratik konpòtman ki bon pou la sante a. **Konnen pa vle di w ap fè.**

Anpil fwa, menmsi moun yo konnen yo ta dwe pratike yon konpòtman ki bon pou sante, epi yo kwè konpòtman an ap ede yo, yo pa pratike konpòtman an, paske yo jwenn difikilte. Yon pati enpòtan nan travay ou se pou ede moun yo reflechi sou fason pou abòde difikilte sa yo, pou yo kapab sòti nan etap konnen pou ale nan etap fè. Ou pap kapab abòde tout difikilte moun yo genyen, men ou kapab ede yo avèk kèk nan difikilte yo.

Pati pou ede moun pou pran kontwòl difikilte yo epi pou kòmanse pratike konpòtman tounèf yo se pou ede rekonèt ti etap oswa etap entèmedyè yo kapab fè, pou menmsi yo ka pa kòmanse pratike konpòtman ideyal la touswit, yo kapab pran mezi pou fè sa. Pa egzanp, nan ka Jezila la, nou te fèk rekonèt kèk etap entèmedyè li kapab fè – pa egzanp, jwenn Klowòks ak aprann kijan pou trete dlo a avèk li, fè yon reyinyon pou diskite sou fason pou bati yon latrin kominotè, elatriye.

Ede moun yo rekonèt difikilte yo, abòde difikilte yo, epi rekonèt ti etap osaw etap entèmedyè yo kapab fè pou chanje konpòtman pou yo vin gen yon konpòtman ki pi bon pou sante yo, rele pafwa **chanjman konpòtman negosye**.

Chanjman konpòtman negosye kapab yon fason ki bay bon jan rezilta pou ede yon moun sòti nan etap konnen pou ale nan etap fè, sa vle di, sòti nan etap 2 ak 3 pou ale nan etap 4 ak 5. Chanjman konpòtman negosye se yon pati enpòtan nan travay ou, kidonk n ap pase kèk tan ap aprann sa li ye ak kijan pou fè li.

3. Mande patisipan yo pou jwenn definisyon chanjman konpòtman negosye nan paj 54 liv yo. Mande yon volontè pou li definisyon an awotvwa:

Chanjman konpòtman negosye se moyen pou ede yon moun soti nan yon move konpòtman, pandan lap fè jefo jou apre jou pou l rive konbat move abitud sa, e pou l rive chwazi pratike konpòtman ideyal la, oswa pou pi piti yon konpòtman ki pi bon pou sante li.

4. Di patisipan yo:

Pou kapab negosye chanjman konpòtman, ou fèt pou konnen kisa konpòtman ideyal ki bon pou la santé a ye, men ou dwe konnen tou kisa ti etap oswa etap entèmedyè oswa konpòtman yo ye, sa vle di konpòtman ki pa ideyal, men yo pi bon pase anvan, epitou yo se etap nan bon direksyon an.

5. Bay patisipan yo egzanp yon konpòtman ideyal ak konpòtman entèmedyè ki anba la a, oswa bay egzanp pa ou:

Yon nonm fimen anpil sigarèt pa jou, pandan li nan travay ak pandan li lakay li, kidonk sa frape sante li ak sante fanmi li.

6. Mande patisipan yo:

- Ki konpòtman ideyal li ta dwe pratike?
(*Sispann fimen.*)
- Poukisa li ta ka difisil pou nonm nan pratike konpòtman ideyal la imedyatman?
(*Li ta ka gen anpil abitud, li ta ka gen anpil estrès, epitou li ta ka sèvi ak fimen an pou kalme tèt li, elatriye.*)
- Ki yon konpòtman oswa etap entèmedyè li te kapab pratike pou li kapab vin pi pre konpòtman ideyal la?
(*Fimen sèlman pandan lap travay, pa lakay li; si li dwe fimen lakay li, fimen deyò kay la sèlman; oswa fimen sèlman yon pi piti kantite sigarèt chak jou, elatriye.*)



5 minit

7. Fè patisipan yo konnen kounye a yo pral pratike idantifikasyon konpòtman entèmedyè, pou yo kapab ede malad yo ak manm fanmi yo fè sa.

8. Separe patisipan yo an gwoup de (2). Mande tout moun pou jwenn pratik Konpòtman ki pi bon ak Konpòtman Entèmedyè nan paj 55 liv yo. Esplike sa yo gen pou fè a:

- Li konpòtman ki pi bon yo avèk patnè ou. Pou chak konpòtman ki pi bon, deside ki yon konpòtman (etap) entèmedyè ki ta ka ede moun nan pratike konpòtman ki pi bon an pètèt, oswa pou pi piti yon konpòtman ki pi bon pou sante pase anvan.
- Ekri konpòtman entèmedyè yo nan espas yo bay yo. Ou ka reflechi sou pi plis pase yon konpòtman entèmedyè pou chak konpòtman ideyal.
- Pa egzanp:
 - Konpòtman ki pi bon– bay yon tibebe tete sèlman depi lè li fèt jiska 6 mwa (ba tibebe a tete sèlman – pa bay li lèt anpoud bebe, dlo, elatriye.)
 - Konpòtman entèmedyè – ba tibebe a tete depi lè li fèt jiska apeprè 6 mwa, toutotan li posib.
- Wap gen 20 minit pou travay.



25 minit

9. Bay gwoup de (2) yo 20 minit pou travay. Pandan gwoup yo ap travay, mache nan sal la, epi bay èd oswa reponn kesyon yo, jan li nesèsè. Bay gwoup yo avètisman 10 minit, avètisman 5 minit, ak avètisman 1 minit.

10. Mande tout moun pou yo fè atansyon. Mande yon gwoup de (2) volontè pou site yon konpòtman entèmedyè pou premye konpòtman ki pi bon an. Asire konpòtman entèmedyè a se yon fason ki posib pou rive pi pre rekòmandasyon MSPP, epi korije, si li nesèsè. Di patisipan yo pou kèk konpòtman, pa gen etap entèmedyè. Pa egzanp, avèk vaksinasyon, swa ou vaksinen oswa ou pa vaksinen, pa gen pozisyon entèmedyè. Mande lòt gwoup de (2) yo pou yo bay lòt lide konpòtman entèmedyè, epi korije, jan li nesèsè.

11. Fè menm bagay la a ankò pou chak konpòtman ki pi bon an. Si patisipan yo di konpòtman entèmedyè akseptab ki diferan ak egzanp ki endike anba la yo, pa gen pwoblèm pou aksepte yo. Men fòf yo bay egzanp yo pou referans sèlman.



10 minit

12. Di patisipan yo:

Pandan fòmasyon pi devan yo, ou pral aprann tout sijè sa yo sou sante an detay – nitrisyon, sante fanm, vaksinasyon, ijyèn, maladi ki bay dyare, elatriye. Pou kounye a, li enpòtan pou konprann kisa konpòtman ideyal ak konpòtman entèmedyè ye, pou ou kapab kòmanse pratike chanjman konpòtman negosye.

Jan nou te fèk wè sa, gen plizyè konpòtman entèmedyè posib pou yon konpòtman ideyal. Konpòtman entèmedyè yo ka diferan pou chak moun, paske yo depannde difikilte moun nan genyen, epitou yo depannde sa moun nan kapab fè pou abòde difikilte yo. Difikilte entèmedyè nou te diskite sou yo a se kèk egzanp.

Travay ou se pou ede tout fanmi yo travay pou yo vin gen konpòtman ideyal ki bon pou sante yo. Yon fason ideyal, konpòtman entèmedyè ou negosye avèk fanmi yo se etap ki ale avèk fason pou vin gen konpòtman ideyal la.

13. Mande patisipan yo ki kesyon yo genyen sou chanjman konpòtman negosye ak sou konpòtman ideyal ak konpòtman entèmedyè. Poze kesyon yo kòmsadwa, oswa fè patisipan ki gen eksperyans yo reponn.



KONPÒTMAN IDEYAL AK KONPÒTMAN ENTÈMEDY

nan paj 55 Liv Patisipan an

Konpòtman ideyal	Konpòtman miyo
Yon fanm ansent ale pou pi piti nan tout 3 vizit anvan akouchman obligatwa yo nan sant sante a.	<i>Yon fanm ansent ale nan 2 vizit anvan akouchman.</i>
Yon fanm ansent fè yon egzamen tout swit apre akouchman.	<i>Yon fanm ansent fè yon egzamen apre akouchman.</i>
Yon manman ba tibebe li tete tout swit apre li fin akouche nan mwens ke 1 edtan.	<i>Yon manman ba tibebe li tete 1 edtan apre li fin akouche.</i>
Yon manman ba tibebe li tete depi lè tibebe a fenk fèt jouk lè li gen 6 mwa; li bay tibebe a tete sèlman, li pa sèvi ak lot manje tanko lot lèt, dlo, te, elatriye. Selman medikaman doktè ka preskri.	<i>Yon manman ba tibebe li tete lè se posib.</i>
Yon manman ba tibebe 7–8 mwa li manje 3 repa ak 2 tigoute pa jou.	<i>Yon manman ba tibebe 7–8 mwa li 3 repa ak yon tigoute pa jou</i>
Yon manman ba tibebe 2 zan li 3 repa balanse pa jou plis 2 tigoute. Repa yo gen ladan ase manje ki bay devlopman, pwoteksyon, ak fòs.	<i>Yon manman ba tibebe 2 zan li 3 repa ki pi gwo pase lè li te pi piti; avèk tout kantite nan 3 gwoup manje yo li kapab. Manman an sèvi ak Sprinkles pou bay timoun nan eleman nitritif.</i>
Yon manman bay tibebe ki fèk fet vaksen touswit a apre li fin akouche, epi manman an mennen tibebe nan pòs rasanbleman chak mwa jouk lè tibebe a pran tout vaksen yo.	<i>Yon manman mennen tibebe li nan yon rasanble pou yo ba tibebe a vaksen nan yon mwa apre akouchman pou premye seri vaksen yo, epi manman an kapab mennen tibebe a nan pòs rasanbleman ki toupre a otank posib chak mwa pou tibebe a pran vaksen yo.</i>
Yon fanmi bati ak sèvi nan yon latrin pou pa pran kolera ak lòt maladi danjere ki simaye nan kontak avèk poupou.	<i>Fanmian ap viv toupre lekòl la, ki gen latrin, epi ki negosye avèk chèf lekòl la pou kapab sèvi ak latrin yo.</i> <i>Manm fanmi an fè bezwen yo (poupou) nan yon sèl zòn, lwen avèk sous dlo yo, epi yo mete klowòks nan poupou yo anvan yo antere yo.</i>



KONPÒTMAN IDEYAL AK KONPÒTMAN ENTÈMEDY

Swit

Konpòtman ideyal	Konpòtman miyo
Tout manm fanmian lave men yo chak fwa anvan yo manje, anvan yo prepare manje, ak anvan yo manyen tibebe yo oswa anvan yo vizite moun ki malad, epitou apre yo fin fè bezwen yo (poupou), apre yo sòti nan kominote a, epitou anvan yo manyen tibebe yo, e apre yo fin fè twalet tibebe yo oswa apre yo fin vizite moun ki malad.	<i>All family members wash their hands before eating and after defecating, and the mother of the family washes her hands before preparing food.</i>
Tout fanmian dòmi anba moustikè chak swa pou yo pa pran malarya.	<i>Nenpòt fanm ansent, tibebe, ak timoun piti ki nan kay la dòmi anba moustikè chak swa, paske malarya se yon maladi ki trè danjere pou fanm ansent, pou tibebe, ak pou timoun piti.</i> <i>Manm fanmian eseye dòmi anba moustikè lè gen lapli, paske se lè sa gen plis marengwen.</i>

SESYON 5

ETAP POU ANKOURAJMAN NAN CHANJMAN KONPÒTMAN



Metòd: Diskisyon an gwo gwoup ak Pyès teyat



Kantite Tan: 1 èdtan ak 15 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- e. Idantifye etap ki nan pwosesis pou bay ankourajman nan chanjman konpòtman.



Preparasyon

- Revize etap chanjman konpòtman negosye ki anba la yo.
- Chwazi 3 patisipan pou jwe pyès teyat la (diferan patisipan nan pyès teyat anvan yo). Chwazi patisipan k ap alèz pou li byen fò nan yon tèks. Montre patisipan yo tèks pyès teyat la nan paj 62–65 Liv Patisipan an. Rankontre avèk yo pandan yon ti tan pou esplike wòl yo, epitou mande yo pou yo pratike pyès teyat la pou pi piti kèk fwa pou yo kapab jwe li byen.
- Ekri enfòmasyon ki endike anba la yo sou yon gwo fèy papye. Kite espas apre chak etap.

Sou premye fèy papye a, ekri:

Premye kontak

1. Evalye sitiyasyon an
2. Idantifye konpòtman ki pi bon yo
3. Pataje lòt enfòmasyon
4. Pwopoze konpòtman ki pi bon

Sou dezièm fèy papye a, ekri:

Dezyèm kontak

1. Chèche konnen kijan moun nan kontwole tèt li
2. Si li gen gen difikilte, pou pale a de
3. Idantifye difikilte yo
4. Ede jwenn solisyon yo
5. Negosye pou idantifye yon konpòtman entèmedyè
6. Si pa gen difikilte, felisite l
7. Fè Kek rekòmandasyon tounèf

**Materyèl yo**

- Gwo fèy papye ki gen etap chanjman konpòtman negosye ki ekri sou yo
- Tèks pyès teyat nan paj 62–65 Liv Patisipan an
- Etap Chanjman Konpòtman Negosye nan paj 56 Liv Patisipan an
- Gwo fèy papye
- Makè
- Tep

**ETAP YO***15 minit***1. Di patisipan yo:**

Kounye a ou te aprann kisa chanjman konpòtman negosye a ye, epi ou te diskite sou egzanp konpòtman ki pi bon yo ak konpòtman entèmedyè, nou pral egzamine etap espesyal ou dwe swiv pou rive genyen yon chanjman konpòtman negosye. Etap sa yo sanble avèk etap pou bay konsèy nan kèk fason, epi ou dwe aprann epi pratike yo. Nap fè sa kounye a.

2. Mande tout moun pou jwenn Etap Chanjman Konpòtman Negosye nan paj 56 liv yo. Mande yon volontè pou li etap yo.**3. Bay patisipan yo etap yo pandan yon ti tan avèk egzanp sitiyasyon ak kesyon ki anba la a, oswa ou kapab bay pa ou. Mande repons volontè, epi ajoute enfòmasyon, si li nesesè:****Egzanp sitiyasyon**

- Wap vizite yon fanmi pou premye fwa, epi ou dekouvri manman fanmi an ansent. Manman an di ou li panse li te ansent pandan apeprè 3 mwa. Ou konnen tout fanm ansent ta dwe ale nan 4 vizit anvan akouchman nan sant sante a, epi premye vizit la ta dwe fèt nan limit lè fanm nan gen 3 mwa ansent. Fanm ansent yo ta dwe gen plan tou pou akouche nan yon sant sante. Ou mande manman an si li te ale nan vizit anvan akouchman yo nan sant sante a, epi li di ou non.

Kesyon

- Kijan ou evalye sitiyasyon manman an?

(Mande manman an si li konnen vizit anvan akouchman yo ofri nan sant sante a. Mande manman an si li konnen fanm ansent yo dwe fè egzamen souvan pou wè si yo menm ak tibebe a an sante. Èske manman an konnen kilè pou ale pou vizit anvan akouchman yo? Mande manman an si li te ale nan vizit anvan akouchman yo, mande li pou wè kat Women's Health (Sante Fanm) li, chèche konnen nan ki etap chanjman li ye, elatriye.)

- Ki konpòtman ki pi bon ou ta idantifye?

(Li bezwen fè 4 vizit anvan akouchman, yon fason ki pi bon, manman an ta dwe fè premye vizit la san pèdi tan, paske manman an panse li gen apeprè 3 mwa depi li ansent.)

- Ki lòt enfòmasyon ou ta bay?

(Bay manman an enfòmasyon sou ki sèvis lap resevwa pandan konsiltasyon anvan akouchman an, epitou poukisa vizit anvan akouchman yo enpòtan, pa egzanp, di manman an lap resevwa yon vaksen kont tetanòs ak sipleman, si li nesesè; klinisyen an ap egzamine manman an ak tibebe k ap devlope a pou wè si gen pwoblèm; mande manman an si li konnen kote sant sante a ye ak fason pou ale ladan l elatriye.)

- Kijan ou ta pwopoze konpòtman ki pi bon a?

(Mande manman an pou li pran angajman pou ale nan yon vizit anvan akouchman nan pwochen semèn yo, epitou ede manman an konnen kisa lap bezwen fè pou li ka rive la; mande pou pale avèk manman an ak patnè a si patnè a nan kay la, si patnè a pa nan kay la, mande manman an pou pale avèk patnè li sou vizit la ak sou enpòtans vizit la, ofri pou retounen nan kay la lè patnè a nan kay la, elatriye.)

- Pandan vizit wap fè annapre yo, kisa ou Ta mande pou konnen kijan manman an ap kontwole tèt li avèk konpòtman tounèf la?

(Mande manman an si li te ale nan vizit anvan akouchman an, al gade kat Women's Health li, elatriye.)

- Si manman an gen pwoblèm, ki difikilte li ta ka genyen?

(Sant sante a ta ka lwen, patnè manman an ta ka pa vle manman an ale nan sant sante a, manman an ka gen lòt timoun li pa vle kite dèyè, manman an ka pa gen sèvis transpò, elatriye.)

- Kijan ou ta ede manman an jwenn solisyon pou abòde difikilte yo?

(Ede manman an reflechi sou moun li kapab mande pou siveye timoun li yo pandan li pa la, moun li kapab mande woulib, mande pou pale avèk patnè li, epi pale avèk toulède sou enpòtans vizit anvan akouchman yo, ofri pou akonpaye manman an, si li posib, elatriye.)

- Ki konpòtman entèmedyè ou ta kapab negosye avèk manman an si li pa kapab pratike konpòtman ki pi bon yo?

(Mande manman an pou eseye ankò pou fè vizit la nan pwochen mwa a, elatriye.)



10 minit

4. Fè patisipan yo konnen kounye a yo pral asiste yon pyès teyat yon Ajan Kore Fanmi k ap pwopoze yon chanjman konpòtman avèk yon manman pandan premye vizit nan kay (premye kontak). Mande patisipan yo pou yo sonje etap chanjman konpòtman negosye pou premye kontak la pandan yap asiste pyès teyat la, paske wap mande yo pou idantifye etap yo an apre.
5. Envite 2 aktè volontè (Ajan Kore Fanmi la ak manman an) pou vini devan sal la pou yo jwe pati “premye Kontak” pyès teyat la. Apre sa, mande patisipan yo pou yo bat bravo, epi mande aktè yo pou yo chita.



15 minit

6. Afiche premye gwo fèy papyè ou te prepare a. Envite patisipan yo pou yo site etap chanjman konpòtman negosye yo te obsève nan pyès teyat la. Sèvi ak kesyon ki anba la yo pou jwenn etap yo, epi ekri yo sou gwo fèy papyè a pandan patisipan yo ap site yo:
 - Kilè Ajan Kore Fanmi la te evalye sitiyasyon manman an?
(Ajan Kore Fanmi la te mande kijan tibebe a te ye, li te mande si tibebe te vin gwo, epitou li te poze kesyon sou fason yo ba tibebe a tete.)
 - Ki konpòtman ideyal Ajan Kore Fanmi la te idantifye manman an bezwen pratike?
(Pa ba tibebe a manje ki diferan avèk lèt tete jouk lè tibebe a gen 6 mwa.)
 - Ki lòt enfòmasyon Ajan Kore Fanmi te bay?
(Poukisa lèt manman sèlman ase; poukisa dlo pa nesesè; kijan pou konnen si tibebe jwenn ase lèt; kite tibebe a bwè lèt nan chak tete epi pou bwè tout lèt tete a nèt.)

- Ki konpòtman ki pi bon l Ajan Kore Fanmi la te pwopoze?
(Pa ba tibebe a okenn lot manje ke lèt tete jouk lè tibebe a gen 6 mwa, pa ase dlo oswa vitamin, epi ba tibebe manje lajounen ak lannwit sou demann.)



10 minit

7. Fè patisipan yo konnen yo pral asiste yon pyès teyat menm Ajan Kore Fanmi la ak manman an pandan dezyèm vizit nan kay la (dezyèm kontak) yon mwa apre. Mande patisipan yo pou yo sonje etap chanjman konpòtman negosye pou desyèm kontak la pandan yap asiste pyès teyat la, paske menm jan ak anvan, w ap mande yo pou idantifye etap yo annapre.
8. Envite (3) twa aktè volontè (Ajan Kore Fanmi a, manman an, ak bèlmè a) pou vini devan sal la pou yo jwe pati “dezyèm Kontak” pyès teyat la. Apre sa, mande patisipan yo pou yo bat bravo, epi mande aktè yo pou yo chita.



20 minit

9. Afiche dezyèm gwo fèy papye ou te prepare a. Envite patisipan yo pou yo site etap chanjman konpòtman negosye yo te obsève nan pyès teyat la. Sèvi ak kesyon ki anba la yo pou jwenn etap yo, epi ekri yo sou gwo fèy papye a pandan patisipan yo ap site yo:
 - Ki kesyon Ajan Kore Fanmi la poze nan kòmansman vizit la?
(Ajan Kore Fanmi la mande kijan manman ap ba tibebe a tete.)
 - Ki difikilte avèk alètman an Ajan Kore Fanmi la dekouvri, epi kijan li pale avèk manman an sou difikilte a?
(Manman an ba tibebe a dlo chak jou, paske bèlmè manman an di manman an pou fè sa.)
 - Ki difikilte Ajan Kore Fanmi la idantifye?
(Bèlmè a konvenk manman an pou ba tibebe a dlo, menmsi tibebe ta dwe bwè lèt sèlman.)
 - Kijan Ajan Kore Fanmi la ede jwenn solisyon pou difikilte an?
(Li mande pou pale avèk bèlmè a ak manman ansanm, li esplike poukisa li pa bon pou ba tibebe bwè dlo – lèt tete a genyen tout dlo tibebe a bezwen, dlo rivyè a pa pwòp, si vant tibebe a plen apre li fin bwè dlo, li p ap bwè anpil lèt tete, epi tete manman an p ap pwodui ase.)

- Ki konpòtman entèmedyè Ajan Kore Fanmi la negosye avèk manman an ak bèlmè a?

(Li mande manman an pou eseye ba tibebe tete sèlman (pa bay dlo) pandan 1 mwa kap vini, epi li mande bèlmè a pou sipòte sa.)

- Kijan Ajan Kore Fanmi la montre ankadreman nan fen vizit la?

(Ajan Kore Fanmi la di manman an li pran yon desizyon kap nan avantaj tibebe a, epi desizyon an ap anpeche tibebe a gen dyare, ki trè danjere pou tibebe yo.)



5 minit

10. Di patisipan yo:

Mwayen pou negosye chanjman konpòtman an rive apre yon sèten tan. Chak fwa, Ajan Kore Fanmi la pale avèk moun ki bezwen adopte konpòtman an, ak lòt moun ki gen enfluyans. Ajan Kore Fanmi la fè rekòmandasyon, epi li ede moun nan idantifye ak abòde difikilte yo.

- 11.** Fè patisipan yo konnen yo pral jwenn posiblite pou pratike etap chanjman konpòtman negosye a nan pwochen sesyon an. Mande patisipan yo ki rès kesyon yo genyen ki gen rapò ak chanjman konpòtman negosye, epitou bay repons kòmsadwa.



ETAP POU ANKOURAJMAN NAN CHANJMAN KONPÒTMAN

nan paj 56 Liv Patisipan an

Premye Kontak

1. **Evalye sitistasyon moun nan** pandan vizit nan kay la. Pou fè sa, obsève epi pale ouvè ki gen rapò ak sa moun nan ap pratike nan moman an. Chèche konnen nan ki etap chanjman moun nan ye.
2. **Idantifye konpòtman ki pi bon** moun nan bezwen adopte pou li ka an sante (oswa pou timoun nan ka an sante).
3. **Bay lòt enfòmasyon** sou konpòtman ki pi bon l (avantaj li yo, danje pou pa pratike li, jan pou jwenn sèvis, elatriye) moun nan bezwen.
4. **Pwopoze konpòtman ki pi bon yo**, epi mande si moun nan vle eseye li.

Dezyèm Kontak (lòt vizit)

1. **Chèche konnen** kijan moun nan ap kontwole tèt li avèk konpòtman pi bon ki tounèf la.
2. Si li gen difikilte avèk konpòtman tounèf la, **pale avèk li**.
3. **Idantifye difikilte** li genyen yo.
4. **Ede li jwenn solisyon** pou abòde difikilte yo.
5. **Negosye** pou idantifye yon konpòtman entèmedyè ki abòde difikilte yo, menmsi se pa konpòtman ki pi bon yo.
6. Si li te adopte konpòtman tounèf la, **felisite** li, epi fè lwanj pou li.
7. **Fè yon rekòmandasyon tounèf** selon bezwen moun nan (oswa selon laj timoun nan).



PYÈS TEYAT CHANJMAN KONPÒTMAN NEGOSYE

nan paj 62–65 Liv Patisipan an

Premye Kontak

Sèn: Ajan Kore Fanmi la entwodui tèt li, li esplike wòl li, li rankontre manm fanmi an, epi li lave men li. Kounye a, l ap pale avèk manman an de sa ki gen rapò ak tibebe 2 mwa a, Pòl.

AKF: Losita, kijan tibebe ou a ye jodi a?

Losita: Li pa pi pal, mèsi.

AKF: Èske ou te mezire pwa kò Pòl deja? Kisa yo te di ou ki gen rapò ak pwa kò li?

Losita: Yo te mezire bra Pòl pou premye fwa nan mwa sa a, epi mezi li te bon.

AKF: Sa se yon bon nouvèl. Nan premye 6 mwa lavi tibebe yo, pwa kò yo ta dwe ogmante vit pandan y ap grandi. Èske ou ba tibebe a tete?

Losita: Wi, mwen fè sa.

AKF: Trè byen. Lèt manman se manje ki pi bon pou tibebe yo. Pòl ap grandi byen vit si ou bay li tete souvan. Di mwen kijan ou ba tibebe a tete. Konbyen fwa ou ba li tete a? Èske ou bay tibebe a tete lannwit kou lajounen? Depi konbyen tan wap bay Pòl tete?

Losita: Mwen bay Pòl tete kèk fwa pandan lannwit, epi sètènman pandan lajounen kèlkeswa lè li vle. Mwen pa vrèman konnen konbyen tan li pran tete chak fwa.

AKF: Li bon pou ba tibebe a tete pandan tout lajounen an. Ou ta dwe kite Pòl bwè nan chak tete chak fwa lap manje, epi pou li bwè tout lèt ki nan tete a nèt. Sa ap ede ou pwoduiyou gran kantite lèt.

Losita: Wi, anjeneral, mwen fè sa, men m ap eseye fè sa chak fwa apati kounye a.

AKF: Sonje lèt manman se tout sa Pòl bezwen jouk lè li gen laj 6 mwa. Ou pa bezwen bay li okenn lòt likid oswa manje nan moman sa a, pa menm vitamin oswa dlo. Ki kesyon ou genyen ki gen rapò ak fason pou bay Pòl manje?

Losita: Sa ou di a sanble klè, mwen pa gen okenn kesyon.

AKF: Pòl se yon bèl tibebe, epi li sanble an sante. Ou fèt pou fyè pou pitit ou. Kontinye fè bon travay la. Map retounen pou yon lòt vizit nan mwa kap vini an.



PYÈS TEYAT CHANJMAN KONPÒTMAN NEGOSYE

Swit

Dezyèm Kontak – Yon mwa apre

Sèn: Ajan Kore Fanmi la ap vizite Losita yon mwa apre.

AKF: Bonjou, Losita, kijan Pòl ye jodi a?

Losita: Li pa pi mal, mès.

AKF: Èske ou te mennen Pòl nan pòs rasanbleman an pou yo te mezire pwa kò li mwa sa a? Kisa yo te di ou ki gen rapò ak pwa kò li?

Losita: Wi, mwen te mennen li. Pwa kò li te ogmante enpe.

AKF: Sa se yon bon nouvèl. Kijan ou ba li tete a?

Losita: Mwen ba li tete byen. Men ou konnen, li fè cho anpil pou kounye a nan ane a, epi bèlmè mwen te di mwen Pòl bezwen bwè dlo paske li swaf. Kifè mwen te kòmanse ba li yon ti kantite dlo chak jou.

AKF: Mwen konprann. Anpil moun kwè tibebe piti yo bezwen dlo lè li fè cho. Kidonk, sanble ou santi bèlmè ou ba ou presyon enpe pou w ba Pòl ase dlo menmsi ou konnen lèt tete a pi bon, epi se sèl bagay li bezwen pandan premye 6 mwa yo. Ki kalite dlo ou bay Pòl?

Losita: Mwen bay Pòl dlo rivyè, menm jan ak nou tout bwè a. Bèlmè mwen gen plis eksperyans nan leve tibebe pase mwen, kidonk mwen panse mwen dwe pran konsèy li.

AKF: Se vre manman ak bèlmè nou yo gen anpil eksperyans nan leve timoun. Èske pa ta gen pwoblèm si mwen te pale avèk ou ak bèlmè ou ansanm?

Losita: OKE, mwen pral rele li. *(Losita ale epi li retounen avèk bèlmè li.)*

AKF: *(AKF a, Losita, ak Ilda chita ansanm.)* Mwen te fèk ap di Losita manman yo se moun ki gen chans paske bèlmè yo bay yo konsèy lè yo gen yon tibebe ki fèk fèt. Pran swen yon tibebe se yon gwo reskonsabilite, epi li bon pou jwenn èd. Losita te di mwen li te kòmanse bay Pòl dlo mwa sa a anplis lèt tete li. Anpil moun panse tibebe yo bezwen dlo pou yo pa swaf pandan mwa chalè yo. Mwen ta renmen fè nou toulède konnen sa mwen te aprann nan fòmasyon mwen ki gen rapò ak fason pou ba tibebe yo manje. Mwen te aprann lèt tete genyen anpil dlo ladan – lèt tete genyen apeprè 80% dlo. Kidonk chak fwa w ap bay Pòl tete, ou deja bay li anpil dlo. Kisa ou panse sou sa?

Ilda: Mwen pa t tande sa anvan. Epoutan, mwen panse li ta ka bezwen dlo paske li fè cho anpil.

AKF: Yon lòt rezon ki fè lèt tete pi bon pase pou bay dlo rivyè a, se paske dlo ki nan lèt tete a se yon dlo ki pwòp. Dlo ki nan rivyè a pa pwòp, epi li kapab lakòz dyare. Dyare kapab trè danjere pou tibebe yo.



PYÈS TEYAT CHANJMAN KONPÒTMAN NEGOSYE

Swit

Losita: Mwen rekonèt sa, mwen sonje ane pase tibebe yon vwazen te mouri avèk dyare ak vomisman.

AKF: Yon lòt bagay pou toujou sonje, sèke tank ou bay Pòl tete, tank wap genyen plis lèt. Si vant Pòl plen avèk dlo, li pap bwè ase lèt tete, epi ou p ap genyen plis lèt. Si sa rive, pwa kò Pòl pap ogmante ase, epi li pap grandi byen.

Losita: Mwen pa t panse sa.

AKF: Ilda, kisa ou panse? Èske ou panse Losita ta kapab bay Pòl sèlman dlo ki nan lèt tete li? Èske ou gen pwoblèm avèk sa?

Ilda: Mwen pa sèten. Lè mwen te yon jèn manman, nou te toujou bay tibebe nou yo bwè dlo lè li te fè cho.

AKF: Wi, mwen konnen, anpil moun panse sa. Men sa mwen te di nou jodi a ap ede Pòl vin pi an sante. (*Ap pale avèk Ilda*) Èske ou ta sipòte Losita, si li te bay Pòl tete sèlman pandan lòt mwa a oswa lòt de (2) mwa yo, epi w ap wè kijan l ap grandi pandan tan sa a? Kijan ou ta santi ou pou sa? (*Al pale avèk Losita*) Losita, kisa ou panse sou lide sa a?

Ilda: Ebyen, pètèt nou ta kapab eseye sa sèlman pandan kèk mwa.

Losita: Wi, epi nap wè kijan Pòl ap ye.

AKF: OKE, kifè ou te deside bay Pòl tete sèlman, okenn kalite dlo, pandan 2 lòt mwa yo, epi n ap gade pwa kò li chak mwa pou asire pwa kò li ogmante, epitou pou asire lap grandi byen. Èske sa kòrèk?

Losita: Wi, sa kòrèk.

Ilda: Wi, sa sonnen byen.

AKF: Ou pran yon desizyon kap nan avantaj Pòl toutbon. Map tann konsa pou wè oumenm ak Pòl nan pwochen pòs rasanbleman an. Nap pale ankò.

SESYON 6

PRATIK CHANJMAN KONPÒTMAN KI NEGOSYE



Metòd: Pyès teyat



Kantite Tan: 2 èdtan ak 30 minit



Objektif yo

Patisipan yo ap kapab:

- f. Demontre etap chanjman konpòtman negosye.
- g. Negosye yon objektif lavi ki soti nan plan fanmi.



Preparasyon

- Revize sijè pyès teyat ki anba la yo, epi chwazi sa ki pi koresponn yo avèk gwoup patisipan ou yo. Chanje oswa adapte senaryo yo, si li nesèsè, pou bezwen ou.
- Fè ase fotokopi Lis Tout Sa pou Fè pou Obsèvasyon pou Chanjman Konpòtman Negosye ki anba la a pou chak patisipan plis an plis.



Materyèl yo

- Sijè pyès teyat (anba la yo)
- Objektif Lavi nan paj 57–59 nan Liv Patisipan an.
- Fotokopi Lis Tout Sa pou Fè pou Obsèvasyon pou Chanjman Konpòtman Negosye
- Etap Chanjman nan paj 46 Liv Patisipan an
- Etap Chanjman Konpòtman Negosye nan paj 56 Liv Patisipan an
- Konpòtman ki pi bon ak Konpòtman Entèmedyè nan paj 55 Liv Patisipan an



ETAP YO



5 minit

1. Esplike nan sesyon sa a, kijan patisipan yo ap jwenn chans pou pratike sa yo te aprann sou chanjman konpòtman an. Y ap pratike negosyasyon chanjman konpòtman lè yo jwe pyès teyat a de (2). Answit, gwoup de (2) yo ap jwe pyès teyat la pou tout gwoup la.

2. Mande patisipan yo jwenn Objektif Lavi yo nan paj 57–59 yo nan liv yo (objektif sa yo te prezante nan yon fòmasyon anvan). Raple patisipan ke yon pati enpòtan nan travay yo tankou Ajan Kore Fanmi se kreye yon Plan Devlopman (Kore) Fanmi avèk chak fanmi. Pandan vizit nan kay yo, Ajan Kore Fanmi yo pral sèvi ak plan an pou negosye ak fanmi yo pou ede yo adopte konpòtman ki an sante e rive jwenn objektif lavi ki dekri nan plan yo. Si jè ki pyès teyat ke gwoup a de yo ap pratike yo se egzanp objektif lavi yo.

3. Separe patisipan yo an gwoup de (2). Esplike sa yo gen pou fè a:

- M ap bay yon sijè pyès teyat pou chak gwoup de (2).
- Avèk patnè ou, sevi ak enfòmasyon ou te aprann sou chanjman konpòtman negosye pou kreye yon pyès teyat. Ou kapab al gade enfòmasyon ki nan liv ou yo ki gen rapò ak etap chanjman ak etap chanjman konpòtman negosye pandan w ap devlope pyès teyat la.
- Yon patnè ta dwe jwe wòl Ajan Kore Fanmi a, epi lòt patnè a ta dwe jwe wòl manman an oswa fanm ansent lan, mari a, madam nan, oswa youn lòt manm fanmi. Pyès teyat la ta dwe se yon pale a de ant Ajan Kore Fanmi a, manman an, oswa fanm ansent lan.
- Si li nesesè, ou kapab envante yon manm fanmi ki gen enfluyans. Moun sa a p ap gen yon wòl, men manm fanmi a kapab pale osijè moun nan.
- Wap jwe dezyèm kontak pyès teyat la, kidonk ou dwe mete tout etap chanjman konpòtman negosye a pou dezyèm kontak la nan pale a de a. Sa gen ladan idantifikasyon yon konpòtman entèmedyè manman an ta dwe eseye.
- Sevi ak bon mwayen pou pale ou te pratik bonè nan fòmasyon sa a: montre respè, ankouraje de moun pale, itilize kesyon ouvè, koute avèk anpil atansyon, elatriye.
- Ou pa gen pou ekri pyès teyat ou, men ou ta dwe pratike li pou ou kapab jwe li pou tout gwoup la.
- Pyès teyat ou a ta dwe kout, pa pi plis pase 3 minit.
- Wap gen 25 minit pou prepare li.



25 minit

4. Bay youn nan sijè pyès teyat la pou chak gwoup de (2) (ou ka gen pou bay kèk sijè pou pi plis pase yon gwoup de). Bay gwoup de (2) yo 25 minit pou travay, oswa plis tan, si li nesesè. Pandan gwoup yo ap travay, mache nan sal la, epi bay èd, si li nesesè. Bay gwoup yo avètisman 15 minit, avètisman 5 minit, ak avètisman 1 minit.



5 minit

- 5.** Mande tout moun pou yo fè atansyon. Esplike patisipan yo, pandan gwoup de (2) yo ap jwe pyès teyat yo, sèten patisipan ap obsève pyès teyat la, epi yap sèvi ak tout sa ki dwe fèt pou note obsèvasyon yo. Diferan patisipan yo ap obsève chak pyès teyat, pou tout moun ka gen chans pou yo obsève.
- 6.** Bay tout moun Lis Tout Sa Pou Fè pou Obsèvasyon pou Ankourajman pou Chanjman nan Konpòtman – Dezyèm Kontak. Esplike kijan obsèvatè yo ta dwe make lis tout sa ki dwe fèt la.



10 minit

- 7.** Chwazi de (2) patisipan kòm obsèvatè ofisyèl pandan premye pyès teyat la. Yo ta dwe ranpli lis tout sa ki dwe fèt la pandan y ap obsève pyès teyat la. Mande lòt patisipan yo pou yo obsève avèk anpil atansyon tou, paske w ap mande remake tout moun apre pyès teyat la.
- 8.** Envite premye gwoup de (2) a pou yo vini devan sal la, epi mande yo pou jwe pyès teyat yo. Apre (3) twa minit oswa pi piti, mande gwoup de (2) a pou fè konklizyon pyès teyat la.
- 9.** Mande tout moun pou yo bat bravo, epitou mande aktè yo pou yo rete kanpe. Mande patisipan yo pou bay remake yo sou pyès teyat la avèk kesyon ki anba la yo. Lide a se pa pou patisipan yo kritike bon jan fason chak lòt pou jwe pyès teyat, men pou diskite kijan yo te montre chanjman konpòtman negosye, ak sa yo te ka fè pi byen pwochen fwa:
 - Kisa Ajan Kore Fanmi la te fè byen?
 - Kijan Ajan Kore Fanmi la te swiv etap chanjman konpòtman negosye?
 - Kisa Ajan Kore Fanmi la ta ka vin pi bon?
 - Ki lòt obsèvasyon ou genyen?
- 10.** Mande obsèvatè ofisyèl yo pou fè konnen kijan yo te make lis tout sa ki gen pou fèt yo, epi pou bay lis tout sa ki dwe fèt ba aktè pyès teyat la.



1 èdtan ak 30 minit

11. Fè mem bagay sa a ankò pou rèspyès teyat yo. Chwazi 2 obsèvatè diferan pou chak pyès teyat.
12. Apre kèk pyès teyat, sèvi ak yon ti souke kò oswa yon ti repo kout pou ogmante fòs patisipan yo.



15 minit

13. Poze patisipan yo kesyon ki anba la yo. Pran divès kalite repons, epi ankouraje yon diskisyon:
 - **Ajan Kore Fanmi yo:** lè w ap jwe wòl Ajan Kore Fanmi a, kisa ki te pi difisil pou ou? Kijan ou tebyen konprann difikilte yo?
 - **Manm fanmi:** lè w ap jwe wòl Manm fanmi a, ki eksperyans ou te fè?
 - **Tout moun:** Kisa ou panse k ap pi difisil pou ou lè w ap negosye chanjman konpòtman avèk manm fanmi ou?
 - **Tout moun:** Kijan ou kapab jere difikilte sa yo?
14. Di patisipan yo mèsaj pou pyès teyat yo ak remak yo. Esplike patisipan yo, pandan fòmasyon chak fwa, y ap gen posiblite pou pratike negosyasyon chanjman konpòtman ki asosye avèk chak sijè fòmasyon an, pa egzanp, nitrisyon, vaksinasyon, ak sante manman.



SIJÈ PYÈS TEYAT SOU ANKOURAJMAN POU CHANJMAN NAN KONPÒTMAN

nan paj 66–70 Liv Patisipan an

Fanmi

PYÈS TEYAT 1

Yon manman ki pa gen mari yon sèl ak plizyè timoun pataje yon kay ansanm ak manman l 'ak gransè li. Pa gen yonn nan medam yo ki gen travay fiks. (Objektif 1)

PYÈS TEYAT 2

Yon jèn fanm yo rete nan menm kay ak timoun piti l 'ak manman l', ki konn ede li ak timoun yo. Fanmi an endijan epi byen souvan yo konn pase tout joune san manje. (Objektif 2)

PYÈS TEYAT 3

Yon fanmi endijan ki gen 5 moun rete nan yon ti kabin 1-chanm ki manke tonbe. Gen twou nan do kay la e dlo koule nan kay la lè lapli-pase. (Objektif 3)

PYÈS TEYAT 4

Paran yon fanmi k ap viv nan yon bouk byen lwen lavil pa gen kat elektoral oswa kat ID. (Objektif 4)

PYÈS TEYAT 5

Yon mari konn bat madanm ak timoun li yo pafwa lè l antre lakay li sou nan mitan lannwit. (Objektif 5)

PYÈS TEYAT 6

Yon manman ki pa gen mari gen yon pitit gason 14 an ki pa ale lekòl. Pandan jounen an ti gason an konn ale nan kay vwazen yo pou mande pou manje paske pa gen ase manje nan kay la. (Objektif 6)

PYÈS TEYAT 7

Yon jenn fi ki andikape epi ki pa ka mache rete avèk paran li yo ak lòt frè ak sè. Paran li kenbe l 'nan kabann nan andedan kay la. Yo pa janm mennen l 'bay wè yon doktè. (Objektif 7)

PYÈS TEYAT 8

Yon koup ak timoun yo ap viv nan yon kay ki sal anpil. Gen pousyè toupatou epi li sanble timoun yo pa benyen pandan plizyè jou. (Objektif 8)



SIJÈ PYÈS TEYAT SOU ANKOURAJMAN POU CHANJMAN NAN KONPÒTMAN

Swit

PYÈS TEYAT 9

Yon fanmi k ap viv sou yon wout aleka pa gen okenn sous dlo pwòp. Yo ranmase dlo lapli epi yo bwè ladan l 'san bouyi, filter oswa pirifye l'. Timoun yo nan fanmi an souvan gen dyare. (Objektif 9)

PYÈS TEYAT 10

Tout manm yon fanmi yo k ap rete andeyò konn twalèt nan jaden dèyè lakay yo. Fanmi an pa gen yon latrin. (Objektif 10)

PYÈS TEYAT 11

Yon fanmi endijan konn jete fatra deyò lakay yo. Fatra a vin ap atire mouch ak chen. (Objektif 11)

PYÈS TEYAT 12

Yon manman ki pa marye ak timoun piti gen fwaye-dife li andedan kay la. Chak fwa li kwit manje, kay la konn plen lafimen. Timoun yo konn gen vye tous souvan. (Objektif 12)

PYÈS TEYAT 13

Yon koup endijan gen 7 timoun. Pandan yon reyinyon kominotè koup la aprann sou metòd planin, men tou de fanm ak nèg yo ezite pou eseye planin. Yo te tandè ke metòd planin yo chè epi pafwa fè moun malad. (Objektif 13)

PYÈS TEYAT 14

Yon jèn fanm fèk antre an relasyon ak yon nonm nan bouk li. Nonm nan trè janti avè l' epi pafwa bay li lajan oswa manje pou timoun piti li. Fanm lan vin tandè nonm sa a vizite fanm lè li al travay nan lavil la. Kounye a la li vin pè pou li pa atrape yon enfeksyon tankou VIH nan men l'. (Objektif 14)

PYÈS TEYAT 15

Yo dekouvri manman yon fanmi gen dyabèt plizyè mwa pase epi doktè a preskri l' tretman. Manman an pa te swiv tretman an. (Objektif 15)



SIJÈ PYÈS TEYAT SOU ANKOURAJMAN POU CHANJMAN NAN KONPÒTMAN

Swit

Fanm yo

PYÈS TEYAT 16

Yon fanm ansent konn manje sèlman yon sèl fwa pa jou paske mesye yo nan kay la k ap travay manje pi fò nan manje a. (Objektif 16)

PYÈS TEYAT 17

Yon fanm ansent pa vle ale nan sant sante a pou vizit anvan akouchman yo, paske sant sante a twò lwen pou li. Li panse vizit yo pa nesèsè. Kidonk, tout fanm ansent yo ta dwe ale nan vizit anvan akouchman pou asire yo akouche an sante

PYÈS TEYAT 18

Yon fanm ansent ta dwe dòmi anba yon moustikè chak lannwit pou li pa gen malarya, men li pa vle paske li fè twò cho. (Objektif 18)

PYÈS TEYAT 19

Yon fanm ansent planifye pou akouche lakay li paske sant sante a twò lwen li, men li ta pi bon pou li ak tibebe a si li te akouche nan sant sante a. (Objektif 19 ak 20)

Timoun Yo

PYÈS TEYAT 20

Yon fanm ansent planifye pou ba tibebe li lèt anpoud bebe depi lè tibebe a fèt, paske li panse lèt anpoud bebe pi bon pase lèt tete a, menmsi lèt tete a se pi bon manje pou tibebe yo. (Objektif 21)

PYÈS TEYAT 21

Yon manman pa bay timoun katoz 14 mwa li ase pwoteyin (ze, lèt, oswa vyann). Manman an panse li dwe bay ze ak vyann pou gason ak ti gason ki nan fanmi an, epi tibebe a pa bezwen manje sa yo. (Objektif 22)

PYÈS TEYAT 22

Yon manman ta dwe fè vaksinen tibebe li pou pwoteje tibebe a kont maladi danjere, men li pa planifye pou fè vaksinen tibebe a. Manman an gen plan pou mennen tibebe a ba yon doktè-fèy si tibebe a vin malad. (Objektif 23 ak 24)

PYÈS TEYAT 23

Yon manman ki gen tibebe nef (9) mwa li ki gen dyare pa bay tibebe a tete oswa lòt likid, paske manman an pè pou sa pa fè dyare a vin pi grav. Kidonk, yon tibebe ki gen dyare bezwen plis likid pou li pa vin pèdi tout dlo nan kò li. (Objektif 25)



SIJÈ PYÈS TEYAT SOU ANKOURAJMAN POU CHANJMAN NAN KONPÒTMAN

Swit

PYÈS TEYAT 24

Nan yon fanmi endijan ki gen anpil pitit, yo konn kite ti bebe a nan yon kwen nan kay la poukò'l pifò la jounen. Pa gen pèsonn moun ki jwe ak ti bebe a, epi pèsonn moun pa janm kenbe tibebe a sof pou ba l manje. (Objektif 26)

PYÈS TEYAT 25

Yon koup jèn gen 2 timoun piti ki poko gen laj 5 an men yo pa gen okenn moustikè nan kay la. (Objektif 27)

PYÈS TEYAT 26

Nan yon fanmi endijan ki gen plizyè timoun ki pi piti, ti fi pi gran an, ki gen laj 10 an, toujou lakay pou ede ak timoun ki pi piti yo pandan lè lekòl. (Objektif 28)

LIS TOUT SA POU FÈ POU OBSÈVASYON POU ANKOURAJMAN POU CHANJMAN NAN KONPÒTMAN – DEZYÈM KONTAK

Èske Ajan Kore Fanmi la te fè bagay ki ekri anba la yo?

- ☐ Salye manman an/fanm ansent la, epi kreye konfyans; fè manman an santi li alez.
- ☐ Mande pou lave men li avèk savon apre li fin rive nan kay la.
- ☐ Poze manman an/fanm ansent lan kesyon sou pratik y ap swiv nan moman an, epi koute avèk anpil atansyon nan sa lap di a.
- ☐ Idantifye difikilte oswa pwoblèm yo, epi chwazi sa ki enpòtan an pou travay sou li.
- ☐ Bay konsepsyon tounèf, oswa anseye nouvo bon jan fason ki bay bon jan rezilta.
- ☐ Si gen difikilte, pale sou diferan posiblite, epi ede li chwazi sa li kapab eseye a.
- ☐ Mande manman an oswa fanm ansent lan pou aksepte eseye youn nan posiblite yo, epi fè li dakò.
- ☐ Fè manman an oswa fanm ansent lan sonje konpòtman an, epi ede li gen kontwòl difikilte yo.
- ☐ Chwazi yon dat ak lè pou lòt vizit la.

Site youn oswa plizyè bagay Ajan Kore Fanmi la te fè byen:

Site yon bagay enpòtan ou rekòmande Ajan Kore Fanmi la pou li fè li vin pi bon nan pwochen vizit nan kay la:

OBJEKTIF LAVI YO

nan paj 57–59 Liv Patisipan an

Objektif Lavi Fanmi		Aksyon
Fanmi		
1	Fanmi an gen ase mwayen pou yo fè kòb oswa revni.	• Referans
2	Fanmi an gen ase manje pou manje epi li pa ap manke manje.	• Pwomosyon • Distribisyon resous • Referans
3	Fanmi an ap viv nan kay ki bon pou yo.	• Pwomosyon • Distribisyon resous • Referans
4	Fanmi an gen dokiman idantifikasyon (kat ID pou granmoun, batistè pou timoun).	• Pwomosyon • Referans
5	Fanmi an pa fè eksperyans vyolans domestik.	• Pwomosyon • Referans
6	Fanmi an pa abandone okenn timoun, oswa timoun ki te abandone deja tounen nan fanmi an.	• Pwomosyon • Referans
7	Manm fanmi an ki gen andikap yo te dekouvri ak sipòte pou asire yo kapab viv nan fason pi byen posib.	• Pwomosyon • Referans
8	Fanmi an gen bon pratik ijyèn pou pwòp tèt yo ak pou anviwònman yo.	• Pwomosyon • Distribisyon resous • Referans
9	Fanmi an sèvi ak dlo potab.	• Pwomosyon • Distribisyon resous • Referans
10	Fanmi an sèvi ak yon latrin.	• Pwomosyon • Distribisyon resous • Referans
11	Fanmi an jete fatra yon fason ki bon.	• Pwomosyon
12	Lafimen fè manje pa aji sou kay la.	• Pwomosyon • Referans
13	Fanmi an konnen epi li sèvi ak metòd planin si sa bon pou yo.	• Pwomosyon • Distribisyon resous • Referans
14	Fanmi an konnen ki jan maladi kapab simaye ak fason pou anpeche moun pa pran maladi moun pran nan fè bagay.	• Pwomosyon • Distribisyon resous • Referans

Objektif Lavi Fanmi		Aksyon
15	Manm fanmi ki gen maladi kwonik ap resevwa epi suiv tretman.	• Pwomosyon • Referans
Fanm Yo		
16	Fanm ansent nan fanmi an jwenn ase manje ki gen nanm.	• Pwomosyon • Referans
17	Fanm ansent nan fanmi an suiv omwen 4 sèvis swen gwosès.	• Pwomosyon • Referans
18	Fanm ansent nan fanmi yo dòmi anba moustikè.	• Pwomosyon • Referans
19	Fanm ansent yo gen bon plan pou gwosès ak akouchman.	• Pwomosyon • Referans
20	Fanm ansent akouche nan yon kote ki an sekirite.	• Pwomosyon • Referans
Timoun Yo		
21	Ti Bebe yo nan tete sèlman pandan premye 6 mwa yo.	• Pwomosyon
22	Ti Bebe ki poko gen laj 5 an gen bon eta nitrisyon.	• Distribisyon resous • Sevis dirèk • Referans
23	Ti Bebe yo gentan resevwa tout vaksen ki dwe pou laj 1 an.	• Pwomosyon • Sevis dirèk
24	Timoun yo ap resevwa swen bon kalite e alè.	• Pwomosyon • Referans
25	Timoun yo ap resevwa eksitasyon timoun piti byen bonè.	• Promotion
26	Timoun ki poko gen 5 an dòmi anba moustikè.	• Pwomosyon • Distribisyon resous • Referans
27	Tout timoun ki gen laj lekòl nan fanmi an ale nan lekòl la.	• Pwomosyon • Distribisyon resous • Referans

SESYON 7 PÒS-TÈS



Metòd: Evalyasyon



Kantite Tan: 30 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- Evalye sa yo te aprann yo pandan fòmasyon an.



Preparasyon

- Koriye pre-tès yo nan kòmansman fòmasyon sa a.
- Prepare pre-tès yo pou remèt patisipan yo.



Materyèl yo

- Kreyon oswa plim pou tout patisipan yo
- Fotokopi Pòs-tès la



ETAP YO



30 minit

1. Fè patisipan yo konnen y ap pran yon “pòs-tès” kounye a. Objektif pòs-tès la se pa pou jije patisipan yo, men pito pou asire fòmasyon sa a te satisfè bezwen yo. Pòs-tès la ap ede evalye tou si fòmasyon sa a bay bon jan rezilta, epitou lap fè li vin pi bon pou fòmasyon pi devan yo.
2. Bay chak patisipan yon fotokopi pòs-tès la.
3. Anvan pòs-tès la, mande patisipan yo pou yo mete enfòmasyon anlè chak paj egzamen an, epi pou yo remèt li ba ou. Si yon patisipan pa konnen dat egzat li te vin yon Ajan Kore Fanmi, mande li pou ekri ane li te vin yon Ajan Kore Fanmi, epi note jou a kòm “30” ak mwa a kòm “6” (jen). Enfòmasyon sa yo ta dwe menm avèk sa yo te ekri nan pre-tès la.

4. Fè patisipan yo konnen ou pral li kèk kesyon byen fò ki gen rapò ak sijè fòmasyon an. Patisipan yo ap reponn kesyon yo. Pou fè sa, yap fè yon ti ronnn nan pi bon repons lan pou chak kesyon ki nan pòs-tès yo.
5. Di patisipan yo si yo pa konnen repons pou yon kesyon, yo ta dwe kite kesyon an san repons.
6. Esplike wap fè premye kesyon an ansanm. Fè patisipan yo konnen kesyon sa a pa nan egzamen an; se sèlman pou pratik.
7. Li premye kesyon an ak repons posib yo byen fò. Mande yon volontè pou reponn, oswa reponn kesyon an poukont ou. Pou reponn kesyon sa a, patisipan yo ta dwe fe yon ti ronnn lan repons ki sou papye yo.
8. Li rès kesyon pòs-tès la ak repons posib yo byen fò ak dousman, youn apre lot. Repete kesyon yo ak repons posib yo, jan li nesesè. Apre ou fin li chak kesyon, bay patisipan yo tan pou yo fè ti ronnn nan repons lan.
9. Fè patisipan yo konnen ou pral konpare pòs-tès ak pre-tès te pran nan kòmansman fòmasyon sa a. Separe chak pre-tès ki korije ba chak patisipan.
10. Mande patisipan yo pou yo gade pre-tès korije yo ak dènye pòs-tès yo pou wè kote yo vin pi bon ak sa yo aprann nan. Fè patisipan yo konnen yo pa ta dwe fè okenn chanjman nan pòs-tès yo. Sa trè enpòtan.
11. Mande patisipan yo si yo gen nenpòt kesyon ki gen rapò ak egzamen yo, epi bay eksplikasyon yo, si li nesesè.
12. Ranmase pre-tès yo ak pòs-tès yo.



KONSÈY: Apre fòmasyon an, egzamine rezilta pre-tès la ak pòs-tès la pou wè domèn kote patisipan yo te fè pi move nòt yo. Enfòmasyon sa yo ap ede ou fè fòmasyon pi devan yo bay pi bon rezilta. Pa egzanp, si anpil patisipan te jwenn yon kesyon patikilye pa bon nan pòs-tès la, ou ka bezwen esplike yo sijè a nan plis detay lòt fwa pral fè fòmasyon an.

KOREKTUM PÒS-TÈS

Non ou: _____

Dat: _____

Seksyon Kominal: _____

ID AKF: _____

Depi konbyen tan ou se yon Ajan Kore Fanmi? _____ /
mwa / lane

Antoure pi bon repons lan pou chak kesyon.

1. Lè yon moun bezwen adopte yon konpòtman tounèf ki bon pou sante li, epi si moun nan pa t janm pratike konpòtman an anvan, anjeneral l ap:
 - a. Kòmanse fè konpòtman tounèf la touswit.
 - b. **Bezwen fè plizyè etap pou li kapab fè chanjman an.**
 - c. Deside pou pa adopte konpòtman tounèf la.
 - d. Adopte konpòtman tounèf la sèlman si li fasil pou fè.
2. Ki 5 etap chanjman yon moun fè anjeneral pou li ka adopte yon konpòtman tounèf?
 - a. Inyorans, Konesans, Ap vin gen bon jan fason, Pratik, Aksyon.
 - b. **Pa konnen, Konnen, Vle/Dakò, Fè, ak Temwaye.**
 - c. Konnen pwoblèm nan, Idantifye solisyon yo, Aksepte solisyon an, Aksyon, Kontinyasyon.
 - d. Okenn nan repons anvan yo.
3. Dezyèm etap yon moun fè pou li ka adopte yon konpòtman tounèf se:
 - a. Moun nan eseye konpòtman tounèf la pou premye fwa.
 - b. Moun nan di li pa kapab adopte konpòtman tounèf la.
 - c. **Moun nan aprann konpòtman ak avantaj pou pratike konpòtman an.**
 - d. Moun nan prepare ak pare li pou pratike konpòtman tounèf la.

4. Katriyèm etap yon moun fè pou li ka adopte yon konpòtman tounèf se:
 - a. Moun nan poze plis kesyon sou konpòtman an.
 - b. Moun nan prepare ak pare pou pratike konpòtman an.
 - c. Moun nan deside li pa vle pratike konpòtman tounèf la.
 - d. **Moun nan eseye konpòtman tounèf la pou premye fwa.**
5. Senkyèm etap yon moun fè pou li ka adopte yon konpòtman tounèf se:
 - a. Moun nan rejte konpòtman an, epi li pa pratike li.
 - b. Moun nan poze kesyon sou konpòtman an.
 - c. Moun nan eseye konpòtman tounèf la pou premye fwa.
 - d. **Moun nan pratike konpòtman tounèf la pandan lontan.**
6. Kilès ki se yon egzanp 2yèm etap chanjman?
 - a. Yon jèn gason sèvi ak yon kapòt pou premye fwa pandan l ap fè bagay pou pwoteje tèt li kont maladi moun pran nan fè bagay.
 - b. **Yon jèn gason aprann si li sèvi ak kapòt chak fwa l ap fè bagay sa ap pwoteje li kont maladi moun pran nan fè bagay.**
 - c. Yon jèn gason pa konnen kapòt bay pwoteksyon kont maladi moun pran nan fè bagay.
 - d. Yon jèn gason sèvi ak kapòt chak fwa l ap fè bagay.
7. Kilès ki se yon egzanp 4yèm etap chanjman: aksyon?
 - a. Yon manman pa konnen ou kapab gen kolera lè ou bwè dlo kontamine.
 - b. Yon manman pirifye tout dlo fanmi an ap bwè, chak jou.
 - c. **Yon manman eseye pirifye dlo nan kay la pou premye fwa.**
 - d. Yon manman aprann ou kapab pa pran kolera si ou pirifye tout dlo potab.

8. Kisa Ajan Kore Fanmi la kapab fè pou ede yon moun kite etap 2 pou ale nan etap 3?
 - a. **Pale avèk moun nan pou ede li idantifye difikilte, epi jwenn solisyon pou difikilte yo.**
 - b. Vizite moun nan pwochen mwa a, epi mande si moun nan te eseye konpòtman an.
 - c. Bay moun nan yon bwochi oswa yon tiliv ki gen enfòmasyon sou konpòtman an.
 - d. Esplike sa moun nan dwe fè pou pratike konpòtman an kòrèkteman.

9. Kisa Ajan Kore Fanmi la kapab fè pou ede yon moun pratike yon konpòtman tounèf pandan lontan?
 - a. Idantifye difikilte moun nan genyen yo, epi ede moun nan jwenn solisyon ak fini ak difikilte yo.
 - b. Fè vizit regilye lakay ou pou fè swivi ak pou ogmante avantaj konpòtman tounèf la.
 - c. Idantifye lòt manm fanmiki kapab sipòte konpòtman tounèf la.
 - d. **Fè tout bagay sa yo.**

10. Kisa ankourajman pou chanje konpòtman ye?
 - a. Ajan Kore Fanmi la pwomèt pou pa deranje moun nan si moun nan ap adopte konpòtman tounèf la.
 - b. Ajan Kore Fanmi la bay moun nan yon rekonpans si moun nan adopte konpòtman tounèf la.
 - c. **Ajan Kore Fanmi la ede moun nan idantifye ak abòde tout sa ki anpeche li pratike konpòtman tounèf la, epitou pou idantifye etap pou pratike konpòtman tounèf la.**
 - d. Ajan Kore Fanmi la pale avèk moun nan de sa ki gen rapò ak avantaj konpòtman tounèf la.

11. Ki diferans ki genyen ant yon konpòtman ideyal ak yon konpòtman entèmedyè?
- a. **Yon konpòtman ideyal pwodui rezilta ki pi bon pou sante.**
 - b. Yon konpòtman ideyal pi fasil pou pratike pase yon konpòtman entèmedyè.
 - c. Yon konpòtman ideyal bay yon rezilta pi vit pase yon konpòtman entèmedyè.
 - d. Yon konpòtman entèmedyè senpleman bon menm jan ak yon konpòtman ideyal.
12. Kilès ki se yon egzanp yon konpòtman ideyal?
- a. **Yon fanm ansent ale nan tout vizit anvan akouchman ki obligatwa yo.**
 - b. Yon fanm ansent ale pou pi piti nan 1 vizit anvan akouchman.
 - c. Yon fanm ansent pa ale nan vizit anvan akouchman yo, sof si li malad.
 - d. Yon fanm ansent pa ale nan okenn vizit anvan akouchman.
13. Kilès ki se yon egzanp yon konpòtman entèmedyè?
- a. Yon fanm ansent planifye pou akouche nan sant sante a.
 - b. Yon fanm ansent akouche lakay li.
 - c. **Yon fanm ansent akouche lakay li avèk èd yon travayè sante ki antrene.**
 - d. Yon fanm ansent akouche lakay li avèk èd manman li.

14. Pandan premye vizit nan kay la, premye etap nan pwosesis ankourajman pou chanjman nan konpòtman an se:
 - a. Di moun nan kisa pou li fè.
 - b. Bay moun nan enfòmasyon tounèf.
 - c. Bay moun nan materyèl l ap bezwen pou pratike konpòtman tounèf la.
 - d. **Evalye sitiyasyon moun nan.**
15. Si yon moun gen pwoblèm pou adopte yon konpòtman tounèf, Ajan Kore Fanmi la ta dwe:
 - a. Ede moun nan lè li montre konpòtman tounèf la.
 - b. **Ede moun nan idantifye difikilte ak solisyon posib pou difikilte yo.**
 - c. Di moun nan lap retounen nan lòt semèn.
 - d. Di moun nan poukisa li dwe pratike konpòtman tounèf la.
16. Si, apre moun nan te eseye yon konpòtman tounèf, li toujou gen pwoblèm pou adopte yon konpòtman tounèf, Ajan Kore Fanmi la ta dwe:
 - a. Di moun nan danje ki genyen lè li pa pratike konpòtman tounèf la.
 - b. **Negosye pou idantifye yon konpòtman entèmedyè moun nan kapab pratike pou li kapab vin gen konpòtman ideyal la pètèt.**
 - c. Negosye avèk moun nan lè li pwomèt vizit ankò nan yon ti tan.
 - d. Di moun nan ou pral fè madanm/mari li konnen li pa adopte konpòtman tounèf la.

17. Kijan Ajan Kore Fanmi la konnen lè li te bay bon jan rezilta nan ankouraje chanjman konpòtman avèk yon moun?
- a. Moun nan mande zanmi ak vwazen li yo pou pratike konpòtman an.
 - b. Moun nan poze anpil kesyon sou konpòtman an.
 - c. Moun nan eseye konpòtman an.
 - d. **Moun nan pratike konpòtman tounèf la pandan lontan.**

SESYON 8

EVALYASYON AK BWAT KESYON SEKRÈ YO



Metòd: Diskisyon an gwo gwoup ak evalyasyon alekri



Kantite Tan: 15 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- Bay remake sou fòmasyon an.



Preparasyon

- Si ou planifye pou fè evalyasyon ki fet nan pale l, ekri kesyon evalyasyon ki nan etap 3 sou gwo fèy papye a oswa sou papye kaye nèt. Kite espas apre chak kesyon pou ou kapab note repons patisipan yo.
- Prepare Bwa Kesyon Sekrè yo.



Materyèl yo

- Kesyon evalyasyon ki ekri sou gwo fèy papye a oswa sou papye kaye nèt (si w ap planifye pou fè evalyasyon an aloral)
- Fòm evalyasyon nan paj 98–99 Liv Patisipan an (si w ap planifye pou fè patisipan yo fè evalyasyon an alekri)
- Lis Tout Sa Pou Fè pou Chanjman Konpòtman nan paj 72 Liv Patisipan
- Gwo fèy papye oswa papye kaye nèt
- Makè



KONSÈY: Ou kapab fè evalyasyon an aloral (etap 1–3), oswa mande patisipan yo pou yo detache ak ranpli fòm evalyasyon ekri a ki nan liv yo a.

Men avantaj ki genyen lè ou fè yon evalyasyon aloral: menm patisipan ki pa gen bon bon jan fason pou li ak ekri kapab patisipe san pwoblèm; lè ou poze kesyon yo aloral sa ka kreye diskisyon ki itil; evalyasyon aloral la ka pran mwens tan pase evalyasyon alekri a.

Men avantaj ki genyen lè ou mande patisipan yo pou fè yon evalyasyon alekri: patisipan ki timid yo pi ka bay remake yo alekri pase aloral; patisipan yo ka bay remake ki pi onèt si yo reponn alekri poukont yo olye yo fè sa pou tout moun ka wè.



ETAP YO



15 minit

1. Di patisipan yo mèsè poutèt yo angaje ak aktif nan fòmasyon jodi a.
2. Di patisipan yo ou ta renmen konnen sa yo panse sou fòmasyon sa a. W ap itilize kòmantè ak remak pou evalye ak rann fòmasyon pi devan yo vin pi bon, si li nesesè.
3. Si ou chwazi fè evalyasyon an aloral, poze patisipan yo kesyon ki endike anba la yo, epi note repons yo sou gwo fèy papye a (oswa sou papye kaye nòt la):
 - Ki aktivite fòmasyon ou te renmen pi plis? Poukisa?
 - Ki aktivite fòmasyon ou te renmen mwens? Poukisa?
 - Kisa ou te aprann ki te enpòtan pou itilize nan travay ou?
 - Èske te gen yon bagay ou pa t konprann? Bay egzant espesyal.
 - Ki rekòmandasyon ou pou rann fòmasyon sa a vin pi bon? Kisa ou ta chanje? (Pa egzant, ki aktivite, imaj ak foto, elatriye, ou ta renmen chanje?)
 - Ki lòt kòmantè ou genyen?
4. Si ou chwazi pou fè patisipan yo fè evalyasyon an alekri, mande patisipan yo pou jwenn fòm evalyasyon an nan paj 98–99 liv yo, epi pou yo detache li. Li kesyon evalyasyon an byen fò. Mande patisipan yo pou yo fè evalyasyon an. Pandan patisipan yo ap travay, mache nan sal la, epi bay èd, si li nesesè.
5. Note epi konsève repons yo nan evalyasyon aloral la, oswa ranmase ak konsève fòm evalyasyon alekri yo.



5 minit

6. Felisite patisipan yo poutèt yo fini sesyon fòmasyon sa a.
7. Mande patisipan yo pou jwenn Lis Tout Sa Pou Chanjman Konpòtman nan paj 72 liv yo. Mande patisipan yo ki rèz kesyon yo genyen ki gen rapò ak responsabilite yo, epi reponn kesyon yo kòm sadwa, oswa mande patisipan ki gen eksperyans yo pou reponn.

*5 minit*

- 8.** Retire kesyon yo nan Bwa Kesyon Sekrè yo, epi reponn yo kòmsadwa (swa avèk tout gwoup la oswa avèk moun yo apa apre fòmasyon an).
- 9.** Di patisipan yo mèsè pou patisipasyon yo nan fòmasyon an. Di yo mèsè pou travay enpòtan yap fè chak jou a.



LIS TOUT SA KI POU FÈT POU ANKOURAJE CHANJMAN NAN KONPÒTMAN

nan paj 72 Liv Patisipan an

- ☐ Toujou sonje 5 etap chanjman yo pandan wap kominike avèk fanmi yo, epitou ede yo adopte konpòtman ki pi bon pou sante yo: 1) Pa konnen; 2) Konnen; 3) Vle/Dakò; 4) Fè; 5) Temwaye.
- ☐ Chèche konnen nan ki etap chanjman manm fanmi yo ye pou ou kapab ede yo fè chak etap kòm sadwa, epitou pou yo toujou adopte konpòtman ki bon pou sante pandan lontan.
- ☐ Sèvi ak aktivite kimache ak etap chanjman yon moun nan ye. Pa egzanp, bay enfòmasyon epi reponn kesyon pou yon moun ki nan etap 1; fè vizit an plis regilye, epitou rekonèt manm fanmi ki bay sipò pou yon moun ki nan etap 5.
- ☐ Ankouraje chanjman nan konpòtman avèk manm fanmi an. Pou fè sa, rekonèt konpòtman ideyal yo ta dwe pratike pou yo kapab rann sante yo ak fason yap viv la pi bon. Ede manm fanmi an fè pwogrè pou yo adopte konpòtman ideyal yo. Pou fè sa, idantifye konpòtman entèmedyè ki se etap nan bon direksyon an.
- ☐ Ankouraje chanjman konpòtman avèk manm fanmi an pandan yon premye vizit. Pou fè sa, swiv etap pou ankourajman chanjman nan konpòtman, tankou: 1) evalye sitiyasyon moun nan; 2) rekonèt konpòtman ideyal la; 3) bay lòt enfòmasyon; epi 4) pwopoze konpòtman ideyal la.
- ☐ Ankouraje chanjman nan konpòtman avèk manm fanmi an pandan yon dezyèm vizit. Pou fè sa, swiv etap ankourajman pou chanjman nan konpòtman, tankou: 1) chèche konnen kijan moun nan ap kontwòle; 2) Si gen difikilte, fè yon pale a de; 3) rekonèt difikilte yo; 4) ede jwenn solisyon; 5) negosye pou rekonèt yon konpòtman entèmedyè; 6) si pa gen difikilte bay felisitasyon; epi 7) fè yon nouvo rekòmandasyon.



FÒM EVALYASYON

Ki aktivite fòmasyon ou te renmen pi plis? Pou kisa?

Ki aktivite fòmasyon ou te renmen mwens? Pou kisa?

Kisa ou te aprann ki te enpòtan pou sèvi ak yo nan travay ou?

Èske te gen yon bagay ou pa t konprann? Bay egzanp espesyal.

**Ki rekòmandasyon ou pou rann fòmasyon sa a vin pi bon? Kisa ou ta chanje?
(Pa egzanp, ki aktivite, imaj ak foto, elatriye, ou ta renmen chanje?)**

Ki lòt kòmantè ou genyen?

Mèsi poutèt ou fè evalyasyon sa a.

PRE-TÈS

Non ou: _____

Dat: _____

Seksyon Kominal: _____

ID AKF: _____

Depi konbyen tan ou se yon Ajan Kore Fanmiy? _____ /
mwa / lane**Antoure pi bon repons lan pou chak kesyon.**

1. Lè yon moun bezwen adopte yon konpòtman tounèf ki bon pou sante li, epi si moun nan pa t janm pratike konpòtman an anvan, anjeneral l ap:
 - a. Kòmanse fè konpòtman tounèf la touswit.
 - b. Bezwen fè plizyè etap pou li kapab fè chanjman an.
 - c. Deside pou pa adopte konpòtman tounèf la.
 - d. Adopte konpòtman tounèf la sèlman si li fasil pou fè.
2. Ki 5 etap chanjman yon moun fè anjeneral pou li ka adopte yon konpòtman tounèf?
 - a. Inyorans, Konesans, Ap vin gen bon jan fason, Pratik, Aksyon.
 - b. Pa konnen, Konnen, Vle/Dakò, Fè, ak Temwaye.
 - c. Konnen pwoblèm nan, Idantifye solisyon yo, Aksepte solisyon an, Aksyon, Kontinyasyon.
 - d. Okenn nan repons anvan yo.
3. Dezyèm etap yon moun fè pou li ka adopte yon konpòtman tounèf se:
 - a. Moun nan eseye konpòtman tounèf la pou premye fwa.
 - b. Moun nan di li pa kapab adopte konpòtman tounèf la.
 - c. Moun nan aprann konpòtman ak avantaj pou pratike konpòtman an.
 - d. Moun nan prepare ak pare li pou pratike konpòtman tounèf la.

4. Katriyèm etap yon moun fè pou li ka adopte yon konpòtman tounèf se:
 - a. Moun nan poze plis kesyon sou konpòtman an.
 - b. Moun nan prepare ak pare pou pratike konpòtman an.
 - c. Moun nan deside li pa vle pratike konpòtman tounèf la.
 - d. Moun nan eseye konpòtman tounèf la pou premye fwa.
5. Senkyèm etap yon moun fè pou li ka adopte yon konpòtman tounèf se:
 - a. Moun nan rejte konpòtman an, epi li pa pratike li.
 - b. Moun nan poze kesyon sou konpòtman an.
 - c. Moun nan eseye konpòtman tounèf la pou premye fwa.
 - d. Moun nan pratike konpòtman tounèf la pandan lontan.
6. Kilès ki se yon egzanp 2yèm etap chanjman?
 - a. Yon jèn gason sèvi ak yon kapòt pou premye fwa pandan l ap fè bagay pou pwoteje tèt li kont maladi moun pran nan fè bagay.
 - b. Yon jèn gason aprann si li sèvi ak kapòt chak fwa l ap fè bagay sa ap pwoteje li kont maladi moun pran nan fè bagay.
 - c. Yon jèn gason pa konnen kapòt bay pwoteksyon kont maladi moun pran nan fè bagay.
 - d. Yon jèn gason sèvi ak kapòt chak fwa l ap fè bagay.
7. Kilès ki se yon egzanp 4yèm etap chanjman: aksyon?
 - a. Yon manman pa konnen ou kapab gen kolera lè ou bwè dlo kontamine.
 - b. Yon manman pirifye tout dlo fanmi an ap bwè, chak jou.
 - c. Yon manman eseye pirifye dlo nan kay la pou premye fwa.
 - d. Yon manman aprann ou kapab pa pran kolera si ou pirifye tout dlo potab.

8. Kisa Ajan Kore Fanmi la kapab fè pou ede yon moun kite etap 2 pou ale nan etap 3?
 - a. Pale avèk moun nan pou ede li idantifye difikilte, epi jwenn solisyon pou difikilte yo.
 - b. Vizite moun nan pwochen mwa a, epi mande si moun nan te eseye konpòtman an.
 - c. Bay moun nan yon bwochi oswa yon tiliv ki gen enfòmasyon sou konpòtman an.
 - d. Esplike sa moun nan dwe fè pou pratike konpòtman an kòrèkteman.
9. Kisa Ajan Kore Fanmi la kapab fè pou ede yon moun pratike yon konpòtman tounèf pandan lontan?
 - a. Idantifye difikilte moun nan genyen yo, epi ede moun nan jwenn solisyon ak fini ak difikilte yo.
 - b. Fè vizit regilye lakay ou pou fè swivi ak pou ogmante avantaj konpòtman tounèf la.
 - c. Idantifye lòt manm fanmiki kapab sipòte konpòtman tounèf la.
 - d. Fè tout bagay sa yo.
10. Kisa ankourajman pou chanje konpòtman ye?
 - a. Ajan Kore Fanmi la pwomèt pou pa deranje moun nan si moun nan ap adopte konpòtman tounèf la.
 - b. Ajan Kore Fanmi la bay moun nan yon rekonpans si moun nan adopte konpòtman tounèf la.
 - c. Ajan Kore Fanmi la ede moun nan idantifye ak abòde tout sa ki anpeche li pratike konpòtman tounèf la, epitou pou idantifye etap pou pratike konpòtman tounèf la.
 - d. Ajan Kore Fanmi la pale avèk moun nan de sa ki gen rapò ak avantaj konpòtman tounèf la.

- 11.** Ki diferans ki genyen ant yon konpòtman ideyal ak yon konpòtman entèmedyè?
- a. Yon konpòtman ideyal pwodui rezilta ki pi bon pou sante.
 - b. Yon konpòtman ideyal pi fasil pou pratike pase yon konpòtman entèmedyè.
 - c. Yon konpòtman ideyal bay yon rezilta pi vit pase yon konpòtman entèmedyè.
 - d. Yon konpòtman entèmedyè senpleman bon menm jan ak yon konpòtman ideyal.
- 12.** Kilès ki se yon egzanp yon konpòtman ideyal?
- a. Yon fanm ansent ale nan tout vizit anvan akouchman ki obligatwa yo.
 - b. Yon fanm ansent ale pou pi piti nan 1 vizit anvan akouchman.
 - c. Yon fanm ansent pa ale nan vizit anvan akouchman yo, sof si li malad.
 - d. Yon fanm ansent pa ale nan okenn vizit anvan akouchman.
- 13.** Kilès ki se yon egzanp yon konpòtman entèmedyè?
- a. Yon fanm ansent planifye pou akouche nan sant sante a.
 - b. Yon fanm ansent akouche lakay li.
 - c. Yon fanm ansent akouche lakay li avèk èd yon travayè sante ki antrene.
 - d. Yon fanm ansent akouche lakay li avèk èd manman li.
- 14.** Pandan premye vizit nan kay la, premye etap nan pwosesis ankourajman pou chanjman nan konpòtman an se:
- a. Di moun nan kisa pou li fè.
 - b. Bay moun nan enfòmasyon tounèf.
 - c. Bay moun nan materyèl l ap bezwen pou pratike konpòtman tounèf la.
 - d. Evalye sitiyasyon moun nan.

15. Si yon moun gen pwoblèm pou adopte yon konpòtman tounèf, Ajan Kore Fanmi la ta dwe:
 - a. Ede moun nan lè li montre konpòtman tounèf la.
 - b. Ede moun nan idantifye difikilte ak solisyon posib pou difikilte yo.
 - c. Di moun nan lap retounen nan lòt semèn.
 - d. Di moun nan poukisa li dwe pratike konpòtman tounèf la.

16. Si, apre moun nan te eseye yon konpòtman tounèf, li toujou gen pwoblèm pou adopte yon konpòtman tounèf, Ajan Kore Fanmi la ta dwe:
 - a. Di moun nan danje ki genyen lè li pa pratike konpòtman tounèf la.
 - b. Negosye pou idantifye yon konpòtman entèmedyè moun nan kapab pratike pou li kapab vin gen konpòtman ideyal la pètèt.
 - c. Negosye avèk moun nan lè li pwomèt vizit ankò nan yon ti tan.
 - d. Di moun nan ou pral fè madanm/mari li konnen li pa adopte konpòtman tounèf la.

17. Kijan Ajan Kore Fanmi la konnen lè li te bay bon jan rezilta nan ankouraje chanjman konpòtman avèk yon moun?
 - a. Moun nan mande zanmi ak vwazen li yo pou pratike konpòtman an.
 - b. Moun nan poze anpil kesyon sou konpòtman an.
 - c. Moun nan eseye konpòtman an.
 - d. Moun nan pratike konpòtman tounèf la pandan lontan.

PÒS-TÈS

Non ou: _____ Dat: _____

Seksyon Kominal: _____ # ID AKF: _____

Depi konbyen tan ou se yon Ajan Kore Fanmi? _____ /
mwa / lane

Antoure pi bon repons lan pou chak kesyon.

1. Lè yon moun bezwen adopte yon konpòtman tounèf ki bon pou sante li, epi si moun nan pa t janm pratike konpòtman an anvan, anjeneral l ap:
 - a. Kòmanse fè konpòtman tounèf la touswit.
 - b. Bezwen fè plizyè etap pou li kapab fè chanjman an.
 - c. Deside pou pa adopte konpòtman tounèf la.
 - d. Adopte konpòtman tounèf la sèlman si li fasil pou fè.
2. Ki 5 etap chanjman yon moun fè anjeneral pou li ka adopte yon konpòtman tounèf?
 - a. Inyorans, Konesans, Ap vin gen bon jan fason, Pratik, Aksyon.
 - b. Pa konnen, Konnen, Vle/Dakò, Fè, ak Temwaye.
 - c. Konnen pwoblèm nan, Idantifye solisyon yo, Aksepte solisyon an, Aksyon, Kontinyasyon.
 - d. Okenn nan repons anvan yo.
3. Dezyèm etap yon moun fè pou li ka adopte yon konpòtman tounèf se:
 - a. Moun nan eseye konpòtman tounèf la pou premye fwa.
 - b. Moun nan di li pa kapab adopte konpòtman tounèf la.
 - c. Moun nan aprann konpòtman ak avantaj pou pratike konpòtman an.
 - d. Moun nan prepare ak pare li pou pratike konpòtman tounèf la.

4. Katriyèm etap yon moun fè pou li ka adopte yon konpòtman tounèf se:
 - a. Moun nan poze plis kesyon sou konpòtman an.
 - b. Moun nan prepare ak pare pou pratike konpòtman an.
 - c. Moun nan deside li pa vle pratike konpòtman tounèf la.
 - d. Moun nan eseye konpòtman tounèf la pou premye fwa.
5. Senkyèm etap yon moun fè pou li ka adopte yon konpòtman tounèf se:
 - a. Moun nan rejte konpòtman an, epi li pa pratike li.
 - b. Moun nan poze kesyon sou konpòtman an.
 - c. Moun nan eseye konpòtman tounèf la pou premye fwa.
 - d. Moun nan pratike konpòtman tounèf la pandan lontan.
6. Kilès ki se yon egzanp dez yèm etap chanjman?
 - a. Yon jèn gason sèvi ak yon kapòt pou premye fwa pandan l ap fè bagay pou pwoteje tèt li kont maladi moun pran nan fè bagay.
 - b. Yon jèn gason aprann si li sèvi ak kapòt chak fwa l ap fè bagay sa ap pwoteje li kont maladi moun pran nan fè bagay.
 - c. Yon jèn gason pa konnen kapòt bay pwoteksyon kont maladi moun pran nan fè bagay.
 - d. Yon jèn gason sèvi ak kapòt chak fwa l ap fè bagay.
7. Kilès ki se yon egzanp 4yèm etap chanjman: aksyon?
 - a. Yon manman pa konnen ou kapab gen kolera lè ou bwè dlo kontamine.
 - b. Yon manman pirifye tout dlo fanmi an ap bwè, chak jou.
 - c. Yon manman eseye pirifye dlo nan kay la pou premye fwa.
 - d. Yon manman aprann ou kapab pa pran kolera si ou pirifye tout dlo potab.

- 8.** Kisa Ajan Kore Fanmi la kapab fè pou ede yon moun kite etap 2 pou ale nan etap 3?
 - a.** Pale avèk moun nan pou ede li idantifye difikilte, epi jwenn solisyon pou difikilte yo.
 - b.** Vizite moun nan pwochen mwa a, epi mande si moun nan te eseye konpòtman an.
 - c.** Bay moun nan yon bwochi oswa yon tiliv ki gen enfòmasyon sou konpòtman an.
 - d.** Esplike sa moun nan dwe fè pou pratike konpòtman an kòrèkteman.
- 9.** Kisa Ajan Kore Fanmi la kapab fè pou ede yon moun pratike yon konpòtman tounèf pandan lontan?
 - a.** Idantifye difikilte moun nan genyen yo, epi ede moun nan jwenn solisyon ak fini ak difikilte yo.
 - b.** Fè vizit regilye lakay ou pou fè swivi ak pou ogmante avantaj konpòtman tounèf la.
 - c.** Idantifye lòt manm fanmiki kapab sipòte konpòtman tounèf la.
 - d.** Fè tout bagay sa yo.
- 10.** Kisa ankourajman pou chanje konpòtman ye?
 - a.** Ajan Kore Fanmi la pwomèt pou pa deranje moun nan si moun nan ap adopte konpòtman tounèf la.
 - b.** Ajan Kore Fanmi la bay moun nan yon rekonpans si moun nan adopte konpòtman tounèf la.
 - c.** Ajan Kore Fanmi la ede moun nan idantifye ak abòde tout sa ki anpeche li pratike konpòtman tounèf la, epitou pou idantifye etap pou pratike konpòtman tounèf la.
 - d.** Ajan Kore Fanmi la pale avèk moun nan de sa ki gen rapò ak avantaj konpòtman tounèf la.

- 11.** Ki diferans ki genyen ant yon konpòtman ideyal ak yon konpòtman entèmedyè?
- a. Yon konpòtman ideyal pwodui rezilta ki pi bon pou sante.
 - b. Yon konpòtman ideyal pi fasil pou pratike pase yon konpòtman entèmedyè.
 - c. Yon konpòtman ideyal bay yon rezilta pi vit pase yon konpòtman entèmedyè.
 - d. Yon konpòtman entèmedyè senpleman bon menm jan ak yon konpòtman ideyal.
- 12.** Kilès ki se yon egzanp yon konpòtman ideyal?
- a. Yon fanm ansent ale nan tout vizit anvan akouchman ki obligatwa yo.
 - b. Yon fanm ansent ale pou pi piti nan 1 vizit anvan akouchman.
 - c. Yon fanm ansent pa ale nan vizit anvan akouchman yo, sof si li malad.
 - d. Yon fanm ansent pa ale nan okenn vizit anvan akouchman.
- 13.** Kilès ki se yon egzanp yon konpòtman entèmedyè?
- a. Yon fanm ansent planifye pou akouche nan sant sante a.
 - b. Yon fanm ansent akouche lakay li.
 - c. Yon fanm ansent akouche lakay li avèk èd yon travayè sante ki antrene.
 - d. Yon fanm ansent akouche lakay li avèk èd manman li.
- 14.** Pandan premye vizit nan kay la, premye etap nan pwosesis ankourajman pou chanjman nan konpòtman an se:
- a. Di moun nan kisa pou li fè.
 - b. Bay moun nan enfòmasyon tounèf.
 - c. Bay moun nan materyèl l ap bezwen pou pratike konpòtman tounèf la.
 - d. Evalye sitiyasyon moun nan.

- 15.** Si yon moun gen pwoblèm pou adopte yon konpòtman tounèf, Ajan Kore Fanmi la ta dwe:
- a.** Ede moun nan lè li montre konpòtman tounèf la.
 - b.** Ede moun nan idantifye difikilte ak solisyon posib pou difikilte yo.
 - c.** Di moun nan lap retounen nan lòt semèn.
 - d.** Di moun nan poukisa li dwe pratike konpòtman tounèf la.
- 16.** Si, apre moun nan te eseye yon konpòtman tounèf, li toujou gen pwoblèm pou adopte yon konpòtman tounèf, Ajan Kore Fanmi la ta dwe:
- a.** Di moun nan danje ki genyen lè li pa pratike konpòtman tounèf la.
 - b.** Negosye pou idantifye yon konpòtman entèmedyè moun nan kapab pratike pou li kapab vin gen konpòtman ideyal la pètèt.
 - c.** Negosye avèk moun nan lè li pwomèt vizit ankò nan yon ti tan.
 - d.** Di moun nan ou pral fè madanm/mari li konnen li pa adopte konpòtman tounèf la.
- 17.** Kijan Ajan Kore Fanmi la konnen lè li te bay bon jan rezilta nan ankouraje chanjman konpòtman avèk yon moun?
- a.** Moun nan mande zanmi ak vwazen li yo pou pratike konpòtman an.
 - b.** Moun nan poze anpil kesyon sou konpòtman an.
 - c.** Moun nan eseye konpòtman an.
 - d.** Moun nan pratike konpòtman tounèf la pandan lontan.



Modil 3: Fason pou Ede Granmoun Aprann



KONTÈKS

Yon pati enpòtan travay Ajan Kore Fanmian se pou fasilite reyinyon kominotè, pòs rasanbleman yo, gwoup sipò yo, gwoup jèn yo, ak gwoup manman yo. Pandan aktivite sa yo, Ajan Kore Fanmi yo dwe fasilite pale a de ak diskisyon ki bay bon jan rezilta, bay enfòmasyon tounèf, epi montre bon jan fason ki tounèf.

Pou Ajan Kore Fanmi yo vin fòmatè ak pwofesè ki bay bon jan rezilta, yo dwe pratike prensip fason pou granmoun aprann. Yo dwe itilize plizyè metòd pou pale ak materyèl edikasyon kòmsadwa, epitou yo dwe toujou sèvi ak bon mwayen pou pale.

Nan modil sa a, patisipan yo ap diskite sou prensip edikasyon granmoun: montre respè; bay yon fason pou yo parèt konsekan ak tèt yo; ankouraje moun yo fè konnen eksperyans yo; anseye enfòmasyon ak bon jan fason ki enpòtan; ankouraje de moun pale; angaje moun yo nan pale a de ak fason pou aprann ant kamarad; kreye okazyon pou patisipan yo tandè, wè, ak fè, epi panse, gen sansasyon, ak aji; epitou kreye yon anviwònman pou aprann ki bon e ki konfòtab.

Patisipan yo ap egzamine tout metòd edikasyon ke yap sevi avèl pi souvan pandan travay yo, tankou konsèy, entèvyou, kozri, demonstrasyon, chante, ak teyat oswa pyès teyat. Patisipan yo ap pratike metòd sa yo, epitou yap egzamine plizyè materyèl edikasyon, tankou afich, albòm foto, tablo fet, echantiyon, kasèt oswa CD, bwochi, tiliv, ak bwat imaj.



OBJEKTIF YO

Nan fen modil la, patisipan yo ap kapab:

- a.** Dekri prensip fason pou granmoun aprann ak rezon ki fè yo enpòtan pou Ajan Kore Fanmi yo.
- b.** Dekri pedagoji Freire pou fason pou granmoun aprann, ak rezon ki fè li enpòtan pou Ajan Kore Fanmi yo.
- c.** Dekri plizyè metòd edikasyon ak metòd pou pale ki byen mache avèk granmoun yo.
- d.** Site divès kalite materyèl edikasyon, epi dekri kijan pou sèvi ak yo yon fason pou jwenn bon jan rezilta.
- e.** Dekri kijan pou fè yon kozri ak yon demonstrasyon pandan aktivite kominotè yo ak sesyon edikasyon yo.
- f.** Dekri kouman pou sèvi ak Albòm Jina a pou edike manm kominote a sou entèkansyon Kore Fanmi a.
- g.** Idantifye ki mesaj sante ki apwopriye pou ki gwoup moun.

**TAN NESESÈ: 2 jou (8 èdtan aktivite, plis repo ak repa)****REZIME MODIL LA****Premye Jou***3 èdtan ak 15 minit nan sesyon fòmasyon yo*

Sesyon	Tèks	 Metòd yo	 Kantite Tan
1	Pre-tès	Evalyasyon	30 minit
2	Prinsip pou ede granmoun aprann	Prezantasyon facilitate Brase lide	1 èdtan ak 5 minit
3	Metòd ak materyèl pou ansèyman	Diskisyon an ti gwoup Aktivite a de (2)	1 èdtan ak 40 minit

Dezyèm Jou*4 èdtan ak 15 minit nan sesyon fòmasyon ak 30 minit revizyon*

Sesyon	Tèks	 Metòd yo	 Kantite Tan
Revizyon	Revize Tèks Premye Jou a	Jwèt kesyon ak repons	30 minit
4	Metòd ansèyman ak materyèl yo	Pyès teyat Aktivite a de	3 èdtan ak 15 minit
5	Pòs-tès	Evalyasyon	30 minit
6	Evalyasyon ak bwat kesyon sekrè yo	Diskisyon an gwo gwoup Bwat Kesyon Sekrè yo	30 minit

Materyèl yo

Sesyon	 Materyèl yo
Tout sesyon yo	• Liv Fasilitatè • Liv Patisipan • Gwo fèy papye • Makè • Tèp
1	• Kreyon oswa plim • Kopi pre-tès yo
2	• Prensip ki ekri sou gwo fèy papye
3	• Materyèl ansèyman • Lis ak kesyon ki ekri sou gwo fèy papye
4	• Materyèl pou pyès teyat yo • Enstriksyon pou pyès teyat nan Liv Patisipan an
5	• Kreyon oswa plim • Kopi pòs-tès yo
6	• Gwo fèy papye oswa papye kaye nèt • Kopi evalyasyon ekri • Bwat Kesyon Sekrè yo



PATI ENPÒTAN YO

- Ajan Kore Fanmi yo dwe fasilite reyinyon kominotè yo, pòs rasanbleman yo, gwoup sipè yo, gwoup jèn yo, ak gwoup manman yo chak mwa. Pandan aktivite sa yo, Ajan Kore Fanmi yo dwe fasilite pale a de ak diskisyon ki bay bon jan rezilta, bay enfòmasyon tounèf, epi montre bon jan fason ki tounèf.
- Granmoun yo aprann pi byen lè yo santi yo jwenn respè ak fason pou yo parèt konsekan ak tèt yo; yo kapab fè konnen eksperyans yo ak ajoute sou eksperyans yo; angaje nan pale a de ak pou aprann ant kamarad; jwenn chans pou pratike bon jan fason tounèf yo touswit; jwenn posiblite pou aprann lè yo tandè, wè, ak fè; kapab panse, gen sansasyon, ak aji pandan yap aprann nan; epitou jwenn yon anviwònman kote pou aprann ki bon ak konfòtab. Prensip sa yo se prensip fason pou granmoun aprann ki enpòtan.
- Ajan Kore Fanmi yo dwe pratike prensip fason pou granmoun aprann sa yo kèlkeswa lè yo alatèt sesyon edikasyon, kozri, gwoup sipè, ak lòt aktivite.
- Ajan Kore Fanmi yo dwe sèvi ak divès kalite metòd edikasyon ak metòd pou pale pandan yap fè travay yo, tankou konsèy, entèvyou, kozri, demonstrasyon, chante, ak teyat oswa pyès teyat.
- Ajan Kore Fanmi yo sèvi ak plizyè materyèl edikasyon pandan yap fè travay yo, tankou afich, albòm foto, tablo fet, echantiyon, kasèt oswa CD, bwochi, tiliv, ak bwat imaj. Ajan Kore Fanmi yo dwe aprann kijan ak kilè pou yo sèvi ak materyèl sa yo yon fason ki bay bon jan rezilta.

SESYON 1 PRE-TÈS



Metòd: Evalyasyon



Kantite Tan: 30 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- Evalye konesans patisipan yo te genyen anvan sou sijè fòmasyon an.



Preparasyon

- Revize kesyon pre-tès la.



Materyèl yo

- Kreyon oswa plim pou tout patisipan yo
- Fotokopi Pre-tès ki nan paj 241 Manyèl Fòmasyon



KONSÈY: *Esplike pre-tès la avèk anpil prekosyon sizoka kèk patisipan pa abitye pran tès.*



ETAP YO



30 minit

1. Fè patisipan yo konnen yap pran yon “pre-tès” kounye a. Objektif pre-tès sa a se pa pou jije patisipan yo, men pito pou pi byen konprann sa patisipan yo konnen deja, epitou pou asire fòmasyon sa a satisfè bezwen yo. Pre-tès la ap ede evalye si fòmasyon sa a bay bon jan rezilta, epitou lap fè li vin pi bon pou fòmasyon pi devan yo.
2. Bay chak patisipan yon fotokopi pre-tès la.

3. Anvan pre-tès la, mande patisipan yo pou yo mete enfòmasyon anlè chak paj egzamen an, epi pou yo remèt li ba ou. Si yon patisipan pa konnen dat egzat li te vin yon Ajan Kore Fanmi, mande li pou ekri ane li te vin yon Ajan Kore Fanmi, epi note jou a kòm “30” ak mwa a kòm “6” (jen).
4. Fè patisipan yo konnen ou pral li kèk kesyon byen fò ki gen rapò ak sijè fòmasyon an. Patisipan yo ap reponn kesyon yo. Pou fè sa, yap antoure nan pi bon repons lan pou chak kesyon ki nan pre-tès yo. Kèk kesyon ap fè patisipan yo deside si yon deklarasyon vrè oswa fo, epitou kèk kesyon ap fè patisipan yo chwazi pi bon repons ki posib la nan yon seri repons.
5. Di patisipan yo si yo pa konnen repons pou yon kesyon, yo ta dwe kite kesyon an san repons.
6. Fè patisipan yo konnen wap fè premye kesyon an ansanm.
7. Li premye kesyon an ak repons posib yo byen fò. Mande yon volontè pou reponn, oswa reponn kesyon an poukont ou. Pou reponn kesyon sa a, patisipan yo ta dwe antoure repons ki sou papye yo.
8. Mache vit nan sal la epi al gade pou asire patisipan yo te make repons pou premye kesyon an kòrèkteman.
9. Li règ kesyon pre-tès la ak repons posib yo byen fò ak dousman, youn apre lot. Repete kesyon yo ak repons posib yo, jan li nesèsè. Apre ou fin li chak kesyon, bay patisipan yo tan pou yo fè yon ti ron nan repons lan.
10. Esplike nan fen fòmasyon sa a, patisipan yo ap pran egzamen sa a ankò pou wè kisa yo te aprann. Wap revize repons ki kòrèk yo answit.



KONSÈY: Koriye pre-tès yo pandan yon pòz, paske wap bezwen remèt yo ba patisipan yo apre yo fin pran pòs-tès la. Pou nenpòt repons ki pa kòrèk, souliyen repons ki kòrèk la pou patisipan yo ka wè diferans ant move repons yo ak repons ki kòrèk yo.

KOREKTUM PRE-TÈS

Non ou: _____ Dat: _____

Seksyon Kominal: _____ # ID AKF: _____

Depi konbyen tan ou se yon Ajan Kore Fanmi? _____ /
mwa / lane

Antoure pi bon repons lan pou chak kesyon.

1. Youn nan prensip fason pou granmoun aprann sèke granmoun yo ta dwe:
 - a. Sonje enfòmasyon yo pakè.
 - b. Koute pwofesè a sèlman.
 - c. Fè egzamen pou teste konesans yo.
 - d. **Aprann youn nan men lòt ak nan men fòmatedè a.**
2. Yon lòt prensip fason pou granmoun aprann sèke granmoun yo aprann pi byen lè yo:
 - a. Pran anpil nòt pandan pwofesè a ap pale.
 - b. **Sèvi ak pwòp eksperyans ak konesans yo.**
 - c. Li enfòmasyon yap aprann yo byen fò
 - d. Pa poze twòp kesyon.
3. Ki sijè edikasyon pou bay bon jan rezilta avèk yon demonstrasyon?
 - a. **Fason pou fè Sewom Oral.**
 - b. Avantaj planin familyal.
 - c. Enpòtans ki genyen nan bay yon tibebe tete sèlman.
 - d. Enpòtans vizit anvan akouchman.

4. Yon moman ki bon pou sevi ak echantiyon se:
 - a. Pandan w ap bay enfòmasyon nan yon pòs rasanbleman.
 - b. Pandan yon kozri pou yon gwo gwoup moun.
 - c. Pandan yon demonstrasyon pou yon ti gwoup moun.**
 - d. Pandan wap bay yon moun konsèy pou ede li jwenn yon desizyon.

5. Yon bon itilizasyon yon kozri se pou:
 - a. Montre yon moun kijan pou sèvi ak kapòt.
 - b. Chèche konnen bezwen yon moun apa.
 - c. Diskite sou yon sijè sante avèk yon gwoup, epi brase lide pou rezoud pwoblèm yo.**
 - d. Esplike divès kalite metòd pou pa ansent, ak fason yo bay bon jan rezilta.

6. Yon bon itilizasyon albòm foto se:
 - a. Esplike yon sijè pou yon kantite moun pandan yon vizit nan kay.**
 - b. Esplike yon sijè pandan yon pòs rasanbleman.
 - c. Esplike yon sijè pandan yon reyinyon klèb.
 - d. Esplike yon sijè ba yon salklas ki plen elèv.

7. Lè wap bay yon demonstrasyon, ou ta dwe toujou:
 - a. Rele fò pou tout moun kapab tande ou byen.
 - b. Envite moun yo pou yo rasanble toupre ou pou tout moun kapab wè.**
 - c. Bay tout moun echantiyon sa w ap demontre a.
 - d. Bougonnen sou moun ki pap gade demonstrasyon an.

8. Lè wap fè yon kozri, ou ta dwe toujou:
 - a. Fè moun yo konnen ou p ap pale sof si yo rete an silans.
 - b. Reponn kesyon moun yo sèlman nan fen kozri a.
 - c. **Ankouraje de moun pale ak brase-lide.**
 - d. Pran nòt pandan moun yo ap pale.
9. Ki mesaj sou sante ki pi bon pou yon Ajan Kore Fanmi bay pou yon gwoup fanm ansent ki nan 8yèm mwa gwosès yo?
 - a. Enpòtans ki genyen pou itilize yon moustikè pou pwoteksyon kont malarya.
 - b. Enpòtans planin familyal.
 - c. Enpòtans tretman malarya kòrèkteman.
 - d. **Enpòtans ki genyen pou ba tibebe a tete sèlman epi touswit.**
10. Pou ki gwoup yon mesaj sou sante ta pi bon ki gen rapò ak fason pou kòmanse ba tibebe yo manje solid anplis lèt manman?
 - a. Fanm ki nan dènye mwa gwosès yo.
 - b. Manman tibebe ki fèk fèt yo.
 - c. **Manman tibebe ki gen laj 5–6 mwa.**
 - d. Manman tibebe ki gen laj 9–12 mwa.

SESYON 2

PRENSIP POU EDE GRANMOUN APRANN



Metòd: Prezantasyon ak Brase-lide Fasilitatè



Kantite Tan: 1 èdtan ak 5 minit



Objektif yo

Patisipan yo ap kapab:

- a. Dekri prensip pou granmoun aprann ak rezon ki fè yo enpòtan pou Ajan Kore Fanmi yo.
- b. Dekri pedagoji Freire pou fason granmoun aprann, ak rezon ki fè li enpòtan pou Ajan Kore Fanmi yo.



Preparasyon

- Revize enfòmasyon sou prezantasyon ki anba a.
- Ekri 2 tit prensip (“Respè,” “Ankourajman,” elatriye) pou chak gwo fèy papye, pou kite espas anba chak tit.



Materyèl yo

- Prensip pou Ede Granmoun Aprann nan paj 79–80 Liv Patisipan an
- Tit prensip pou granmoun aprann ki ekri sou gwo fèy papye
- Gwo fèy papye
- Makè
- Tep



KONSÈY: Si ou pa gen ase tan, fè sesyon sa a aloral olye ou ekri sou gwo fèy papye a.



ETAP YO



5 minit

1. Di patisipan yo:

Pandan 2 premye pati fòmasyon sa a, nou te diskite sou fason pou pale ki bay bon jan rezilta, epi negosye sou fason pou chanje konpòtman avèk fanmi yo. Anplis pale yon fason ki bay bon jan rannman ak negosye sou fason pou chanje konpòtman an, ou dwe fasilite tou reyinyon kominotè yo, pòs rasanbleman yo, gwoup sipò yo, gwoup jèn yo, ak gwoup manman yo.

Pou yon fòmasyon ak yon pwofesè ka bay bon jan rezilta, ou dwe pratike prensip pou granmoun yo aprann. Kounye a, mwen pral bay yon ti prezantasyon sou prensip pou granmoun aprann ki baze sou teyori ak travay 2 pwofesè ak pratisyen pou granmoun aprann, Malcolm Knowles ak Paulo Freire.

2. Di patisipan yo:

Malcolm Knowles se te yon edikatè ameriken ki te kwè edikatè ki bay bon jan rezilta yo aji kòm fòmasyon ede moun aprann lè yo gide mwayen pou pale ant elèv yo ak pwofesè yo pou devlope konpreyansyon yo, epi pou sipòte fason pou aprann yo pou pi lontan.

Paulo Freire se te yon aktivis ak edikatè brezilyen ki te kwè edikasyon ta dwe bay elèv yo posiblite pou egzamine kesyon ak pwoblèm yo sou plan kritik nan lavi yo, devlope mwayen pou abòde pwoblèm sa yo, epitou vin gen dwa pou rann kominote yo ak sosyete yo vin pi bon.

Paulo Freire te kwè anpil sistèm edikasyon tradisyonèl trete elèv yo (granmoun ak timoun yo alafwa) tankou “bato vid” yon pwofesè “plen” avèk konesans.

Parapò ak sistèm edikasyon tradisyonèl yo, Paulo Friere ak Malcom Knowles te kwè elèv yo ak pwofesè yo gen anpil eksperyans nan lavi a menm jan, epitou pwofesè yo ak elèv yo kapab aprann youn nan men lòt. Li te kwè edikasyon ak fason pou aprann ta dwe fèt nan yon **pale a de** ant pwofesè yo ak elèv yo, kote yo chak kapab aprann youn nan men lòt. Nan kalite edikasyon sa a, elèv yo se patisipan aktif ki vin gen dwa pou sevi ak sa yo aprann nan pou rann kominote yo vin pi bon. Se yon sitiyasyon ki diferan nan salklas tradisyonèl yo, kote pwofesè a angaje nan **lè se yon sèl moun ki pale** li epi elèv yo ap koute yon fason endiferan.

3. Mande patisipan yo:

- Ki egzanp ou kapab bay nan pale a de ou te fè swa kòm Ajan Kore Fanmi nan kominote a, oswa kòm patisipan nan fòmasyon sa a oswa nan lòt fòmasyon yo?

(Repons yo p ap men, epi yo ka gen ladan yo: Poze manm kominote a kesyon, epi angaje yo nan diskisyon; patisipan nan fòmasyon kote yo mande patisipan yo pou fè konnen eksperyans yo avèk sijè a, diskite sou sijè yo an ti gwoup pou bay lide pou pwoblèm yo avèk ti gwoup la, elatriye.)



10 minit

4. Mande patisipan yo pou jwenn Prensip pou Granmoun Aprann nan paj 79–80 Liv Patisipan an. Mande yon volontè pou li enfòmasyon yo byen fò.

Prensip pou Ede Granmoun Aprann

- **Respè:** Granmoun yo dwe santi yo jwenn respè, epitou yo dwe santi yo egalego.
- **Ankourajman:** Granmoun yo bezwen resevwa lwanj, menm pou ti efò yo.
- **Eksperyans:** Granmoun yo aprann pi byen lè yo sèvi ak pwòp konesans ak eksperyans yo.
- **Enterè:** Fason pou aprann nan dwe satisfè vrè bezwen granmoun yo: pou travay yo, fanmi yo, elatriye.
- **Pale a de:** Edikasyon ak fason pou aprann dwe ale nan toulède sans yo, pou fòmatè a ak patisipan yo ka pale.
- **Angajman:** Granmoun yo dwe angaje yo avèk dokiman nan pale a de, diskisyon, ak fason pou aprann nan men kamarad yo.
- **Fè l touswit:** Granmoun yo dwe kapab aplike konesans yo menm kote a.
- **Règ 20-40-80:** Anjeneral, granmoun yo sonje 20% sa yo tandè, 40% sa yo tandè ak wè, epi 80% sa yo tandè, wè, ak fè.
- **Panse, santiman, ak aksyon:** Fason pou aprann ki bay bon jan rezilta lè li gen pou wè ak panse, santiman (sa moun nan santi), ak aksyon tou (sa k ap fèt).
- **Sekirite ak konfò:** Granmoun yo bezwen yo santi yo pwoteje ak alèz pou yo ka patisipe ak aprann. Yo bezwen konnen lòt moun pap pase lide ak kontribisyon yo nan tenten oswa lòt moun pap rabese yo.

5. Mande patisipan yo:

- Anpil nan prensip sa yo se menm, oswa yo sanble ak bon mwayen pou pale nou te diskite anvan nan fòmasyon sa a. Kisa ki sanble?

(Montre respè, ankouraje de moun pale, sèvi ak konesans ak eksperyans moun, elatriye.)



5 minit

6. Di patisipan yo:

Lè ou se Ajan Kore Fanmi, lè w ap fasilite ak anseye, ou responsab pou aji nan fason ki sipòte ak respekte prensip sa yo. Kounye a, n ap egzamine sa ou kapab fè pou respekte prensip pou granmoun aprann nan travay ou.

7. Mande patisipan yo pou yo rilaks, pou fèmen zye yo, epi pou yo imajine senaryo ki endike anba la a.

8. Li deklarasyon ak kesyon ki anba la yo byen fò epi aklè, epi pran pòz pandan plizyè segonn ant chak deklarasyon ak kesyon pou patisipan yo ka jwenn tan pou yo panse ak reflechi:

- Imajine oumenm ak 2 lòt Ajan Kore Fanmi nan pòs rasanbleman an. Youn nan nou ap vaksinen tibebe yo, pandan lòt la ap revize ak ranpli kat vaksinasyon yo.
- W ap mezire pwa kò chak timoun, epi w ap ranpli padèyè kat vaksinasyon an.
- Gen anpil moun kap tann ou pou yo patisipe. Manman yo vini avèk tibebe yo ak kat sante yo, epi anpil ladan yo gen plizyè timoun avèk yo tou.
- Li toujou bonè nan jounen an, men li deja cho enpe. Ou konnen lap vin pi cho pandan jounen an ap valse. Selon gwo kantite moun yo, ou konnen jounen an pral long.
- Ou kòmanse pòs rasanbleman an. Pou fè sa, ou mande tout manman yo pou yo rasanble pou yon tin diskisyon ki gen rapò ak alètman.
- Ou konnen anpil fanm ki nan kominote sa a ba tibebe yo bwè lèt anpoud bebe olye yo ba tibebe yo tete, epi ou konnen sa danjere paske pa gen sous dlo pwòp nan kominote a.
- Ou deja konnen anpil fanm ap travay nan jaden oswa nan ti vil toupren a, epi wap remake li difisil pou yo ale avèk tibebe yo nan travay la. Se rezon sa a ki fè anpil ladan yo itilize lèt anpoud bebe.

- Pandan diskisyon ou ki gen rapò ak alètman, ou vle fè manman yo kwè alètman se pi bon bagay yo kapab fè pou tibebe yo. Ou vle ede yo brase lide tou sou fason pou abòde kèk difikilte yo genyen. Finalman, ou vle ankouraje manman an yo pou youn sipòte lòt nan ogmante alètman nan kominote a.
- Kijan wap fè apwòch pou diskisyon sa a?
- Kisa wap di, epi kijan wap di li?
- Kijan wap respekte prensip pou granmoun aprann pandan diskisyon an?

9. Apre kèk minit, mande patisipan yo pou louvri zye yo.



5 minit

10. Afiche gwo fèy papye ki gen tit prensip la.

11. Separe patisipan yo an gwoup de (2). Bay youn nan prensip pou granmoun aprann pou chak gwoup de (2). Mande gwoup de (2) yo pou reflechi sou senaryo pòs rasanbleman an, epi brase lide sou sa yo ta fè ak sou fason yo ta aji nan fason ki sipòte ak respekte prensip ki la pou yo a, alafwa nan senaryo patikilye sa a ak nan lòt aktivite Ajan Kore Fanmi yo.



10 minit

12. Bay gwoup de (2) yo 10 minit pou travay. Pandan gwoup yo ap travay, mache nan sal la, epi bay èd, si li nesèsè. Bay ekip yo avètisman 5 minit ak avètisman 1 minit.



30 minit

13. Mande tout moun pou yo fè atansyon. Mande gwoup de (2) ou mete nan “respè” pou site lide yo te brase sa Ajan Kore Fanmi la ta dwe fè pou montre respè nan senaryo pòs rasanbleman an ak nan lòt sitiyaasyon yo. Ekri lide gwoup de (2) yo sou gwo fèy papye yo anba tit “respè.” Answit, mande si lòt gwoup de (2) yo gen nenpòt lòt lide pou yo mete, epi ekri yo sou fèy papye a.

14. Fè menm bagay la a ankò pou chak prensip jouk lè ou wè tout prensip yo:

Lè nou se Ajan Kore Fanmi, kisa nou kapab fè pou...?

- Kreye epi montre respè?

(Rive nan pòs rasanbleman yo alè, pa jije, pa bougonnen, pa deranje, oswa pa pase manm kominote a nan tenten; pran kesyon moun yo oserye epi bay repons byen vit; pale nan yon ton vwa nòmal (pa rele); souri epi toujou fè kontak nan zye avèk moun yo lè w ap pale avèk yo, elatriye.)

- Montre ankourajman?

(Konnen konpòtman ki bon pou sante ke manm kominote a adopte deja; montre sa yo konnen deja ak nan sa yo bon deja; elatriye.)

- Ankouraje manm kominote a pou fè konnen eksperyans yo?

(Mande manm kominote a ki eksperyans yo genyen avèk sijè a, mande moun ki gen eksperyans yo pou yo fè konnen eksperyans yo, epitou pou yo bay èd avèk demonstrasyon yo, elatriye.)

- Asire sijè a se yon sijè ki enpòtan?

(Chèche konnen ki enfòmasyon manm kominote a bezwen konnen ak ki bagay yo bezwen kapab fè; aprann kontèks kominote a ak bezwen moun yo; mande manm kominote a kisa ki ta pi bon pou yo aprann; elatriye.)

- Kreye fason pou de moun pale?

(Bay repons pou kesyon manm kominote a lè ou mande lòt manm kominote a kijan yo ta reponn / sa yo konnen; ankouraje diskisyon nan pòs rasanbleman yo ak nan demonstrasyon kominote a; sèvi ak kesyon ouvè, koute avèk anpil atansyon, epi mande opinyon manm kominote a; bay manm kominote a anpil opòtinite pou poze kesyon; elatriye.)

- Angaje kominote a?

(Ankouraje manm kominote a pou yo fè tandè vwa yo sou fason pou rann sante yo ak sitiyasyon sosyal yo vin pi bon, pou yo patisipe nan aktivite kominote a, pou ede simaye mesaj edikasyon sou sante, elatriye.)

- Asire manm kominote a aplike fason pou aprann nan imedyatman?

(Bay moun yo opòtinite pou aprann bon jan fason tounèf yo, anseye bon jan fason yap kapab sèvi touswi tak yo yo; fè swivi avèk manm kominote a pandan vizit nan kay yo chak mwa, nan pwochen pòs rasanbleman an, ak nan reyinyon gwoup yo; mande manm kominote a pou montre bon jan fason yo te aprann yo; elatriye.)

- Aplike règ 20-40-80?

(Sèvi ak imaj ak lòt desen, bay manm kominote a chans pou pratike bon jan fason tounèf yo, elatriye.)

- Kite manm kominote a reflechi, aji, ak gen sansasyon?

(Ankouraje manm kominote a pou prezante pwòp solisyon yo pou pwoblèm yo, epitou pou mete tout sa an pratik; mande patisipan yo kijan yo santi yo anfas pwoblèm yo; kreye posiblite pou aksyon; elatriye.)

- Kreye yo anviwònman ki pwoteje ak konfòtab?

(Bay plas si li posib; pa reyaji avèk kòlè, oswa pa bougonnen sou manm kominote a; sèvi ak yon vwa ouvè ak amikal ak langaj kòporèl; elatriye.)

- 15.** Di patisipan yo mèsè pou lide yo. Mande yo pou egzamine Prensip pou Granmoun Aprann nan paj 79–80 liv yo, epi revize yo pandan yon ti tan. Fè patisipan yo sonje pou yo etidye enfòmasyon sa yo lakay yo.



PRENSIP POU EDE GRANMOUN APRANN

nan paj 79–80 Liv Patisipan an

- **Respè:** Granmoun yo dwe santi yo jwenn respè, epitou yo dwe santi yo egalego.
- **Ankourajman:** Granmoun yo bezwen resevwa lwanj, menm pou ti efò yo.
- **Eksperyans:** Granmoun yo aprann pi byen lè yo sevi ak pwòp konesans ak eksperyans yo.
- **Enterè:** Fason pou aprann nan dwe satisfè vrè bezwen granmoun yo – pou travay yo ak fanmi yo.
- **Pale a de:** Edikasyon ak fason pou aprann dwe ale nan toulède sans yo, pou fòmatè a ak patisipan yo ka pale.
- **Angajman:** Granmoun yo dwe angaje yo avèk dokiman nan pale a de, diskisyon, ak fason pou aprann nan men kamarad yo.
- **Fe l touswit:** Moun kap aprann yo dwe kapab aplike konesans yo touswit.
- **Règ 20-40-80:** Anjeneral, moun k ap aprann yo sonje 20% sa yo tande, 40% sa yo tande ak wè, epi 80% sa yo tande, wè, ak fè.
- **Panse, santiman, ak aksyon:** Fason pou aprann ki bay bon jan rezilta lè li gen pou wè ak panse, santiman (sa moun nan santi), ak aksyon (sa k ap fèt).
- **Sekirite ak konfò:** Granmoun yo bezwen yo santi yo pwoteje ak alèz pou yo ka patisipe ak aprann. Yo bezwen konnen lòt moun pap pase lide ak kontribisyon yo nan tenten, oswa lòt moun pap rabese yo.

SESYON 3

METÒD AK MATERYÈL POU EDIKASYON



Metòd: Diskisyon an ti gwoup ak Aktivite a de (2)



Kantite Tan: 1 èdtan ak 50 minit



Objektif yo

Patisipan yo ap kapab:

- c. Dekri plizyè metòd edikasyon ak metòd pou pale ki byen mache avèk granmoun yo.
- d. Site divès kalite materyèl edikasyon, epi dekri kijan pou sèvi ak yo yon fason pou yo bay bon jan rezilta.



Preparasyon

- Rasanble materyèl edikasyon ki ekri anba la a.
- Ekri sa ki anba la yo sou 3 gwo fèy papye (ekri metòd yo sou premye gwo fèy papye a, kesyon sou metòd yo sou dezyèm gwo fèy papye a, epi kesyon sou materyèl yo sou twaz yèm gwo fèy papye a):

Metòd yo

- Konsèy
- Entèvyou
- Kozri
- Demonstrasyon
- Chante
- Teyat

Kesyon sou metòd yo

- Konbyen nan nou ki te swa sèvi metòd sa oswa ki te wè yo tap sèvi ak li?
- Kisa metòd sa a ye, epi kijan ou fè li?
- Nan ki sitiyasyon ou ta renmen metòd sa a pi itil?
- Nan ki sitiyasyon ou ta renmen metòd sa a itil?
- Kisa ou ta dwe fè pou prepare pou itilize metòd sa a?

Kesyon sou materyèl yo

- Èske ou te sevi ak materyèl edikasyon sa a oswa èske ou te wè lot moun sevi avek yo?
- Kijan ou ta sevi avek li?
- Kilè ou ta sevi avek li?



Materyèl yo

- Materyèl edikasyon: afich, bwat imaj, tablo fet, echantiyon 2 pwodui (pa egzanzp, bokal Nourimanba, sache mikwo-nitriman, kapòt, oswa sache Sewòm Oral), kasèt oswa CD ak aparèy pou jwe kasèt oswa CD a, bwochi (depliyon), tiliv, ak albòm foto (Albòm Jina).
- Lis metòd, kesyon sou metòd, ak kesyon sou materyèl ki ekri sou yon gwo fèy papye.
- Metòd pou Pale ak Metòd Edikasyon nan paj 81–83 Liv Patisipan an
- Materyèl Edikasyon nan paj 84–85 Liv Patisipan an
- Gwo fèy papye
- Makè
- Tep



KONSÈY: Sesyon sa a gen 2 pati. Fè yon ti souke kò oswa pran yon ti repo ant pati 1 ak pati 2 si li nesesè.



ETAP YO

PATI 1 – METÒD EDIKASYON AK METÒD POU PALE



5 minit

1. Esplike kijan Ajan Kore Fanmi yo pral sevi ak divès kalite metòd edikasyon ak metòd pou pale ak materyèl pou travay yo nan kominote a. Mande patisipan yo:

- Moun pami nou ki te travay kòm travayè sante kominotè anvan, oswa ki te patisipan nan sesyon travayè sante kominotè yo t ap fè: ki metòd ak materyèl edikasyon ou te sèvi oswa ou te wè yo seèvi?

(Metòd yo: demonstrasyon, konsèy, diskisyon enfòmèl oswa kozri an gwoup, pataj eksperyans, teyat kominotè, chante, elatriye.)

(Materyèl yo: afich, tablo fet, bwat imaj, echantiyon, kasèt oswa CD, bwochi (depliyon), tiliv, albòm foto, elatriye.)

2. Separe patisipan yo an ti gwoup. Si li posib, asire chak gwoup gen ladan pou pi piti kèk patisipan ki gen eksperyans.
3. Afiche premye ak twazyèm gwo fèy papye ou te prepare yo. Li metòd yo ak kesyon yo byen fò, epi bay youn nan metòd yo pou chak gwoup.
4. Fè patisipan yo konnen yo pral gen 15 minit pou diskite sou kesyon yo pou metòd ki la pou yo a. Ankouraje patisipan ki gen eksperyans yo ak patisipan ki pa gen eksperyans yo pou bay lide yo. Mande chak gwoup pou chwazi yon manm gwoup la pou ekri repons kout yo pou kesyon yo.



15 minit

5. Bay ti gwoup yo 15 minit pou travay. Pandan gwoup yo ap travay, mache nan sal la, epi bay èd, si li nesèsè. Bay gwoup yo avètisman 5 minit ak avètisman 1 minit.



30 minit

6. Mande gwoup ou te mete nan “konsèy” pou li a pou bay repons yo pou kesyon yo. Answit, mande si lòt gwoup yo gen yon bagay pou ajoute.
7. Fè menm bagay la a ankò pou chak metòd, pou pase apeprè 5 minit pou chak gwoup.



10 minit

8. Mande patisipan yo pou jwenn Metòd pou Pale ak metòd Edikasyon paj 81–83 Liv Patisipan an.
9. Pou chak metòd ki nan tablo a, mande ti gwoup ou mete nan metòd la pou li enfòmasyon yo byen fò, epitou konpare enfòmasyon yo avèk repons manm gwoup pou kesyon ti gwoup la.
10. Fè patisipan yo sonje yo kapab ale nan tablo sa a lè yap planifye vizit nan kay ak aktivite kominotè yo.

PATI 2 – MATERYÈL EDIKASYON



10 minit

- 11.** Esplike patisipan yo pou anpil sesyon edikasyon ak kominikasyon, Ajan Kore Fanmi yo ap sèvi ak divès kalite materyèl edikasyon. Patisipan yo ap revize materyèl sa yo kounye a.
- 12.** Separe patisipan yo an gwoup de (2). Bay chak gwoup de (2) youn nan materyèl yo. Si pa gen ase materyèl, mande kèk gwoup de (2) pou yo separe. Pou chak materyèl, mande gwoup de (2) yo pou yo kanpe epi pou montre materyèl la. Mande gwoup la kisa materyèl a ye, epi konfime repons kòrèk la:
 - Afich
 - Bwat imaj
 - Tablo
 - Echantiyon
 - Kasèt oswa CD
 - Bwochi
 - Depliyon
 - Albòm foto
- 13.** Afiche twazyèm gwo fèy papye ou te prepare a, epi li kesyon yo byen fò. Mande gwoup de (2) yo pou diskite sou kesyon yo pou materyèl edikasyon yo te resevwa a. Ankouraje patisipan ki gen eksperyans yo ak patisipan ki pa gen eksperyans yo pou bay lide yo. Gwoup de (2) yo ta dwe ekri ti repons pou kesyon yo.
 - Èske ou te sèvi ak materyèl pou fè edikasyon sa a oswa èske ou te wè yo itilize li?
 - Kijan ou ta sèvi ak li?
 - Kilè ou ta sèvi ak li?



10 minit

- 14.** Bay gwoup de (2) yo 10 minit pou travay. Pandan gwoup yo ap travay, mache nan sal la, epi bay èd, si li nesèsè. Bay ekip yo avètisman 5 minit ak avètisman 1 minit.

*20 minit*

- 15.** Mande gwoup ou te mete nan “afich” pou li a pou bay repons yo pou kesyon yo. Answit, mande si lòt gwoup de (2) yo gen yon bagay pou ajoute.
- 16.** Fè mem bagay la a ankò pou chak materyèl edikasyon, pou pase kèk minit sou chak.

*10 minit*

- 17.** Mande patisipan yo pou jwenn tablo Materyèl Edikasyon nan paj 84–85 Liv Patisipan an.
- 18.** Pou chak materyèl ki nan tablo a, mande gwoup de (2) ou mete nan materyèl la pou li enfòmasyon yo byen fò epitou konpare enfòmasyon yo avèk repons pou kesyon yo.
- 19.** Fè patisipan yo sonje yo kapab ale nan tablo sa a anvan yo planifye yon aktivite.
- 20.** Esplike patisipan yo pral jwenn chans pou fè pratik avèk materyèl sa yo pandan fòmasyon sa a ak lòt fòmasyon yo pral genyen.



METÒD EDIKASYON AK METÒD POU PALE

nan paj 81–83 Liv Patisipan an

Metòd	Kisa li ye?	Kijan ou fè li?	Nan ki anviwònman ou ta dwe sevi avèk li?	Kèk egzanp sijè
Metòd pou pale ak 1 moun oswa 2 moun ki renmen				
Konsèy / Konselin	Diskisyon prive, youn-a-youn pou ede yon moun pran yon desizyon, oswa pou chanje yon konpòtman	Poze kesyon epi koute bezwen moun nan Bay lòt enfòmasyon. Ankouraje de moun pale. Diskite sou posiblite yo, sou difikilte posib yo, ak sou solisyon yo. Kreye yon plan-daksyon. Fè swivi.	Vizit nan kay Vizit nan sant sante	Fason pou aprann sou alètman ak sou planifikasyon pou kòmanse li Adopsyon yon metòd planin familyal Pratik sèks avèk kapòt apre ou vin konnen yon moun gen VIH
Entèvyou	Diskisyon prive, youn-a-youn pou rasanble enfòmasyon	Poze kesyon epi note repons yo. Poze kesyon ouvè, ankouraje de moun pale, epi jwenn enfòmasyon ki pa manke anyen.	Vizit nan kay Vizit nan sant sante	Fason pou fè sondaj Fason pou fè chanjman nan fòm yo ak nan dokiman yo

Metòd	Kisa li ye?	Kijan ou fè li?	Nan ki anviwònman ou ta dwe sevi avèk li?	Kèk egzanp sijè
Metòd pou gwoup yo				
Kozri	Yon ti diskisyon an gwoup (15 minit) pou entwodui yon nouvo konpòtman ki bon pou sante, epi pou ankouraje moun yo brase lide, ak pou rezoud pwoblèm yo	Entwodui sijè a. Poze kesyon ouvè pou ankouraje de moun pale. Poze kesyon pou gade si moun yo konprann. Diskite sou aksyon ak sou lot etap pou fason patisipan yo ap adopte konpòtman an, epi di lòt moun yo kichòy sou konpòtman an.	Reyinyon klèb Sesyon edikasyon an gwoup Gwoup sipò Pòs rasanbleman	Avantaj ki genyen nan ba tibebe tete Enpòtans swen anvan akouchman Avantaj ki genyen nan itilize planin familyal Enpòtans vaksinasyon
Demonstrasyon	Prezantasyon pratik, yon teknik ak prensip pou fè yon aktivite. Li pèmèt ou montre moun diferan jès pou fè, li ede moun devlope bon jan ladrès.	Montre ak esplike yon bon jan fason oswa teknik. Mande remak ak kesyon patisipan yo. Mande youn oswa plizyè patisipan pou yo demontre.	Pòs rasanbleman Rasanbleman kominotè Reyinyon klèb Sesyon edikasyon an gwoup Vizit nan kay	Alètman (ba tibebe tete) Preparasyon manje pou tibebe ak pou timoun piti Pirifikasyon dlo Itilizasyon moustikè Itilizasyon kapòt
Chante	Yon chante pou ede motive moun yo oswa pou ede yo sonje etap ki nan yon pwosesis	Chante pou patisipan yo. Mande patisipan yo pou chante avèk ou. Mande volontè yo pou chante poukont yo.	Pòs rasanbleman Rasanbleman kominotè Reyinyon klèb Sesyon edikasyon an gwoup Vizit nan kay	Tout sijè yo

Metòd	Kisa li ye?	Kijan ou fè li?	Nan ki anviwònman ou ta dwe sevi avèk li?	Kèk egzanp sijè
Teyat (pyès teyat)	Yon pèfòmans yon sitiyasyon ki asosye avèk yon sijè sou sante	Jwe sèn nan. Mande remak lòt patisipan yo, epi ankouraje de moun pale. Bay lòt enfòmasyon.	Rasanbleman kominotè	Tout sijè yo, sitou sijè ki konsène pwoblèm sosyal oswa ekonomik



MATERYÈL TEKNIK

nan paj 84–85 Liv Patisipan an

Materyèl edikasyon	Kisa li ye?	Kijan ou itilize li?	Kilè ou itilize li?
Afich	Yon gwo fè papye ki gen imaj ak eslogan ki endike yon mesaj	Montre afich la ba gwoup la pou tout moun kapab wè li. Esplike mesaj ak imaj afich la, poze kesyon, epi ankouraje de moun pale.	Rasanbleman an ti gwoup Afich nan espas piblik Fòmasyon yo
Albòm foto	Plizyè paj, chak gen yon imaj yon sijè sou sante; dèyè chak imaj gen enfòmasyon ak kesyon pou bay moun ki wè albòm nan avèk ou	Entwoudi sijè a, epi esplike kijan ou pral prezante imaj yo ak enfòmasyon yo ba moun nan oswa ba ti gwoup la. Revize albòm yon imaj alafwa. Mande moun nan oswa gwoup la pou re-espesifye enfòmasyon ou te bay yo.	Sesyon pou pale youn-a-youn, pa egzanp, konsèy pandan vizit nan kay yo Diskisyon enfòmèl avèk yon gwoup ki pa gen pi plis pase 6–8 patisipan
Flanelograf	Yon mòso twal kote ou tache imaj	Pandye twal la kote tout moun kapab wè li. Tache imaj yo pou bay espplikasyon sou sijè w ap prezante a. Fè yon diskisyon avèk imaj yo.	Sesyon edikasyon an gwoup avèk pa pi plis pase 20 oswa mwens patisipan
Echantiyon	Vrè egzanp yon pwodui, pa egzanp, poud mikwo-nitriman, bokal Nourimanba, sèl reyidratasyon oral, konprime pou pirifye dlo, kapòt, konprime pou pa ansent, elatriye	Pase echantiyon yo nan sal pou tout moun kapab wè ak manyen echantiyon an. Pandan demonstrasyon an, mande tout moun pou yo rasanble pi pre pou yo kapab wè byen.	Vizit nan kay Reyinyon klèb Sesyon edikasyon an gwoup Fòmasyon yo
Kasèt oswa CD	Kasèt oswa CD ki gen mesaj ki anrejistre davans (ki pale oswa chante); kasèt la oswa CD a ka gen dokiman ekri tou	Itilize yon aparèy pòtatif ki jwe kasèt oswa CD ki itilize pil; pote wopale sipleman, si li nesèsè. Jwe mesaj la, epi ankouraje de moun pale sou li.	Sesyon edikasyon oswa mobilizasyon pou gwoup nenpòt dimansyon

Materyèl edikasyon	Kisa li ye?	Kijan ou itilize li?	Kilè ou itilize li?
Depliyon	Yon ti fèy papye ki plwaye an 3 pati avèk enfòmasyon yo, imaj yo, ak mesaj sou yon sijè sou sante	Bay pandan oswa apre yon sesyon konsèy oswa edikasyon pou ede moun yo sonje enfòmasyon ak mesaj yo diskite yo pandan sesyon an. Louvri bwochi a, epi esplike li. Mande moun yo ki kesyon yo genyen sou enfòmasyon yo.	Vizit nan kay Reyinyon an gwoup Sesyon pou bay konsèy Sesyon edikasyon an gwoup Fòmasyon yo
Bwochi	Yon ti liv ki pa gen anpil paj ki gen mesaj sou yon sijè	Bay pandan oswa apre yon sesyon konsèy oswa edikasyon pou ede moun yo sonje enfòmasyon ak mesaj yo diskite yo pandan sesyon an. Louvri tiliv la, epi esplike li paj-pa-paj. Mande moun yo ki kesyon yo genyen sou enfòmasyon yo.	Vizit nan kay Reyinyon an gwoup Sesyon pou bay konsèy Sesyon edikasyon an gwoup Fòmasyon yo
Bwat Imaj	Yon blòk nèt gwo fèy papye ki gen imaj sou devan ak eksplikasyon yo padèyè	Sèvi ak imaj bwat imaj la ak eksplikasyon yo pou esplike sijè a. Poze kesyon, epi ankouraje de moun pale.	Sesyon pou bay konsèy Reyinyon an gwoup Kozri Fòmasyon yo

SESYON 4

METÒD EDIKASYON AK PRATIK MATERYÈL YO



Metòd: Pyès teyat ak Aktivite a de



Kantite Tan: 3 èdtan ak 15 minit



Objektif yo

Patisipan yo ap kapab:

- e. Dekri kijan pou fè yon kozri ak yon demonstrasyon pandan aktivite kominotè yo ak sesyon edikasyon yo.
- f. Dekri kouman pou sèvi ak Albòm Jina a pou edike manm kominotè a sou entèvansyon Kore Fanmi a
- g. Idantifye ki mesaj sante ki apwopriye pou ki gwoup moun.



Preparasyon

- Chèche konnen ki patisipan ki gen eksperyans pou fè kozri ak demonstrasyon, epi fè yo konnen w ap mande èd yo.
- Rasanble materyèl ki ikri anba la a.
- Fè fotokopi, epi koupe “mesaj sou sante” ak “gwoup moun” ki anba la a. Fè yon kantite seri kat ki pase pou youn seri nan chak pou chak ti gwoup 4–5 patisipan.



Materyèl yo

- Seri kat “Mesaj sou Sante” ak “gwoup moun”
- Albòm Jina pou chak patisipan ak fòmètè a
- Savon
- Krich dlo pwòp
- Bokit
- Chante sou kolera
- Orè vaksinasyon
- Kapòt gason
- Modèl pijon gason (oswa bannann oswa lòt ranplasan pijon gason ki konvnan)
- Gwo fèy papye
- Makè
- Tep



KONSÈY: Pou pyès teyat yo, chanje sijè yo, metòd edikasyon yo, ak materyèl edikasyon an si li nesèsè pou koresponn avèk bon jan fason ak bezwen gwoup ou. Asire chak gwoup pyès teyat gen ladan pou pi piti yon patisipan ki gen eksperyans. Patisipan yo ap gen posiblite tou pou kontinye pratik metòd sa yo pandan fòmasyon pi devan yo.



ETAP YO



5 minit

1. Di patisipan yo:

Anplis vizit nan kay yo, kozri ak demonstrasyon an gwoup se de (2) metòd edikasyon ak metòd pou pale wap sèvi avè l pi souvan avèk mo ou, lè ou se Ajan Kore Fanmi. Wap sevi ak metòd sa yo pandan pòs rasanbleman yo, klèb manman yo, klèb jenn yo, vizit nan lekòl yo, ak reyinyon kominotè yo.

Li trè enpòtan pou sèvi ak metòd sa yo, ak lòt metòd nou te diskite sou yo a, pou bay mesaj sou sante ki apwopriye ak enpòtan pou gwoup moun wap pale avèk yo a. Lè ou bay mesaj pou moun ki pa enpòtan pou bezwen yo sa pap ede okenn moun ditou.

2. Mande patisipan yo pou yo gade “Model plan yon seyans” nan liv patisipan.

Model Plan yon Seyans

TEM: IST/SIDA

SIJE: Prevansyon IST

ENTWODIKSYON: Salitasyon/ambyans

POZE PWOBLEM:

- Kijan yo trape maladi sa
- Kijan ou ka prevni li

DEWOULMAN/AKSYON:

- Kesyon pou teste konpreyansyon
- Kisa nou pral fè pou nou pa trape IST
- Kikote nap jwenn kapot
- Demonstrasyon kapot

KLOTI: Ranmase sou lide ki te brase. Bay remesyman epi bay pwochen randevou.

3. Esplike patisipan yo kijan yo pral fè pratik pou mete men sou ki mesaj sou lasante ki pi bon pou ki gwoup moun. Separe patisipan yo an to gwoup 4– 5 patisipan nan chak gwoup, epi esplike ti gwoup yo sa yo gen pou fè:

- Map bay chak gwoup yon seri kat. Kèk kat gen egzanp mesaj sou sante, epi lòt yo gen gwoup moun.
- Avèk manm gwoup ou a, asosye chak mesaj sou sante avèk gwoup ki ta dwe resevwa mesaj la.
- Wap gen 5 minit pou travay.



5 minit

4. Mande gwoup yo pou kòmanse travay. Pandan gwoup yo ap travay, mache nan sal la pou asire gwoup yo konprann sa pou yo fè a, epitou pou asire yap fè pwogrè. Bay gwoup yo avètisman 1 minit.



10 minit

5. Mande yon gwoup pou li byen fò youn nan travay yo fè a. Mande lòt gwoup yo pou konfime oswa pou korije travay la. Fè menm bagay la ankò, pou mande yon diferan gwoup chak fwa, jouk lè tout travay yo fin konfime. Gade repons yo anba la a, jan li nesesè.

6. Mande premye mesaj sou lasante a, epi mande patisipan yo ki gwoup ki PA ta pètèt resevwa mesaj sa a, paske li pa ta enpòtan pou yo. Pran kèk repons. Fè menm bagay sa a ankò pou chak mesaj, pou kenbe menm kous rapid la, epi mande patisipan yo pou bay lide yo.



5 minit

7. Esplike patisipan yo kijan yo pral pratike kounye a kozri ak demonstrasyon an, lè yo jwe pyès teyat yo. Separe patisipan yo an 5 gwoup (gwoup ki diferan ak sa ki anwo a). Mande tout moun pou yo jwenn pyès teyat yo nan paj 87–96 liv yo. Bay premye pyès teyat pou chak gwoup, epi bay chak gwoup materyèl ki apwopriye.

8. Esplike sa yo gen pou fè a:

- Chwazi yon manm gwoup pou jwe wòl Ajan Kore Fanmi, ak youn oswa plis manm gwoup pou jwe wòl fanmi an oswa manm kominote yo.
- Tout manm gwoup la ta dwe ede deside kimoun sa yo kap di ak fè.
- Answit, aktè yo ta dwe pratike pyès teyat la. Lòt manm gwoup la ta dwe gade ak bay sijesyon, jan li nesesè.
- Ou gen 25 minit pou prepare pyès teyat ou.
- Pyès teyat ou pa dwe dire plis pase 10 minit.



25 minit

- 9.** Mande ti gwoup yo pou kòmanse prepare pyès teyat yo. Mache nan sal l a pou bay lide ak asistans, jan li nesesè. Asire tout gwoup yo rete nan sa yo gen pou fè, epi bay tèks ak materyèl yo bezwen pou kreye pyès teyat to. Bay gwoup yo avètisman 15 minit, avètisman 5 minit, ak avètisman 1 minit.



10 minit

- 10.** Mande patisipan yo pou yo pran plas yo. Envite aktè pyès teyat yo pou vini devan nan sal la, epi pou jwe pyès teyat yo.



10 minit

- 11.** Apre pyès teyat la, mande patisipan yo pou yo bat bravo, epi mande aktè yo pou yo chita.
- 12.** Mande patisipan yo pou bay sa yo panse ki te pozitif sou pyès teyat la avèk kesyon ki anba la yo. Patisipan yo ta dwe eksprime remak yo kòm yon sijesyon, pa egzanp, “Pwochèn fwa, poukisa ou...? Aktè yo ta dwe reponn sèlman nan remak yo lè yo di, “mèsi.” (Yo pa ta dwe bay rezon ki fè yo te jwe pyès teyat la nan sèten fason, elatriye.)
- Kisa ki bay pi bon rezilta sou pyès teyat la? Poukisa?
 - Kisa gwoup la ta ka fè pi byen?
 - Ki lòt sijesyon ou genyen pou sèvi akmetòd sa a ak materyèl sa yo?
 - Ki kesyon ou genyen sou metòd sa a ak materyèl sa yo?



1 èdtan ak 20 minit

- 13.** Fè menm bagay la ankò pou chak ti gwoup, pou pase apeprè 20 minit pou chak gwoup (10 minit pou pèfòmans pyès teyat la, ak 10 minit pou remak yo).



5 minit

- 14.** Di patisipan yo mèsè pou rannmam yo ak remak yo. Mande si patisipan yo gen nenpòt rès kesyon sou demonstrasyon yo ak kozri a. Mande volontè yo pou reponn, epi pou ajoute enfòmasyon, si li nesesè.



10 minit

- 15.** Bay chak patisipan yon Albòm Jina. Eksplike ke Ajan Kore Fanmi yo pral sèvi avèk albòm sa a a esplike entèkansyon IACP sa a bay manm kominotè yo.
- 16.** Sèvi ak pwòp kopi Albòm Jina ou pou montre patisipan yo kouman yo sèvi ak li:
- Montre manm kominote yo gwo imaj sa a.
 - Nan bò do Albòm Jina a, Ajan Kore Fanmi la ap wè yon fòm piti imaj sa a ak ekriti ke li ta dwe itilize yo pou eksplike imaj la pou manm kominote a.
- 17.** Demontre kouman pou sèvi ak Albòm Jina a pa prezante premye detwa imaj yo youn apre lòt ak li ekriti ki ale avèk li.



10 minit

- 18.** Mande 3 ou 4 volontè pou yo vini devan nan sal la pou montre tout moun kouman pou sèvi ak Albòm Jina a, jan ou te fèk demontre.
- 19.** Mande premye volontè a prezante de premye imaj yo bay tout moun menm jan li ta prezante l' bay yon manm kominote a. Lè sa a, mande pwochen volontè a prezante epi sa ki vinn dèyè l' yo, jouk tout imaj yo te fin prezante.
- 20.** Mande patisipan yo ki kòmantè oswa kesyon yo genyen sou sèvi avèk Albòm Jina a epi bay reponns nan fason ki kòrèk, oswa mande patisipan ki gen eksperyans yo reponn.



20 minit

- 21.** Divize patisipan yo a de (pa menm de ki te ansanm nan lòt aktivite anvan).
- 22.** Eksplike ke yon patnè nan gwoup a de yo pral prezante premye 6 imaj yo nan albòm lan bay lòt la, pandan ke lòt la ap gade. Patnè a ki t'ap gade a kapab poze kesyon pou li ka kin konpran enfòmasyon ki prezante a. Yon fwa premye 6 imaj yo fin prezante, patnè yo pral chanje wòl epi dezyèm patnè a pral prezante imaj ki rete yo.
- 23.** Bay gwoup a de yo apeprè 15 minit pou travay. Lè gwoup a de yo ap travay, sikile ak ran èd si sa nesesè. Apre 8 minit di gwoup a de yo ke li se tan pou chanje wòl yo si yo pa te deja fè sa.
- 24.** Apre 15 minit, mande gwoup ap de yo sispann travay la. Mande patisipan yo bay kòmantè sou eksperyans yo lè yo sèvi avèk Albòm Jina a ak sou materyèl yo prezante a. Bay reponns nan fason ki kòrèk.

 Mesaj sou Sante	Gwoup moun
Enpòtans vizit anvan akouchman (prenatal)	Fanm kap eseye vin ansent, oswa ki te ansent nan kèk dènye mwa yo
Enpòtans vaksinasyon timoun piti	Fanm ki gen tibebe ki fèk fèt yo, oswa pou fanm ansent ki pa lwen akouche
Enpòtans vizit apre akouchman (pòsnatal)	Fanm ki nan dènye trimès gwosès yo
Enpòtans nan ba tibebe tete sèlman	Fanm ansent ki nan dènye trimès gwosès yo, oswa ki pa lwen akouche
Kijan pou nou byen nourri tibebe ki fèk fèt jiska 2 zan	Fanm ki gen timoun ki fèk fèt jiska timoun ki gen laj 2 zan
Enpòtans nan lave men	Tout fanmi yo
Siy ak sentòm kolera ak sa pou fè si yon moun gen kolera	Tout fanmi yo
Kijan pou konnen lè yon tibebe pèdi anpil dlo nan kò li yon fason grav akòz dyare	Fanm ki gen tibebe
Fason pou sèvi ak kapòt pou pa pran maladi moun pran nan fè bagay	Moun ki renmen ak jenn ki ka nan fè bagay
Enpòtans moustikè pou pa pran malarya	Fanm ansent ak fanm oswa moun ki renmen ki gen timoun piti



PYÈS TEYAT 1

nan paj 87 Liv Patisipan an

Metòd ak sijè: Kozri sou enpòtans vaksinasyon nan yon pòs rasanbleman

Sèn: Yon Ajan Kore Fanmi ap òganize yon pòs rasanbleman pou vaksinen timoun. Gen anpil manman ki vini nan pòs rasanbleman an avèk tibebe yo ak timoun piti. Avèk politès, Ajan Kore Fanmi la mande manman yo pou yo vini toupre pou rasanble pou yo tout kapab wè ak tande li. Nan yon ton vwa nòmal respektye (pa rele), li esplike kijan li pral pale sou vaksinasyon timoun piti anvan li kòmanse bay vaksen yo. Lap fè yon kozri avèk manman yo.

Eksplikasyon

1. Sèvi ak enfòmasyon sou vaksinasyon ki anba la a ak orè vaksinasyon fòmatè a bay la pou kreye pyès teyat ou.
2. Ajan Kore Fanmi la ta dwe esplike manman yo bezwen retounen nan pòs rasanbleman yo plizyè fwa pou fè pitit yo pran tout vaksen yo, epitou li ta dwe ankouraje manman yo pou di zanmi ak vwazen yo pou vini nan pòs rasanbleman yo.
3. Ajan Kore Fanmi la ta dwe ede manman yo brase lide pou jwenn fason yo kapab asire yo vini nan pòs rasanbleman yo lè yo bezwen fè sa.
4. Ajoute bon mwayen pou pale ou te pratike pandan fòmasyon sa a nan pyès teyat ou, pa egzanp: poze kesyon ouvè pou ankouraje de moun pale (“Poukisa vaksen yo enpòtan?” elatriye); poze kesyon pou eksplikasyon pou wè si manman yo konprann (“Kisa yon vaksen ye?”, “Kilè ou dwe mennen timoun yo pou vaksinasyon yo?”, elatriye).

Enfòmasyon

- Vaksinasyon (ki rele iminizasyon tou) bay pwoteksyon kont maladi danjere yo. Yon tibebe oswa yon jèn timoun ki vaksinen kòrèkteman kont yon maladi p ap gen maladi a. Vaksen yo gratis epi yo bon, epitou yo ede timoun ak granmoun yo rete an sante pandan tout lavi yo.
- Yon vaksen se yon pwodwi ki pwoteje timoun ak fanm ansent yo kont maladi grav yo. Piki a gen ladan yon fòm fèb maladi a ki ede kò a devlope pwoteksyon (antikò) kont maladi a.
- Timoun ki pran vaksen proteje kont yon seri maladi grav oswa maladi ki ka touye yo. Lè timoun yo pran vaksen, tout kominote a gen plis pwoteksyon. Maladi yo pa simaye vit, epi granmoun yo ap rete an sante tou.



PYÈS TEYAT 2

nan paj 89 Liv Patisipan an

Metòd ak sijè: Demonstrasyon lave men nan yon vizit nan kay

Sèn: Pandan yon vizit nan kay, yon Ajan Kore Fanmi remake tout moun ki nan fanmi an chita pou manje san yo pa lave men yo. Li deside fè yon demonstrasyon lave men pou fanmi an. Li gen savon nan valiz li. Li mande fanmi an pou bay yon krich dlo pwòp ak yon bokit pou pran dlo sal la. Li fè yon demonstrasyon, epi li pale avèk fanmi an sou enpòtans lave men.

Eksplikasyon

1. Sèvi ak etap pou lave men ki anba la a pandan demonstrasyon ou, epi esplike etap yo byen fò.
2. Ajan Kore Fanmi la ta dwe mande yon manm fanmi pou montre etap yo apre li fin montre etap yo.
3. Ajan Kore Fanmi la ta dwe mande manman an ak papa a si yap pran angajman pou lave men yo, li ta dwe poze kesyon sou difikilte yo, li ta dwe idantifye solisyon posib yo, epitou li ta dwe mande fanmi an pou bay remak li genyen ak poze kesyon li yo.
4. Ajoute bon mwayen pou pale ou te pratike pandan fòmasyon sa a nan pyès teyat ou, pa egzanp: poze kesyon ouvè pou ankouraje de moun pale (“Poukisa li enpòtan pou lave men?” elatriye); poze kesyon pou eksplikasyon pou wè si fanmi an konprann (“Kilè ou ta dwe lave men ou?” elatriye).

Enfòmasyon

Etap pou lave men

1. Mouye men yo anba dlo tiyo a, oswa mande yon moun pou vide dlo a sou men yo, epi savonnen men yo.
2. Fwote dwèt yo ak anba zong yo.
3. Fwote do men yo.
4. Fwote plamen yo ansanm.
5. Rense men yo.
6. Seche men yo avèk yon sèvyèt pwòp, oswa sekwe yo epi mete yo sèch nan lè a.

Lè pou lave men ou

Lave men yo apre ou sòti nan twalèt, anvan ou kwit manje ak anvan ou manje, anvan ak apre ou pran swen tibebe oswa moun ki malad, epitou apre ou sòti nan travay pou antre lakay ou, oswa apre ou te nan kominote a.



PYÈS TEYAT 3

nan paj 91 Liv Patisipan an

Metòd ak sijè: Demonstrasyon nan yon klèb Jèn fason pou sèvi ak kapòt

Sèn: Yon Ajan Kore Fanmi ap vizite yon gwoup jenn. Li te òganize vizit la davans. Li chita oswa kanpe avèk jenn yo nan yon sèk pou tout moun ka nan menm nivo a, epitou pou tout moun kapab wè. Li demontre fason pou sèvi ak kapòt, epi answit li fè yon ti diskisyon.

Eksplikasyon

1. Ajan Kore Fanmi la ta dwe mande si nenpòt moun ki nan gwoup la kapab esplike etap pou sèvi ak yon kapòt kòrèkteman, epitou li ta dwe mande gwoup la pou yo reponn.
2. Ajan Kore Fanmi la ta dwe sèvi ak etap ki anba la yo pou fè demonstrasyon, epi pou esplike etap yo byen fò.
3. Apre demonstrasyon an, Ajan Kore Fanmi la ta dwe mande youn nan jèn yo pou fè demonstrasyon an tou.
4. Answit, Ajan Kore Fanmi la ta dwe fè yon ti diskisyon sou eksperyans jèn yo avèk kapòt, poukisa kèk jèn gason pa renmen sèvi ak kapòt, epi kijan jèn ki prezan yo ta kapab ankouraje lòt yo pou sèvi ak kapòt.
5. Mete bon mwayen pou pale ou te pratike yo pandan fòmasyon sa a nan pyès teyat ou, pa egzanp, poze kesyon ouvè pou ankouraje de moun pale ("Poukisa kèk jèn gason pa renmen sèvi ak kapòt?" elatriye); poze kesyon pou jwenn eksplikasyon pou wè si jèn yo te konprann ("Kilè ou ta dwe sèvi ak kapòt?" elatriye).

Enfòmasyon

Etap pou sèvi ak yon kapòt gason.

1. Lave men ou.
2. Gade dat espirasyon ki sou pake a anvan ou sèvi ak kapòt la. (Pa sèvi ak yon kapòt ki gen dat espirasyon li ki pase deja.)
3. Louvri pake a. (Pa sèvi ak dan ou oswa zong ou, paske yo kapab mete yon twou nan kapòt la.)
4. Chache pwent kapòt la, epi kenbe li pou bag li defèt tankou yon ti chapo.
5. Kenbe l anlè avèk de dwet endèks ou ak dwet pous ou pandan wap mete kapòt la nan pijon ou, avèk bag la sou deyò. Woule kapòt la desann rive jis nan cou pijon ou. Gade pou asire li antre kòrèkteman.
6. Apre ou fin fè bagay, kenbe kapòt la nan cou a, epi redi pijon ou sòti nan patnè ou. Mete w sou kote. Pa kite okenn likid tonbe sou patnè ou.
7. Redi kapòt la sòti san ou pa kite likid ki andedan li an tonbe.


PYÈS TEYAT 3
Swit

8. Mare kapòt la nan yon ne, pou asire dechay la rete nan pwent kapòt la, epi jete li.
9. Jete kapòt la nan fatra yo pral boule oswa mete anba tè oswa nan latrin. Pa kite kapòt la rete atè oswa nan nenpòt kote timoun ta ka jwenn li.



PYÈS TEYAT 4

nan paj 93 Liv Patisipan an

Metòd ak sijè: Kozri sou kolera nan yon vizit nan lekòl

Sèn: Yon Ajan Kore Fanmi ap vizite yon lekòl ki nan yon kominote kote yo te dekouvri anpil ka kolera. Ajan Kore Fanmi la ap mache nan lekòl la, li salye pwofesè a, epi li wè elèv yo ki deja rasanble epi kap tann. Li di pwofesè a mèsè poutèt li ede li òganize vizit li, li salye elèv yo, epi li swiv etap ki anba la a pou fè yon kozri a.

Eksplikasyon

1. Ajan Kore Fanmi la ta dwe esplike kisa kolera ye, epi kijan yo kapab pa pran kolera avèk enfòmasyon ki anba la a.
2. Ajan Kore Fanmi la ta dwe mande elèv yo pou brase lide sou bagay yo kapab fè pou yo pa pran kolera nan lekòl la, ak lakay yo, selon enfòmasyon Ajan Kore Fanmi la te bay.
3. Mete yon chante sou kolera nan pyès teyat la; Ajan Kore Fanmi la kapab montre timoun yo chante a, epi answit li kapab mande yo pou yo chante li.
4. Ajoute bon mwayen pou pale ou te pratike pandan fòmasyon sa a nan pyès teyat ou, pa egzanp: poze kesyon ouvè pou ankouraje de moun pale (“Kisa ou kapab fè lakay ou pou pa kite kolera simaye?” elatriye); poze kesyon pou eksplikasyon pou wè si jèn yo te konprann (“Kijan ou kapab konnen youn moun gen kolera?” elatriye).

Enfòmasyon

- Kolera se yon maladi ki lakòz gwo kantite vomisman ak dyare dlo ki sanble avèk dlo diri twoub. Kolera kapab lakòz dezidratasyon grav, ki kapab lakòz yon moun mouri vit si moun nan pa swiv tretman.
- Kolera se yon mikwòb yo jwenn nan pou pou moun ki enfekte. Kolera kapab simaye vit si li tonbe nan dlo moun sèvi pou bwè oswa pou prepare manje. Mikwòb kolera kapab simaye tou si moun yo mete men yo nan bouch yo apre yo fin manyen yon bagay ki genyen mikwòb kolera sou li.
- Yon moun ki gen siy oswa sentòm kolera dwe swiv tretman imedyatman avèk sewòm oral ki fèt avèk dlo trete. Sewòm Oral kapab ranplase dlo ak sèl moun nan pèdi nan dyare ak vomisman, epitou li kapab ede kò a geri.
- Yo ta dwe mennen yon moun ki gen kolera nan sant tretman kolera (CTC) touswit (apre yo fin ba li Sewòm Oral oswa pandan yap ba li Sewòm Oral).
- Ou kapab pa pran kolera si ou lave men ou souvan avèk savon ak dlo, si ou trete tout dlo (lè ou bouyi dlo a, oswa lè ou trete dlo a avèk klowòks oswa lòt pwodui tretman dlo), si ou lave tout manje avèk dlo trete, epitou si ou kwit manje a byen, si ou sèvi ak latrin, epi si ou jete dechè moun (pou pou ak vomisman) kòrèkteman. Pratike ijyèn nan tout sa wap fè!



PYÈS TEYAT 4

Swit

- Stigmatizasyon kolera danjere, epi li kapab anpeche moun ki gen kolera jwenn swen yo bezwen pou yo vin refè. Moun ki gen kolera bezwen sipò ak swen nan men fanmi, zanmi, ak vwazen yo.



PYÈS TEYAT 5

nan paj 95 Liv Patisipan an

Metòd ak sijè: Kozri sou fason pou ba tibebe tete nan yon klèb manman.

Sèn: Yon Ajan Kore Fanmi ap vizite yon klèb manman. Li te òganize vizit la davans. Li chita oswa kanpe avèk manman yo nan yon sèk pou tout moun ka nan menm nivo a, epitou pou tout moun kapab wè. Lap bay enfòmasyon ki anba la yo sou fason pou ba tibebe tete, epitou li mete manman yo nan yon diskisyon sou fason pou ba tibebe tete.

Enstriksyon

1. Ajan Kore Fanmi la ta dwe esplike poukisa li enpòtan pou ba tibebe tete, avèk enfòmasyon ki anba la yo.
2. Answit, Ajan Kore Fanmi la ta dwe fè yon diskisyon sou fason pou ba tibebe tete. Pou fè sa, li kapab poze manman yo kesyon sou eksperyans yo, difikilte yo, ak siksè yo. Olye li bay repons dirèk pou eksperyans manman yo, li mande lòt manman yo si yo kapab reponn.
3. Ajoute bon mwayen pou pale ou te pratike pandan fòmasyon sa a nan pyès teyat ou, pa egzanp: poze kesyon ouvè pou ankouraje de moun pale (“Ki difikilte ou genyen, oswa fanm ou konnen, ki te gen difikilte pou ba tibebe yo tete?” elatriye); poze kesyon pou jwenn espikasyon pou wè si manman yo konprann (“Poukisa li danjere pou sèvi lèt anpoud bebe?” elatriye)

Enfòmasyon

- Tete **sèlman** se pi bon manje ak bwason pou tibebe yo pandan premye sis 6 mwa yo. Pandan premye sis 6 mwa yo, tibebe yo pa bezwen okenn lòt manje oswa bwason, pa menm dlo. Lèt tete a gen tout vitamin yon tibebe bezwen.
- Lè manman yo ba tibebe yo tete sa ede pwoteje tibebe yo, epitou sa ede pwoteje jèn timoun kont maladi, paske lèt tete gen antikò manman an, ki ede goumen kont maladi yo. Pa gen lòt lèt ki gen antikò/ pwoteksyon sa yo.
- Lè manman yo ba tibebe yo tete, yo pa gen danje pou ba tibebe yo dlo ki pa pwòp, jan yo ta fè sa avèk lèt anpoud bebe. Lèt anpoud ki fèt avèk dlo ki pa pwòp kapab lakòz dyare, ki trè danjere pou tibebe yo.
- Dijesyon fèt pi byen lakay tibebe ki pran tete selman pase tibebe ki pran lot lètyo.
- Plis tibebe a souse tete manman'l se plis lap jwenn plis lap jwenn let pou'l bay ti bebe a. Tank yon manman bay tibebe li tete pi souvan, tank manman an ap pwodui plis lèt nan tete li. Lè tibebe a ap bwè lèt tete a, tete manman an ankouraje pou pwodui plis lèt.



PYÈS TEYAT 5

Swit

- Si yon manman gen pwoblèm pou aprann ba tibebe li tete, li kapab mande èd nan sant sante a, oswa li kapab mande fanm ki gen eksperyans nan kominote li a pou ede li.
- Fanm yo kapab ede youn lòt brase lide pou jwenn solisyon posib pou difikilte yo ta genyen (pa egzanp, kijan yo kapab gen tibebe yo avèk yo pandan yap travay, elatriye)
- Fason pou sipòte yon manman ki remake li difisil pou ba tibebe tete:
 - Esplike kijan li difisil pou chak manman bay tibebe yo tete okòmansman. Li nòmal pou manman an ka santi'l pa alez, epi manman an ap bezwen fè pratik.
 - Pran pasyans avèk manman an, epi fè li konnen ou la pou ede li.
 - Ankouraje manman an pou chèche sipò manman li oswa sè li yo, oswa sipò lòt fanm ki gen eksperyans nan bay tibebe tete.

SESYON 5 PÒS-TÈS



Metòd: Evalyasyon



Kantite Tan: 30 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- Evalye sa yo te aprann yo pandan fòmasyon an.



Preparasyon

- Koriye pre-tès yo nan kòmansman fòmasyon sa a.
- Prepare pre-tès yo pou remèt patisipan yo.



Materyèl yo

- Kreyon oswa plim pou tout patisipan yo
- Fotokopi Pòs-tès la



ETAP YO



30 minit

1. Fè patisipan yo konnen yap pran yon “pòs-tès” kounye a. Objektif pòs-tès la se pa pou jije patisipan yo, men pito pou asire fòmasyon sa a te satisfè bezwen yo. Pòs-tès la ap ede evalye si fòmasyon sa a bay bon jan rezilta, epitou lap fè li vin pi bon pou fòmasyon pi devan yo.
2. Bay chak patisipan yon fotokopi pòs-tès la.
3. Anvan pòs-tès la, mande patisipan yo pou yo mete enfòmasyon anlè chak paj egzamen an, epi pou yo remèt li ba ou. Si yon patisipan pa konnen dat egzat li te vin yon Ajan Kore Fanmi, mande li pou ekri ane li te vin yon Ajan Kore Fanmi, epi note jou a kòm “30” ak mwa a kòm “6” (jen). Enfòmasyon sa yo ta dwe egzat avèk sa yo te ekri nan pre-tès la.

4. Fè patisipan yo konnen ou pral li kèk kesyon byen fò ki gen rapò ak mwayen pou pale. Patisipan yo ap reponn kesyon yo. Pou fè sa, y ap fè yon ti ronnnan pi bon repons lan pou chak kesyon ki nan pòs-tès yo.
5. Di patisipan yo si yo pa konnen repons pou yon kesyon, yo ta dwe kite kesyon an san repons.
6. Esplike wap fè premye kesyon an ansanm. Fè patisipan yo konnen kesyon sa a pa nan egzamen an; se sèlman pou pratik.
7. Li premye kesyon an ak repons posib yo byen fò. Mande yon volontè pou reponn, oswa reponn kesyon an poukont ou. Pou reponn kesyon sa a, patisipan yo ta dwe antoure repons ki sou papye yo.
8. Li rès kesyon pòs-tès la ak repons ki posib yo byen fò tou dousman, youn pa youn. Repete kesyon yo ak repons ki posib yo, jan li nesèsè. Apre ou fin li chak kesyon, bay patisipan yo tan pou yo antoure repons lan.
9. Fè patisipan yo konnen ou pral konpare pòs-tès ak pre-tès la depi nan kòmansman fòmasyon an. Separe chak pre-tès ki korije bay chak patisipan.
10. Mande patisipan yo pou yo gade pre-tès korije yo ak dènye pòs-tès yo pou wè kote yo vin pi bon ak sa yo aprann nan. Fè patisipan yo konnen yo pa ta dwe fè okenn chanjman nan pòs-tès yo. Sa trè enpòtan.
11. Mande patisipan yo si yo gen nenpòt kesyon ki gen rapò ak egzamen yo, epi bay eksplikasyon yo, si li nesèsè.
12. Ranmase pre-tès yo ak pòs-tès yo.



KONSÈY: *Apre fòmasyon an, egzamine rezilta pre-tès la ak pòs-tès la pou wè domèn kote patisipan yo te fè pi move nòt yo. Enfòmasyon sa yo ap ede ou fè fòmasyon bay bon jan rezilta pi devan. Pa egzanp, si anpil patisipan te jwenn yon kesyon patikilye pa bon nan pòs-tès la, ou ka bezwen esplike yo sijè a nan plis detay lòt fwa wap fè fòmasyon an.*

KOREKTUM PÒS-TÈS

Non ou: _____ Dat: _____

Seksyon Kominal: _____ # ID AKF: _____

Depi konbyen tan ou se yon Ajan Kore Fanmi? _____ /
mwa / lane

Antoure pi bon repons lan pou chak kesyon.

1. Youn nan prensip fason pou granmoun aprann sèke granmoun yo ta dwe:
 - a. Sonje enfòmasyon yo pakè.
 - b. Koute pwofesè a sèlman.
 - c. Fè egzamen pou teste konesans yo.
 - d. **Aprann youn nan men lòt ak nan men fòmateur a.**
2. Yon lòt prensip fason pou granmoun aprann sèke granmoun yo aprann pi byen lè yo:
 - a. Pran anpil nòt pandan pwofesè a ap pale.
 - b. **Sèvi ak pwòp eksperyans ak konesans yo.**
 - c. Li enfòmasyon yap aprann yo byen fò
 - d. Pa poze twòp kesyon.
3. Ki sijè edikasyon pou bay bon jan rezilta avèk yon demonstrasyon?
 - a. **Fason pou fè Sewom Oral.**
 - b. Avantaj planin famiyal.
 - c. Enpòtans ki genyen nan bay yon tibebe tete sèlman.
 - d. Enpòtans vizit anvan akouchman.

4. Yon moman ki bon pou sevi ak echantiyon se:
 - a. Pandan w ap bay enfòmasyon nan yon pòs rasanbleman.
 - b. Pandan yon kozri pou yon gwo gwoup moun.
 - c. **Pandan yon demonstrasyon pou yon ti gwoup moun.**
 - d. Pandan wap bay yon moun konsèy pou ede li jwenn yon desizyon.

5. Yon bon itilizasyon yon kozri se pou:
 - a. Montre yon moun kijan pou sèvi ak kapòt.
 - b. Chèche konnen bezwen yon moun apa.
 - c. **Diskite sou yon sijè sante avèk yon gwoup, epi brase lide pou rezoud pwoblèm yo.**
 - d. Esplike divès kalite metòd pou pa ansent, ak fason yo bay bon jan rezilta.

6. Yon bon itilizasyon albòm foto se:
 - a. **Esplike yon sijè pou yon kantite moun pandan yon vizit nan kay.**
 - b. Esplike yon sijè pandan yon pòs rasanbleman.
 - c. Esplike yon sijè pandan yon reyinyon klèb.
 - d. Esplike yon sijè ba yon salklas ki plen elèv.

7. Lè wap bay yon demonstrasyon, ou ta dwe toujou:
 - a. Rele fò pou tout moun kapab tande ou byen.
 - b. **Envite moun yo pou yo rasanble toupre ou pou tout moun kapab wè.**
 - c. Bay tout moun echantiyon sa w ap demontre a.
 - d. Bougonnen sou moun ki pap gade demonstrasyon an.

8. Lè wap fè yon kozri, ou ta dwe toujou:
 - a. Fè moun yo konnen ou p ap pale sof si yo rete an silans.
 - b. Reponn kesyon moun yo sèlman nan fen kozri a.
 - c. **Ankouraje de moun pale ak brase-lide.**
 - d. Pran nòt pandan moun yo ap pale.
9. Ki mesaj sou sante ki pi bon pou yon Ajan Kore Fanmi bay pou yon gwoup fanm ansent ki nan 8yèm mwa gwosès yo?
 - a. Enpòtans ki genyen pou itilize yon moustikè pou pwoteksyon kont malarya.
 - b. Enpòtans planin familyal.
 - c. Enpòtans tretman malarya kòrèkteman.
 - d. **Enpòtans ki genyen pou ba tibebe a tete sèlman epi touswit.**
10. Pou ki gwoup yon mesaj sou sante ta pi bon ki gen rapò ak fason pou kòmanse ba tibebe yo manje solid anplis lèt manman?
 - a. Fanm ki nan dènye mwa gwosès yo.
 - b. Manman tibebe ki fèk fèt yo.
 - c. **Manman tibebe ki gen laj 5–6 mwa.**
 - d. Manman tibebe ki gen laj 9–12 mwa.

SESYON 6

EVALYASYON AK BWAT KESYON SEKRÈ YO



Metòd: Diskisyon an gwo gwoup ak evalyasyon alekri



Kantite Tan: 15 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- Bay remake sou fòmasyon an.



Preparasyon

- Si ou planifye pou fè evalyasyon ki fet nan pale l, ekri kesyon evalyasyon ki nan etap 3 sou gwo fèy papye a oswa sou papye kaye nèt. Kite espas apre chak kesyon pou ou kapab note repons patisipan yo.
- Prepare Bwa Kesyon Sekrè yo.



Materyèl yo

- Kesyon evalyasyon ki ekri sou gwo fèy papye a oswa sou papye kaye nèt (si w ap planifye pou fè evalyasyon an aloral)
- Fòm evalyasyon nan paj 98–99 Liv Patisipan an (si w ap planifye pou fè patisipan yo fè evalyasyon an alekri)
- Lis Tout Sa Pou Fè pou Chanjman Konpòtman nan paj 86 Liv Patisipan
- Gwo fèy papye oswa papye kaye nèt
- Makè



KONSÈY: Ou kapab fè evalyasyon ki fet nan pale (etap 1–3), oswa mande patisipan yo pou yo detache ak ranpli fòm evalyasyon ekri a ki nan liv yo a.

Men avantaj ki genyen lè ou fè yon evalyasyon ki fet nan pale l: menm patisipan ki pa gen bon jan fason pou li ak ekri kapab patisipe san pwoblèm; lè ou poze kesyon pou fe moun yo pale sa ka kreye diskisyon ki itil; evalyasyon aloral la ka pran mwens tan pase evalyasyon ki ekri a.

Men avantaj ki genyen lè ou mande patisipan yo pou fè yon evalyasyon ki ekri: patisipan ki timid yo pi ka bay opinyon yolekri pase nan pale; patisipan yo ka bay opinyon yo ki pi onèt si yo bay repons ekri poukont yo olye yo fè sa pou tout moun ka tande.



ETAP YO



15 minit

1. Di patisipan yo mèsè poutèt yo angaje epi aktif nan fòmasyon jodi a.
2. Di patisipan yo ou ta renmen konnen sa yo panse sou fòmasyon sa a. Wap sèvi ak kòmantè epi opinyon sa a yo pou evalye ak rann fòmasyon pi devan pou yo vin pi bon, si li nesèsè.
3. Si ou chwazi fè evalyasyon nan pale, poze patisipan yo kesyon ki ekri anba la yo, epi ekri repons yo sou gwo fèy papyè a (oswa sou kaye nòt la):
 - Ki aktivite fòmasyon ou te renmen pi plis? Poukisa?
 - Ki aktivite fòmasyon ou te renmen mwens? Poukisa?
 - Kisa ou te aprann ki te enpòtan pou sevi nan travay ou?
 - Èske te gen yon bagay ou pa t konprann? Bay egzanp espesyal.
 - Ki rekòmandasyon w pou rann fòmasyon sa a vin pi bon? Kisa ou ta chanje? (Pa egzanp, ki aktivite, imaj ak foto, elatriye, ou ta renmen chanje?)
 - Ki lòt kòmantè ou genyen?
4. Si ou chwazi pou fè patisipan yo fè evalyasyon ki ekri, mande patisipan yo pou jwenn fòm evalyasyon an nan paj 98–99 liv yo, epi pou yo detache li. Li kesyon evalyasyon an byen fò. Mande patisipan yo pou yo fè evalyasyon an. Pandan patisipan yo ap travay, mache nan sal la, epi bay èd, si li nesèsè.
5. Note epi konsève repons yo nan evalyasyon kif et nan pale a, oswa ranmase ak konsève fòm evalyasyon ki ekri yo.



5 minit

6. Felisite patisipan yo poutèt yo fini sesyon fòmasyon sa a.
7. Mande patisipan yo pou jwenn Lis Tout sa ki Dwe Fèt pou Ede Granmoun Aprann ankò nan paj 86 liv yo. Mande patisipan yo ki rèz kesyon yo genyen ki gen rapò ak responsabilite yo, epi reponn kesyon yo jan ou ta dwe reponn, oswa mande patisipan ki gen eksperyans yo pou reponn.



5 minit

- 8.** Retire kesyon yo nan Bwat Kesyon Sekrè yo, epi reponn yo kòmsadwa (swa avèk tout gwoup la oswa avèk moun yo apa apre fòmasyon an).
- 9.** Di patisipan yo mèsè pou patisipasyon yo nan fòmasyon an. Di yo mèsè pou travay enpòtan yap fè chak jou a.



LIS TOUT SA KI DWE FÈT POU EDE GRANMOUN APRANN

nan paj 86 Liv Patisipan

- ☐ Sonje prensip pou granmoun aprann chak fwa wap mennen yon aktivite edikasyonèl avèk manm kominote a: respè, ankourajman, eksperyans, enterè, pale a de, angajman, fè l touswit, règ 20-40-80, refleksyon-santiman-aksyon, epi sekirite ak konsolasyon.
- ☐ Sèvi ak edikasyon ak metòd pou pale ki anba la a lè wap edike manm kominote a: konsèy, entèvyou, kozri, demonstrasyon, chante, ak teyat. Ou ka bezwen sèvi ak lòt metòd yo tanzantan tou.
- ☐ Chwazi metòd edikasyon ak metòd pou pale ki pi bon pou sitiyasyon an. Pa egzanp, sèvi ak konsèy pandan yon vizit nan kay pou ede yon fanm aprann epi planifye pou sèvi ak metòd pou pa ansent. Fè yon demonstrasyon pandan yon sesyon edikasyon an gwoup pou montre moun yo kijan pou yo trete dlo.
- ☐ Sèvi ak edikasyon epi materyèl pou pale ki anba la a lè wap edike manm kominote a: afich, bwat imaj, tablo ki sèvi ak fet, echantiyon, kasèt oswa CD, bwochi (depliyon), tiliv, albòm imaj.
- ☐ Chwazi materyèl edikasyon ki ki mache ak sitiyasyon an. Pa egzanp, sèvi ak yon albòm imaj pandan yon vizit nan kay pou montre yon manman kantite ki sifi pou bay pitit 2 zan li manje. Sèvi ak kapòt epi yon modèl pijon pou montre kijan pou yo sèvi ak kapòt pandan yon ti sesyon edikasyon an gwoup.
- ☐ Sèvi ak bon mwayen pou pale lè wap bay enfòmasyon: montre respè, aprann reyalite moun yo ak faktè ki frape konpòtman pou sante yo, koute avèk anpil atansyon, poze kesyon ouvè, epi ankouraje de moun pale.



FÒM EVALYASYON

Ki aktivite fòmasyon ou te renmen pi plis? Pou kisa?

Ki aktivite fòmasyon ou te renmen mwens? Pou kisa?

Kisa ou te aprann ki te enpòtan pou sèvi ak yo nan travay ou?

Èske te gen yon bagay ou pa t konprann? Bay egzanp espesyal.

**Ki rekòmandasyon ou pou rann fòmasyon sa a vin pi bon? Kisa ou ta chanje?
(Pa egzanp, ki aktivite, imaj ak foto, elatriye, ou ta renmen chanje?)**

Ki lòt kòmantè ou genyen?

Mèsi poutèt ou fè evalyasyon sa a.

PRE-TÈS

Non ou: _____

Dat: _____

Seksyon Kominal: _____

ID AKF: _____

Depi konbyen tan ou se yon Ajan Kore Fanmi? _____ /
mwa / lane**Antoure pi bon repons lan pou chak kesyon.**

1. Youn nan prensip fason pou granmoun aprann sèke granmoun yo ta dwe:
 - a. Sonje enfòmasyon yo pakè.
 - b. Koute pwofesè a sèlman.
 - c. Fè egzamen pou teste konesans yo.
 - d. Aprann youn nan men lòt ak nan men fòmateur a.
2. Yon lòt prensip fason pou granmoun aprann sèke granmoun yo aprann pi byen lè yo:
 - a. Pran anpil nòt pandan pwofesè a ap pale.
 - b. Eksplwate pwòp eksperyans ak konesans yo.
 - c. Li enfòmasyon yap aprann yo byen fò.
 - d. Pa poze twòp kesyon.
3. Ki sijè yo ta ka anseye yon fason pou bay bon jan rezilta avèk yon demonstrasyon?
 - a. Fason pou fè Sewom Oral.
 - b. Avantaj planin familyal.
 - c. Enpòtans ki genyen nan bay yon tibebe tete sèlman.
 - d. Enpòtans vizit anvan akouchman.

- 4.** Yon moman ki bon pou sevi ak echantiyon se:
 - a.** Pandan w ap bay enfòmasyon nan yon pòs rasanbleman.
 - b.** Pandan yon kozri pou yon gwo gwoup moun.
 - c.** Pandan yon demonstrasyon pou yon ti gwoup moun.
 - d.** Pandan wap bay yon moun konsèy pou ede li jwenn yon desizyon.
- 5.** Yon bon itilizasyon yon kozri se pou:
 - a.** Montre yon moun kijan pou sèvi ak kapòt.
 - b.** Chèche konnen bezwen yon moun apa.
 - c.** Diskite sou yon sijè sante avèk yon gwoup, epi brase lide pou rezoud pwoblèm yo.
 - d.** Esplike divès kalite metòd pou pa ansent, ak fason yo bay bon jan rezilta.
- 6.** Yon bon itilizasyon albòm foto se:
 - a.** Esplike yon sijè pou yon kantite moun pandan yon vizit nan kay.
 - b.** Esplike yon sijè pandan yon pòs rasanbleman.
 - c.** Esplike yon sijè pandan yon reyinyon klèb.
 - d.** Esplike yon sijè ba yon salklas ki plen elèv.
- 7.** Lè wap bay yon demonstrasyon, ou ta dwe toujou:
 - a.** Rele fò pou tout moun kapab tande ou byen.
 - b.** Envite moun yo pou yo rasanble toupre ou pou tout moun kapab wè.
 - c.** Bay tout moun echantiyon sa w ap demontre a.
 - d.** Bougonnen sou moun ki pap gade demonstrasyon an.

- 8.** Lè wap fè yon kozri, ou ta dwe toujou:
 - a.** Fè moun yo konnen ou p ap pale sof si yo rete an silans.
 - b.** Reponn kesyon moun yo sèlman nan fen kozri a.
 - c.** Ankouraje de moun pale ak brase-lide.
 - d.** Pran nòt pandan moun yo ap pale.
- 9.** Ki mesaj sou sante ki pi bon pou yon Ajan Kore Fanmi bay pou yon gwoup fanm ansent ki nan 8yèm mwa gwosès yo?
 - a.** Enpòtans ki genyen pou itilize yon moustikè pou pwoteksyon kont malarya.
 - b.** Enpòtans planin familyal.
 - c.** Enpòtans tretman malarya kòrèkteman.
 - d.** Enpòtans ki genyen pou ba tibebe a tete sèlman epi imedyatman.
- 10.** Pou ki gwoup yon mesaj sou sante ta pi bon ki gen rapò ak fason pou kòmanse ba tibebe yo manje solid anplis lèt manman?
 - a.** Fanm ki nan dènye mwa gwosès yo.
 - b.** Manman tibebe ki fèk fèt yo.
 - c.** Manman tibebe ki gen laj 5–6 mwa.
 - d.** Manman tibebe ki gen laj 9–12 mwa.

PÒS-TÈS

Non ou: _____ Dat: _____

Seksyon Kominal: _____ # ID AKF: _____

Depi konbyen tan ou se yon Ajan Kore Fanmi? _____ /
mwa / lane

Antoure pi bon repons lan pou chak kesyon.

1. Youn nan prensip fason pou granmoun aprann sèke granmoun yo ta dwe:
 - a. Sonje enfòmasyon yo pakè.
 - b. Koute pwofesè a sèlman.
 - c. Fè egzamen pou teste konesans yo.
 - d. Aprann youn nan men lòt ak nan men fòmateur a.
2. Yon lòt prensip fason pou granmoun aprann sèke granmoun yo aprann pi byen lè yo:
 - a. Pran anpil nòt pandan pwofesè a ap pale.
 - b. Eksplwate pwòp eksperyans ak konesans yo.
 - c. Li enfòmasyon yap aprann yo byen fò.
 - d. Pa poze twòp kesyon.
3. Ki sijè yo ta ka anseye yon fason pou bay bon jan rezilta avèk yon demonstrasyon?
 - a. Fason pou fè Sewom Oral.
 - b. Avantaj planin famiyal.
 - c. Enpòtans ki genyen nan bay yon tibebe tete sèlman.
 - d. Enpòtans vizit anvan akouchman.

4. Yon moman ki bon pou sevi ak echantiyon se:
 - a. Pandan w ap bay enfòmasyon nan yon pòs rasanbleman.
 - b. Pandan yon kozri pou yon gwo gwoup moun.
 - c. Pandan yon demonstrasyon pou yon ti gwoup moun.
 - d. Pandan wap bay yon moun konsèy pou ede li jwenn yon desizyon.
5. Yon bon itilizasyon yon kozri se pou:
 - a. Montre yon moun kijan pou sèvi ak kapòt.
 - b. Chèche konnen bezwen yon moun apa.
 - c. Diskite sou yon sijè sante avèk yon gwoup, epi brase lide pou rezoud pwoblèm yo.
 - d. Esplike divès kalite metòd pou pa ansent, ak fason yo bay bon jan rezilta.
6. Yon bon itilizasyon albòm foto se:
 - a. Esplike yon sijè pou yon kantite moun pandan yon vizit nan kay.
 - b. Esplike yon sijè pandan yon pòs rasanbleman.
 - c. Esplike yon sijè pandan yon reyinyon klèb.
 - d. Esplike yon sijè ba yon salklas ki plen elèv.
7. Lè wap bay yon demonstrasyon, ou ta dwe toujou:
 - a. Rele fò pou tout moun kapab tande ou byen.
 - b. Envite moun yo pou yo rasanble toupre ou pou tout moun kapab wè.
 - c. Bay tout moun echantiyon sa w ap demontre a.
 - d. Bougonnen sou moun ki pap gade demonstrasyon an.

- 8.** Lè wap fè yon kozri, ou ta dwe toujou:
 - a.** Fè moun yo konnen ou p ap pale sof si yo rete an silans.
 - b.** Reponn kesyon moun yo sèlman nan fen kozri a.
 - c.** Ankouraje de moun pale ak brase-lide.
 - d.** Pran nòt pandan moun yo ap pale.
- 9.** Ki mesaj sou sante ki pi bon pou yon Ajan Kore Fanmi bay pou yon gwoup fanm ansent ki nan 8yèm mwa gwosès yo?
 - a.** Enpòtans ki genyen pou itilize yon moustikè pou pwoteksyon kont malarya.
 - b.** Enpòtans planin familyal.
 - c.** Enpòtans tretman malarya kòrèkteman.
 - d.** Enpòtans ki genyen pou ba tibebe a tete sèlman epi imedyatman.
- 10.** Pou ki gwoup yon mesaj sou sante ta pi bon ki gen rapò ak fason pou kòmanse ba tibebe yo manje solid anplis lèt manman?
 - a.** Fanm ki nan dènye mwa gwosès yo.
 - b.** Manman tibebe ki fèk fèt yo.
 - c.** Manman tibebe ki gen laj 5–6 mwa.
 - d.** Manman tibebe ki gen laj 9–12 mwa.

YON MODÈL SOU KIJAN POU REVIZE TRAVAY KI FÈT NAN SESYON AN



Metòd: Jwèt



Kantite tan: 30 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- Revize tout objektif modil la.



Preparation

- Li kesyon jwèt la davans.
- Si wap fè chwa 2 a, kreye yon boul lè ou woule yon gwo fèy papye. Ekri chak kesyon revizyon sou yon ti kat oswa sou yon bout papye. Kole kat yo oswa bout papye yo sou boul la avèk Tep.



Materyèl yo

- Kesyon revizyon
- Gwo fèy papye
- Makè
- Tep



KONSÈY: Pou divèsite, ou ka sèvi ak lòt kalite jwèt pou revize olye sa ki anwo a. Pa egzanp: mande patisipan yo pou fè konpetisyon an de (2) alapas ekip; olye yo poze ekip yo kesyon youn apre lòt, bay lis kesyon yo pou ekip yo, epi wè konbyen kesyon yo kapab reponn kòrèkteman lè yo bay repons yo pou yon moun ki deziyen nan yon sèten kantite tan; ekri kesyon yo sou kat yo, mete yo nan yon sache oswa nan yon bwat, pase sache a oswa bwat la, epi mande patisipan yo pou chwazi kesyon yo, epi pou reponn yo, elatriye.



ETAP YO

CHWA JWÈT 1

1. Separe patisipan yo an 4 ekip. Pou fè sa, fè yo konte tèt yo pa gwoup 4 (1, 2, 3, 4, elatriye).
2. Mande patisipan yo pou re-òganize tèt yo pou tout moun ki gen nimewo 1 yo chita ansanm, tout moun ki gen nimewo 2 yo chita ansanm, epi tout moun ki gen nimewo 3 yo chita ansanm, elatriye.
3. Esplike règ jwèt la:
 - M ap fè chanjman ant ekip yo, pou poze chak ekip yon kesyon alafwa.
 - Ekip yo ap gen 30 segonn pou diskite sou repons yo.
 - Si ekip la reponn nan fason ki korek, lap resevwa yon pwen.
 - Si repons premye ekip la pa kòrèk, lòt ekip la gen yon chans pou reponn kesyon an.
 - Si lòt ekip la reponn fason ki korek, l ap resevwa yon pwen.
 - Si repons tout ekip yo pa kòrèk, pèsòn pap resevwa pwen, epi fòmatè a ap bay repons lan.
 - Pwochen kesyon an ap pou pwochen ekip la.
 - Lè jwèt la fini, ekip ki gen plis pwen yo se li ki genyen jwèt la.
4. Kòmanse jwèt la epi jwe jouk lè ekip yo fin reponn tout kesyon yo (oswa jouk lè ou jwe pandan 30 minit konsa).
5. Mete nòt la sou yon gwo fèy papye. Nan fen jwèt la, anonse ekip ki genyen an.
6. Nan dènye jou fòmasyon an, make pwen chak ekip, epi anonse ekip ki genyen an.

CHWA JWÈT 2

- 1.** Mande patisipan yo pou kanpe pou fòme yon sèk.
- 2.** Montre boul ou te prepare a, epi esplike règ jwèt la:
 - Nap fè pas avèk boul la jouk lè yon moun lage li atè. Moun ki lage boul la atè dwe pran yonn nan kesyon yo, li kesyon li pran an byen fò, epi reponn kesyon an.
 - Si moun nan gen pwoblèm pou reponn, li kapab mande lòt yo èd.
 - Nap kontinye fè pas avèk boul la jouk lè nou poze tout kesyon yo, epi jwenn repons kòrèk pou yo.
- 3.** Kòmanse jwèt la epi jwe jouk lè ou jwenn repons kòrèk pou tout kesyon yo (oswa jouk lè ou jwe pandan 30 minit oswa mwens).

KESYON POU POZE POU REVIZE TRAVAY KI FÈT NAN MODIL 1 JISKA MODIL 3



KONSÈY: Ou ka poze kesyon ki gen plizyè repons pou yo chwazi youn alafwa (pou mande yon sèl repons chak fwa). Answit, fòmatè yo kapab chanje kesyon revizyon ki genyen yo, oswa yo kapab make pwòp kesyon yo pou sèvi pandan fòmasyon an.

KESYON REVIZYON MODIL 1

1. Kisa nou ta dwe fè pou nou vin yon bon kominikatè?

(Montre respè pou moun.)

(Esplike bagay yo aklè epi dousman.)

(Poze kesyon pou asire moun yo konprann.)

(Poze kesyon ouvè, epi ankouraje de moun pale.)

(Aprann epi rekonèt reyalyte ak pwoblèm moun yo.)

(Ankouraje moun yo pou yo fè konnen eksperyans ak opinyon yo, epi baze sou yo.)

(Koute avèk anpil atansyon epi yon fason ki pozitif nan sa moun yo ap di a, epitou montre ou konprann.)

(Obsève ekspresyon ak langaj kòporèl moun yo pou wè kijan wap pale avèk yo.)

(Montre ou gen konesans teknik (sou nitrisyon, vaksinasyon, sante manman, elatriye.)

(Ranje (deziyen) sa wap di a pou sitiyasyon ak reyalyte moun nan.)

(Pa bougonnen, pa pale anpil, oswa pa enpoze ou sou moun yo.)

(Aji kòm yon resous, pa kòm yon otorite.)

(Montre ou respekte kilti moun yo.)

(Montre ou onèt sou sa ou kapab fè ak sa ou pa kapab fè.)

2. Kisa ou ta dwe fè pou aprann epi rekonèt reyalyte ak difikilte fanmi yo?

(Poze kesyon sou difikilte moun yo genyen, ankouraje moun yo pou fè konnen reyalyte yo ak sa kap bay yo pwoblèm, koute avèk anpil atansyon, elatriye.)

3. Kisa ou ta dwe fè pou montre respè pou fanmi wap travay avèk yo a?

(Kreye opòtinite pou ou vin konnen chak manm fanmi an apa, epitou pou yo vin konnen ou tou. Aprann non tout manm fanmian, epi toujou site non yo lè ap rele yo.)

(Gade moun yo nan zye lè wap pale avèk yo.)

(Pale avèk chak moun apa (pa sèlman nan gwo gwoup yo.)

(Ankouraje moun yo fè konnen lide yo ak opinyon yo.)

(Koute lide moun yo, epi bay chans pou moun yo dekouvri pwòp reyalite yo.)

(Poze kesyon ouvè pou ou kapab aprann epi konnen sitiyouyasyon ak reyalite chak fanmi yo pi byen.)

(Kite moun yo poze kesyon, epi reponn kesyon yo dapre tout sa ou konnen. Si ou pa konnen repons pou yon kesyon, di ou pa konnen, men wap chèche konnen repons lan.)

(Poze kesyon ouvè sou sa moun yo konnen deja ki gen rapò ak sijè wap pale sou li a.)

(Ankouraje moun yo aprann enfòmasyon tou nèt sou sijè wap pale a. Pou fè sa, mete ti enfòmasyon tou nèt nan sa moun nan konnen deja.)

(Konfime konesans moun yo, epi rekonèt konpòtman pozitif ki bon pou lasante yo deja ap pratike.)

(Aprann reyalite chak fanmi, epi rekonèt difikilte ak defi reyalite a.)

4. Ki 3 teknik aktif pou koute?

(Koute san bay repons)

(Poze kesyon pou eksplikasyon)

(Re-espesifye lide yo)

5. Kijan ou koute san bay repons?

(Moun kap koute a sèvi ak sèlman kominikasyon san pale (kontak nan zye, souke tèt li), ak repons kout (u huh, wi, umm) pou montre enterè li, epitou pou ankouraje moun kap pale a kontinye pale.)

6. Kilè li bon pou koute san bay repons?

(Lè ou vle ankouraje moun kap pale a pale san pwoblèm epi fè konnen lide li yo.)

7. Kijan ou koute epi poze kesyon pou esplikasyon?

(Moun kap koute a poze moun kap pale a kesyon espesyal pou li kapab esplike sa moun kap pale a ap di.)

8. Kilè li bon pou koute epi pou poze kesyon pou esplikasyon?

(Lè ou vle jwenn plis enfòmasyon sou sitiyasyon an pou kapab konprann moun kap pale a byen. Sa ede moun kap pale a konsidere tout aspè sitiyasyon an oswa sijè a lè li reponn kesyon ki asosye avèk lide li yo. Teknik sa a kapab ede moun kap pale a ak moun kap koute a evalye lòt chans ak solisyon posib yo.)

9. Kijan ou koute epi re-espesifye lide?

(Moun kap koute a re-endike avèk pwòp mo pa li, sa li te konprann moun ki tap pale a te di.)

10. Kilè li bon pou koute epi pou re-espesifye lide yo?

(Lè ou vle asire ou konprann sa moun kap pale a di. Sa pèmèt moun kap pale a tou esplike nenpòt bagay moun kap koute a pa t konprann, paske li kapab tandè lide yo repete sou fòm rezime.)

11. Kisa lè se yon sèl moun ki pale ye?

(Sèlman yon moun kap pale.)

12. Kisa pale a de ye?

(Yon konvèsasyon ant 2 oswa plis moun kap pale youn avèk lòt.)

13. Poukisa Ajan Kore Fanmi yo ta dwe ankouraje de moun pale lè yap pale avèk fanmi yo?

(Pale a de pèmèt Ajan Kore Fanmi yo chèche konnen fanmi yo, aprann reyalite fanmi yo, enkyetid ak difikilte fanmi yo; tandè opinyon ak lide fanmi yo; aprann sa fanmi yo konnen deja sou sijè a; aprann kijan li pi bon pou ede fanmi yo yon fason pozitif; elatriye.)

(Pale a de pèmèt fanmi yo fè konnen opinyon yo, lide yo, ak konesans yo sou sijè a; poze kesyon; elatriye.)

(Pale a de ede fanmi yo aprann enfòmasyon tounèf yo yon fason pi bay pi bon rezilta; diskite sou fason pou chanje konpòtman ki pi bon pou sante nan fason ki pozitif; elatriye.)

(Pale a de ankouraje egalite ant Ajan Kore Fanmi la ak fanmi yo – youn pa “siperyè” ak lòt; youn pa bay enfòmasyon epi lòt la se sèl moun ki resevwa enfòmasyon yo; elatriye.)

14. Kisa yon kesyon fèmen ye?

(Yon kesyon ki mande yon repons wi oswa non sèlman; kesyon fèmen yo pa mande plis enfòmasyon.)

15. Bay yon egzanp yon kesyon fèmen.

(Èske ou te ale nan sant sante a? Èske ou te mennen tibebe ou pran vaksen? Elatriye.)

16. Kisa yon kesyon ouvè ye?

(Yon kesyon ki mande plis enfòmasyon pase sèlman yon repons wi oswa non; kesyon ouvè yo mande yon repons pi long ki bay plis enfòmasyon. Kesyon ouvè yo itilize kisa, poukisa, kilè, kijan, kimoun, ki kote, ak kilès.)

17. Bay yon egzanp yon kesyon ouvè.

(Kisa ou te aprann nan pòs rasanbleman an? Poukisa ou ta dwe sèvi ak kapòt? Elatriye.)

18. Ki 5 prensip pou bay konsèy Ajan Kore Fanmi yo dwe swiv lè y ap bay fanmi yo konsèy?

(Kenbe sekrè, san patipri, konsiderasyon, onètete, respè pou chwa malad la.)

19. Ki etap pou fè yon vizit nan kay?

1. *Entwodiksyon*
2. *Lave men*
3. *Rasanble enfòmasyon*
4. *Bay enfòmasyon*
5. *Diskite sou posiblite yo*
6. *Plan-daksyon*
7. *Ranfòsman*

20. Kisa Ajan Kore Fanmi yo dwe fè pou fè vizit nan kay ki bay bon jan rezilta?

(Swiv prensip pou bay konsèy, swiv etap pou fè vizit nan kay, ankouraje de moun pale, koute avèk anpil atansyon, montre respè, elatriye.)

(Gen anpil repons posib pou kesyon sa a.)

KESYON REVIZYON MODIL 2

1. Ki 5 etap chanjman yo?

1. *Pa konnen*
2. *Konnen*
3. *Vle / Dakò*
4. *Fè*
5. *Temwaye*

2. Dekri premye etap chanjman (pa konnen), epi bay yon egzanp.

(Pa konnen – Moun nan pa menm konnen konpòtman an.)

(Yon fanm ansent pa konnen vizit anvan akouchman yo disponib nan sant sante a, epi li pa konnen si li ale nan vizit yo sa ap ede li rete an sante pandan gwosès la.)

(Patisipan yo ka bay lòt egzanp.)

3. Dekri dezyèm etap chanjman (konnen), epi bay yon egzanp.

(Konnen – Moun nan konnen konpòtman an, men li poko pratike li; menmsi li ka anvizaje li.)

(Yon fanm ansent konnen gen vizit anvan akouchman ki disponib nan sant sante a, epi li ta dwe ale nan vizit yo, men li pa ale.)

(Patisipan yo ka bay lòt egzanp.)

4. Dekri twazyèm etap chanjman (vle/dakò), epi bay yon egzanp.

(Vle / dakò – Moun nan vin konnen konpòtman an, epi li anvizaje pratike konpòtman an; moun nan ka pran yon desizyon, li ka planifye fason pou fè sa, epitou moun nan ka gen bagay li bezwen pare li ka kòmanse pratik la.)

(Yon fanm ansent te jwenn yon vwazen ki kapab bay li yon woulib pou ale nan sant sante a, epi li te mande mari li pèmisyon pou ale nan vizit anvan akouchman yo, men li potko ale nan vizit yo.)

(Patisipan yo ka bay lòt egzanp.)

5. Dekri katriyèm etap chanjman (fè), epi bay yon egzanp.

(Fè – Moun nan te kòmanse pratike konpòtman an.)

(Yon fanm ansent te ale nan yon vizit anvan akouchman pou premye fwa.)

(Patisipan yo ka bay lòt egzanp.)

- 6.** Dekri senkyèm yèm etap chanjman (temwaye), epi bay yon egzanp.

(Temwaye – Moun nan kontinye pratike konpòtman an pandan lontan.)

(Yon fanm ansent te fè 3 vizit anvan akouchman, epi li te deside kontinye ale, epitou li gen plan pou akouche nan sant sante a.)

(Patisipan yo ka bay lòt egzanp.)

- 7.** Si yon jèn gason te tandè lè ou sèvi ak kapòt chak fwa w ap fè bagay sa pwoteje ou kont maladi moun pran nan fè bagay, nan ki etap chanjman li ye?

(Etap 2 – konnen)

- 8.** Si yon jèn gason sèvi ak kapòt chak fwa l ap fè bagay pou pwoteje tèt li kont maladi moun pran nan fè bagay, nan ki etap chanjman li ye?

(Etap 5 – temwaye)

- 9.** Si yon jèn gason pa konnen lè wap sèvi ak kapòt chak fwa wap fè bagay sa pwoteje ou kont maladi moun pran nan fè bagay, nan ki etap chanjman li ye?

(Etap 1 – pa konnen)

- 10.** Si yon jèn gason sèvi ak yon kapòt pou premye fwa, nan ki etap chanjman li ye?

(Etap 4 – fè)

- 11.** Si yon jèn gason ale nan sant sante a epi li pran kapòt, men li poko sèvi ak yo, nan ki etap chanjman li ye?

(Etap 3 – vle / dakò)

- 12.** Kisa pale a de ye?

(Yon konvèsasyon ant 2 oswa plis moun k ap pale youn avèk lòt.)

- 13.** Ki kalite aktivite Ajan Kore Fanmi yo kapab sèvi ak li pou ede moun yo sòti nan etap 1 pou ale nan etap 2?

(Esplike enfòmasyon yo pandan vizit nan kay ak nan pòs rasanbleman yo, fè sesyon edikasyon kominote a, fè prezantasyon nan evènman kominotè yo, elatriye.)

- 14.** Ki kalite aktivite Ajan Kore Fanmi yo kapab sèvi ak li pou ede moun yo sòti nan etap 2 pou ale nan etap 3 ak nan etap 4?

(Bay konsèy pandan vizit nan kay yo, fè pale a de pou idantifye difikilte ak solisyon posib yo, demonstrasyon, negosyasyon avèk manm fanmi ki gen enfliyan yo, ede moun yo fè premye etap la, bay ankourajman, elatriye.)

- 15.** Ki kalite aktivite Ajan Kore Fanmi yo kapab sèvi ak li pou ede moun yo sòti nan etap 4 pou ale nan etap 5?

(Ofri felisitasyon ak lwanj, fè vizit regilye nan kay pou fè swivi epi pou ranfòse avantaj konpòtman tounèf la, idantifye manm fanmian ak zanmi ki kapab sipòte moun nan, kontinye bay ankourajman, elatriye.)

- 16.** Kisa chanjman konpòtman negosye ye?

(Chanjman konpòtman negosye se pwosesis pou ede yon moun idantifye ak abòde tout sa ki anpeche moun nan pratike yon konpòtman ki pi bon pou lasante li; epi sèvi ak negosyasyon pou pwopoze ti etap oswa fason modifiye pou kòmanse pratik konpòtman tounèf la, pou moun nan ka pètèt pratike konpòtman ki pi bon sa a yo l, oswa pou pi piti yon konpòtman ki pi bon pou sante li pase anvan.)

- 17.** Defini “konpòtman ideyal”, epi bay yon egzanp.

(Konpòtman an ap mennen nan pi bon jan rezilta a.)

(Yon fanm ansent ale nan tout vizit anvan akouchman, elatriye.)

- 18.** Defini “konpòtman entèmedyè”, epi bay yon egzanp.

(Yon konpòtman ki se yon etap nan bon direksyon pou rive nan konpòtman ideyal.)

(Yon fanm ansent ale pou pi piti nan 3 vizit anvan akouchman.)

- 19.** Ki etap ki genyen pou chanjman konpòtman negosye pandan premye kontak la?

1. *Evalye sitiyasyon an*
2. *Idantifye konpòtman ideyal la*
3. *Pataje lòt enfòmasyon*
4. *Pwopoze konpòtman ki pi bon an*

- 20.** Dekri kijan ou ta swiv etap pou chanjman konpòtman negosye pandan premye vizit ou lakay yon manman ki te fèk akouche.

(Evalue sityasyon an – chèche konnen si manman an ap ba tibebe a te epi kisa li konnen sou avantaj ki genyen nan bay yon tibebe tete, elatriye.)

(Idantifye konpòtman ideyal la – manman an ta dwe ba tibebe a tete sèlman (pa ba li lèt anpoud bebe, pa ba li dlo, pa ba li vitamin) plizyè fwa pa jou ak lannwit kèlkeswa lè tibebe a vle, epi pran tout lèt ki nan chak tete.)

(Divilge lòt enfòmasyon – bay manman an enfòmasyon sou avantaj ki genyen nan ba tibebe a tete, siveye manman an k ap ba tibebe a tete, epitou ede manman an aprann kijan pou ba tibebe a tete yon fason ki bay jan rezilta, si li nesesè, elatriye.)

(Pwopoze konpòtman ideyal la – pwopoze manman an pou li eseye ba tibebe a tete sèlman jouk nan pwochen vizit la.)

- 21.** Ki etap ki genyen pou chanjman konpòtman negosye pandan dezyèm kontak la?

1. *Chèche konnen kijan moun nan ap degaje li*
2. *Si gen difikilte, fè pale a de*
3. *Idantifye difikilte yo*
4. *Ede jwenn solisyon yo*
5. *Negosye pou idantifye yon konpòtman entèmedyè*
6. *Si pa gen difikilte, bay felisitasyon*
7. *Fè yon rekòmandasyon tounèf*

- 22.** Dekri kijan ou ta swiv etap pou chanjman konpòtman negosye pandan dezyèm vizit la nan kay manman ou te vizite depi 1 mwa epi ki te pral ba tibebe li tete sèlman.

(Chèche konnen – mande manman an kijan li t ap degaje li pou ba tibebe a tete, konbyen fwa li te ba tibebe a tete, si li te gen nenpòt pwoblèm, elatriye.)

(Fè pale a de – si manman an te gen pwoblèm pou ba tibebe a tete, mande manman si li gen pwoblèm, epi ankouraje de moun pale.)

(Idantifye difikilte yo – fè pale a de avèk manman an pou konnen ki difikilte li genyen pou ba tibebe a tete.)

(Ede jwenn solisyon yo – pa egzanp, ede manman an jwenn yon moun ki chita avèk li pandan l ap ba tibebe a tete, epi ede manman an fè sa kòrèkteman, elatriye.)

(Negosye – mande li pou eseye ba tibebe a tete avèk yon moun pou sipòte li pandan 1 semèn; nan ki moman wap retounen, elatriye.)

(Fè yon rekòmandasyon tou nèf - pa egzant, rekòmande pou li antre nan yon gwoup sipò pou manman kap ba tibebe yo tete, elatriye.)

KESYON REVIZYON MODIL 3

1. Site 1 prensip pou granmoun aprann, epi esplike prensip la.

(Respè – Granmoun yo dwe santi yo jwenn respè, epitou yo dwe santi yo egalego.)

(Ankourajman – Granmoun yo bezwen resevwa lwanj, menm pou ti efò yo.)

(Eksperyans – Granmoun yo aprann pi byen lè yo sèvi ak pwòp konesans ak eksperyans yo.)

(Enterè – Fason pou aprann nan dwe satisfè vrè bezwen granmoun yo pou travay yo, fanmi yo, elatriye.)

(Pale a de – Edikasyon ak fason pou aprann dwe ale nan toulède sans yo, pou fòmatè a ak patisipan yo ka antre nan yon pale a de.)

(Angajman – Granmoun yo dwe angaje yo avèk dokiman nan pale a de, diskisyon, ak fason pou aprann nan men kamarad yo.)

(Fè l touswit – Granmoun yo dwe kapab aplike konesans yo touswit.)

(Règ 20-40-80 – Anjeneral, granmoun yo sonje 20% sa yo tandè, 40% sa yo tandè ak wè, epi 80% sa yo tandè, wè, ak fè.)

(Panse, santiman, ak aksyon – Fason pou aprann yon fason ki bay bon jan rezilta lè li gen pou wè ak pansè, santiman (sa moun nan santi), ak aksyon tou (sa k ap fèt).)

(Sekirite ak konfò – Granmoun yo bezwen yo santi yo pwoteje ak alèz pou yo ka patisipe ak aprann. Yo bezwen konnen lòt moun p ap pase lide ak kontribisyon yo nan tenten, oswa lòt moun p ap rabese yo.)

2. Kisa Ajan Kore Fanmi yo kapab fè pou mete prensip pou granmoun aprann an pratik? Kisa Ajan Kore Fanmi yo kapab fè pou montre respè? Afime? Elatriye.

(Montre respè – pa bougonnen, pran kesyon moun yo oserye, elatriye.)

(Montre ankourajman – fè lwanj pou moun yo pou fason pou aprann yo ak kontribisyon yo, elatriye.)

(Ankouraje moun yo pou yo fè konnen eksperyans yo – mande moun yo pou yo pale sa yo konnen sou sijè a, elatriye.)

(Pale a de – poze kesyon ouvè, pèmèt patisipan yo poze kesyon youn ak lòt, elatriye.)

(Angaje moun yo – ankouraje moun yo pou yo pale fò, patisipe nan aktivite yo, elatriye.)

(Fè l touswit – montre moun yo bon jan fason ki enpòtan pou bezwen yo, ak sa yo kapab aplike touswit, elatriye.)

(Règ 20-40-80 – sèvi ak imaj, bay moun yo chanjman pou yo mete bon jan fason ou te montre yo an pratik, elatriye.)

(Panse, reflechi, epi aji – bay moun yo okazyon pou fè konnen sa yo panse, ankouraje aksyon, elatriye.)

(Sekirite ak konfò – fè yon moun yo alèz, pa bougonnen sou moun yo, oswa pa montre kòlè ou, elatriye.)

3. Dekri youn metòd edikasyon ak kominikasyon, epitou dekri lè pou sèvi ak li yon fason ki bay bon jan rezilta.

(Konsèy - Diskisyon prive, youn-a-youn pou ede yon moun pran yon desizyon, oswa pou chanje yon konpòtman; itilize li pandan vizit nan kay.)

(Entèvyou - diskisyon prive, youn-a-youn pou rasanble enfòmasyon yo; sèvi ak li pandan vizit nan kay.)

(Kozri – diskisyon an gwoup pou entwodui yon nouvo sijè, epi ankouraje brase-lide; sèvi ak li pandan reyinyon klèb yo, gwoup kore yo, pòs rasanbleman yo.)

(Demonstrasyon – aksyon ak eksplikasyon pou montre yon bon jan fason oswa teknik; sè ak li pandan vizit nan kay, reyinyon klèb, gwoup sipò.)

(Chante – yon chante pou motive moun yo, oswa ede yo sonje enfòmasyon yo; sèvi ak li nan pòs rasanbleman yo, rasanbleman kominotè yo, vizit nan lekòl yo, reyinyon klèb yo, gwoup kore yo.)

(Teyat – yon pèfòmans yon sitiyasyon ki asosye avèk yon sijè sou sante; sèvi ak li pandan rasanbleman, ekspozisyon kominotè yo.)

4. Dekri 1 materyèl edikasyon, epi dekri lè pou sèvi ak li yon fason ki bay bon jan rezilta.

(Afich - gwo fèy paye ki gen imaj ak eslogan; sèvi ak li nan pòs rasanbleman yo, afiche li nan espas piblik yo.)

(Bwat imaj – yon blòk gwo fèy papye ki gen imaj sou yon bò ak eksplikasyon sou lòt bò a; sèvi ak li pandan reyinyon klèb yo, gwoup kore yo.)

(Flanelograf – yon mòso twal kote ou tache imaj sèvi ak li pandan sesyon edikasyon an gwoup ki pa gen pi plis pase 20 patisipan)

(Echantiyon – vrè egzanp yon pwodui (kapòt, bokal Nourimanba, elatriye); sèvi ak li pandan demonstrasyon yo nan vizit nan kay oswa sesyon edikasyon.)

(Kasèt oswa CD – gen mesaj ki anrejistre davans; sèvi ak li pandan sesyon edikasyon oswa mobilizasyon.)

(Bwochi (depliyon) – yon ti fèy paye ki pliye an 3 pati avèk enfòmasyon ak imaj sou yon sijè sou sante; sèvi ak li pandan vizit nan kay, sesyon edikasyon yo, pòs rasanbleman yo.)

(Tiliv (bwochi) – yon ti liv ki gen imaj ak enfòmasyon sou yon sijè sou sante; sèvi ak li pandan vizit nan kay, sesyon edikasyon an gwoup, elatriye.)

(Albòm imaj – plizyè paj ki nan yon albòm, chak paj gen yon imaj sou yon bò ak enfòmasyon sou lòt bò a; sèvi ak li pandan vizit nan kay oswa pandan rasanbleman ki pa gen plis pase 6–8 moun.)

5. Kisa Ajan Kore Fanmi yo dwe fè pou sèvi ak metòd edikasyon yo ki bay bon jan rezilta?

(Sèvi ak yon materyèl ak metòd apwopriye, sèvi ak bon mwayen pou pale, pratike prensip pou granmoun aprann, elatriye.)

(Gen anpil repons pou kesyon sa a.)



NÒT

[illegible]

Annex⁴

Jwèt Koperatif

Jwèt sa yo baze sou prensip yonn ede lòt ak solidarite. Li pa gen ni gayan ni pèdan depi jwèt la reyisi sèlman pa angajman tout patisipan yo.

Yo pa dirèkteman gen rapò ak sijè entèvansyon Kore FANMI yo, men yo kapab sèvi tankou yon bon distraksyon pou fen reyinyon an pou kreye yon relasyon amitye ant patisipan yo. Fòmètè a kapab adapte yo jan li vle nan fason kap bon pou gwoup li a.

1. Kiy la

- Jwèt sa a se baskile yon moun ki kanpe rès nan mitan yon sèk ki te fòme pa patnè li yo.
- Fòme yon sèk ak menm pwen mitan san yo pa kole youn ak lòt.
- Yon moun antre nan sèk la epi li redi kò l'. Lè sa a, li lage kò l' tonbe dèyè. Youn nan patnè li kenbe li epi pouse li tou dousman bay yon lòt patisipan.
- Se konsa patisipan yo ap elaji sèk la oflamezi. Pi gwo ti sèk vini, pi plis moun “kiy la” ap oblije montre konfyans li nan patnè li yo, jouk tan lidè a ap fè yo sispann jwèt la.
- Pou adapte jwèt la pou bi reyinyon an, patisipan yo kapab di chak silab KO-RE-FAN-MI chak fwa yo pouse moun lan nan direksyon sant lan.

2. Liy yo

- Jwèt trè senp (men move) sa a se yon fason amizan pou montre efò ki pa vo anyen ki koze pa yon move konpreyansyon. Nan lòt sans, li montre valè atitid kominikasyon ak transparans.
- Patrisipan yo fòme de liy, yonn anfas lòt la. Lidè a bay chak nan de gwoup enstriksyon apa. Lòt gwoup la pa ta dwe tandè l'. Chak jwè nan gwoup 1 gen pou al pran jwè anfas li nan men, mennen l' bò kote l'. Jwè gwoup 2 yo tou resevwa egzakteman menm enstriksyon. Men, ni gwoup 1 ni gwoup 2 pa kònen ke yo te resevwa menm komisyon an.
- Sa pral rive lakoz yon konfwontasyon amizan, paske li ta dwe ase jwè yo chanje kote yo, tou senpleman. Lidè a deside fini jwèt la pa devwale malis la. Li ka eksplike ke li pi mye pou rive akò sou objektif dabò, olye pou eseye konvenk patnè w pou granmesi.

4. Initiative Kore Fanmi, *Initiative Agent Communautaire Polyvalent: Branding, Stratégie & Supports de Communication* (Initiative Kore Fanmi, 2011), 21-23.

3. Avèg la

- Jwèt sa a amelyore solidarite nan yon kominote pou sèvi manm li ki pi frajil yo. Li se pou gide yon moun ki tonbe nan sityasyon li vinn bezwen swen, tankou yon avèg. (Yon volontè je li bouche pou fè'l pa wè.) Y ap mete l' nan youn bò kote sèn jwèt la, e yo fè l' vire touwon pou dezoryante l'. Mete yon objè nan yon lòt plas nan sèn nan. Kominote a ap mennen avèg la nan sèvi avèk sèlman kat silab: "Ko" pou avanse, "Re" pou tounen, "Fan" pou di bò gòch la, "Mi" a dwat la. Li gen sèlman yon minit pou jwenn ak mete men li sou objè sib la.
- Jwèt sa a ka byen vit rive nan konfizyon amizan, si patisipan yo pa totalman dakò sou enstriksyon yo bay yo, epi si volontè a gen yon sans direksyon fèb.
- Si li rive a objè a, volontè a kapab ale avèk kaskèt oswa mayo KORE FANMI.



Modil 4: Mobilizasyon Kominotè



KONTÈKS

Ajan Kore Fanmi yo ede fanmi yo viv an bon sante ak jwenn bon fason pou viv. Li la pou fè edikasyon fanmi yo, ede yo chanje konpòtman, bay yo kek materyèl (tankou moustike), refere yo nan sant sante oswa nan lòt sèvis sosyal, ak akonpaye yo. Ajan Kore Fanmi yo egzekite travay sa yo fè vizit domisiliyè, yo òganize aktivite pou kominote chak mwa, tankou klèb manman, klèb jèn yo, reyinyon vwazinaj, vizit nan lekòl, pòs rasanbleman, ak reyinyon kominotè.

Pandan aktivite nan kominote sa yo, Ajan Kore Fanmi yo dwe edike manm kominote yo sou prekosyon kont maladi, planin, sante fanm, ijyèn pèsonèl ak anviwonman, ak lòt sijè. Yo dwe kore aktivite mobilizasyon kominotè pandan y'ap ede moun yo refelechi sou pwoblèm sante nan fè plan pou rezoud pwoblèm yo, ede yo reyalize aktivite nan entere kominotè a, ankouraje moun yo pale youn ak lòt ak etidye pwoblèm sante ki touché tout kominote a, epi ede manm kominote yo kreye plan pou sa yo bezwen fè, fè demach, ak ede yo nan fè evalyasyon aktivite yo.

Pou yo kapab jwenn bon rezilta nan travay yo kominote, Ajan Kore Fanmi yo dwe planifye, òganize, epi dirije reyinyon, epi swiv plan ki te fèt pandan reyinyon yo. Yo dwe sèvi avek bon teknik kominikasyon, tankou montre respè, rekonèt vre pwoblèm fanmi yo, mete zòrèy yo alekout, ankouraje moun yo pale youn ak lòt, ak bay bon jan enfòmasyon.

Nan modil sa a, patisipan yo pral aprann ki jan pou planifye, òganize, ak egzekite aktivite kominotè, tankou kijan pou chwazi epi envite manm kominote, planifye yon ajanda, òganize materyèl, fasilite nan fason ki bay bon rezilta, epi kontinye swiv nan fason ki kòrèk. Patisipan-yo ap aprann tou chenn mobilizasyon kominotè ak kouman yo kapab kore manm kominote a nan ede chache solisyon pou konbat pwoblèm sante nan kominote yo.



OBJEKTIF YO

- a. Defini mobilizasyon kominotè.
- b. Dekri etap nan chenn mobilizasyon kominotè yo, tankou: òganize, analize sitiyasyon an, kreye yon plan aksyon, poze aksyon, ak evalye aksyon an.
- c. Idantifye wòl Ajan Kore Fanmi yo kapab jwe pou chak etap nan chenn aksyon kominotè a.
- d. Idantifye ki kalite reyinyon ak aktivite kominotè ke Ajan Kore Fanmi yo dwe òganize regilyèman, tankou reyinyon vwazinaj, pòs rasanbleman, klèb manman, klèb jèn, vizit nan lekòl, ak reyinyon kominotè yo.
- e. Idantifye bon jan teknik pou yo oganize reyinyon vwazinaj ak reyinyon klèb .
- f. Dekri objektif jeneral klèb manman yo, klèb jèn, reyinyon vwazinaj, vizit nan lekòl, reyinyon kominotè, ak pòs rasanbleman yo, ak demach ki nesèsè pou reyalize chak kalite aktivite.
- g. Di kijan w ka planifye aktivite kominotè.
- h. Dekri kijan pou fè yon plan aktivite kominotè.
- i. Idantifye etap ki genyen pou fè yon vizit nan lekòl.
- j. Dekri kijan e pouki pou òganize yon reyinyon kominotè.
- k. Dekri zouti Ajan Kore Fanmi yo ka sèvi pandan reyinyon kominotè pou ede idantifye pwoblèm sante, sa ki lakòz yo ak konsekans yo, ak solisyon ki posib, tankou kat jeyografik, pyebwa pwoblèm, ak tablo priorite.
- l. Fin ranpli rapò aktivite kominotè nan fason ki kòrèk epi avèk presizyon.



TAN NESESÈ: De jou (11 èdtan ak 30 minit aktivite fòmasyon, plis repo ak repa)



REZIME MODIL LA

Premye Jou

6 èdtan ak 10 minit sesyon fòmasyon yo

Sesyon	Tèks	 Metòd yo	 Kantite Tan
1	Pre- Tès	Evalyasyon	30 minit
2	Pou kòmanse nan Mobilizasyon Kominotè	Istwa Diskisyon an gwo gwoup	1 èdtan ak 30 minit
3	Wòl Ajan Kore Fanmi yo nan Mobilizasyon Kominotè	Aktivite an ti gwoup	1 èdtan ak 30 minit
4	Entwodiksyon nan Aktivite Kominotè	Brase lide Diskisyon an gwo gwoup	45 minit
5	Objektif yo ak Etap yo pou Òganize Aktivite Kominotè	Aktivite a de Diskisyon an gwo gwoup	1 èdtan
6	Praktike òganize yon aktivite kominotè (1)	Aktivite a de Diskisyon an gwo gwoup	55 minit

Dezyèm Jou

6 èdtan ak 20 minit nan sesyon fòmasyon ak 30 minit revizyon

Sesyon	Tèks	 Metòd Yo	 Kantite Tan
Revizyon	Revize Tèks Premye Jou a	Jwèt kesyon ak repons	30 minit
6	Pratike Òganize yon Aktivite Kominotè (2)	Diskisyon an gwo gwoup Aktivite an ti gwoup	1 èdtan ak 20 minit
7	Vizit nan lekòl	Istwa	1 èdtan
8	Reyinyon Kominotè yo	Brase lide Diskisyon an gwo gwoup	30 minit
9	Analiz sitiasyon an	Aktivite an ti gwoup Aktivite an gwo gwoup	2 èdtan
10	Kouman pou Kontwòl Aktivite Kominotè	Prezantasyon Fasilitatè Aktivite a de	30 minit
11	Pòs-Tès	Evalyasyon	30 minit
12	Evalyasyon ak Bwat Kesyon Sekrè yo	Diskisyon an gwo gwoup Bwat Kesyon Sekrè yo	30 minit

Materyèl yo

Sesyon	 Materyèl yo
Tout sesyon yo	• Liv Fasilitatè • Liv Patisipan • Gwo fèy papye • Makè • Tèp
1	• Kreyon oswa plim • Kopi pre-tès yo
2	• Istwa Mobilizasyon Kominotè nan Liv Patisipan • Eksplikasyon mobilizasyon kominotè a nan Liv Patisipan • Enfòmasyon sou chenn mobilizasyon kominotè a nan Liv Patisipan • Chenn mobilizasyon kominotè trase sou gwo fèy papye
3	• Yon senaryo (egzanp imajine ki montre ka) Kolera nan Liv Patisipan
4	• Responsabilite Ajan Kore Fanmi nan Liv Patisipan • Lis sou kijan poufè reyinyon ki bay bon rezilta nan Liv Patisipan
5	• Responsabilite Ajan Kore Fanmi yo chak mwa nan Liv Patisipan • Enfòmasyon sou Aktivite Kominotèyo nan Liv Patisipan • Lis pou Bon Jan Mwayen pou nou Pale nan Liv Patisipan
6	• Kesyon sou Òganize yon Aktivite Kominotè nan Liv Patisipan • Plan pou Aktivite Kominotè nan Liv Patisipan • Echantiyon Plan pou Aktivite Kominotè trase nan gwo fèy papye
7	• Etap pou Vizit nan Lekòl nan Liv Patisipan • Istwa Vizit nan Lekòl nan Liv Patisipan
8	• Objektif ak Etap pou òganize yon reyinyon kominotè nan Liv Patisipan • Desen chenn mobilizasyon kominotè ki soti nan sesyon anvan yo
9	• Kle pou yon kat kominotè ki trase sou yon gwo fèy papye • Pyebwa pwoblèm ki trase sou yon gwo fèy papye • Kopi kat ofisyèl pou inisyativ Kore Fanmi
10	• Kopi fòm pou chak patisipan • Kategori ak kolòn ki soti nan fòm ki trase sou gwo fèy papye
11	• Kopi pòs-tès la
12	• Gwo fèy papye oswa papye kaye nèt • Kopi evalyasyon ekri • Bwat Kesyon Sekrè yo



PATI ENPÒTAN YO

- Mobilizasyon kominotè se lè manm kominote òganize yo pou yo kapab idantifye pwoblèm nan kominote a, analize kòz yo ak konsekans pwoblèm sa yo ak resous ki disponib pou konbat pwoblèm yo, kreye plan pou adrese pwoblèm yo, pran mezi, ak evalye aksyon yo te pran yo.
- Chenn mobilizasyon kominotè a swiv etap sa yo: 1) òganize; 2) analize sitiyasyon an; 3) kreye yon plan aksyon; 4) pran mezi; 5) evalye aksyon an.
- Ajan Kore Fanmi yo dwe ede fasilite mobilizasyon kominotè pandan y'ap kore travay kap reyalize yo ta dwe kite lidè kominotè ak lòt manm nan kominote a dirije pou pran desizyon ak plan aksyon.
- Ajan Kore Fanmi yo dwe òganize aktivite pou kominote chak mwa, tankou klèb manman, klèb jeèn yo, reyinyon vwazinaj, vizit nan lekòl yo, pòs rasanbleman, ak reyinyon kominotè.
- Ajan Kore Fanmi yo dwe prepare aktivite kominotè davans, fasilite aktivite nan fason ki bay bon rezilta, epi egzekite plan oswa desizyon ki fè pandan aktivite yo.
- Ajan Kore Fanmi yo dwe itilize bon teknik kominikasyon lè y'ap planifye ak egzekite aktivite kominotè yo.
- Aktivite Kominotè yo fè pati chenn mobilizasyon kominotè a. Sitou lè Ajan Kore Fanmi yo ak manm nan kominotè a sèvi ak reyinyon kominotè a pou analize pwoblèm sante, kreye plan aksyon, ak evalye aksyon yo.
- Ajan Kore Fanmi yo ka sèvi ak kat kominotè, pyebwa pwoblèm, ak tablo priyorite yo pou ede manm kominotè yo idantifye epi analize pwoblèm sante nan kominote yo.
- Ajan Kore Fanmi yo dwe kreye plan aktivite kominotè chak mwa avèk èd sipèvizè yo.
- Ajan Kore Fanmi yo dwe fè rapò aktivite kominotè chak mwa avèk fòm ki fèt pou sa.
- Ajan Kore Fanmi yo dwe mete prensip sa yo an pratik pou fè vizit nan lekòl: Kontakte direktè/direktris lekòl la, chwazi ak prepare yon sijè, prepare materyèl yo, bay sijè a, tcheke pou wè kijan yo konpran sijè a, epi rezime pati enpòtan yo.

SESYON 1 PRE-TÈS



Metòd: Evalyasyon



Kantite Tan: 15 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- Evalye konesans patisipan yo te genyen anvan sou sijè fòmasyon an.



Preparasyon

- Revize kesyon pre-tès la.



Materyèl yo

- Kreyon oswa plim pou tout patisipan yo
- Fotokopi Pre-tès la pou tout patisipan yo



TIP: *Esplike pre-tès la avèk anpil prekosyon sizoka kèk patisipan pa abitye pran tès.*



ETAP YO



15 minit

1. Fè patisipan yo konnen yap pran yon “pre-tès” kounye a. Objektif pre-tès sa a se pa pou jije patisipan yo, men pito pou pi byen konprann sa patisipan yo konnen deja, epitou pou asire fòmasyon sa a ap satisfè bezwen yo. Pre-tès la ap ede evalye tou si fòmasyon sa a bay bon jan rezilta, epitou lap fè li vin pi bon pou fòmasyon pi devan yo.
2. Bay chak patisipan yon fotokopi pre-tès la.
3. Anvan pre-tès la, mande patisipan yo pou yo mete enfòmasyon anlè chak paj egzamen an, epi pou yo remèt li ba ou. Si yon patisipan pa konnen dat egzat li te vin yon CHW, mande li pou ekri ane li te vin yon CHW, epi note jou a kòm “30” ak mwa a kòm “6” (jen).

4. Fè patisipan yo konnen ou pral li kèk kesyon byen fò ki gen rapò ak sijè fòmasyon an. Patisipan yo ap reponn kesyon yo. Pou fè sa, yap antoure nan pi bon repons lan pou chak kesyon ki nan pre-tès yo. Kèk kesyon ap fè patisipan yo decide si yon deklarasyon vrè oswa fò, epitou kèk kesyon ap fè patisipan yo chwazi pi bon repons ki posib la nan yon seri kesyon.
5. Di patisipan yo si yo pa konnen repons pou yon kesyon, yo ta dwe kite kesyon an san repons.
6. Fè patisipan yo konnen wap fè premye kesyon an ansanm.
7. Li premye kesyon an ak repons posib yo byen fò. Mande yon volontè pou reponn, oswa reponn kesyon an poukont ou. Pou reponn kesyon sa a, patisipan yo ta dwe antoure repons ki sou papye yo.
8. Mache vit nan sal la epi al gade pou asire patisipan yo te make repons pou premye kesyon an kòrèkteman.
9. Li rèz kesyon pre-tès la ak repons posib yo byen fò ak dousman, youn alafwa. Repete kesyon yo ak repons posib yo, jan li nesèsè. Apre ou fin li chak kesyon, bay patisipan yo tan pou yo antoure repons lan.
10. Esplike ke nan fen fòmasyon sa a, patisipan yo ap pran egzamen sa a ankò pou wè kisa yo te aprann. Wap revize repons ki kòrèk yo answit.



KONSÈY: Koriye pre-tès yo pandan yon pòz, paske wap bezwen remèt yo ba patisipan yo apre yo fin pran pòs-tès la. Pou nenpòt repons ki pa kòrèk, souliyen repons ki kòrèk la pou patisipan yo ka wè diferans ant move repons yo ak repons ki kòrèk yo.

KOREKTUM PRE-TÈS

Non ou: _____

Dat: _____

Sant Sante: _____

#ID AKF: _____

Kilè ou te kòmanse travay tankou yon ajan kominotè polivalan oswa ajan kore fanmi? _____ / _____

Mwa Ane

Sèkle repons ki pi bon pou chak kesyon.

1. Kisa mobilizasyon kominotè ye?
 - a. Manm kominotè rasanble pou yon reyinyon pou diskite sou pwoblèm sante kominotè a.
 - b. Manm kominotè reflechi, planifye ak poze aksyon pou konbat pwoblèm sante kominotè a.**
 - c. Manm kominotè mennen timoun yo nan pòs rasanbleman chak mwa pou pran vaksen ak peze.
 - d. Manm kominotè a pale ak Ajan Kore Fanmi la pandan vizit domisilyè.
2. Ki lòd ki kòrèk pou etap sa yo nan chenn mobilizasyon kominotè a?
 - a. Kreye yon plan aksyon, òganize, analize sitiyasyon an, pran mezi, evalye mezi a
 - b. Poze aksyon, evalye aksyon an, òganize, analize sitiyasyon an, kreye yon plan aksyon
 - c. Òganize, analize sitiyasyon an, kreye yon plan aksyon, poze aksyon, evalye aksyon an**
 - d. Analize sitiyasyon an, kreye yon plan aksyon, òganize, poze aksyon, evalye aksyon an

3. Ki wòl Ajan Kore Fanmi la nan chenn aksyon kominotè?
 - a. Ede lidè kominotè yo òganize yon reyinyon kominotè pou yo kapab idantifye pwoblèm sante.
 - b. Di lidè kominotè yo ki pwoblèm sante kominote a genyen ak kijan yo ta dwe konbat yo.
 - c. Kreye yon plan pou manm kominotè yo.
 - d. Mande enfimyè sante kominotè a di lidè kominotè ki jan pou yo konbat pwoblèm sante nan kominote a.
4. Chwazi repons ki pi bon an Ajan Kore Fanmi yo dwe egzekite chak mwa?
 - a. **Reyinyon avèk sipèvizè ak reyinyon avèk enfimyè**
 - b. Fòmasyon pou Ajan Kore Fanmi yo ak vizit domisilyè
 - c. Reyinyon chak mwa pou Ajan Kore Fanmi yo ak rapò
 - d. Klèb manman ak vizit nan lekòl
5. Kisa yon Ajan Kore Fanmi dwe fè pou li byen reyalize yon reyinyon?
 - a. Deside sou yon objektif klè pou reyinyon an.
 - b. Prepare ajanda a ak materyèl yo davans.
 - c. Sèvi ak bon jan mwayen pou pale.
 - d. **Tout bagay sa yo.**
6. Kisa se objektif yon klèb manman?
 - a. Bay manman yo sipleman fè ak yòd.
 - b. **Bay manman yo bon jan edikasyon pou proteje santé yo ak piti yo.**
 - c. Bay enfòmasyon sou vaksen.
 - d. Koute pwoblèm manman yo ak pataje lapenn yo.

7. Konbyen fwa yon Ajan Kore Fanmi ta dwe kreye yon plan aktivite ak kisa ki ta dwe gen ladan l'?
 - a. Chak semèn; plan an gen nimewo fanmi pou vizite nan semèn lan ladan l'.
 - b. Chak semèn; plan an gen nimewo pwodwi pou bay chak fanmi ladan l' (moustikè, poud fòtifyan, elatriye).
 - c. **Chak mwa; plan an gen tout aktivite l'ap reyalize pou mwa a ladan-l.**
 - d. Chak mwa; plan an gen tout sèvis pou bay nan pòs rasanbleman la.

8. Ak ki zouti yon Ajan Kore Fanmi kapab sèvi pandan yon reyinyon kominotè pou ede manm kominotè idantifye pwoblèm sante ak resous nan kominote a?
 - a. **Yon kat kominotè**
 - b. Yon plan
 - c. Yon tablo priyorite
 - d. Yon ajanda

SESYON 2 ENTWODIKSYON NAN MOBILIZASYON KOMINOTÈ



Metòd yo: Istwa ak diskisyon an Gwo gwoup



Tan: 1 èdtan ak 30 minit



Objektif yo

Patisipan yo ap kapab:

- Defini mobilizasyon kominotè.
- Dekri etap nan chenn mobilizasyon kominotè yo, tankou: òganize, analize sitiyoasyon an, kreye yon plan aksyon, poze aksyon, ak evalye aksyon an.



Preparasyon

- Revize istwa a, kesyon yo, ak definisyon mobilizasyon kominotè ki anba
- Trase chenn mobilizasyon kominotè a sou yon gwo fèy papye, ak yon flèch pou konekte chak etap nan chenn la, pou fòme yon sèk.



Materyèl yo

- Istwa Mobilizasyon Kominotè nan paj 121 nan Liv Patisipan an
- Definisyon mobilizasyon kominotè nan paj 102 nan Liv Patisipan an
- Enfòmasyon sou chenn mobilizasyon kominotè nan paj 103 yo nan Liv Patisipan an Chenn mobilizasyon kominotè desine sou yon gwo fèy papye
- Gwo fèy papye
- Makè
- Tèp



ETAP YO



5 minit

1. Di patisipan yo:

- Tankou Ajan Kore Fanmi, w dwe ede fanmi yo viv an bon sante ak jwenn bon fason pou viv. W la pou fè edikasyon fanmi yo, ede yo chanje konpòtman, bay yo kek materyèl (tankou moustike), refere yo nan sant sante oswa nan lòt sèvis sosyal, ak akonpaye yo. Ou fè travay sa nan fè vizit domisiliye. Ou dwe egzekite travay sa a tou nan

òganize aktivite kominotè yo chak mwa, tankou klèb manman, klèb jèn yo, reyinyon vwazinaj, vizit nan lekòl la, pès rasanbleman, ak reyinyon kominotè.

Pandan aktivite kominotè sa yo, ou dwe edike manm kominote a sou kijan pou pran prekosyon kont maladi, planin, sante fanm, pwòpte kò yo ak pwòpte anviwonman, ak lòt sijè. Ou dwe kore manm kominotè yo tou pou reyalize aktivite k'ap konbat pwoblèm sante nan kominote yo.

Nan fòmasyon sa a, ou pral aprann ki jan pou planifye, òganize, ak fè pi byen aktivite kominotè. Nou pral kòmanse nan analize yon istwa.

2. Mande patisipan yo jwenn Istwa Mobilizasyon Kominotè nan paj 121 nan liv yo. Mande yon volontè li istwa a ak kesyon yo fò pou tout moun tande.

3. Divize patisipan yo an ti gwoup. Mete yo 4–6 patisipan nan chak gwoup. Eksplike chak ti gwoup la:

- Avèk ti gwoup-w, li istwa a byen fò ankò.
- Lèfini, diskite epi reponn kesyon istwa yo.
- Asire-w ke tout manm gwoup patisipe nan diskisyon an.
- Chwazi youn nan manm gwoup la pou li ekri repons gwoup la nan yon fèy papye.
- Chwazi yon lòt manm nan gwoup la pou li rapòte repons gwoup la.
- W ap gen 20 minit pou travay.



20 minit

4. Mande ti gwoup yo kòmanse travay. Lè gwoup yo ap travay, sikile, fòk nou sèten ke gwoup yo konprann travay la e ke y'ap fè pwogrè. Bay gwoup 10, 5, ak 1-minit avètisman yo.



20 minit

5. Di gwoup yo sispann travay. Mande reprezantan ki soti nan yon gwoup pataje repons gwoup la a pou 1ye (premye) kesyon istwa a. Lèfini, mande lòt gwoup yo ajoute nenpòt lòt enfòmasyon oswa kòmantè (gwoup yo pa ta dwe bay menm repons ki te deja bay yo). Lè gwoup yo ap bay sa yo genyen, gade repons istwa anba a epi ajoute enfòmasyon si sa nesèsè.

6. Repete menm jan pou chak kesyon istwa a, mande yon gwoup diferan chak fwa.



15 minit

7. Mande patisipan yo:

Istwa sa a se yon egzanp **mobilizasyon kominotè**. Ki sa mobilizasyon kominotè vle di?

(Tande kèk repons volontè.)

8. Mande patisipan yo jwenn definisyon mobilizasyon kominotè nan paj 99 nan liv yo. Mande yon patisipan li definisyon an fò pou tout moun tande. Mande patisipan yo ki kesyon yo genyen sou definisyon an:

Mobilizasyon kominotè se lè manm kominotè òganize yo pou idantifye pwoblèm nan kominote a, analize kòz ak konsekans pwoblèm sa yo ak resous ki disponib pou konbat pwoblèm yo, kreye plan pou konbat pwoblèm yo, poze aksyon, ak evalye aksyon yo te pran.

Ajan Kore Fanmi yo dwe ede fasilite mobilizasyon kominotè la pou yo kore selman, se lidè yo ak manm kominote a ki dwe pran desizyon pou rezoud pwoblèm nan kominote.

9. Afiche desen chenn mobilizasyon kominotè e sèvi ak enfòmasyon ki anba la a yo eksplike chenn la, pwente sou chak etap nan chenn la lè w ap eksplike li:

Mobilizasyon kominotè konn dewoule etap pa etap. Yon etap swiv pwochen an. Etap sa yo fòme yon **chenm ke nou rele chenm mobilizasyon kominotè**:

1. **Òganize manm kominotè yo:** Idantifye nan ki fason kominote a deja konbat pwoblèm sante an jeneral. Sèvi ak enfòmasyon sa a pou planifye yon reyinyon lidè kominotè yo ak manm kominotè.
2. **Analize sitiyasyon an:** Idantifye pwoblèm sante yo nan kominote a, sa ki lakòz pwoblèm yo, ak konsekans pwoblèm yo. Idantifye tou priyorite ak resous ki disponib pou konbat pwoblèm yo.
3. **Kreye yon plan aksyon:** Manm kominotè yo deside ki jan pi bon pou yo konbat pwoblèm yo, idantifye yo, epi kreye yon plan aksyon. Ajan Kore Fanmi la ede kominote a deside ki moun ki pral fè kisa, kilè, ak avèk ki resous.
4. **Poze aksyon:** Manm kominotè mete plan an sou pye.
5. **Evalye aksyon an:** Manm kominotè travay ansanm pou evalye aksyon an, tankou sa ki te mache, ki sa ki pa t' mache, ak ki lòt bagay bezwen fèt.



15 minit


- 10.** Mande patisipan yo rasanble ankò an ti gwoup yo, epi mande yo jwenn Istwa Mobilizasyon Kominotè ankò nan paj 121 nan liv yo. Eksplike chaj ti gwoup:
- Avèk ti gwoup ou a, revize istwa a ankò.
 - Apre sa a, idantifye chak etap nan chenn mobilizasyon kominotè nan istwa a. Tankou, idantifye ki pati nan istwa a se etap 1 (òganize), ki pati nan istwa a se etap 2 (analize sitiyasyon an), elatriye.
 - Ou kapab gade nan enfòmasyon sou chenn mobilizasyon kominotè nan paj 102 nan liv ou.
 - Asire w ke tout manm gwoup patisipe nan diskisyon an.
 - Ou pa bezwen ekri repons men ou dwe prepare w pou rapòte repons w nan gwo gwoup la. Chwazi yon reprezantan gwoup la pou fè sa.
 - W ap gen 15 minit pou fin travay.
- 11.** Bay ti gwoup 15 minit pou travay. Lè gwoup yo ap travay, sikile, epi fè sèten ke gwoup la konprann travay la ak ap fè pwogrè. Bay gwoup yo avètisman 5 ak 1-minit yo.



15 minit

- 12.** Di gwoup yo sispann travay. Mande reprezantan nan premye gwoup yo vin devan sal la avèk liv li epi li pati nan istwa a ki reprezante lye etap la nan chenn mobilizasyon kominotè (òganize) byen fò. Mande lòt gwoup yo konfime oswa korije jan sa nesesè.
- 13.** Repete menm jan pou etap ki rete nan chenn la yo, mande yon reprezantan gwoup diferan chak fwa:
1. **Òganize manm kominotè yo:** paragraf 1
 2. **Analize sitiyasyon an:** paragraf 2
 3. **Kreye yon plan:** paragraf 3
 4. **Poze aksyon:** paragraf 4
 5. **Evalye aksyon an:** paragraf 5
- 14.** Mande ki kesyon patisipan yo gen sou chenn aksyon kominotè a epi reponn yo nan fason ki kòrèk, oswa mande patisipan ki gen eksperyans yo reponn.

- 15.** Mande patisipan yo kesyon sa yo epi kite yo reflechi an silans pou yon ti moman:
- Reflechi sou sa w te aprann sou mobilizasyon kominotè jis kounye a. Epi panse sou kominote w la ak pwoblèm sante ki te egziste yo. Èske kominote ou janm mobilize yon pwoblèm sante patikilye? Nan lòt mo, èske kominote ou te janm pran etap pou òganize sa yo, analize sitiyasyon an, kreye yon plan aksyon, poze aksyon, ak evalye aksyon an, pou adrese yon pwoblèm sante nan kominote a?
- 16.** Mande yon volontè pou dekri eksperyans li ak mobilizasyon kominotè fas a yon pwoblèm sante. Si pa gen pèsonn ki te gen eksperyans, bay yon egzanp nan eksperyans w si sa posib.
- 17.** Eksplike ke patisipan yo ap egzaminen chenn mobilizasyon kominotè a pi plis nan pwochen sesyon-an.


ISTWA MOBILIZASYON KOMINOTÈ
nan paj 121 nan Liv Patisipan an


Sezon lapli a gentan kòmanse. Nan yon ti kominote andeyò nan Plato Santral, plizyè fanmi yo vin malad avèk malarya. Apre mès nan dimanch, kèk nan manm kominotè yo ale kote pè a, y'ale eksplike l pwoblèm malarya a. Pè a, pale ak Ajan Kore Fanmi la ak kèk lòt lidè kominotè yo epi yo decide òganize yon reyinyon kominotè menm lannwit la.

Nan reyinyon an, pè a, mande si gen dlo dòmi nan zòn nan, piske moustik kale nan dlo dòmi. Youn moun ki gen madanm li malad ak malarya eksplike ke gen yon gwo pas dlo tou pre lakay li. Li eksplike ke yo te bay tè a ane pase a pou yo plante men yo pat travay li, ak lè lapli tonbe dlo rete la. Ajan Kore Fanmi a, ki te fèk kòmanse travay nan zòn nan mande si fanmi yo konn sèvi ak moustikè nan nwit. Moun yo di li ke yo te tande ap pale de sèvi avèk moustikè pou anpeche malarya men yo pè ke moustikè yo koute twò chè epi yo pa konnen ki kote yo ka jwenn yo.

Pè a, mènmen yon diskisyon sou jan yo ka konbat pwoblèm malarya a. Li mande Ajan Kore Fanmi la kouman manm kominote a kapab jwenn moustikè e Ajan Kore Fanmi la pwomèt moustikè pou fanmi yo semèn prochèn, epi edike yo sou kouman pou sèvi ak yo. Kèk volantè nan kominotè a decide netwaye ma dlo yo.


Nan denmen maten, volontè yo netwaye zòn nan pou ke dlo pa ap dòmi la ankò. Pandan menm semèn nan, Ajan Kore Fanmi la vizite chak fanmi yo, ba yo moustikè, ak montre yo kouman yo sèvi ak moustikè yo.

Nan lòt mwa a, Ajan Kore Fanmi yo konseye lidè kominotè òganize yon lòt reyinyon kominotè pou wè si nenpòt lòt fanmi yo vin malad ak malarya. Nan reyinyon an, manm kominotè yo fè konnen ke pwoblèm yo te rezoud, pa gen nouvo ka malarya nan kominote a. Fanmi yo rapòte ke yo toujou ap sèvi ak moustikè yo. Yo toujou kontinye netwaye zòn yo pou anpeche marengwen kale.



KESYON YO

- Ak ki pwoblèm sante kominotè a te fè fas?
(*Ka malarya*)
- Ki sa ki lakòz pwoblèm santé a?
(*Fanmi yo pa gen moustikè epi gen dlo dòmi kote moustik kale.*)
- Ki resous kominote a genyen pou ede yo konbat pwoblèm santé sa a?
(*Ajan Kore Fanmi la gen konnesans sou moustikè; gen volontè pou ede netwaye pas dlo a.*)
- Ki plan manm kominotè kreye pou konbat pwoblèm santé sa a?
(*Ajan Kore Fanmi la fè lide pote moustikè ak montre moun kouman pou sèvi ak yo. Yon gwoup volontè fè lide netwaye ma dlo a.*)
- Ki aksyon manm kominotè pran pou konbat pwoblèm santé sa a?
(*Ajan Kore Fanmi la pote moustikè epi edike moun kouman yo sèvi ak yo. Gwoup volontè a netwaye ma dlo yo.*)
- Ki jan manm kominotè yo evalye siksè aksyon yo?
(*Lidè kominotè òganize lòt reyinyon kominotè ak jwenn ke pa t' genyen nouvo ka malarya, ke moun yo toujou ap sèvi avèk moustikè yo, epi ke pa gen dlo dòmi nan zòn nan.*)
- Ki wòl Ajan Kore Fanmi la jwe nan istwa sa a?
(*Ajan Kore Fanmi la ede pa bay enfòmasyon, bay moustikè, ak edike moun kouman pou sèvi ak moustikè. Li konseye yon 2yèm reyinyon kominotè pou wè si aksyon sa yo te mache. Ajan Kore Fanmi la pa fè tout bagay pou kò l; li patisipe men li pèmèt manm kominotè a mennen aktivite a.*)



Chenn Mobilizasyon Kominotè a

SESYON 3

WÒL AJAN KORE FANMI YO NAN MOBILIZASYON KOMINOTÈ



Metòd: Aktivite an ti Gwoup



Tan: 1 èdtan ak 30 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- c. Idantifye wòl Ajan Kore Fanmi yo kapab jwe pou chak etap nan chenn aksyon kominotè a.



Preparasyon

- Revize Istwa Kolera a ak diskisyon ki anba la.



Materyèl yo

- Istwa Kolera nan paj 123 nan Liv Patisipan
- Gwo fèy papye
- Makè
- Tèp



ETAP YO



5 minit

1. Eksplike ke patisipan yo pral egzaminen yon istwa kounye a epi pale sou kijan kominote nan istwa a ka avanse nan chenn mobilizasyon kominotè a. Yo pral tou egzamine wòl Ajan Kore Fanmi yo kapab jwe pandan chak etap nan chenn la
2. Divize patisipan yo an 5 ti gwoup (pa menm gwoup ki te sèvi deja nan lòt sesyon anvan). Bay chak gwoup yonn nan 5 etap nan chenn mobilizasyon kominotè a: 1) òganize; 2) analize sitiasyon an; 3) kreye yon plan aksyon; 4) poze aksyon; ak 5) evalye aksyon an.

3. Bay chak gwoup yon gwo fèy papye ak yon makè. Esplikemisyon ti gwoup la:

- Mande yon manm gwoup la li Istwa Kolera fò pou tout gwoup w la tandè.
- Apre sa diskite kesyon yo ak gwoup w. Asire w ke tout manm gwoup yo patisipe nan diskisyon an.
- Sonje ke se lidè kominotè yo ak manm yo ki dwe mennen diskisyon an sou mobilizasyon kominotè a. Ajan Kore Fanmi la ta dwe yon gid, li pa yon dirijan.
- Ekri etap chenn ki ba w la sou tèt gwo fèy papye a. Apre sa a, trase yon liy nan mitan gwo fèy papye a pou fè 2 kolòn. Nan 1ye kolòn an ekri sa ke lidè kominotè ak manm yo ta ka fè, ak nan lòt kolòn an sa ke Ajan Kore Fanmi la ta ka fè.
- Chwazi yon manm gwoup la prezante travay (ti) gwoup w la bay gwo gwoup la.
- W ap gen 20 minit pou fin travay.
- W ap gen 5 minit pou prezante.



20 minit

4. Bay ti gwoup yo 20 minit pou travay. Pandan gwoup yo ap travay, sikile ak ede jan li nesèsè. Bay gwoup yo avètisman 10, 5, ak 1-minit.



10 minit

5. Di gwoup w te bay 1ye etap chenn mobilizasyon kominotè a (òganize) vin devan, afiche gwo fèy papye yo ak prezante travay yo. Eseye pou pa kite yo depase vè 5 minit konsa pou prezantasyon yo.

6. Apre representan an fin prezante, envite lòt gwoup yo poze kesyon oswa bay komantè sou travay 1ye gwoup la. Eseye pou pa kite kesyon ak komantè yo depase vè 5 minit konsa.



40 minit

7. Repete menm jan pou chak ti gwoup, avèk 10 minit konsa pou chak gwoup. Lè gwoup yo ap prezante, pran tout repons yo bay sou istwa a epi ajoute lòt lide sou diskisyon yo si sa nesèsè.

8. Si yon gwoup te bay Ajan Kore Fanmi a twòp pouvwa pou mennen diskisyon yo ak desisyon fe yo sonje se yon gid yo pa dirijan, se lidè ak manm kominotè a ki dwe mennen diskisyon ak pran desisyon.



15 minit

9. Mande patisipan yo kesyon anba la yo epi ankouraje yon diskisyon tou kout :

- Pouki li enpòtan ke lidè kominotè ak manm yo dirije pwosesis mobilizasyon kominotè a? Pouki Ajan Kore Fanmi la pa ta dwe òganize ak planifye tout bagay pou kò li?

(Lè se lidè yo ak manm kominote yo ki analize pwoblèm yo, yo gen plis entere pou yo mete tet yo ansanm pou chache solisyon pou konbat pwoblèm yo; si yo santi se pou yo li ye y'ap gen plis chans komèt nan aksyon ki ta kapab pa fasil, epi gen mwens chans reziste chanje abitud yo; aksyon ak solisyon ki soti nan lidè nan kominote yo ak manm yo gen plis chans bon pou kominote a pase aksyon oswa solisyon ki soti nan deyò kominote a, elatriye. Lè se yon lòt moun ki pran desisyon nan plas yo, li pi difisil pou yo mete tet yo ansanm pou patisipe nan aktivite pou kominote a.)

- Kisa ki ka rive si yon Ajan Kore Fanmi eseye oblije moun swiv yon plan tou fèt san li pa konsilte lidè kominotè yo oswa manm kominote yo?

(Moun yo ta ka refize swiv plan an oswa fè chanjman paske yo santi yo te mete yo deyo yo vin fache akòz yo pa patisipe nan desisyon an; si lidè kominotè yo pa konsilte yo ka fache epi y'a vire manm kominotè yo ka vire do bay Ajan Kore Fanmi a, elatriye)

- Ki wòl yo ou panse ki pi enpòtan ke yon Ajan Kore Fanmi ta dwe jwe nan nenpòt chenn nan aksyon kominotè?

(Ajan Kore Fanmi yo konnen enfòmasyon enpòtan ak egzat sou sante. Ajan Kore Fanmi yo ka sèvi ak enfòmasyon sa a pou edike manm kominotè yo pandan y'ap chache konnen ak analize pwoblèm yo, epi bay yo bon jan konsey sou kesyon sante.)

(Ajan Kore Fanmi a kapab bay kek sèvis sante ak distribye kek pwodwi enpòtan nan nan fanmi yo.)


(Ajan Kore Fanmi yo gen bon jan teknik kominikasyon ak bon jan eksperyans toupou òganize reyinyon, epi pou byen swiv plan yo, elatriye.)

10. Eksplike ke nan sesyon ki swiv yo, patisipan yo ap egzaminen aktivite kominotè divès ki kapab sèvi nan chenn mobilizasyon kominotè.



ISTWA KOLERA

nan paj 123 nan Liv Patisipan



Nan yon kominote andeyò, aleka, ak malere nan Plato Santral, kèk semèn apre sezon lapli a kòmanse plizyè moun vin malad anpil ak vomisman grav, ak dyare dlo. Manm kominote a konnen ke kolera te gaye toupatou an Ayiti, epi yo pè petèt kolera te rive nan kominote yo finalman. Menm si moun ki te malad yo te refè, gen kèk moun ki pè ale tou pre kay moun ki te malad yo. Lòt moun panse ke yo ta dwe kontakte kazek la, oswa petèt Ajan Kore Fanmi zòn nan ki rete pi devan nan menm wout la menm e ke yo te voye vin travay nan kominote a tou denyeman la.

KESYON

Ki sa lidè kominotè ak manm kominotè yo ka fè nan istwa sa a pou etap chenn mobilizasyon kominotè ke yo te ba-w a?

Pou etap chenn mobilizasyon kominotè ke yo te ba-w a, ki sa ta dwe wòl Ajan Kore Fanmi a nan istwa sa a? Kisa Ajan Kore Fanmi a ta dwe fè?

Echantiyon Repons pou Istwa Kolera

1. Òganize

(Lidè kominotè ak manm yo: rasanble lidè kominotè yo ak lòt manm kominotè enpòtan yo, kontakte Ajan Kore Fanmi a, fè yon reyinyon ijans, planifye veye pou plis ka dyare dlo ki grav epi devlope yon plannan reyinyon an, tankou kòman pou konfime ke sa a se kolera, elatriye.)

(Ajan Kore Fanmi a: patisipe nan reyinyon an, ofri vizite fanmi malad yo epi kenbe kontak ak yo oswa ede nan lòt fason)

2. Analize sitiasyon an

(Lidè kominotè ak manm yo: Mennen ankèt pou chèche konnen kote fanmi ki malad yo ap jwenn dlo yo ak ki kote kolera a kapab sòti, chèche konnen kouman nouvo ka ta dwe trete ak rapòte, diskite sou ki resous kominotè ta ka sèvi pou koresponn ak sitiyasyon an, elatriye.)

(Ajan Kore Fanmi a: Bay enfòmasyon sou ki sa kolera ye, sentòm kolera, ak kouman yo trete, ak kòman yo ka anpeche maladi kolera; eksplike sèvis ke li ka bay, montre manm kominotè kòman pou yo trete dlo, ki jan pou yo rekonnèt epi rapòte sentòm kolera, elatriye.)

3. Kreye yon plan

(Lidè kominotè ak manm yo: Planifye sou jan kominote a ap jwenn enfòmasyon sou nouvo ka kolera, ki jan y'ap ka okipe yo, ki moun pral akonpaye moun ki malad nan yon sant pou tretman kolera oswa sant sante ak ki transpòtasyon ki nesèsè, kouman manm kominotè yo pral edike sou kolera, elatriye.)

(Ajan Kore Fanmi a: rapòte ka sa yo nan sant sante a, rete an kontak ak responsab sant sante yo, distribye pwodui tretman dlo, fè edikasyon manm kominote sou kijan pou yo proteje tet yo, anseye manm kominotè yo, elatriye.)

4. Poze aksyon

(Lidè kominotè ak manm yo: Ede yo jwenn enfòmasyon sou nouvo ka, ede rasanble manm kominotè yo pou yon sesyon edikasyon, elatriye.)

(Ajan Kore Fanmi: Detekte nouvo ka yo, bay manm kominotè yo konsey sou ki jan pou trete dlo ak tout sa kap anpeche yo fè maladi kolera, ede kombata diskriminasyon kont moun ki gen kolera, bay pwodui tretman dlo a, kenbe kontak ak fanmi ki te malad avèk maladi kolera yo, elatriye.)

5. Evalye aksyon an

(Lidè kominotè ak manm yo: Òganize yon reyinyon, nan reyinyon an chèche konnen si travay yo te byen fèt, epi si yo te jwenn bon rezilta, epi si yo te rankontre pwoblem, elatriye.)

(Ajan Kore Fanmi a: Ede yo òganize yon reyinyon evalyasyon, bay enfòmasyon sou nenpòt nouvo ka, elatriye.)

SESYON 4

ENTWODIKSYON NAN AKTIVITE KOMINOTÈ



Metòd: Brase Lide ak Diskisyon an gwo gwoup



Tan: 45 minit



Objektif yo

Patisipan yo pral kapab:

- d. Idantifye ki kalite reyinyon ak aktivite kominotè ke Ajan Kore Fanmi yo dwe òganize regilyèman, tankou reyinyon vwazinaj, pòs rasanbleman, klèb manman, klèb jèn, vizit nan lekòl, ak reyinyon kominotè yo.
- e. Idantifye bon jan teknik pou yo oganize reyinyon vwazinaj ak reyinyon klèb.



Preparasyon

- Revize Responsabilite Ajan Kore Fanmi yo ak Lis Reyinyon Efikas (ki bay bon rezilta) ki anba a yo.



Materyèl yo

- Ajan Kore Fanmi Responsabilite nan paj 126 nan Liv Patisipan
- Lis pou Reyinyon ki Bay Bon Rezilta yo nan paj 114 nan Liv Patisipan
- Gwo fèy papye
- Makè
- Tèp



ETAP YO



15 minit

1. Di patisipan yo:

Tankou Ajan Kore Fanmi yo, se travay nou pou òganize aktivite kominotè chak mwa. Aktivite kominotè sa yo kapab fè pati chenn mobilizasyon kominotè a. Aktivite kominotè sèvi tankou fowòm pou edike, fè pwomosyon pou dyalòg, ak kore manm kominotè yo.

Koulye a, nou pral revize kalite aktivite ou responsab.

2. Mande patisipan yo jwenn Responsabilite Ajan Kore Fanmi yo ki sou paj 126 nan liv patisipan yo. Mande yo li responsabilite yo epi jwenn sa ki pale sou òganize aktivite kominotè.
3. Mande volontè yo li responsabilite sa yo byen fò, yon volontè diferan pou chak responsabilite: reyinyon vwazinaj yo, pòs rasanbleman yo, klèb manman yo, klèb jèn yo, vizit nan lekòl yo, ak reyinyon kominotè yo.
4. Mande patisipan yo:
 - Ki moun ki te deja fè eksperyans **patisipe** nan reyinyon vwazinaj, klèb manman, klèb jèn, vizit nan lekòl, oswa lòt reyinyon kominotè yo? Leve men ou.
 - Kite men ou anlè. Koulye a panse pou yon moman sou reyinyon ou te patisipe yo. Ki moun ki ka panse a yon egzanp yon reyinyon ki te byen òganize epi ki te efikas?
5. Mande pou yon volontè ki te patisipe nan yon reyinyon byen òganize pou dekri objektif reyinyon an, sa ki te pase pandan reyinyon an, e pouki li te panse ke reyinyon an te byen òganize ak efikas. Limite deskripsyon patisipan an a 5 minit konsa.
6. Epi mande lòt patisipan yo ki te patisipe nan reyinyon konsa sa yo ajoute nenpòt kòmantè oswa lòt enfòmasyon.
7. Mande patisipan yo:
 - Ki moun ki gen eksperyans nan òganize reyinyon vwazinaj yo deja, pòs rasanbleman, klèb manman yo, klèb jèn yo, vizit nan lekòl yo, oswa lòt kalite reyinyon kominotè yo? Leve men ou.
8. Mande pou yon volontè ki te gen eksperyans òganize reyinyon deja yo dekri ki sa li fè pou planifye ak pou òganize yon reyinyon.
9. Epi mande lòt patisipan ki gen eksperyans òganize reyinyon deja yo fè kòmantè oswa ajoute enfòmasyon.



30 minit

10. Mande patisipan yo kesyon sa a ak ankouraje yo fè yon ti brase lide tou kout. Ekri repons yo sou yon gwo fèy papye:

- Dapre sa ou te jis tandè yo, epi ak pwòp eksperyans pa ou swa nan patisipe nan reyinyon yo oswa òganize reyinyon yo, kisa ki pi enpòtan pou-w ta dwe fè pou òganize ak dirije yon reyinyon efikas (ki bay bon rezilta)?

(Repons yo ap varye.)

- 11.** Mande patisipan yo jwenn lis Reyinyon Efikas (ki bay bon rezilta) yo sou paj 114 nan liv yo. Mande yon volontè li lis yo fò pou tout moun tandè.
- 12.** Mande patisipan yo pran yon ti moman pou konpare lis lide brase lide yo ak lis la. Epi mande volontè yo site atik ki sanble yo anvan epi nenpòt atik ki diferan. Pale sou diferans ki genyen si sa nesesè. Si patisipan yo te site nenpòt lide itil ki pa sou lis la, di yo ekri lide sa yo anba lis ki nan liv yo.
- 13.** Remèsye patisipan yo pou lide yo. Di patisipan yo:

Tankou Ajan Kore Fanmi yo ou pral òganize anpil kalite aktivite ak reyinyon kominotè sou plizyè sijè diferan. Etap yo pou òganize yon kalite reyinyon kapab diferan ak etap pou yon lòt kalite reyinyon. Nenpòt ki kalite reyinyon, ala, ap pi efikas si ou fè chòz fondanatal sa yo chak tan
- 14.** Eksplike ke nan sesyon ki swiv yo, patisipan yo ap gade chak kalite aktivite ak reyinyon an pi plis detay.



RESPONSABILITE AJAN KORE FANMI YO

nan paj 124 nan Liv Patisipan

PAKÈ FONDANATAL LA

Ajan Kore Fanmi yo pral:

- Edike fanmi yo ak fè pwomosyon pou konpòtman sante.
- Distribye pwodwi esansyèl selon frajilite fanmi yo (vaksen, vitamin pou fanm ansent, moustikè, savon, pwodui pou pirifye dlo, elatriye).
- Refere fanmi yo nan sèvis sante, nitrisyon, dlo /sanitasyon, ak edikasyon. Kontwole jan yo sèvi ak sèvis sa yo (vizit nan sant sante, rejim medikal, elatriye).

Entèvansyon Ajan Kore Fanmi yo

- **Travay avèk chak fanmi** – Se poto mitan travay Ajan Kore Fanmi yo, malgre l'ap bay sèvis tou nan kominote a.
- **Egzekite vizit domisilyè** – Sa yo se pati ki pi enpòtan nan travay ou, pou okipe bezwen chak moun, repete mesaj ki pi enpòtan, distribye pwodwi, refere nan kek sèvis, rete an kontak ak moun ki pi frajil yo, gade si yo fe pwogrè, epi kouri pran yo an chaj si nesèsè.
- **Òganize reyinyon vwazinaj yo** – pou sevi k koutim manm nan kominote yo ki konn rasanble nan vwasinaj pou pwofite f avèk koutim sosyal nou jwenn nan kominote a kek seyans edikasyon tou ; reyinyon pa dwe fèt avek pi plis ke 8–10 fanmi pou ke mesaj la ka pi byen pase ak pou ke tout moun ka patisipe; reyinyon yo fèt omwen chak 2 mwa, chak mwa si li posib; nou kapab separe pwodwi pandan reyinyon yo tou.
- **Òganize pòs rasanbleman** – pou fè edikasyon moun yo, kontwole eta nitrisyon timoun yo, bay fanm ak timoun yo vaksen, distribye pwodwi nitrisyon, sipleman vitamin A ak fè, ak fòtifikan. Ajan Kore Fanmi yo ap òganize pòs rasanbleman 3 oswa 4 fwa pa mwa ansanm ak lòt Ajan Kore Fanmi k ap travay nan menm zòn yo, epi pran kontak ak moun ki pat vin nan randevou.
- **Òganize klèb manman yo** – pou fè edikasyon fanm ansent ak manman yo sou zafè sante pandan nap ede yo fè fas ak kek barye sosyal ki konn ampeche yo prann desizyon ki pi bon pou yo, ak distribye sipleman, vitamin, ak fòtifikan. Ajan Kore Fanmi yo ta dwe òganize 2–4 klèb manman pa mwa, epi tout manman yo dwe patisipe 1 fwa pa mwa.



RESPONSABILITE AJAN KORE FANMI YO

swit

- **Òganize klèb jèn (Adolesan) yo** – pou pèmèt jèn yo pale de pwoblèm yo, kombati malady yo pran nan fè bagay yo, fasilite aktivite tankou spò ak aktivite kiltirèl, ede chèche pou aktivite sosyal, edikatif ak ekonomik; 1 pa mwa pou timoun 100 fanmi Ajan Kore Fanmi a yo.
- **Egzekite vizit nan lekòl yo** – pou kolabore avèk pwofesè, vizite timoun fanmi yo responsab pou yo, òganize aktivite pou edikasyon, trete moun ki gen vè, ak bay yo vitamin.

Lòt aktivite

- Fè rapò
- Prepare kalandriye regilye yo ak plan travay
- Rankontre ak sipèvizè chak mwa
- Toujou patisipe nan fòmasyon ak nan seyans edikasyon

Zouti Ajan Kore Fanmi

- Kat idantite travay
- Yon padsi ak chapo ki gen mak inisyativ Ajan Kore Fanmi etanpe sou li
- Sakdo
- Gid travay
- Materyèl edikatif
- Fòm pou rapòte yo



KOUMAN POU ÒGANIZE YON REYINYON EFIKAS (KI BAY BON REZILTA)

nan paj 114 nan Liv Patisipan

ANVAN REYINYON AN

- ☐ Defini yon objektif byen klè pou reyinyon an.
- ☐ Asire w ke objektif la repon avek atant patisipan yo.
- ☐ Chwazi yon kote ak lè ki bon pou moun yo.
- ☐ Envite moun yo alavans e di yo ki kote ak ki lè reyinyon an ap fèt.
- ☐ Prepare prezantasyon ou ak materyèl yo alavans.
- ☐ Rive byen bonè e prepare sal (espas) reyinyon an.

PANDAN REYINYON AN

- ☐ Kòmanse reyinyon an a lè e respektè tan li dwe fini a.
- ☐ Fè gwoup la bay kek prensip yo dwe respektè pou reyinyon an byen pase. Pale dousman epi byen klè.
- ☐ Sèvi ak bon jan teknik kominikasyon, tankou montre respè, kompran reyalite sitiyasyon gwoup la, ankouraje moun lè y' ap pale ak poze kesyon, epi ankouraje dyalòg.
- ☐ Ankouraje tout moun yo patisipe nan reyinyon an.
- ☐ Chache fè kek aktivite ki nesèsè epi chwazi ki moun ki pral fè yo.
- ☐ Lage reyinyon an a lè.
- ☐ Remèsye moun yo pou patisipasyon yo ak tan yo.
- ☐ Fikse yon dat ak yon lè pou lòt reyinyon kap swiv si sa a nesèsè.

APRE REYINYON AN

- ☐ Kontinye fè aktivite selon plan ki te fèt pandan reyinyon an.

SESYON 5

OBJEKTIF AK ETAP POU ÒGANIZE AKTIVITE KOMINOTÈ



Metod yo: Aktivite a de (2) ak Diskisyon an gwo gwoup



Tan: 1 èdtan



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- f. Dekri objektif jeneral klèb manman yo, klèb jèn, reyinyon vwazinaj, vizit nan lekòl, reyinyon kominotè, ak pòs rasanbleman yo, ak demach ki nesèsè pou reyalize chak kalite aktivite.



Preparasyon

- Revize Responsabilite Ajan Kore Fanmi Chak Mwa ak enfòmasyon ki anba a sou klèb manman yo, klèb jèn yo, reyinyon vwazinaj, vizit nan lekòl, reyinyon kominotè, ak pòs rasanbleman.



Materyèl yo

- Responsabilite Ajan Kore Fanmi Chak Mwa yo sou paj 104 yo nan Liv Patisipan an
- Enfòmasyon sou Aktivite Kominotè (klèb manman, klèb jèn, reyinyon vwazinaj, vizit nan lekòl, reyinyon kominotè, ak pòs rasanbleman yo) sou paj 104 Liv Patisipan an
- Lis Bon Jan Mwayen Pou Nou Pale sou paj 115 Liv Patisipan an



KONSÈY: Nan sesyon sa a patisipan ap aprann sou objektif chak kalite aktivite kominotè yo, tankou klèb manman, klèb jèn, reyinyon vwazinaj, vizit nan lekòl, pòs rasanbleman, ak reyinyon kominotè yo. Patisipan-yo ap pase plis tan nan diskite sou detay reyinyon kominotè nan lòt sesyon. Ap gen plis detay sou pòs rasanbleman nan fòmasyon Nitrisyon ak Vaksen yo.



ETAP YO



15 minit

1. Mande patisipan yo jwenn Responsabilite Ajan Kore Fanmi pou Chak Mwa yo sou paj 104 nan liv yo. Mande yon volontè li lis la byen fò.
2. Separe patisipan yo de pa de. Bay chak de patisipan youn nan aktivite sa yo (ap gen plis pase yon gwoup a de(pè) yo nan chak aktivite):
 - Klèb manman
 - Klèb jèn
 - Reyinyon vwazinaj
 - Vizit nan lekòl
 - Pòs rasanbleman
 - Reyinyon kominotè
3. Mande gwoup yo diskite sou kesyon ki anba la yo pou 10 minit. Yo ta dwe sèvi ak eksperyans yo fè nan patisipe oswa nan dirije kalite aktivite sa yo, oswa lide yo de sa yo panse ki ta dwe rive si yo poko gen eksperyans dirèk. Gwoup yo pa bezwen ekri repons yo, men yo ta dwe sonje repons yo pou yo ka pataje yo avèk tout gwoup la:
 - Ki sa ou panse kapab objektif aktivite sa a?
 - Kouman ou ta fouti òganize ak dirije aktivite sa a? Ki sa ou ta bezwen fè anvan, pandan, ak apre aktivite sa a?
4. Bay pè yo 10 minit pou diskite. Sikile ak ede si sa nesesè. Bay pè yo avètisman 5ak 1-minit.



45 minit

5. Mande yon gwoup ki gen klèb manman yo pataje repons yo ak tout gwoup la. Epi, mande lòt gwoup ki gen klèb manman ajoute nenpòt lide yo gen pou ajoute (yo pa ta dwe bay menm lide ki te deja bay).
6. Mande tout moun jwenn enfòmasyon sou klèb manman sou paj 105 nan liv yo. Mande yon volontè li enfòmasyon a byen fò. Mande patisipan yo konpare enfòmasyon sa a ak sa ke gwoup yo te di epi idantifye sa yo pa t'konnen deja.

7. Fè menm bagay la pou klèb jèn, reyinyon vwazinaj, vizit nan lekòl, pòs rasanbleman, ak reyinyon kominotè yo.
8. Mande patisipan yo jwenn Lis Bon Jan Mwayen Pou Nou Pale sou paj 115 Liv Patisipan yo. Fè yo sonje ke yo dwe sèvi akbon jan teknik kominikasyon lè y ap planifye ak egzekite aktivite kominotè.
9. Lonje dwèt sou desen chenn mobilizasyon kominotè a epi mande patisipan yo:
 - Aktivite Kominotè konn vin fè pati chenn mobilizasyon kominotè. Nan ki sitiyasyon yon klèb, reyinyon vwazinaj, vizit nan lekòl, pòs rasanbleman, oswa reyinyon kominotè ta kapab vin fè pati chenn mobilizasyon kominotè?
 - Tankou, ki jan bagay sa yo kapab vin fè pati nan 1ye ak 2yèm etap chenn la yo (òganize epi analize sitiyasyon an)? 3yèm ak 4yèm etap sa yo (kreye yon planak poze aksyon)? 5yèm etap la (evalye aksyon an)?
(Pran plizyè repons diferan. An jeneral: 1.) Òganize ak 2) analize sitiyasyon an: ta fouti rasanble yon reyinyon vwazinaj oswa reyinyon kominotè pou idantifye ak analize sitou yon pwoblèm sante ki gen nan kominote a; 3) kreye yon plan aksyon: plan pou konbat yon pwoblèm sante patikilye ka rive fèt nan yon reyinyon vwazinaj oswa kominotè; 4) poze aksyon: yon planka gen edike manm kominote a sou yon sijè pandan reyinyon klèb oubyen distribye pwodwi sante pandan yon pòs rasanbleman; 5) evalye: diskisyon pou evalye aksyon ka rive nan reyinyon vwazinaj oswa kominotè.)

10. Rezime pa di:

Klèb manman ak klèb jèn yo kreye yon fason pou nou kapab edike, ak kore manman yo ak jèn yo, men nou ka sèvi ak yo lè nap fè mobilizasyon kominotè, sitou pandan etap «aksyon» an. Reyinyon vwazinaj konn sèvi tankou yon pati nan mobilizasyon kominotè. Men yon jan: analiz, kreye plan aksyon, oswa evalyasyon kapab fèt nan reyinyon vwazinaj yo.

Reyinyon kominotè yo se yon pati enpòtan nan chenn mobilizasyon kominotè a e nou pral aprann sou yo nan plis detay nan sesyon ki swiv yo. Nap aprann nan plis detay sou pòs rasanbleman nan lòt sesyon fòmasyon yo.



RESPONSABILITE AJAN KORE FANMI YO CHAK MWA

sou paj 126 Liv Patisipan an

Ou dwe òganize aktivite sa yo chak mwa. Konbyen fwa ou fè chak kalite aktivite ap varye yon ti jan chak mwa:

- 32 Vizit domisilyè
- 2 Pòs rasanbleman
- 2 Reyinyon klèb manman
- 2 Reyinyon klèb jenès
- 6 Reyinyon vwazinaj
- 2 Vizit nan lekòl
- 1 Reyinyon kominotè

Ou pral deside sou ki sijè pou aktivite kominotè yo avèk èd sipèvizè ou nan kòmansman chak mwa. Men kèk sijè:

- Planin
- Bay tete
- Nitrisyon ak devlopman timoun
- Vaksen
- Maladi dyare
- Maladi moun pran nan fè bagay MST/VIH-SIDA
- Pwoteksyon timoun
- Ki jan pou prepare sewòm oral
- Enpòtans ak sèvi ak latrin
- Pwòpte kò ak pwòpte kote nou viv
- Bon jan fason pou manje ki bon pou lasante
- Dlo
- Dwa moun



AKTIVITE KOMINOTÈ YO

sou paj 104 Liv Patisipan an

KLÈB MANMAN YO

Kisa li ye

Yon klèb manman se yon klèb ki gen yon gwoup 10–15 manman nan kominote a kap reyini chak mwa pandan 30 minit konsa.

Poukisa nou fè l

Yon klèb manman reyini manman nan kominote a epi li bay edikasyon ak sipò, pou yo veye pwoblèm sante manman yo ak travay konbat pwoblèm sa yo pou lontan. Manm klèb yo pral pataje konesans yo bay yo avek lòt manm nan kominote a.

KOUMAN POU ÒGANIZE YON KLÈB MANMAN

Anvan

- Pou premye reyinyon an, chwazi 10–15 manman model ki gen bon pratik ijyèn epi ki byen pran swen tèt li avek piti li. Envite yo fè pati klèb la.
- Chwazi yon sijè epi prepare l ak tout materyèl ou pral bezwen pou fè li.

Pandan

- Chwazi yon moun pran nòt ak bay yon rezime nan reyinyon kap vini.
- Pale sou sijè ou te prepare a epi ankouraje dyalòg.
- Poze manman kesyon pou we si yo komprann.

Mande manm klèb yo pataje konesans yo avek lòt moun nan kominote

a. Apre

- Bay moun yo randevou pou yon lòt rankont.
- Remesye yo.
- Fè rapò rankont nan.

KLÈB JÈN YO

Kisa li ye

Yon Klèb jèn se yon gwoup de 10–15 jèn kap reyini chak mwa pou debat yon pwoblèm.



AKTIVITE KOMINOTÈ YO

swit

Poukisa nou fè l

Yon klèb jèn reyini jèn nan kominote a epi li bay edikasyon ak sipò, yon jan pou yo veye pwoblèm sante jèn yo pandan yap travay pou konbat pwoblèm sa yo nèt. Manm klèb yo pral pataje konsepsyon yo bay yo avek lòt manm nan kominote.

KOUMAN POU ÒGANIZE YON KLÈB JÈN

Anvan

- Chwazi 10–15 jèn yo ki se lidè ak ki gen bon pratik sante. Envite yo fè pati klèb la
- Chwazi yon sijè epi prepare enfòmasyon ak materyèl ou pral pataje yo.

Pandan

- Chwazi yon moun pran nòt ak bay yon rezime nan reyinyon kap vini.
- Pale sou sijè ou te prepare a epi ankouraje dialòg.
- Mande manm klèb yo ede edike lòt jèn parèy yo nan kominote a sou sijè a.

Aprè

- Bay moun yo randevou pou yon lòt rankont.
- Remesye yo.
- Fè rapò rankont nan.

REYINYON VWAZINAJ YO

Kisa li ye

Reyinyon vwazinaj se yon reyinyon yo fè avek vwazinaj ki pa ta dwe depase 15 moun.

Poukisa nou fè l

Reyinyon vwazinaj sèvi pou òganize manm kominotè pou boule ak pwoblèm sante nan kominote a.



AKTIVITE KOMINOTÈ YO

swit

KOUMAN POU ÒGANIZE YON REYINYON VWAZINAJ

Anvan

- Prepare enfòmasyon sou pwoblèm ki bezwen solisyon.
- Envite tout moun ki abite nan zòn nan. Si gen plis pase 15 moun, separe reyinyon an an de gwoup pou fasilite kompreyansyon ak patisipasyon tout moun.

Pandan

- Pale de pwoblèm nan epi bay enfòmasyon ou te prepare a.
- Kreye yon plan avèk vwazen yo pou eseye rezoud pwoblèm lan.
- Bay chak vwazen yo responsabilite pou egzekite kèk pati nan plan an.

Aprè

- Pase wè moun ki nan katye a epi fè plan avèk yo. Bay moun randevou pou yon lòt reyinyon si pwoblèm nan pa jwenn solisyon.
- Remesye yo.
- Fè rapò rankont lan.

VIZIT NAN LEKÒL YO

Kisa li ye

Vizit nan lekòl se yon vizit ke yo oganize nan lekòl pou bay yon sèvis ou fè edikasyon.

Poukisa nou fè l

Vizit nan lekòl sèvi pou bay ranfò nan aktivite pwomosyon pou moun ka chanje konpòtman.

KOUMAN POU ÒGANIZE YON VIZIT NAN LEKÒL

Avan

- Fè yon lis lekòl yo
- Kontakte direktè/direktris lekòl la



AKTIVITE KOMINOTÈ YO

swit

- Mande direktè a fè elèv yo sonje pote Kat Vaksinasyon yo si w pral fè vaksen
- Chwazi yon sijè
- Prepare sijè a
- Prepare materyèl la

Pandan

- Eksplike objektif la
- Prezante sijè a
- Gade si yo konprann

Apre

- Bay direktè/direktris lekòl la randevou pou yon lòt vizit
- Remesye yo
- Fè rapò vizit la

Pòs Rasanbleman yo

Kisa li ye? Se yon nan mwayen pwogram vaksinasyon ministè sante piblik genyen pou ofri kek sèvis sante nan kominote yo.

Poukisa nou fè l

Pou vaksinen timoun ki poko gen 5 an, fanm ansent, ak fanm ki nan laj pou fè piti, epi pou kontwòle eta nitrisyonèl timoun yo.

KOUMAN POU ÒGANIZE YON PÒS RASANBLEMAN

Anvan

- Fè vizit domisiliyè pou sansibilize fanmi yo sou enpotans pòs rasanbleman
- Reyini avek lidè zòn yo pou chache sipo yo nan reyalizasyon pòs rasambleman yo
- Chache yon lokal pou reyalize pos la
- Chache patisipasyon moun nan kominote a nan bay chez ak tab
- Prepare yon sijè sou vaksen oswa yon lòt sijè
- Prepare materyèl yo tankou: tèmos, vaksèn, bwat sekirite, santimèt, riban pou mezire bra timoun yo, plim, fomilè rapò vaksèn, elatriye
- Fè pase mesaj la nan megafon nan lègliz, nan gage, epi nan jou mache



AKTIVITE KOMINOTÈ YO

swit

Pandan

- Vini a lè
- Mete disiplin
- Fè edikasyon
- Fè kontwol nitrisyonel
- Fè anregistreman
- Fè vaksen selon bon jan prensip
- Byèn gere fatra yo
- Ba moun yo randevou

Apre

- Fè rapò pòs la
- Ramase tout materyèl
- Remete materyèl tankou tab oubyen chez yo te prete ou

REYINYON KOMINOTÈ

Kisa li ye

Reyinyon kominotè se yon reyinyon yo fè avek lidè nan zon nan. Wap pale de pwoblem ki nan kominote a.

Poukisa nou fè l

Reyinyon Kominotè fèt pou poze yon pwoblem ki nan kominote a pou eseye jwenn yon solisyon.

KOUMAN POU ÒGANIZE YON REYINYON KOMINOTÈ

Anvan reyinyon an

- Krete yon lis lidè yo nan zòn travay la.
- Kòmanse bati relasyon ak lidè sa yo chak okazyon ou genyen.



AKTIVITE KOMINOTÈ YO

swit

- Envite lidè ak manm kominotè enfliyan yo nan reyinyon kominotè a avèk yon lèt fòmèl epi pase lakay yo oumenm pou fè yo sonje de reyinyon an.
- Pa envite plis ke 25 moun si li posib.
- Chwazi yon kote ki gen ase espas ak ki pwòp ak konfòtab.
- Chwazi yon dat ak tan ki kòrèk.
- Prepare sijè reyinyon an, enfòmasyon teknik, ak materyèl yo.

Pandan reyinyon an

- Rive alè epi respektè lè kòmansman ak lè pou fini. Yon reyinyon kominotè pa dwe dire plis ke 2 èdtan.
- Remèsye manm kominotè yo pou prezans yo.
- Bay objektif nan reyinyon an yo.
- Chwazi yon moderatè.
- Dirije diskisyon an epi konsantre sou chèche jwenn solisyon.
- Sèvi ak bon jan mwayen pou pale.
- Chwazi yon moun pou ede w mennen diskisyon.

Lan fen reyinyon an

- Poze kesyon pou wè si yo te konprann epi rezime pwen prensipal nou te diskite yo pou asire ke tout moun te konprann.
- Fòk nou sèten ke tout enfòmasyon ranmase ak anrejistre epi fè demach sou yo.
- Fòk nou sèten ke gen yon plan kouman nap konnen nou fè tout sa nou deside fè apre reyinyon an.
- Remèsye tout moun pou patisipasyon yo.
- Chwazi yon dat pou yon lòt reyinyon si sa nesesè



BON JAN MWAYEN POU NOU PALE

sou paj 115 Liv Patisipan

- ☐ Montre respè pou moun.
- ☐ Bay eksplikasyon nan yon langaj ki klè epi senp.
- ☐ Poze kesyon pou nou ka sèten ke moun yo konprann.
- ☐ Evite poze kesyon ki fenmen pou ankouraje dyalòg.
- ☐ Byen konnen reyalite ak pwoblem gwoup ki an fas ou.
- ☐ Ankouraje moun yo pataje eksperyans yo ak res gwoup la.
- ☐ Montre moun kap pale a ke w ap koute l, epi montre yo ke ou konprann.
- ☐ Gade moun kap pale a nan je, fè jes pou montre ke ou konprann li.
- ☐ Bay bon jan enfomasyon sou nitrisyon, vaksen, sante fanm, elatriye.
- ☐ Enfomasyon wap bay yo kapab chanje tout depan gwoup ki anfas ou a.
- ☐ Pa kite yon sèl moun pale. Pinga fè moun yo obsevasyon malonèt, joure, oswa enpoze lide ou yo sou moun.
- ☐ Wap sèlman yon gid, men pa yon otorite.
- ☐ Fòk nou respekte koutim nou jwenn nan kominote a.
- ☐ Se pou ou onèt sou sa ou kapab fè epi sa ou pa ka fè.

SESYON 6 FÈ PRATIK NAN ÒGANIZE AKTIVITE KOMINOTÈ



Metòd yo: Diskisyon an gwo gwoup ak aktivite an ti gwoup



Tan: 2 èdtan ak 15 minit



Objektif yo

Patisipan yo ap kapab:

- g.** Di kijan w ka planifyeyon aktivite kominotè.
- h.** Dekri kijan pou fè yon plan aktivite kominotè.



Preparasyon

- Revize Kesyon sou Òganize Yon Aktivite Kominotè ak Plan Aktivite Kominotè ki anba a yo.
- Trase yon echantiyon Plan Aktivite Kominotè sou yon gwo fèy papye (ekri tèt kolòn an sèlman, kite espas nan plan an vid pou yo ka ranpli yo pandan sesyon sa a).
- Fè Fotokopi Plan Aktivite Kominotè a (1 kopi pou chak patisipan).



Materyèl yo

- Kesyon sou Òganize Yon Aktivite Kominotè sou paj 116 nan Liv Patisipan an
- Fotokopi Plan Aktivite Kominotè a
- Echantiyon Plan Aktivite Kominotè trase sou yon gwo fèy papye
- Gwo fèy papye
- Makè
- Tèp



ETAP YO



30 minit

- 1.** Eksplike ke kounye a patisipan yo pral kalkile ansanm ak planifye yon aktivite kominotè ansanm.

2. Di patisipan yo jwenn Kesyon sou Òganize Yon Aktivite Kominotè sou paj 116 nan Liv Patisipan yo. Di patisipan yo sèvi ak kesyon sa yo pou kalkile ak planifye nenpòt ki kalite aktivite kominotè. Fè yon volontè li kesyon yo byen fò:

Kesyon sou Òganize Yon Aktivite Kominotè

- Pouki nou fè aktivite sa a?
- Pouki sijè sa a konsekan, epi kòman w ap ka atire ak kenbe enterè kominote a?
- Kijan ou pral deside ki kote ak ki lè pou fè aktivite sa a?
- Ki materyèl ak lòt resous w ap bezwen pou prepare aktivite sa a?
- Kòman yo pral separe travay ant manm kominotè k ap patisipe?
- Ki sa chak manm kominotè pral fè pou prepare aktivite sa a?
- Kijan ou pral anrejistre enfòmasyon yo ranmase pandan aktivite sa a?
- Kijan ou pral rapòte enfòmasyon sou aktivite sa a bay sipèvizè ou a?

3. Di patisipan yo:

Imajine ke nan denye pòs rasanbleman nan zòn ou an, te gen anpil timoun ki pa t'janm pran vaksen. Sipèvizè w te mande tout Ajan Kore Fanmi nan zòn ou yo sèvi ak pwochen reyinyon klèb manman ou a edike manman yo sou enpòtans vaksen ak kòman ou kapab fè pitit yo pran vaksen nan fason ki kòrèk.

Koulye a, nou pral sèvi ak kesyon pou prepare yon aktivite kominotè pou kalkile tout bagay ou ta bezwen fè pou prepare reyinyon klèb manman sa a.

4. Poze patisipan kesyon yo epi ankouraje yon diskisyon. Gade modèl repons ki anba a yo epi lè w ap sikile konsa ajoute enfòmasyon sou diskisyon an jan sa nesesè:

- Kisa ki objektif aktivite sa a?
(Nan fen reyinyon klèb manman yo, patisipan yo pral konprann enpòtans vaksinasyon ak kòman yo kapab fè pitit yo pran vaksen.)
- Kouman sijè enpòtan ak ki jan ou pral angaje enterè kominote?
(Sijè sa a enpòtan paske li te wè se yon pwoblèm li ye pandan denye pòs rasanbleman la. Atire enterè manman yo, eksplike rezon ki fè ou chwazi sijè sa a, pandan ke w sèvi avèk bon jan mwayen pou pale, ankouraje dyalòg, elatriye)
- Kijan ou pral chwazi ki kote ak ki lè pou fè aktivite sa a?
(Pale avèk manman yo pandan w ap mete klèb la kanpe epi chwazi yon dat, lè, ak kote ke ou konnen k'ap bon pou yo, elatriye.)

- Ki materyèl ak lòt resous w ap bezwen pou prepare aktivite sa a?
(*echantiyon kat vaksen, depliyan, albòm imaj, liv patisipan, elatriye.*
Sèvi ak materyèl yo pou prepare pwen diskisyon ou yo davans, elatriye)
- Kouman yo pral separe travay a ant manm kominotè k ap patisipe?
(*Pandan klèb manman yo 'ou kapab diskite sou ki ta dwe fè sa,*
elatriye)
- Ki sa chak manm kominotè pral fè pou prepare aktivite sa a?
(*Pou pòs yo: yo kapab jwenn tab, chez, kabann, elatriye*)
- Kijan ou pral anrejistre enfòmasyon yo pran pandan aktivite sa a?
(*Ekri enfòmasyon sou fòm ki bon pou sa.*)
- Kijan ou pral rapòte enfòmasyon sou aktivite sa a bay sipèvizè ou a?
(*Nan fen mwa a ou pral bay sipèvizè w fòm ki gen tout aktivite*
kominotè-w la sou li.)

5. Mande ki kesyon patisipan yo gen sou enfòmasyon yo diskite epi bay repons ki kòrèk oswa fè yon patisipan ki gen eksperyans reponn.

6. Mande patisipan kesyon ki anba la yo, epi ankouraje plizyè repons diferan:

- Poukisa li enpòtan pou prepare pou Aktivite Kominotè davans?
(*Ou bezwen tan pou ranmase materyèl, revize yo, ak prepare sa w ap prezante; ou bezwen verifye avèk manm kominote a anvan pou ka asire w ke y' ap vini; lè w prepare an avan ou ka dekouvri pwoblèm oswa kesyon ou genyen epi, w ap gen tan mande sipèvizè w la oswa lòt Ajan Kore Fanmi yo pou èd si w bezwen li, elatriye.*)
- Si ou pa Fè plan alavans oswa prepare byen, sa ki ka rive?
(*Ou kapab pa prezante tout enfòmasyon ke manm kominote a pral bezwen; si afè w pa an lòd manm kominote a yo pap fè w konfyans epi yo pap vini nan yon lòt aktivite kominotè paske yo kapab konnense pèdi yap vin pèdi tan; elatriye.*)



5 minit

7. Divize patisipan yo an ti gwoup 4-6 patisipan nan chak. Bay chak gwoup youn nan aktivite kominotè ak sijè yo, oswa yon lòt w chwazi:

- Klèb Manman – enpòtans ki genyen nan planin
- Klèb Manman – enpòtans ki genyen nan bay tete
- Klèb jèn – ki jan ak poukisa pou sèvi ak kapòt
- Reyinyon vwazinaj – kòman pou evite epi trete maladi kolera
- Reyinyon vwazinaj Yo – Ki jan pou fè pou evite pran malarya

8. Bay chak gwoup yon gwo fèy papye ak yon makè. Eksplike devwa ti gwoup la:

- Sèvi ak Kesyon sou Planifye yon Aktivite Kominotè pou fè plan pou aktivite gwoup ou a.
- Ekri yon deskripsyon tou kout plan w la sou yon gwo fèy papye.
- Mwen pral chwazi kèk gwoup pou prezante plan yo nan gwo gwoup la, men mwen pa pral di w ki gwoup mwen te chwazi, se konsa tout gwoup yo ta dwe prepare pou prezante.
- Chwazi yon reprezantan gwoup pou prezante travay gwoup ou a.
- W ap gen 20 minit pou travay la.
- W ap gen 5 minit pou prezante.



20 minit

9. Di gwoup yo kòmanse travay. Pandan gwoup yo ap travay sikile pou ofri èd. Remake ki gwoup nan yo gen pi bon plan yo. Chwazi 2 ou 3 gwoup ki gen pi bon plan yo pote rapò bay gwo gwoup la. Chwazi omwen 2 kalite aktivite kominotè diferan si sa posib.



15 minit

10. Mande yon reprezantan nan 1ye gwoup ou chwazi a prezante plan yo. Eseye pa kite yo pran plis ke 5 minit konsa.

11. Mande patisipan yo pou komantè sou plan an ak ki jan yo ta ka amelyore plan an. Eseye pa kite yo pran plis ke 10 minit konsa pou komantè a.



30 minit

12. Fè menm jan ankò pou rèz gwoup ou te chwazi yo



35 minit

13. Fè patisipan yo sonje ke chak fwa yo fè yon aktivite kominotè, yon sèl moun ki prezan ta dwe pran nòt e mete yo an sekirite pou ke Ajan Kore Fanmi yo kapab gade nòt yo ankò anvan lòt aktivite a.

14. Mande yon volontè li enfòmasyon osijè nòt reyinyon sou paj 117 nan Liv Patisipan an byen fò pou tout moun ka tandè. Mande ki kesyon patisipan yo gen sou enfòmasyon yo epi reponn nan fason ki kòrèk:

Nòt Reyinyon

- Non oswa kantite moun ki prezan
- Dat aktivite
- Ajanda
- Sijè prezantasyon oswa egzibisyon
- Kòmantè oswa kritik nan gwoup la
- Desizyon nou pran

15. Bay chak moun yon kopi Plan pou Aktivite Kominotè. Eksplike ke Ajan Kore Fanmi yo ap kreye plan aktivite tankou sa chak mwa avèk èd sipèvizè yo.
16. Afiche echantiyon Plan Aktivite Kominotè ou prepare a. Bay patisipan yo egzanp yon aktivite kominotè, ki genyen kalite aktivite, dat, lè, kote, elatriye epi mande yon volontè di ou sa pou ekri nan chak kolòn. Mande patisipan yo ekri menm enfòmasyon an nan kopi Plan Aktivite Kominotè pa yo.
17. Fè menm bagay sa kèlke fwa toujou, jouk ou santi ou ke patisipan yo kapab ranpli Plan Aktivite Kominotè a alèz.
18. Mande patisipan kesyon ki anba yo, epi ankouraje yon ti diskisyon tou kout:
 - Kòman ou pral deside konbyen aktivite ak ki kalite aktivite pou mete nan Plan Aktivite Kominote w la? Kilès ki ka ede w ak sa a?
 - Ki pwoblèm ou kapab genyen lè w ap planifye yon aktivite kominotè?
 - Kòman w ap ka rezoud pwoblèm sa yo?

ECHANTIYON PLAN AKTIVITE KOMINOTÈ

[illegible]

SESYON 7

VIZIT NAN LEKÒL



Metòd: Istwa



Kantite tan: 1 èdtan



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- i. Idantifye etap ki genyen pou fè yon vizit nan lekòl.



Preparasyon

- Revize Etap pou Vizit nan Lekòl ak istwa ki anba la.



Materyèl yo

- Etap pou Vizit nan Lekòl nan paj 112–113 nan Liv Patisipan
- Istwa Vizit nan Lekòl nan paj 124 nan Liv Patisipan



ETAP YO



10 minit

1. Di patisipan yo:

Youn nan responsabilite ou tankou Ajan Kore Fanmi se pou vizite lekòl yo regilyèman pou prezante sijè sante tankou ijyèn oswa nitrisyon pou elèv yo. Ou gen dwa vizite lekòl yo tou akòz yon sitiyasyon ijan tankou epidemi kolera a, oswa yon evènman espesyal tankou kanpay vaksinasyon oswa Semèn Timoun nan.

Ou dwe vizite tout lekòl ki nan zòn ou regilyèman. Sipèvizè w ap detèmine konbyen fwa ou pral vizite chak lekòl, ak vizit sa yo ap fè pati nan plan aktivite chak mwa ou.

Nan sesyon sa a nou pral revize etap ou dwe swiv yo pou planifye ak pou fè yon vizit nan lekòl. W ap gen chans pratike òganize ak fè vizit nan lekòl plis nan yon lòt fòmasyon.

2. Divize patisipan yo nan ti gwoup 4–5. (Gwoup diferan ki sòti nan aktivite anvan).

3. Di gwoup yo chèche jwenn Istwa Vizit nan Lekòl nan paj 124 nan Liv Patisipan yo. Mande yon volontè li istwa la ak kesyon yo fò pou tout moun tande.

4. Eksplike tach la ti gwoup:

- Diskite sou kesyon istwa sa yo. Tout manm gwoup yo ta dwe patisipe nan diskisyon an.
- Chwazi youn nan manm gwoup nan ekri repons kout kesyon yo.
- Chwazi youn nan manm gwoup nan prezante repons pou tout gwoup nan.
- W ap gen 20 minit pou travay.



20 minit

5. Di gwoup yo kòmanse travay. Pandan gwoup yo ap travay, sikile fè ti ale vini pou asire w ke gwoup yo konprann travay la ak ap fè pwogrè. Bay gwoup avètisman 10, 5, ak 1-minit yo.



20 minit

6. Di gwoup yo sispann travay la. Mande yon gwoup bay rapò repons yo pou kesyon premye istwa la. Aprè sa a, mande si lòt gwoup yo gen lòt bagay pou ajoute (yo pa ta dwe repete repons ki bay deja yo).

7. Fè menm bagay sa ankò pou chak istwa, fè yon gwoup diferan bay rapò chak fwa.



10 minit

8. Mande patisipan yo chèche jwenn Etap pou Vizit nan Lekòl nan paj 112–113 nan Liv Patisipan Mande yon volontè li li etap yo fò pou tout moun tande.

9. Mande patisipan kesyon ki, epi ankouraje yon ti diskisyon tou kout:

- Ki etap gwoup yo te site pandan diskisyon istwa la?
- Ki lòt etap oswa konsèy gwoup yo te site pandan diskisyon istwa la?
- Ki etap ap pi difisil ak kijan ou kapab jere difikilte sa yo?



ISTWA VIZIT NAN LEKÒL

nan paj 41 Liv Patisipan an



Chantale se yon nouvo ajan kore fanmi. Nimewo ka maladi kolera ap monte nan mwa ki sot pase yo nan zòn kote Chantale travay. Pandan reyinyon chak mwa la, sipèvizè Chantale la ba li fè vizit nan lekòl nan zòn li pandan pwochen mwa pou pale osijè prevansyon kolera.

Aprè rankont lan, Chantale apwoche ou epi mande èd pou planifye vizit nan lekòl yo. Ki konsèy ou pral ba li?

Kesyon

- Kisa li ta dwe fè avan lè pou planifye vizit nan lekòl la?
(Kontakte Direktè lekòl la, chwazi yon dat ak yon lè, deside ki jan li pral prezante sijè a, prepare prezantasyon an, ranmase epi prepare materyèl, elatriye.)
- Kisa li ta dwe fè pandan vizit nan lekòl la pou asire ke li efikas?
(Pale nan nivo timoun yo, sèvi ak mo timoun yo konprann, atire atansyon timoun yo pa poze kesyon ak sèvi yon chan, istwa, oswa foto, tcheke konpreyansyon timoun yo pa poze yo keksyon sou sijè a, elatriye.)
- Kisa li ta dwe fè apre chak vizit nan lekòl la?
(Di timoun yo, pwofesè, ak direktè yo mèsi, rezime sa timoun ta dwe fè avèk enfòmasyon an, elatriye.)
- A ki difikilte li ta ka fè fas pandan l ap planifye ak òganize vizit nan lekòl la? Ki konsèy ou ta ba li sou difikilte yo?
(Repons yo ap varye.)



ETAP POU VISIT NAN LEKÒL

nan paj 26–27 Liv Patisipan an

Avan vizit la

1. **Fè yon lis lekòl yo** nan zòn ou a ke ou responsab pou yo.
2. **Kontakte direktè/direktris lekòl la** omwen 1 semèn davans pou mete yon dat ak yon lè pou vizit la. Ou ta dwe bay direktè lekòl la oswa enfimyè lekòl la enfòmasyon pou kontakte ou premye fwa nou rankontre ak ankouraje yo rele lè timoun yo malad pou ede gide sijè pi enpòtan pou vizit.
3. **Mande direktè a fè elèv yo sonje pote Kat Vaksinasyon yo** nan lekòl la nan jou vizit la si li se yon vizit kanpay vaksinasyon.
4. **Eksplike objektif vizit yo** bay Direktè a.
5. **Chwazi yon sijè pou diskite** depi davans. Sa a ka fè an kolaborasyon ak yon enfimyè lekòl la si gen youn prezan. Sipèvizè a tou kapab pwopoze yon sijè espesyal ki bezwen adrese nan ka yon sitiyasyon ijans tankou yon epidemi kolera oswa lawoujòl.
6. **Prepare sijè w ap prezante nan vizit la.** Sijè sa a ka prezante tankou yon demonstrasyon, chan, prezantasyon, oswa diskisyon. Sèvi ak enfòmasyon ki soti nan Liv Patisipan an, gwo fèy papye, oswa lòt dokiman lè w ap prepare prezantasyon ou.
7. **Prepare okenn materyèl** ki nesèsè pou vizit la (echantiyon sewòm oral pou yon demonstrasyon ak Diskisyon sou kolera, materyèl vaksinasyon pou yon vizit kanpay vaksinasyon, elatriye).

Pandan vizit la

8. **Prezante sijè ou te prepare a** (chante, demonstrasyon, elatriye). Prezantasyon w a ta dwe dire apeprè 15–30 minit. Nan lekòl nan provens yo nou fasil gen 5–6 klas ke ou pral vizite apa, konsa planifye pou pase jiska 3 èdtan nan chak lekòl.
9. **Gade si yo konprann.** Poze elèv yo kesyon pou ou kapab asire ou ke yo te konprann sijè a. Ou kapab mande elèv yo rezime enfòmasyon, oswa mande yon elèv fè yon demonstrasyon. Si sa nesèsè, **atire atansyon sou enpòtans** ki genyen nan kenbe kat vaksinasyon oswa lòt dokiman enpòtan yo nan yon kote ki an sekirite.

SESYON 8 REYINYON KOMINOTÈ YO



Metòd: Brase lide ak diskisyon an gwo gwoup



Tan: 30 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- j. Dekri kijan e pouki pou òganize yon reyinyon kominotè.



Preparasyon

- Revize objektif ak etap pou òganize yon reyinyon kominotè.



Materyèl yo

- Objektif ak etap pou òganize yon reyinyon kominote sou paj 110 Liv Patisipan an
- Desen chenn mobilizasyon kominotè ki soti nan sesyon anvan yo



ETAP YO



30 minit

1. Di patisipan yo:

Youn nan aktivite kominotè ke ou dwe òganize se reyinyon kominotè. Rezon pou fè reyinyon kominotè se pou ede manm kominotè reflechi sou yon pwoblèm kap pase nan kominote a.

Ajan Kore Fanmi yo bezwen konnen ki fason pou yo òganize reyinyon kominotè epi sèvi ak divès kalite zouti, tankou kat jeyografik, pyebwa pwoblèm, ak tablo priyorite, pou ede manm kominotè analize ak konbat pwoblèm sante.

2. Mande patisipan yo jwenn objektif ak etap pou òganize yon reyinyon kominotè sou paj 110 nan liv yo (sa yo te diskite pou yon ti tan nan yon sesyon anvan). Mande yon volontè li enfòmasyon an byen fò.

3. Mande patisipan yo kesyon sa yo. Ajoute kèk pwòp egzanp ou yo si sa nesesè:

- Reflechi sou istwa depi nan konmansman fòmasyon sa a ak pwòp eksperyans ou ak reyinyon kominotè. Kisa se kèk rezon patikilye ki ka mande pou òganize yon reyinyon kominotè?

(Pou konbat yon pwoblèm sante nan kominote a, tankou yon ogmantasyon nan ka kolera, malarya, oswa tifoyid oswa nimewo timoun ki fè malnitrisyon; pou mobilize manm kominotè a pou yon kanpay vaksen; elatriye.)

- An jeneral, kilès ta dwe fè pati yon reyinyon kominotè? Poukisa?
(Lidè kominotè yo, chèf nan gwoup kominotè yo, lidè relijye ak politik nan kominote a, pwofesè ki soti nan kominote a, anplwaye klinik ak Ajan Kore Fanmi yo ki soti nan kominote a, lòt manm kominotè moun fè konfyans ak gade yo tankou lidè, elatriye.)
- Kouman reyinyon kominotè yo fè pati chenn mobilizasyon kominotè? Ki sa ka rive nan yon reyinyon kominotè pou ede manm kominote a traveze tout etap mobilizasyon kominotè?
(Pandan reyinyon kominotè manm kominote a kapab analize yon pwoblèm sante, kreye yon plan aksyon, evalye aksyon, elatriye.)

4. Pwente sou chak etap nan desen chenn mobilizasyon kominotè a epi di patisipan yo:

1. **Òganize:** òganize yon reyinyon kominotè se 1ye etap chenn mobilizasyon kominotè a.
2. **Analize sitiyasyon:** pandan reyinyon kominotè, manm kominotè pral analize kòz ak konsekans pwoblèm yo, epitou identifye resous ki disponib pou konbat pwoblèm nan.
3. **Kreye yon plan aksyon:** sa a tou rive pandan reyinyon kominotè a.
4. **Poze aksyon:** aksyon rive apre reyinyon kominotè, apre yo fin genyen yon plan aksyon.
5. **Evalye aksyon an:** evalyasyon ka fèt nan yon lòt reyinyon kominotè.

5. Pwente sou 2yèm etap chenn la (analize sitiyasyon an) ankò ak di patisipan yo:

Nan premye reyinyon kominotè a li enpòtan pou idantifye resous kominotè ke manm kominotè yo kapab sèvi pou konbat pwoblèm sante nan kominote a. Resous yo kapab moun, sèvis, espas reyinyon, elatriye.

6. Mande patisipan kesyon ki anba a yo epi ekri repons enpòtan yo sou yon gwo fèy papyè:

- Imajine ke w ap travay nan yon zòn kote yo te gen ka kolera. Ki resous yon kominote ta kapab genyen ki ka ede konbat pwoblèm kolera a?

(Sous dlo pwòp (potab) oswa pwodui tretman dlo, zòn pou boule fatra san danje, latrin, klinik, òganizasyon kominotè, òganizasyon entènasyonal, legliz, lekòl yo, pwogram sipò sosyal, lidè kominotè, elatriye.)

- Kounye a, imajine ke w ap travay nan yon zòn kote yo te gen ka malarya. Ki resous yon kominote ta ka genyen ki ka ede konbat pwoblèm malarya a?

(Yon sant sante oswa famasi kote yo ka jwenn moustikè, legliz oswa espas kominotè kote Ajan Kore Fanmi yo ka separe moustikè, ak montre moun kouman yo sèvi ak yo, lekòl yo ak lòt òganizasyon kote aktivite edikasyon kapab fèt, elatriye.)

7. Rezime pa di patisipan yo:

Pandan premye reyinyon kominotè, ou ka dirije yon brase lide, menm jan nou te fè isit la, pou ede manm kominotè idantifye resous ki nan kominote yo ki te kapab sèvi pou konbat pwoblèm sante nan kominote a.

8. Eksplike ke nan pwochen sesyon patisipan yo ap fè pratik sou sèvi avèk kèk zouti ke yo kapab sèvi ak manm kominotè yo pou analize pwoblèm sante ak resous yo.

SESYON 9

ANALIZ SITIYASYON AN



Metòd yo: Aktivite an Ti gwoup Ak an Aktivite Gwo gwoup



Tan: 2 èdtan



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- k. Dekri zouti Ajan Kore Fanmi yo ka sèvi pandan reyinyon kominotè pou ede idantifye pwoblèm sante, sa ki lakòz yo ak konsekans yo, ak solisyon ki posib, tankou kat jeyografik, pyebwa pwoblèm, ak tablo priyorite.




Preparasyon

- Sou yon gwo fèy papye, kreye yon kle pou yon kat kominotè ak senbòl senp ki reprezante chak kalite enstitisyon oswa resous, men yon jan: yon triyang pou yon kay, yon triyang ak yon kwa sou tèt pou yon legliz, yon triyang ak yon kwa andedan pou yon sant sante, yon triyang ki gen yon drapo pou yon lekòl, yon ti gwoup kwa pou yon simityè, yon chwal pou yon jaden, yon kare pou yon jaden legim, elatriye. Mete kèk egzanp pwoblèm anviwonman yo nan kle a, men yon jan: senbòl pou fatra ki kolekte nan yon zòn, dlo kowonpi oswa sal, latrin kap debòde, elatriye.
- Sou yon lòt moso gwo fèy papye, trase yon “pyebwa pwoblèm:” yon gwo pyebwa senp ki gen yon ti bout tij laj, anpil rasin, ak anpil branch. Kite anpil espas anwo chak branch ak anba chak rasin pou ekri.
- Fè fotokopi kat pwogram ofisyèl inisyativ Kore Fanmi a (1 kopi pou chak patisipan).



Materyèl yo

- Kle pou yon kat kominotè ki trase sou yon gwo fèy papye
- Pyebwa pwoblèm trase sou yon gwo fèy papye
- Fotokopi kat pwogram ofisyèl pou inisyativ Kore Fanmi
- Gwo fèy papye
- Makè
- Tèp



ETAP YO

PATI 1: KAT KOMINOTÈ A



10 minit

1. Di patisipan yo:

Koulye a, nou pral konsantre diskisyon nou sou kouman nou kapab ede manm kominotè yo rive nan 2yèm etap chenn aksyon kominotè ki se analize sitiyasyon an. Pou fè sa, ou dwe travay ak manm kominotè yo pou yo jwenn:

- Pwoblèm sante ki pi ijan yo nan kominote a
- Kòz ak konsekans chak pwoblèm
- Resous kominotè ki te kapab sèvi pou konbat pwoblèm sa

2. Mande patisipan yo kesyon sa yo. Aksepte repons ki kòrèk epi ajoute lòt lide si sa nesesè:

- Sonje ke ou dwe ede manm kominote a analize sitiyasyon an pou tèt yo, olye ke pou-w analize sitiyasyon an pou yo. Pouki li enpòtan pou-w fè sa?

(Manm Kominote deja konprann anpil nan pwoblèm sante yo genyen, epi yo pral kapab idantifye yo pi rapid ak jwenn solisyon ki kòrèk yo pase si ou fòse lide-w sou yo.)

(Li bay manm kominote a okazyon pou diskite ak rive jwenn yon akò sou priyorite, aksyon yo, elatriye)

(Si manm kominotè yo patisipe nan analiz ak pran desizyon depi nan konmansman an yo, yo pral gen plis chans konnen se pou yo li ye, patisipe nan tout chenn mobilizasyon kominotè a, ede chache solisyon pou pwoblèm ki ta ka rive, epi travay sou pwojè yo pa konpe twò bonè, elatriye)

(Si Ajan Kore Fanmi ankouraje tout manm kominotè yo patisipe olye ke senpleman fòse lide l' sou yo, manm kominote yo gen plis chans gen konfyans nan Ajan Kore Fanmi la epi yo pral vle travay avèk li nan lavni.)

3. Di patisipan yo:

Koulye a, nou pral fè pratik nan sèvi avèk 3 zouti nou ka sèvi ak manm kominotè yo pou fè yon analiz sitiyasyon:

- Kat kominotè pou yo jwenn pwoblèm sante ak resous

- Pyebwa pwoblèm pou analize pwoblèm yo, kòz yo, ak konsekans yo
- Tablo priyorite a pemet w fè yon lis pwoblèm pandan wap komanse ak sa ki pi ijan yo jiske yo rive nan sa ki pa telman ijan



15 minit

4. Eksplike ke kounye a patisipan yo pral fè pratik nan fè kat kominotè. Montre patisipan yo kle kat ke ou prepare epi bay ti eksplikasyon chak senbòl.
5. Afiche yon gwo fèy papye vid epi ekri tit «kat kominotè» sou tèt fèy la. Eksplike ke ou pral mande patisipan yo ede ou desine yon kat jeyografik senp zòn kote fòmasyon sa a ap fèt. Kat jeyografik la pa pral enkli detay tout bagay nan zòn nan, men ap gen resous prensipal yo ladan l', ak pwoblèm sante.
6. Trase kèk senbòl kèk kote prensipal epi eksplike yo. Lèfini mande patisipan yo ki lòt kote oswa resous yo ta dwe enkli sou kat la. Pandan patisipan yo ap bay lide, ekri senbòl yo sou kat jeyografik la, mete chak senbòl nan kote ki kòrèk pou yo. Mete kèk pwoblèm anviwonman tankou fatra ki kolekte nan yon zòn, dlo kowonpi, elatriye sou kat jeyografik la tou (envante kèk si sa nesesè).
7. Mande patisipan yo ki kesyon yo gen sou jan yo ka kreye kat jeyografik resous ak pwoblèm sante kominotè yo, epi bay repons ki kòrèk.



25 minit

8. Mande patisipan yo fòme ti gwoup pou ke patisipan k ap viv nan menm kominote yo nan menm gwoup la. (Gwoup yo ka gen gwo diferan.) Si pifò patisipan yo soti nan menm zòn, chwazi yon lòt metòd diferan pou fòme gwoup yo.
9. Bay chak ti gwoup yon gwo fèy ak yon makè. Eksplike devwa ti gwoup la:
 - Avèk ti gwoup w a, desinen yon kat kominotè w. Mete resous ak pwoblèm sante nan kat la. Sèvi ak senbòl nan kle a yo epi envante lòt senbòl si sa nesesè.

- Kat ou an dwe genyen:
 - Jeyografi: Mon, fon, rivyè, sous dlo, fore, elatriye
 - Resous yo: Klinik, jaden, lekòl, òganizasyon kominotè, elatriye.
 - Pwoblèm anviwonman: dlo kowonpi, sous dlo sal, elatriye.
- W ap gen 20 minit pou travay.

10. Mande ti gwoup yo kòmanse travay. Sikile nan gwoup yo pandan y ap travay pou asire yo konprann travay la. Bay gwoup yo avètisman 10, 5, ak 1-minit yo.



25 minit

- 11.** Mande patisipan yo sispann desine ak ranmase tout makè yo.
- 12.** Mande yon gwoup ki gen yon kat jeyografik ki byen devlope prezante kat yo nan gwo gwoup la.
- 13.** Apre prezantasyon an mande patisipan yo ki kesyon ak kòmantè yo genyen sou kat jeyografik la, epi pèmèt prezantatè yo reponn.
- 14.** Fè menm jan pou yon lòt ti gwoup oswa de si ou gen tan.
- 15.** Eksplike ke Ajan Kore Fanmi yo ka sèvi ak aktivite sa a pou premye etap yon analiz sitiyasyon pandan yon reyinyon kominotè. Kat ki te kreye nan yon reyinyon kominotè ka agrandi nan lòt reyinyon nan lavni.
- 16.** Bay tout moun kopi kat jeyografik ofisyèl pwogram Kore Fanmi a. Mande volontè yo idantifye resous ki sou kat la. Ede oswa korije jan sa nesesè.
- 17.** Mande patisipan kesyon ki anba yo, epi ankouraje yon ti diskisyon tou kout:
- Ki resous ki sou kat Kore Fanmi sa a pa enkli nan kat ke ou te kreye sa yo?
 - Ki resous sou kat ou a pa enkli nan kat Kore Fanmi sa a?
 - Kisa ka eksplike kèk nan diferans ki genyen?
- 18.** Eksplike ke patisipan yo pral sèvi ak toude resous yo devlope pou pwojè Fanmi Kore a ak resous ki nan pwòp kominote yo pou analize pwoblèm sante ak solisyon pronmèt.



30 minit

PATI 2: PYEBWA PWOBLÈM

19. Eksplike:

Pyebwa pwoblèm se yon zouti ki pemet ou we kòz ak konsekans yon pwoblèm nan kominote a.

20. Afiche pyebwa pwoblèm ou prepare a. Chwazi youn pwoblèm sante (malarya, dyare, elatriye) epi ekri pwoblèm nan nan mitan tij pyebwa a. Bay ti esplikasyon ki sa yon pyebwa pwoblèm ye: li se yon fason moun kapab wè pou analize ak montre yon pwoblèm, kòz li yo, ak konsekans li yo.

21. Mande patisipan site tout kòz posib pou pwoblèm nan. Ekri chak kòz anba oswa akote youn nan rasin pyebwa yo. Bay yon egzanp si sa nesèsè (yon kòz dyare se bwè dlo sal). Epi fè menm bagay sa a ankò jouk divès kòz pwoblèm yo site ak ekri sou rasin pyebwa a.

22. Mande patisipan yo site yon konsekans posib pou pwoblèm nan epi ekri li sou yon branch pyebwa a. Bay yon egzanp si sa nesèsè (konsekans dyare yo se dezidratasyon, malnitrisyon, epi nan ka ekstrèm, lanmò). Epi fè menm bagay sa a ankò jouk divès kalite konsekans pwoblèm nan site ak ekri sou branch pyebwa yo.

23. Mande patisipan yo:

- Pouki li enpòtan pou manm kominote yo wè diferans ki genyen ant kòz ak konsekans, epi pouki pou yo mete toude nan analiz yo?

(Pou konprann ki jan pou anpeche pwoblèm lan nan lavni li enpòtan pou okipe sa ki lakòz yon pwoblèm pa jis konsekans yo. Tankou, trete timoun ki gen dyare ak dezidratasyon se yon bagay enpòtan, men li pa pwal rezoud pwoblèm dlo sal ki lakòz dyare ak dezidratasyon yo. Konbat kòz yo pral ede rezoud pwoblèm sante nan kominote a pou lontan.)

24. Esplike ke patisipan yo ka sèvi ak yon pyebwa pwoblèm pandan yon reyinyon kominotè pou ede manm kominotè yo idantifye sa ki lakòz ak konsekans yon pwoblèm sante nan kominote a.

PATI 3: TABLO PRIYORITE



15 minit

25. Di patisipan yo:

Aprè manm kominote a fin idantifye pwoblèm sante yo, yo ka sèvi ak yon tablo priyorite pou yon etap final nan analiz sitiyasyon pou deside ki pwoblèm pou okipe an premye.

26. Mande patisipan yo site pwoblèm sante yo ki pi ijan nan kat kominotè yo ke yo te kreye. Mande yon volontè ekri pwoblèm sa yo sou yon moso gwo fèy papyè lè patisipan yo ap bay non yo.

27. Lè chak patisipan site non yon pwoblèm, li ta dwe bay yon ti eksplikasyon pouki li ta ka enpòtan pou okipe pwoblèm sa a, dapre kijan pwoblèm nan grav ak ki jan li te kapab fasil pou rezoud.

28. Lè pwoblèm sa yo te ekri sou yon gwo fèy papyè, eksplike ke koulye a patisipan yo pral vote pou deside ki pwoblèm ta dwe okipe an premye. Patisipan yo dwe vote dapre espikasyon kamarad yo te deja bay.

29. Lonje dwèt sou premye pwoblèm nan, mande patisipan ki panse ke pwoblèm sa a ta dwe okipe an premye yo leve men yo. Ekri total vòt la kote pwoblèm lan. Pran yon vòt pou chak pwoblèm nan menm fason sa. Lèfini, konpare total vot yo epi make pwoblèm ki resevwa vòt ki pi plis yo.

30. Eksplike ke sa a se yon tablo priyorite. Nan yon vre reyinyon kominotè, pwoblèm ki resevwa vòt ki pi plis yo ta sipoze pwoblèm ki dwe okipe an premye.

31. Fè patisipan yo sonje ke li enpòtan anpil pou diskite tout pwoblèm yo anvan vòt la. Depi vòt la fini, li enpòtan pou tout moun dakò sou pwoblèm ki dwe plase an premye.

SESYON 10

KOUMAN POU KONTWOLE AKTIVITE KOMINOTÈ



Metòd yo: Prezantasyon Fasilitatè ak Aktivite Pè (aktivite a de)



Tan: 30 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

1. Fin ranpli rapò aktivite kominotè nan fason ki kòrèk epi avèk presizyon.



Preparasyon

- Fotokopi fòmilè a ki kòrèk (fè yon kopi pou chak patisipan).
- Trase kategori ak kolòn ki nan fòmilè a sou yon gwo fèy papye.



Materyèl yo

- Fotokopi fòmilè a ki kòrèk
- Kategori ak kolòn ki nan fòmilè a trase sou yon gwo fèy papye
- Gwo fèy papye
- Makè
- Tèp



ETAP YO



15 minit

1. Di patisipan yo:

Koman nou kapab swiv aktivite ki kap fèt yo, gen mwayen pou verifiye yon travay depi kòmansman jouk finisman pou ke ou ka wè sa ki ale byen, sa ki pa t 'ale byen, epi sa ki ka bezwen amelyore oswa chanje nan lavni. Drese yon rapò sou sa.

2. Mande patisipan yo:

- Ki kalite travay oubyen aktivite yon Ajan Kore Fanmi yo ta dwe kontwole?
(Vizit domisilyè, aktivite kominotè, kantite materyel yap distribye yo, tout lòt sèvis yo, elatriye)

- Pouki li enpòtan pou nou swiv fason aktivite kominotè yap dewoule?
(*Pou wè sa ki te mache byen, sa ki pa t 'mache byen, kisa ki ka amelyore, elatriye*)

3. Di patisipan yo:

Yon pati enpòtan nan siveyans se dokimante tout aktivite yo. Chak aktivite ke Ajan Kore Fanmi an pral fè, lap gen yon fòm rapò pou dokimante li. Koulye a, n'ap fè pratik nan sèvi avèk fòm sa a.

- 4.** Bay chak moun yon fotokopi fòm nan. Montre ki kote Ajan Kore Fanmi la ta dwe ekri non l, dat ak non òganizasyon an, epi mande tout moun ekri enfòmasyon sa a sou fòm yo.
- 5.** Mande kèk volontè li tout sa ki ekri sou fòm la nan kolon yo ak nan lin yo byen fò pou tout moun tandè. Mande patisipan yo jwenn kategori sa yo sou fòm yo pandan y'ap li yo fò.
- 6.** Afiche fòmilè a ki kòrèk sou gwo fèy papye ou prepare a. Esplike kouman pou ranpli kolòn yo, epi ekri echantiyon mak yo sou gwo fèy papye a.



15 minit

- 7.** Mande patisipan yo tounen jwenn ak moun ki akote yo. Eksplike ke ou pral li kèk egzanp byen fò pou tout moun tandè. Patisipan yo ta dwe travay ak patnè yo pou ekri egzanp yo nan espas kòrèk nan fòm lan. Bay kèk egzanp aktivite nou fin fè chak jou, epi tou pou total mak yo nan fen mwa.
- 8.** Pandan w ap li egzanp yo fò, sikile pou gade travay patisipan yo pou asire ke tout patisipan yo konnen ki jan pou yo jwenn chak kategori sou fòm nan epi ranpli li kòrèkteman.
- 9.** Lè patisipan yo fini, mande ki kesyon patisipan yo gen sou kouman pou ranpli fòm sa a epi reponn oswa pèmèt patisipan ki gen eksperyans yo reponn.

SESYON 11

PÒS-TÈS



Metòd: Evalyasyon



Kantite Tan: 30 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- Evalye sa yo te aprann yo pandan fòmasyon an.



Preparasyon

- Koriye pre-tès yo nan kòmansman fòmasyon sa a.
- Prepare pre-tès yo pou remèt patisipan yo.



Materyèl yo

- Kreyon oswa plim pou tout patisipan yo
- Fotokopi Pòs-tès la



ETAP YO



30 minit

1. Fè patisipan yo konnen yap pran yon “pòs-tès” kounye a. Objektif pòs-tès la se pa pou jije patisipan yo, men pito pou asire fòmasyon sa a te satisfè bezwen yo. Pòs-tès la ap ede evalye si fòmasyon sa a bay bon jan rezilta, epitou lap fè li vin pi bon pou fòmasyon pi devan yo.
2. Bay chak patisipan yon fotokopi pòs-tès la.
3. Anvan pòs-tès la, mande patisipan yo pou yo mete enfòmasyon anlè chak paj egzamen an, epi pou yo remèt li ba ou. Si yon patisipan pa konnen dat egzat li te vin yon Ajan Kore Fanmi, mande li pou ekri ane li te vin yon Ajan Kore Fanmi, epi note jou a kòm “30” ak mwa a kòm “6” (jen). Enfòmasyon sa yo ta dwe egzat avèk sa yo te ekri nan pre-tès la.

4. Fè patisipan yo konnen ou pral li kèk kesyon byen fò ki gen rapò ak mwayen pou pale. Patisipan yo ap reponn kesyon yo. Pou fè sa, y ap fè yon ti ron nan pi bon repons lan pou chak kesyon ki nan pòs-tès yo.
5. Di patisipan yo si yo pa konnen repons pou yon kesyon, yo ta dwe kite kesyon an san repons.
6. Esplike wap fè premye kesyon an ansanm. Fè patisipan yo konnen kesyon sa a pa nan egzamen an; se sèlman pou pratik.
7. Li premye kesyon an ak repons posib yo byen fò. Mande yon volontè pou reponn, oswa reponn kesyon an poukont ou. Pou reponn kesyon sa a, patisipan yo ta dwe antoure repons ki sou papyè yo.
8. Li rèss kesyon pòs-tès la ak repons ki posib yo byen fò tou dousman, youn pa youn. Repete kesyon yo ak repons ki posib yo, jan li nesèsè. Apre ou fin li chak kesyon, bay patisipan yo tan pou yo antoure repons lan.
9. Fè patisipan yo konnen ou pral konpare pòs-tès ak pre-tès la depi nan kòmansman fòmasyon an. Separe chak pre-tès ki korije bay chak patisipan.
10. Mande patisipan yo pou yo gade pre-tès korije yo ak dènye pòs-tès yo pou wè kote yo vin pi bon ak sa yo aprann nan. Fè patisipan yo konnen yo pa ta dwe fè okenn chanjman nan pòs-tès yo. Sa trè enpòtan.
11. Mande patisipan yo si yo gen nenpòt kesyon ki gen rapò ak egzamen yo, epi bay eksplikasyon yo, si li nesèsè.
12. Ranmase pre-tès yo ak pòs-tès yo.



KONSÈY: Apre fòmasyon an, egzamine rezilta pre-tès la ak pòs-tès la pou wè domèn kote patisipan yo te fè pi move nòt yo. Enfòmasyon sa yo ap ede ou fè fòmasyon bay bon jan rezilta pi devan. Pa egzanp, si anpil patisipan te jwenn yon kesyon patikilye pa bon nan pòs-tès la, ou ka bezwen esplike yo sijè a nan plis detay lòt fwa wap fè fòmasyon an.

KOREKTUM PÒS-TÈS

Non ou: _____

Dat: _____

Seksyon Kominal: _____

ID AKF: _____

 Depi konbyen tan ou se yon Ajan Kore Fanmi? _____ /
 mwa / lane
Antoure pi bon repons lan pou chak kesyon.

1. Youn nan prensip fason pou granmoun aprann sèke granmoun yo ta dwe:
 - a. Sonje enfòmasyon yo pakè.
 - b. Koute pwofesè a sèlman.
 - c. Fè egzamen pou teste konesans yo.
 - d. **Aprann youn nan men lòt ak nan men fòmasyon a.**
2. Yon lòt prensip fason pou granmoun aprann sèke granmoun yo aprann pi byen lè yo:
 - a. Pran anpil nòt pandan pwofesè a ap pale.
 - b. **Sèvi ak pwòp eksperyans ak konesans yo.**
 - c. Li enfòmasyon yap aprann yo byen fò
 - d. Pa poze twòp kesyon.
3. Ki sijè edikasyon pou bay bon jan rezilta avèk yon demonstrasyon?
 - a. **Fason pou fè Sewom Oral.**
 - b. Avantaj planin familyal.
 - c. Enpòtans ki genyen nan bay yon tibebe tete sèlman.
 - d. Enpòtans vizit anvan akouchman.

4. Yon moman ki bon pou sevi ak echantiyon se:
 - a. Pandan w ap bay enfòmasyon nan yon pòs rasanbleman.
 - b. Pandan yon kozri pou yon gwo gwoup moun.
 - c. **Pandan yon demonstrasyon pou yon ti gwoup moun.**
 - d. Pandan wap bay yon moun konsèy pou ede li jwenn yon desizyon.
5. Yon bon itilizasyon yon kozri se pou:
 - a. Montre yon moun kijan pou sèvi ak kapòt.
 - b. Chèche konnen bezwen yon moun apa.
 - c. **Diskite sou yon sijè sante avèk yon gwoup, epi brase lide pou rezoud pwoblèm yo.**
 - d. Esplike divès kalite metòd pou pa ansent, ak fason yo bay bon jan rezilta.
6. Yon bon itilizasyon albòm foto se:
 - a. **Esplike yon sijè pou yon kantite moun pandan yon vizit nan kay.**
 - b. Esplike yon sijè pandan yon pòs rasanbleman.
 - c. Esplike yon sijè pandan yon reyinyon klèb.
 - d. Esplike yon sijè ba yon salklas ki plen elèv.
7. Lè wap bay yon demonstrasyon, ou ta dwe toujou:
 - a. Rele fò pou tout moun kapab tande ou byen.
 - b. **Envite moun yo pou yo rasanble toupre ou pou tout moun kapab wè.**
 - c. Bay tout moun echantiyon sa w ap demontre a.
 - d. Bougonnen sou moun ki pap gade demonstrasyon an.

8. Lè wap fè yon kozri, ou ta dwe toujou:
 - a. Fè moun yo konnen ou p ap pale sof si yo rete an silans.
 - b. Reponn kesyon moun yo sèlman nan fen kozri a.
 - c. **Ankouraje de moun pale ak brase-lide.**
 - d. Pran nòt pandan moun yo ap pale.

9. Ki mesaj sou sante ki pi bon pou yon Ajan Kore Fanmi bay pou yon gwoup fanm ansent ki nan 8yèm mwa gwosès yo?
 - a. Enpòtans ki genyen pou itilize yon moustikè pou pwoteksyon kont malarya.
 - b. Enpòtans planin famiyal.
 - c. Enpòtans tretman malarya kòrèkteman.
 - d. **Enpòtans ki genyen pou ba tibebe a tete sèlman epi touswit.**

10. Pou ki gwoup yon mesaj sou sante ta pi bon ki gen rapò ak fason pou kòmanse ba tibebe yo manje solid anplis lèt manman?
 - a. Fanm ki nan dènye mwa gwosès yo.
 - b. Manman tibebe ki fèk fèt yo.
 - c. **Manman tibebe ki gen laj 5–6 mwa.**
 - d. Manman tibebe ki gen laj 9–12 mwa.

SESYON 12

EVALYASYON AK BWAT KESYON SEKRÈ YO



Metòd: Diskisyon an gwo gwoup ak evalyasyon alekri



Kantite Tan: 15 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- Bay remak sou fòmasyon an.



Preparasyon

- Si ou planifye pou fè evalyasyon ki fet nan pale l, ekri kesyon evalyasyon ki nan etap 3 sou gwo fèy papye a oswa sou papye kaye nòt. Kite espas apre chak kesyon pou ou kapab note repons patisipan yo.
- Prepare Bwa Kesyon Sekrè yo.



Materyèl yo

- Kesyon evalyasyon ki ekri sou gwo fèy papye a oswa sou papye kaye nòt (si w ap planifye pou fè evalyasyon an aloral)
- Fòm evalyasyon nan paj 98–99 Liv Patisipan an (si w ap planifye pou fè patisipan yo fè evalyasyon an alekri)
- Lis Tout Sa Pou Ajan Kore Fanmi la Fè pou Bon Jan Mwayen pou Pale nan paj 28 Liv Patisipan
- Gwo fèy papye oswa papye kaye nòt
- Makè



KONSÈY: Ou kapab fè evalyasyon an a loral (etap 1–3), oswa mande patisipan yo pou yo detache ak ranpli fòm evalyasyon ekri a ki nan liv yo a.

Men avantaj ki genyen lè ou fè yon evalyasyon aloral: menm patisipan ki pa gen bon bon jan fason pou li ak ekri kapab patisipe san pwoblèm; lè ou poze kesyon yo aloral sa ka kreye diskisyon ki itil; evalyasyon aloral la ka pran mwens tan pase evalyasyon alekri a.

Men avantaj ki genyen lè ou mande patisipan yo pou fè yon evalyasyon alekri: patisipan ki timid yo pi ka bay remak yo alekri pase aloral; patisipan yo ka bay remak ki pi onèt si yo reponn alekri poukont yo olye yo fè sa pou tout moun ka wè.



ETAP YO



20 minit

1. Di patisipan yo mèsè poutèt yo angaje epi yo aktif nan fòmasyon jodi a.
2. Di patisipan yo ou ta renmen konnen sa yo panse sou fòmasyon sa a. Wap itilize kòmantè ak remak pou evalye ak rann fòmasyon pi devan yo vin pi bon, si li nesesè.
3. Si ou chwazi fè evalyasyon an aloral, poze patisipan yo kesyon ki endike anba la yo, epi note repons yo sou gwo fèy papye a (oswa sou papye kaye nòt la):
 - Ki aktivite fòmasyon ou te renmen pi plis? Poukisa?
 - Ki aktivite fòmasyon ou te renmen mwens? Poukisa?
 - Kisa ou te aprann ki te enpòtan pou itilize nan travay ou?
 - Èske te gen yon bagay ou pa t konprann? Bay egzanp espesyal.
 - Ki rekòmandasyon ou pou rann fòmasyon sa a vin pi bon? Kisa ou ta chanje? (Pa egzanp, ki aktivite, imaj ak foto, elatriye, ou ta renmen chanje?)
 - Ki lòt kòmantè ou genyen?
4. Si ou chwazi pou fè patisipan yo fè evalyasyon an alekri, mande patisipan yo pou jwenn fòm evalyasyon an nan paj 98–99 liv yo, epi pou yo detache li. Li kesyon evalyasyon an byen fò. Mande patisipan yo pou yo fè evalyasyon an. Pandan patisipan yo ap travay, mache nan sal la, epi bay èd, si li nesesè.
5. Note epi konsève repons yo nan evalyasyon aloral la, oswa ranmase ak konsève fòm evalyasyon alekri yo.



5 minit

6. Felisite patisipan yo poutèt yo fini sesyon fòmasyon sa a.
7. Mande patisipan yo pou jwenn Lis Tout Sa Pou Ajan Kore Fanmi la Fè pou Bon Jan Mwayen pou Pale nan paj 28 liv yo. Mande patisipan yo ki rès kesyon yo genyen ki gen rapò ak responsabilite yo, epi reponn kesyon yo kòm sadwa, oswa mande patisipan ki gen eksperyans yo pou reponn.



5 minit

- 8.** Retire kesyon yo nan Bwa Kesyon Sekrè yo, epi reponn yo kòmsadwa (swa avèk tout gwoup la oswa avèk moun yo apa apre fòmasyon an).
- 9.** Di patisipan yo mèsè pou patisipasyon yo nan fòmasyon an. Di yo mèsè pou travay enpòtan yap fè chak jou a.



LIS TOUT SA AJAN KORE FANMI DWE FÈ LÈ Y AP PALE

nan paj 28 Liv Patisipan

- ☐ Kominike yon fason ki bay bon jan rezilta avèk fanmi yo lè yo montre respè, aprann reyalite fanmi yo ak faktè ki frape konpòtman sante, koute avèk anpil atansyon, ankouraje de moun pale, poze kesyon ouvè.
- ☐ Montre respè pou fanmi yo lè ou chèche konnen yo, lè ou aprann non yo, lè ou ankouraje yo bay lide yo, lè ou koute yo, lè ou kite yo poze kesyon, lè ou konfime konnesans yo, ak lè ou aprann reyalite yo.
- ☐ Sevi ak teknik pou koute lè wap pale avèk fanmi yo, tankou 1) Koute san Bay Repons; 2) Koute epi Poze Kesyon pou Esplikasyon; epi 3) Koute epi Re-espesifye lide yo.
- ☐ Pale a de lè wap pale avèk fanmi yo pou ankouraje yo fè konnen lide ak eksperyans yo, aprantisaj yo, ak opòtinite pou poze kesyon ak refleksyon.
- ☐ Poze kesyon ouvè pou ankouraje de moun pale lè wap pale avèk fanmi yo.
- ☐ Swiv 5 prensip pou bay konsèy lè wap pale avèk manm fanmi yo: 1) kenbe sekre; 2) san patipri; 3) konsiderasyon; 4) onètete; epi 5) respè pou chwa malad la.
- ☐ Swiv etap sa yo pou fè vizit nan kay: 1) entwodiksyon; 2) lave men; 3) rasanble enfòmasyon; 4) bay enfòmasyon; 5) diskite sou posiblite yo; 6) plan-daksyon; epi 7) ranfòsman.
- ☐ Swiv etap sa yo pou fè vizit nan lekòl: 1) Fè yon lis lekòl yo; 2) Travay ansanm avèk direktè/direktris lekòl la pou chwazi sijè a; 3) Prepare sijè a; 4) Prepare materyèl ki nesèsè pou vizit la; 5) Prezante sijè a; 6) Gade si elèv yo konprann.



FÒM EVALYASYON

Ki aktivite fòmasyon ou te renmen pi plis? Pou kisa?

Ki aktivite fòmasyon ou te renmen mwens? Pou kisa?

Kisa ou te aprann ki te enpòtan pou sèvi ak yo nan travay ou?

Èske te gen yon bagay ou pa t konprann? Bay egzanp espesyal.

Ki rekòmandasyon ou pou rann fòmasyon sa a vin pi bon? Kisa ou ta chanje?
(Pa egzanp, ki aktivite, imaj ak foto, elatriye, ou ta renmen chanje?)

Ki lòt kòmantè ou genyen?

Mèsi poutèt ou fè evalyasyon sa a.

PRE-TÈS

Non ou: _____ Dat: _____

Seksyon Kominal: _____ # ID AKF: _____

Depi konbyen tan ou se yon Ajan Kore Fanmi? _____ /
mwa / lane

Antoure pi bon repons lan pou chak kesyon.

1. Youn nan prensip fason pou granmoun aprann sèke granmoun yo ta dwe:
 - a. Sonje enfòmasyon yo pakè.
 - b. Koute pwofesè a sèlman.
 - c. Fè egzamen pou teste konesans yo.
 - d. Aprann youn nan men lòt ak nan men fòmateur a.
2. Yon lòt prensip fason pou granmoun aprann sèke granmoun yo aprann pi byen lè yo:
 - a. Pran anpil nòt pandan pwofesè a ap pale.
 - b. Eksplwate pwòp eksperyans ak konesans yo.
 - c. Li enfòmasyon yap aprann yo byen fò.
 - d. Pa poze twòp kesyon.
3. Ki sijè yo ta ka anseye yon fason pou bay bon jan rezilta avèk yon demonstrasyon?
 - a. Fason pou fè Sewom Oral.
 - b. Avantaj planin famiyal.
 - c. Enpòtans ki genyen nan bay yon tibebe tete sèlman.
 - d. Enpòtans vizit anvan akouchman.

4. Yon moman ki bon pou sevi ak echantiyon se:
 - a. Pandan w ap bay enfòmasyon nan yon pòs rasanbleman.
 - b. Pandan yon kozri pou yon gwo gwoup moun.
 - c. Pandan yon demonstrasyon pou yon ti gwoup moun.
 - d. Pandan wap bay yon moun konsèy pou ede li jwenn yon desizyon.
5. Yon bon itilizasyon yon kozri se pou:
 - a. Montre yon moun kijan pou sèvi ak kapòt.
 - b. Chèche konnen bezwen yon moun apa.
 - c. Diskite sou yon sijè sante avèk yon gwoup, epi brase lide pou rezoud pwoblèm yo.
 - d. Esplike divès kalite metòd pou pa ansent, ak fason yo bay bon jan rezilta.
6. Yon bon itilizasyon albòm foto se:
 - a. Esplike yon sijè pou yon kantite moun pandan yon vizit nan kay.
 - b. Esplike yon sijè pandan yon pòs rasanbleman.
 - c. Esplike yon sijè pandan yon reyinyon klèb.
 - d. Esplike yon sijè ba yon salklas ki plen elèv.
7. Lè wap bay yon demonstrasyon, ou ta dwe toujou:
 - a. Rele fò pou tout moun kapab tande ou byen.
 - b. Envite moun yo pou yo rasanble toupre ou pou tout moun kapab wè.
 - c. Bay tout moun echantiyon sa w ap demontre a.
 - d. Bougonnen sou moun ki pap gade demonstrasyon an.

- 8.** Lè wap fè yon kozri, ou ta dwe toujou:
 - a.** Fè moun yo konnen ou p ap pale sof si yo rete an silans.
 - b.** Reponn kesyon moun yo sèlman nan fen kozri a.
 - c.** Ankouraje de moun pale ak brase-lide.
 - d.** Pran nòt pandan moun yo ap pale.
- 9.** Ki mesaj sou sante ki pi bon pou yon Ajan Kore Fanmi bay pou yon gwoup fanm ansent ki nan 8yèm mwa gwosès yo?
 - a.** Enpòtans ki genyen pou itilize yon moustikè pou pwoteksyon kont malarya.
 - b.** Enpòtans planin familyal.
 - c.** Enpòtans tretman malarya kòrèkteman.
 - d.** Enpòtans ki genyen pou ba tibebe a tete sèlman epi imedyatman.
- 10.** Pou ki gwoup yon mesaj sou sante ta pi bon ki gen rapò ak fason pou kòmanse ba tibebe yo manje solid anplis lèt manman?
 - a.** Fanm ki nan dènye mwa gwosès yo.
 - b.** Manman tibebe ki fèk fèt yo.
 - c.** Manman tibebe ki gen laj 5–6 mwa.
 - d.** Manman tibebe ki gen laj 9–12 mwa.

PÒS-TÈS

Non ou: _____

Dat: _____

Seksyon Kominal: _____

ID AKF: _____

Depi konbyen tan ou se yon Ajan Kore Fanmi? _____
mwa / lane**Antoure pi bon repons lan pou chak kesyon.**

1. Youn nan prensip fason pou granmoun aprann sèke granmoun yo ta dwe:
 - a. Sonje enfòmasyon yo pakè.
 - b. Koute pwofesè a sèlman.
 - c. Fè egzamen pou teste konesans yo.
 - d. Aprann youn nan men lòt ak nan men fòmateur a.
2. Yon lòt prensip fason pou granmoun aprann sèke granmoun yo aprann pi byen lè yo:
 - a. Pran anpil nòt pandan pwofesè a ap pale.
 - b. Eksplwate pwòp eksperyans ak konesans yo.
 - c. Li enfòmasyon yap aprann yo byen fò.
 - d. Pa poze twòp kesyon.
3. Ki sijè yo ta ka anseye yon fason pou bay bon jan rezilta avèk yon demonstrasyon?
 - a. Fason pou fè Sewom Oral.
 - b. Avantaj planin familyal.
 - c. Enpòtans ki genyen nan bay yon tibebe tete sèlman.
 - d. Enpòtans vizit anvan akouchman.

- 4.** Yon moman ki bon pou sevi ak echantiyon se:
 - a.** Pandan w ap bay enfòmasyon nan yon pòs rasanbleman.
 - b.** Pandan yon kozri pou yon gwo gwoup moun.
 - c.** Pandan yon demonstrasyon pou yon ti gwoup moun.
 - d.** Pandan wap bay yon moun konsèy pou ede li jwenn yon desizyon.
- 5.** Yon bon itilizasyon yon kozri se pou:
 - a.** Montre yon moun kijan pou sèvi ak kapòt.
 - b.** Chèche konnen bezwen yon moun apa.
 - c.** Diskite sou yon sijè sante avèk yon gwoup, epi brase lide pou rezoud pwoblèm yo.
 - d.** Esplike divès kalite metòd pou pa ansent, ak fason yo bay bon jan rezilta.
- 6.** Yon bon itilizasyon albòm foto se:
 - a.** Esplike yon sijè pou yon kantite moun pandan yon vizit nan kay.
 - b.** Esplike yon sijè pandan yon pòs rasanbleman.
 - c.** Esplike yon sijè pandan yon reyinyon klèb.
 - d.** Esplike yon sijè ba yon salklas ki plen elèv.
- 7.** Lè wap bay yon demonstrasyon, ou ta dwe toujou:
 - a.** Rele fò pou tout moun kapab tande ou byen.
 - b.** Envite moun yo pou yo rasanble toupre ou pou tout moun kapab wè.
 - c.** Bay tout moun echantiyon sa w ap demontre a.
 - d.** Bougonnen sou moun ki pap gade demonstrasyon an.

8. Lè wap fè yon kozri, ou ta dwe toujou:
 - a. Fè moun yo konnen ou p ap pale sof si yo rete an silans.
 - b. Reponn kesyon moun yo sèlman nan fen kozri a.
 - c. Ankouraje de moun pale ak brase-lide.
 - d. Pran nòt pandan moun yo ap pale.

9. Ki mesaj sou sante ki pi bon pou yon Ajan Kore Fanmi bay pou yon gwoup fanm ansent ki nan 8yèm mwa gwosès yo?
 - a. Enpòtans ki genyen pou itilize yon moustikè pou pwoteksyon kont malarya.
 - b. Enpòtans planin familyal.
 - c. Enpòtans tretman malarya kòrèkteman.
 - d. Enpòtans ki genyen pou ba tibebe a tete sèlman epi imedyatman.

10. Pou ki gwoup yon mesaj sou sante ta pi bon ki gen rapò ak fason pou kòmanse ba tibebe yo manje solid anplis lèt manman?
 - a. Fanm ki nan dènye mwa gwosès yo.
 - b. Manman tibebe ki fèk fèt yo.
 - c. Manman tibebe ki gen laj 5–6 mwa.
 - d. Manman tibebe ki gen laj 9–12 mwa.

YON MODÈL SOU KIJAN POU REVIZE TRAVAY KI FÈT NAN SESYON AN



Metòd: Jwèt



Kantite tan: 30 minit



Objektif

Patisipan yo ap kapab:

- Revize tout objektif modil la.



Preparation

- Li kesyon jwèt la davans.
- Si wap fè chwa 2 a, kreye yon boul lè ou woule yon gwo fèy papye. Ekri chak kesyon revizyon sou yon ti kat oswa sou yon bout papye. Kole kat yo oswa bout papye yo sou boul la avèk Tep.



Materyèl yo

- Kesyon revizyon
- Gwo fèy papye
- Makè
- Tep



KONSÈY: Pou divèsite, ou ka sèvi ak lòt kalite jwèt pou revize olye sa ki anwo a. Pa egzanp: mande patisipan yo pou fè konpetisyon an de (2) alapas ekip; olye yo poze ekip yo kesyon youn apre lòt, bay lis kesyon yo pou ekip yo, epi wè konbyen kesyon yo kapab reponn kòrèkteman lè yo bay repons yo pou yon moun ki deziyen nan yon sèten kantite tan; ekri kesyon yo sou kat yo, mete yo nan yon sache oswa nan yon bwat, pase sache a oswa bwat la, epi mande patisipan yo pou chwazi kesyon yo, epi pou reponn yo, elatriye.



ETAP YO

CHWA JWÈT 1

1. Separe patisipan yo an 4 ekip. Pou fè sa, fè yo konte tèt yo pa gwoup 4 (1, 2, 3, 4, elatriye).
2. Mande patisipan yo pou re-òganize tèt yo pou tout moun ki gen nimewo 1 yo chita ansanm, tout moun ki gen nimewo 2 yo chita ansanm, epi tout moun ki gen nimewo 3 yo chita ansanm, elatriye.
3. Esplike règ jwèt la:
 - M ap fè chanjman ant ekip yo, pou poze chak ekip yon kesyon alafwa.
 - Ekip yo ap gen 30 segonn pou diskite sou repons yo.
 - Si ekip la reponn nan fason ki korek, lap resevwa yon pwen.
 - Si repons premye ekip la pa kòrèk, lòt ekip la gen yon chans pou reponn kesyon an.
 - Si lòt ekip la reponn fason ki korek, l ap resevwa yon pwen.
 - Si repons tout ekip yo pa kòrèk, pèsòn pap resevwa pwen, epi fòmatè a ap bay repons lan.
 - Pwochen kesyon an ap pou pwochen ekip la.
 - Lè jwèt la fini, ekip ki gen plis pwen yo se li ki genyen jwèt la.
4. Kòmanse jwèt la epi jwe jouk lè ekip yo fin reponn tout kesyon yo (oswa jouk lè ou jwe pandan 30 minit konsa).
5. Mete nòt la sou yon gwo fèy papye. Nan fen jwèt la, anonse ekip ki genyen an.
6. Nan dènye jou fòmasyon an, make pwen chak ekip, epi anonse ekip ki genyen an.

CHWA JWÈT 2

- 1.** Mande patisipan yo pou kanpe pou fòme yon sèk.
- 2.** Montre boul ou te prepare a, epi esplike règ jwèt la:
 - Nap fè pas avèk boul la jouk lè yon moun lage li atè. Moun ki lage boul la atè dwe pran yonn nan kesyon yo, li kesyon li pran an byen fò, epi reponn kesyon an.
 - Si moun nan gen pwoblèm pou reponn, li kapab mande lòt yo èd.
 - Nap kontinye fè pas avèk boul la jouk lè nou poze tout kesyon yo, epi jwenn repons kòrèk pou yo.
- 3.** Kòmanse jwèt la epi jwe jouk lè ou jwenn repons kòrèk pou tout kesyon yo (oswa jouk lè ou jwe pandan 30 minit oswa mwens).

KESYON POU REVIZYON YO



KONSÈY: Kesyon ki gen plizyè repons yo ka poze plizyè fwa (nan mande pou yon sèl reponn chak fwa). Epitou, fasilite ka chanje kesyon revizyon ki deja egziste oswa fòme pwòp kesyon pa yo pou sèvi pandan fòmasyon an.

1. Ki sa ki mobilizasyon kominotè?

(Mobilizasyon kominotè se lè manm kominotè yo òganize yo pou yo idantifye pwoblèm nan kominote a, analize kòz ak konsekans pwoblèm yo ak resous disponib pou rezoud pwoblèm yo, kreye plan pou koresponn ak pwoblèm yo, poze aksyon, ak evalye aksyon yo pran.)

2. Ki sa ki 5 etap chenn mobilizasyon kominotè yo?

(Òganize, analize sitiyasyon an, kreye yon plan aksyon, poze aksyon, ak evalye aksyon an.)

3. Ki wòl Ajan Kore Fanmi yo ta dwe jwe nan mobilizasyon kominotè?

(Repons yo ap varye, men ta dwe gen kite lidè kominote ak manm dirije ak patisipe nan pwosesis la ladan l'.)

4. Ki Aktivite Kominotè Ajan Kore Fanmi yo dwe egzekite chak mwa? Site non yon aktivite.

(Klèb Manman, Klèb jenès, reyinyon vwazinaj, vizit nan lekòl, pòs rasanbleman, ak reyinyon kominotè.)

5. Nonmen yon bagay ou ta dwe fè pou kapab planifye ak dirije yon reyinyon efikas(ki bay bon rezilta).

(Gade nan lis pou Kouman yo Òganize yon Reyinyon Efektif: defini yon objektif klè, asire w ke objektif la enpòtan, elatriye)

6. Ki objektif li vize:

- Klèb Manman?
- Klèb Jenès?
- Reyinyon nan Katye?
- Vizit nan lekòl?
- Pòs rasanbleman?
- Reyinyon kominotè?

(Gade nan objektif yo nan Sesyon 5.)

7. Site yon bagay ou dwe fè pou-w ka gen yon bon jan mwayen pou pale.

(Gade lis Bon Jan Mwayen Pou Nou Pale la nan Sesyon 5.)



KONSÈY: Anba a gen kesyon revizyon pou Jou 2, ke ou ka sèvi ak fè yon revizyon sesyon anvan pòs tès la si ou gen plis tan toujou.

8. Nonmen yon kesyon ke ou ta dwe dwe kenbe nan tèt ou lè w ap prepare pou yon aktivite kominotè.

(Gade Kesyon pou Planifye yon Aktivite Kominotè nan Sesyon 6.)

9. Ki sa nòt reyinyon ta dwe gen ladan yo?

(Non oswa kantite moun ki prezan, dat aktivite a, ajanda, sijè prezantasyon oswa demonstrasyon, kòmantè oswa kritik nan gwoup la, ak desizyon ki pran)

10. Kimoun ki ta dwe patisipe nan reyinyon kominotè? Site yon gwoup moun.

(Lidè kominotè yo, chèf nan gwoup kominotè yo, lidè relijye ak politik kominotè yo, pwofesè yo, Ajan Kore Fanmi yo, elatriye.)

11. Bay yon egzanp yon resous nan kominote a.

(Sant Sante, lekòl, legliz, lidè lokal, zòn kote reyinyon kapab fèt, elatriye.)

12. Ki sa ki yon kat kominotè ak ki lè ou ta dwe sèvi ak li?

(Li se yon kat ki montre pwoblèm sante ak resous nan kominote a; sèvi ak li pandan analiz sitiyasyon.)

13. Ki sa ki se yon pyebwa pwoblèm ak ki lè ou ta dwe sèvi ak li

(Li se yon desen ki dekri yon pwoblèm sante kominotè (tij), kòz pwoblèm nan (rasin), ak konsekans pwoblèm lan (branch); sèvi ak li pandan analiz sitiyasyon.)

14. Ki sa ki yon tablo priyorite ak ki lè ou ta dwe sèvi ak li?

(Yon tablo ki gen lis pwoblèm sante kominotè; sèvi ak li pou chwazi ki pwoblèm (yo) yo ta dwe konbat an premye, pa vote.)

15. Kouman Ajan Kore Fanmi yo dwe konsève enfòmasyon sou aktivite kominotè yo fè chak mwa?

(Ranpli fòmilè a ki kòrèk chak mwa epi remèt li bay sipèvizè.)



NÒT

[illegible]

METÒD PATISIPATIF

DISKISYON AN GWO GWROUP

Yon diskisyon an gwo gwoup se yon dyalòg ant fomatè a ak tout gwoup patisipan yo, ak repons patisipan yo sou kesyon ke fomatè a te prepare alavans. Pandan diskisyon an, nouvo kesyon ka parèt tou. Pou kòmanse diskisyon an, fomatè a dwe bay enstriksyon yo klè. Pandan diskisyon an, fomatè a dwe kontrole diskisyon an, tankou kenbe patisipan yo konsantre, ankouraje repons patisipan yo, epi limite patisipan ki renmen pale anpil yo.

Pou fasilite yon diskisyon gwo gwoup, kisa ou ta dwe fè?

- Mete yon tan limit epi kenbe peryòd tan sa.
- Eksplike patisipan yo ke si yon moun ta vle pale se pou li leve men l'.
- Kenbe diskisyon an sou sijè a.
- Kenbe diskisyon an san lage.
- Ankouraje tout moun patisipe.
- Gade nan sal la, epi sèten ke ou bay tout moun ki te leve men pou mande lapawòl yo pale.
- Limite patisipan ki renmen pale anpil yo.
- Kontrole chenn diskisyon san rete yo.
- Si patisipan yo pa reponn yon kesyon, eseye poze kesyon an yon lòt fason.
- Poze kesyon ankouraje plis repons pou yon kesyon, pa egzanp: “Ki lòt bagay?” “Ki lòt lide nou genyen?”
- Mete fen a diskisyon an; repete epi fè rezime pwen enpòtan yo.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi ak diskisyon gwo gwoup?

- Tout moun gen chans pou yo patisipe.
- Tout moun tandè lide tout lòt moun.
- Tandè anpil lide ka ankouraje plis diskisyon.
- Patisipan ki pa santi li alèz pou pale nan yon gwo gwoup kapab patisipe nan koute pito.

Ki sa ki defi lèw sèvi ak diskisyon gwo gwoup?

- Patisipan ki renmen pale anpil yo ka gen tandans domine diskisyon gwo gwoup la.

- Patisipan ki timid oswa san eksperyans ka santi yo mal alèz pou yo pale nan yon diskisyon gwo gwoup.
- Diskisyon gwo gwoup ka vin yon baz gwo kesyon? si gen anpil lide ki an konpetisyon.

DISKISYON AN TI GWROUP

Yon diskisyon an ti gwoup se yon dyalòg nan mitan yon ti gwoup patisipan (an jeneral 3–6 patisipan pou chak gwoup), kote ke patisipan yo reponn kesyon ke fomatè a te prepare alavans. Pandan diskisyon an, nouvo kesyon ka parèt. Pou kòmanse diskisyon an, fomatè a dwe bay enstriksyon ki klè anvan li divize patisipan yo an ti gwoup. Pandan ti gwoup yo ap diskite, fomatè a dwe sikile nan mitan gwoup yo pou li sèten ke yo kenbe diskisyon an sou sijè a ak ankouraje patisipasyon tout mamb nan gwoup la.

Pou fasilite yon diskisyon ti gwoup, kisa ou ta dwe fè?

- Anvan w divize patisipan yo an ti gwoup, bay enstriksyon ki klè sou ki sa patisipan yo dwe diskite. Alekri epi afiche enstriksyon yo sou Gwo fèy papye an se yon bon fason pou fè sa.
- Enstwi ti gwoup la pou asire w ke tout mamb nan gwoup la patisipe.
- Mande ti gwoup yo pou chwazi yon fasilite ak yon moun ki pou kontwòle lè pou gwoup yo a.
- Kenbe espas tan an epi bay ti gwoup yo mwatye tan, 5-minit, ak 1-minit avètisman.
- Pandan ti gwoup yo ap travay, pase de gwoup an gwoup pou asire w ke patisipan yo gen bon konprann sou travay la, ke yap fè pwogrè.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi ak diskisyon ti gwoup?

- Anpil moun santi yo pi alèz pale ak patisipe nan ti gwoup pase nan yon gwo gwoup, kidonk ti gwoup yo gen tandans pwovoke plis lide ak patisipasyon tout moun.
- Pou sijè ki sansib yo, patisipan yo ka plis pataje lide nan yon ti gwoup men yo t'ap ezite pataje l' si yo te nan yon gwo gwoup.

Ki sa ki defi yo lèw sèvi ak diskisyon ti gwoup?

- Pèfòmans diskisyon ti gwoup yo depann de mamb nan gwoup la k'ap fasilite epi k'ap patisipe, kèk ti gwoup ka fè sa pi byen pase yon lòt.
- Diskisyon ti gwoup la ka dejenere si mamb gwoup pa kontrole diskisyon an byen.

PAKOU REFLEKSYON

Se yon vwayaj refleksyon ki gide panse ak refleksyon sou eksperyans pèsonèl. Fomatè yo itilize pakou refleksyon an pou pèmèt patisipan yo reflechi sou eksperyans nan tan pase oubyen evènman nan tan prezan, sitiyasyon, moun yo, oswa santiman yo ki konekte ak sijè fòmasyon an. Pakou Refleksyon travay pi byen, lè patisipan yo santi yo alèz ak an sekirite epi mete konfyans youn nan lòt ak nan fasilite a.

Pou fasilite yon Pakou refleksyon, ki sa ou ta dwe fè?

- Mande patisipan yo pou yo rilaks epi fèmen je yo.
- Sèvi ak yon seri de deklarasyon tou kout, kesyon, oswa yon istwa kout pou gide pakou refleksyon an.
- Li chak deklarasyon oubyen kesyon dousman epi byen klè, epi fè yon ti poz pou plizyè segonn ant chak deklarasyon, pou patisipan yo ka gen tan panse ak reflechi.
- Tou depan de sijè a, yon pakou refleksyon kapab okazyone reyaksyon emosyonèl ki fò. fasilite a dwe okouran de sa a epi reponn avèk sansibilite.
- Pafwa apre yon pakou refleksyon, patisipan yo kapab vle ekri panse yo oswa pataje panse yo avèk yon patnè oswa yon gwoup moun.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi ak pakou refleksyon?

- Patisipan yo aprann pi byen si yo kapab konekte nouvo enfòmasyon avèk eksperyans pa yo.
- Pakou Refleksyon pèmèt patisipan yo reflechi sou eksperyans yo nan yon fason òganize.
- Pakou Refleksyon kapab itilize pou rantre yon sijè, idantifye pwoblèm oswa defi, oswa pou vini nouvo lide.

Ki sa ki defi yo nan sèvi ak pakou refleksyon?

- Pakou Refleksyon ka okazyone emosyon ki fò. Li enpòtan pou fasilite yo okouran de sa epi reponn avèk sansibilite.
- Patisipan ki te renmen pale anpil yo ka trouve li difisil pou yo rete trankil pandan plizyè minit.

PREZANTASYON FASILITATÈ

Fomatè a ap prezante enfòmasyon nan pale ak tout gwoup la, pafwa li sèvi avèk materyèl tankou retropwojektè, afich, foto, oswa yon tablo prezantasyon. Prezantasyon Fasilitatè a se yon ansèyman ak yon metòd tradisyonèl pou fòmasyon. Pifò moun ki al lekòl yo abitye anpil ak prezantasyon fasilitatè paske pifò pwofesè nan klas primè, segondè, ak nivo inivèsitè yo anseye nan fason sa. Prezantasyon sèvi byen pou entwodwi nouvo enfòmasyon yo, men yo dwe kout epi akonpaye ak sa moun ka wè epi diskisyon.

Pou fè yon prezantasyon fasilitatè, ki sa ou ta dwe fè?

- Prepare epi òganize prezantasyon ou davans konsa lap pi klè epi fasil pou swiv.
- Tcheke tout ekipman (retropwojektè, bwat imaj) davans pou asire w ke yo travay byen.
- Fè prezantasyon an kout, ant 5 ak 15 minit si sa posib.
- Sèvi ak yon langaj ki senp, klè ke patisipan yo ka konprann byen.
- Itilize kesyon pandan prezantasyon an pou ka gen patisipasyon nan sa wap prezante a.
- Fè jès epi itilize yon langaj ak yon ton vwa ki klè.
- Gade patisipan yo pandan prezantasyon an; siw ta remake ke yo pa sousa oswa raz, poze kesyon oswa fè pi rapid.
- Deplase toutotou sal la pandan wap prezante a (si sa posib).
- Gade patisipan yo lè w ap eksplike yon imaj (se pa imaj la pouw ap gade).
- Fini prezantasyon-an, rezime epi repete pwèn enpòtan yo.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi avèk prezantasyon fasilitatè?

- Prezantasyon sèvi byen pou entwodwi nouvo enfòmasyon byen vit.
- Pafwa patisipan yo bezwen gen nouvo enfòmasyon yo prezante yo anvan yo ka itilize oswa pratike li.
- Pifò nan patisipan ki te ale nan lekòl yo abitye epi santi yo alèz ak prezantasyon.

Ki sa ki defi yo lèw sèvi ak prezantasyon fasilitatè?

- Prezantasyon yo pa aktif ni angaje tankou aktivite an ti gwoup, pyès teyat, oswa lòt aktivite ki konn mande plis patisipasyon.
- Pafwa patisipan yo konn sispann swiv.
- Si fasilitatè a pa byen òganize, patisipan yo pap aprann enfòmasyon an jan yo ta dwe a.

BRASE LIDE

Brase lide se yon metòd kote fomatè a poze yon kesyon oswa poze yon pwoblèm epi mande patisipan yo bay plis lide ak repons ke yo kapab. Fomatè yo ka itilize brase lide ak gwo gwoup yo oswa ti gwoup. Brase lide se yon bon fason pou jenere anpil nouvo lide byen vit. Lè yo fè brase lide se pa sèlman pou jwenn yon sèl repons a kesyon an oswa pwoblèm nan, men brase anpil lide jan sa posib.

Pou fasilite brase lide, ki sa ou ta dwe fè?

- Eksplike ke bi brase lide a se pa pou rive nan yon sèl repons kòrèk, men se pou jenere anpil lide jan sa posib.
- Pandan brase lide a, pran yon lide nan men chak patisipan, youn apre lòt.
- Aksepte tout lide epi pa jije oswa kritike youn ladan yo.
- Ankouraje patisipan yo pou kite ide yo koule.
- Kenbe brase lide a an mouvman.
- Ankouraje tout patisipan yo bay lide. Pa baze sou yon sèl ti gwoup patisipan ki pou bay lide pa yo.
- Yon moun ta dwe fasilite brase lide a epi yon lòt moun ta dwe anrejistre lide yo.
- Apre brase lide a, fomatè a ak patisipan yo kapab sèvi ak lis la pou rezoud yon pwoblèm, priorize lide, mete lide nan kategori, elatriye.
- Pa egzanp, si patisipan yo gen yon solisyon posib nan yon pwoblèm patikilye a pati de brase lide, pwochen etap yo ka pou revize chak solisyon posib, chwazi 3 tèt solisyon yo (tankou yon gwoup), diskite yo pi lwen, e petèt finalman chwazi solisyon ki pi apwopriye a.

Ki avantaj ki genyen nan brase lide?

- Patisipan yo bwase anpil lide byen vit.
- Refleksyon yo ka angaje epi chofe.
- Paske pa gen okenn repons kòrèk oswa enkòrèk, patisipan yo an jeneral santi yo alèz pou bay lide.

Ki sa ki defi yo nan brase lide?

- Kèk patisipan ka bay lide ki pa apwopriye.
- Patisipan ki renmen pale anpil yo ka gen tandans domine.

PYÈS TEYAT

Yon pyès teyat se yon pèfòmans kout enfòmèl kote patisipan pyès teyat yo nan lide pou montre yon sitiyasyon patikilye ak santi sa yo ta dwe fè nan wòl ak sitiyasyon sa a. Pyès teyat yo enfòmèl patisipan yo pa bezwen memorize “liy” oubyen jwe pafètman. Objektif la se montre yon pwoblèm, yon sitiyasyon, oswa lide epi aji. Pyès teyat bay patisipan yo opòtinite pou yo aji sou yon sitiyasyon lavi reyèl ak pratike kijan pou fè fas avèl. Patisipan yo ka itilize pyès teyat pou ilistre lide ak enfòmasyon pou pasyan yo ak mamb kominote yo. Pyès teyat ede patisipan yo tou pou yo aprann epi pratike kominikasyon ak konsèy teknik, konpòtman antipatik, ak fason apwopriye pou apwòche mamb kominote yo. Yon ti pyès teyat kapab fèt san repetisyon pyès l, epi ka fèt ant ti gwoup oswa gwo gwoup.

Pou fasilite yon pyès teyat, ki sa ou ta dwe fè?

- Planifye ase tan pou patisipan yo prepare ak fè pyès teyat la.
- Eksplike klèman sa ki nan pyès teyat la, ki jan patisipan yo ap prepare, ak kisa pyès teyat la dwe montre.
- Si patisipan yo pa abitye ak pyès teyat la, jwe yon wòl modèl pou ka montre yo kijan pou yo fè.
- Mete yon tan limit pou pèfòmans pyès teyat la epi kontrole tan an byen.
- Fè patisipan yo sonje ke pyès teyat yo pa oblije pafè, men se pito yon opòtinite pou pratike ak kontrole sitiyasyon ke patisipan yo ka rankontre nan reyalyte. Se pa yon pwoblèm si yo fè erè pandan yo ap pyès teyat yo.
- Apre yon pèfòmans pyès teyat, mennen yon diskisyon sou lide yo te montre nan pyès teyat la. Konsantre diskisyon an sou pwoblèm enpòtan ki te soti nan pyès teyat yo, pa aji sou ladrès patisipan yo.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi ak pyès teyat?

- Pyès teyat angaje patisipan yo epi ba yo opòtinite pou yo panse, santi, ak aji.
- Pyès teyat bay patisipan yo yon chans pratike ladrès yo nan yon anviwònman ki san danje epi jwenn repons.
- Ou ka sèvi ak 2 pyès teyat tou kout pou montre 1) move fason pou kontrole kontrole yon sitiyasyon; epi 2) fason ki bon pou kontrole kontrole yon sitiyasyon.
- Pyès teyat la ka fè parèt anpil pwoblèm, epi mennen nan diskisyon ki itil.

Ki sa ki defi yo lèw itilize pyès teyat?

- Pyès teyat yo pran anpil tan.
- Kèk patisipan ka pa alèz pou jwe devan gwoup la.
- Patisipan yo ka pa abitye avèk fè pyès teyat.

AKTIVITE AN GWO GWROUP

Fomatè a mennen gwoup la an antye nan yon aktivite ansanm. Egzanp nan aktivite gwo gwoup yo gen vòt, Fouye foto, aprann chante, elatriye. Aktivite an gwo gwoup yo souvan reyisi pi byen ak gwoup 10–25 patisipan yo, men avèk bon planifikasyon ak òganizasyon, fasilite yo ka kontrole pi fasilman aktivite gwo gwoup ak pi gwo gwoup.

Pou fasilite yon aktivite gwo gwoup, kisa ou ta dwe fè?

- Fikse yon tan limit epi kenbe tan an.
- Si patisipan yo bezwen deplase nan sal la pandan aktivite a, asire w ke chèz ak tablo yo te deplase.
- Eksplike aktivite a byen klè.
- Kenbe aktivite san lage.
- Ankouraje tout moun patisipe.
- Mete aklè pwen kle yo pandan tout aktivite a si sa apwopriye.
- Fini ak aktivite a, repete epi rezime pwen enpòtan yo.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi avèk aktivite an gwo gwoup?

- Aktivite an gwo gwoup mande patisipasyon tout moun epi yo ka chofe.
- Aktivite an gwo gwoup mande mwens efò pou patisipasyon pase aktivite ti gwoup, epi li kapab altène ant aktivite an ti gwoup pou patisipan yo pa santi yo twò fatigue.

Ki sa ki defi yo nan aktivite gwo gwoup?

- Kèk patisipan ka pa patisipe aktivman jan yo te konn fèl nan yon gwoup ki pi piti.
- Aktivite gwo gwoup mande anpil enèji pou fasilite a.
- Aktivite gwo gwoup ka difisil pou kontrole si gwoup la gwo anpil.

AKTIVITE AN TI GWROUP

Fomatè a divize patisipan yo an ti gwoup pou fè yon aktivite. Egzanp nan aktivite ti gwoup yo li gen ladan yo ti gwoup diskisyon, istwa, planifikasyon pou pyès teyat, rezoud pwoblèm yo, epi gade nan istwa foto yo. Ti gwoup yo pèmèt chak moun patisipe pi plis pase lè yo nan yon aktivite gwo gwoup. Aktivite ti gwoup yo tou ede patisipan yo konnen youn lòt ak eksperyans travay avèk moun diferan.

Pou fasilite yon aktivite an ti gwoup, kisa ou ta dwe fè?

- Eksplike aktivite an ti gwoup la byen klè.
- Di ti gwoup yo ki jan yo pral pataje travay ti gwoup la ak gwo gwoup la. Pa egzanp, yo pral ekri enfòmasyon sou papye tablo pou pataje l ak gwoup la, rapòte enfòmasyon aloral, oswa fè yon pyès teyat?
- Divize patisipan yo an ti gwoup. Ti gwoup 4–6 patisipan yo travay pi byen, men kèk aktivite ka mande pou gwoup 3 moun, oswa pi gwo gwoup 10–12 moun.
- Divize patisipan yo an ti gwoup dapre travay yo dwe fè a. Pa egzanp, pou sijè seksyèl ki sansib tankou sante repwodiksyon, ou ka gwoupe gason ak gason, fanm ak fanm.
- Si sijè a pa egzije yon gwoupman an patililye, ou ka divize patisipan yo nan mande yo konte an “1, 2, 3, 4, elatriye.” Aprè sa a, gwoupe 1 ansanm, 2 ansanm, elatriye.
- Gwoupe patisipan yo pou ke yo pa toujou ap travay ak moun ke yo konnen byen. Konte a se yon bon fason pou fè sa.
- Si aktivite ti gwoup la egzije li oswa ekri, asire w ke omwen youn nan patisipan nan chak gwoup yo gen ase konpetans alfabetik.
- Di gwoup yo konbyen tan yo pral genyen pou yo travay. Epi, ede gwoup yo kontrole tan an nan bay avètisman detanzantan, pa egzanp, yon avètisman nan mwatye tan, avètisman 5-minit, ak avètisman 1-minit. Si ou wè lè a prèske rive e gwoup yo poko fini, ou ka bay gwoup yo plis tan pou yo travay si orè w pèmèt ou fè sa.
- Pandan ti gwoup yo ap travay, sikile toutotou sal la, obsève travay la e asire-w ke gwoup yo konprann travay la e ke yap fè pwogrè, ede yo, epi reponn kesyon yo si sa nesesè.
- Kontrole lè-a pandan ti gwoup yo ap rapòte oswa fè prezantasyon. Pa egzanp, bay chak ti gwoup 5 minit pou prezante ak kèk minit pou reponn kesyon oswa kòmantè.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi avèk ti gwoup?

- Ti gwoup yo pèmèt tout moun patisipe pi plis pase nan yon gwo gwoup.
- Anpil moun santi yo pi alèz pou pale an ti gwoup.
- Ti gwoup yo souvan pèmèt plis aprantisaj an pwofondè ak diskisyon paske tout moun santi yo angaje.

Ki sa ki defi yo lèw sèvi ak ti gwoup?

- Travay ti gwoup pran tan plis pase kèk metòd.
- Gen kèk ti gwoup ki ka trouve li difisil pou travay ansanm oubyen rete sou travay. Si ou remake yon ti gwoup ki gen difikilte, ede yo rekonsantre, bay egzanp, eksplike travay la ankò, elatriye.

ISTWA

Yon istwa se yon senaryo kout ki prezante yon sitiyasyon reyalis pou patisipan yo diskite ak analize. Etid ka bay patisipan yo chans pou yo itilize konsepsyon yo fèk pran yo epi diskite, analize, ak rezoud pwoblèm ki an relasyon ak sijè fòmasyon an. Pa egzanp, yon istwa ta ka dekri sentòm yon moun ki malad, epi li mande patisipan yo idantifye sentòm yo epi diskite sou sa yo ta dwe fè pou moun malad la. Tou depann de kantite moun ki nan gwoup la, istwa ka diskite ak analize de pa de, ti gwoup, oubyen yon gwo gwoup. Objektif itilize istwa se ede patisipan yo jenere solisyon posib nan pwoblèm ki ka parèt pandan travay yo.

Pou fasilite yon istwa, ki sa ou ta dwe fè?

- Li istwa a byen fò (oswa mande yon volontè pou li byen fò) pou ke menm patisipan avèk ladrès alfabetizasyon limite yo ka rive konprann istwa a.
- Eksplike klèman ki sa patisipan yo ta dwe fè avèk istwa a (diskite sou kesyon istwa yo, oubyen rezoud yon pwoblèm ki reprezante nan istwa a, elatriye).
- Si ou ekri pwòp istwa pa ou, fè yo senp. Ekri yon sitiyasyon ki reyèl tou kout pou l ka sanble ak sitiyasyon ke patisipan yo ka rankontre. Bay enfòmasyon ki enpòtan yo. Pa mete twòp detay ki pa nesèsè. Bay kesyon pou gide patisipan yo nan analize istwa a.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi ak Istwa?

- Istwa bay patisipan yo chans pou yo itilize enfòmasyon ke yo te aprann ak bon jijman.
- Istwa bay patisipan yo opòtinite nan pratike epi manyen pwoblèm ke yo ta ka rankontre pandan travay yo.

Ki sa ki defi yo itilize seyans Istwa?

- Istwa mande pou rezoud pwoblèm, ki kapab difisil epi mande plis tan pase prezantasyon tradisyonèl oswa diskisyon senp.
- Patipisan ak ladrès alfabetizasyon limite yo ka entimide ak istwa a.

DEMONSTRASYON

Fomatè a oubyen yon patisipan ki gen eksperyans montre ak di patisipan yo kijan pou yo fè yo bagay yo etap pa etap, epi mande patisipan yo pratike etap yo poukont yo. Egzanp, yon demonstrasyon ka gen ladan yo ki jan yo sèvi ak kapòt gason owsa kapòt fanm, ki jan prepare lèt pou tibebe, ki jan fè mezi ak (MUAC), oswa kouman melanje sewòm Oral.

Pou fè yon demonstrasyon, ki sa ou ta dwe fè?

- Anvan fòmasyon an, ranmase tout materyèl ak ekipman ke ou pral bezwen pou sèvi pandan demonstrasyon an.
- Asire w ke tout patisipan yo pral kapab wè demonstrasyon an. Mande yo kanpe ak avanse oswa rasanble toutotou ou, si sa nesesè.
- Eksplike chak etap dousman epi byen klè pandan wap demontre li.
- Demontre 2 oswa 3 fwa si sa nesesè.
- Apre demonstrasyon an, mande yon volontè repete demonstrasyon an devan gwoup la an antye. Anmatè a ak lòt patisipan yo ka bay fidbak pozitif ak korije volontè a si sa nesesè.
- Apre sa a, separe patisipan yo an ti gwoup oswa pè epi mande yo pratike sa ou menm ak volontè a fèk demontre a.
- Pandan patisipan yo ap pratike, sikile nan sal la epi ede oubyen reponn kesyon si sa nesesè.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi ak demonstrasyon?

- Demonstrasyon se meyè fason yo anseye kapasite yo.
- Demonstrasyon bay patisipan yo opòtinite pratike ladrès yo anvan yo al fè li nan lavi reyèl.

Ki sa ki defi yo nan sèvi ak demonstrasyon?

- Nan gwo gwoup yo, li ka difisil pou fè yon demonstrasyon ke tout moun pral kapab wè ak tande byen. Si sa nesesè, divize gwo gwoup yo an 2 oubyen 3 gwoup ki pi piti epi fè demonstrasyon nan chak ti gwoup yo.
- Nan gwo gwoup yo, li ka difisil pou ranmase ase materyèl ak ekipman pou tout moun de pa de yo oswa yon ti gwoup pratike an menm tan. Si sa rive, mande pè oubyen ti gwoup yo pou fè woulman jiskaske tout moun pratike.

ISTWA FOTO

Yon istwa foto se yon seri foto tou kout ki dekri yon istwa oswa yon sitiyasyon. Istwa Foto an jeneral pa gen mo. Istwa Foto ka itilize pou evalye konesans patisipan yo oswa idantifye pwoblèm oswa defi ki an relasyon ak yon sijè yo bay yo.

Pou itilize yon istwa foto, ki sa ou ta dwe fè?

- Bay esplikasyon ki klè pou ke patisipan yo konprann ki sa yo sipoze fè ak kouman yo dwe fè li.
- Asire w ke patisipan yo konprann sekans nan foto yo ak kouman nan “li” istwa yo (pa ekzanp, kouman distenge ant yon text panse ak yon text pale).
- Apre patisipan yo fin “li” istwa a, ouvè yon diskisyon, poze yo yon seri kesyon gide.

Ki avantaj ki genyen lè w sèvi avèk istwa foto?

- Istwa foto angaje patisipan yo vizyèlman.
- Menm patisipan avèk ladrès alfabetizasyon trè limite yo kapab “li” istwa foto.

Ki sa ki defi yo lèw itilize istwa foto?

- Si foto yo pa klè, istwa foto a ka pa transmèt mesaj la byen.

FÒMASYON ANT KAMARAD

Fomatè a mande patisipan yo aprann kontni an, an ti gwoup epi prezante l bay patisipan parèy yo (olye ke se fomatè a ki prezante matyè a). Patisipan yo ka itilize retropwojektè oswa bwat imaj pandan prezantasyon yo, oswa yo ka prepare enfòmasyon yo sou gwo fèy papye.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi ak fòmasyon ant kanmarad?

- Fòmasyon ant kanmarad ede patisipan yo aprann epi sonje pi byen plis enfòmasyon paske yo te aprann li anvan yo te anseye l bay lòt moun yo.
- Fòmasyon ant kanmarad bon paske patisipan yo patajemenm istwa ak eksperyans.

Ki sa ki defi yo lèw sèvi ak fòmasyon ant kanmarad?

- Fòmasyon ant kanmarad pran plis tan pase prezantasyon fasilite paske patisipan yo bezwen tan pou prepare.
- Si kontni an pa klè e senp, patisipan yo ka gen pwoblèm pou konprann li byen epi anseye l.
- Kèk patisipan ka pa santi yo alèz pou prezante devan gwoup la.

BRIZ GLAS

Yon Briz glas se yon aktivite kout ki sèvi pou ede patisipan yo rilaks epi pou youn aprann konnen lòt oswa abitye travay ansanm. Briz glas yo an jeneral fèt nan kòmansman fòmasyon an. Yo souvan itilize tèm oswa kontni fòmasyon an. Egzanp briz glas mande patisipan yo pou prezante moun ki chita kote yo a, dekri ki sa yo pi renmen nan travay yo, oubyen di kisa yap atann de fòmasyon an.

Pou fasilite yon Briz glas, ki sa ou ta dwe fè?

- Eksplike enstriksyon Briz glas yo klè.
- Bay yon egzanp nan sa ou ta renmen patisipan yo fè pandan Briz glas la.
- Kenbe sijè a an mouvman.
- Fè Briz glas la tou kout, pa plis pase 15–20 minit.
- Pa mande patisipan yo pou pataje enfòmasyon ki trè pèsònèl pandan Briz glas la.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi avèk Briz glas la?

- Briz glas la ede patisipan yo rilaks, pataje yon bagay sou tèt yo, epi aprann yon bagay sou lòt patisipan yo nan kòmansman yon sesyon fòmasyon.
- Nan gwoup kote patisipan yo youn pa konnen lòt byen, Briz glas la ka ede patisipan yo santi yo pi alèz youn ak lòt.

Ki sa ki defi yo lèw itilize Briz glas la?

- Patisipan ki timid yo ka pa santi yo alèz pou prezante tèt yo devan yon gwo gwoup.
- Si gwoup la gwo anpil, Briz glas la ka vin twò long. Si gwoup ou a gwo anpil, konsidere sa, divize patisipan yo an ti gwoup pou fè yon Briz glas. Apre sa, chak ti gwoup yo ka pataje 1 oswa 2 atik ak gwo gwoup la si gen tan.

TI SOUKE KÒ

Yon Ti souke kò se yon ti amizman tou kout, yon aktivite ki ka enplike mouvman fizik. Ti souke kò yo itilize pou ogmante nivo enèji patisipan yo lè yo fatige oubyen lè yo gen dòmi, oswa lè yo bezwen yon ti repo apre yon aktivite ki te long. Ti souke kò a pa bezwen an relasyon ak kontni fòmasyon an. Ti souke kò ka ede bati rapò nan mitan patisipan yo paske yo te enplike nan plezi ansanm. Egzanp ti souke kò yo danse, chante, bat men, imite mouvman yon fomatè, fè yon ti detire, ak jwèt fizik.

Fasilitatè yo dwe fè plan pou omwen 4 ou 5 ti souke kò chak jou nan fòmasyon an. Manyèl sa a pa vrèman gen egzanp ti souke kò, men fasilitatè yo ka jwenn anpil bon egzanp

nan 100 Fason Enèjize Gwoup yo: *Jwèt yo itilize nan atelye, reyinyon ak kominote a*, ke International HIV/AIDS Alliance fè, www.aidsalliance.org, pibliye nan Progression, www.progressiondesign.co.uk. Ti souke kò yo kapab trè senp, tankou mande yon patisipan pou dirije gwoup la nan yon chante oswa yon dans.

Pou fasilite yon Ti souke kò, ki sa ou ta dwe fè?

- Eksplike enstriksyon Ti souke kò yo klè.
- Kenbe vitès la an mouvman.
- Sèvi ak bon imè epi ankouraje moun ri.
- Sispann lè tout moun antrene, 5–10 minit maksimòm.
- Sèvi ak Ti souke kò souvan, omwen chak inèdtan konsa.
- Chwazi Ti souke kò ki pa pral fè patisipan yo mal alèz oswa jennen. Pa egzanp, pa chwazi Ti souke kò ki gen ladan l touche lòt moun, pou si patisipan yo pa alèz ak sa.
- Chwazi Ti souke kò ke tout moun ap kapab fè, pa egzanp, mouvman ki pa konplike oswa difisil.
- Asire w ke patisipan yo gen ase espas pou fè Ti souke kò a. Deplase chèz ak tablo yo si sa nesèsè.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi avèk Ti souke kò?

- Ti souke kò ogmante nivo enèji patisipan yo.
- Ti souke kò ede patisipan yo remet yo epi santi yo pare pou aprann plis.
- Ti souke kò fè fòmasyon an amizan.

Ki sa ki defi yo lèw itilize Ti souke kò ?

- Si gwoup ou a gwo anpil, ou ka pa gen ase espas pou fè kèk kalite Ti souke kò. Planifye fè Ti souke kò ki ka fèt nan espas ke w genyen an.

JWÈT

Aktivite Fòmasyon an detanzantan mete jwèt ladan l, an jeneral, pou ede patisipan yo revize sa yo te deja aprann. Jwèt la an jeneral mande pou divize patisipan yo an ti gwoup, poze gwoup yo kesyon, e anrejistre nòt yo. Si pa gen jwèt nan Manyèl Fomatè a, fomatè yo ka prepare pwòp jwèt pa yo epi kreye yon lis kesyon ki baze sou kontni modil la.

